# Iуащхьэмахуэ

Адыгэ тхакIуэхэм я журнал
1958 гъэ лъандэрэ къыдокI

2012 гъэ | **2** | Март – Апрель

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Хъыбарегъащ Iэ Iуэхущ IапIэхэмкIэ и къэрал комитетымрэ КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзымрэ къыдагъэкI

Редактор нэхъыщхьэм
и къалэнхэр зыгъэзащIэр

**Елгъэр Кашифщ**

*Редколлегием хэтхэр:*
Джэрыджэ Арсен, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид,
КхъуэIуфэ Хьэчим, Тхьэгъэзит Зубер, ХьэкIуащэ Андрей

Налшык
2012

# Iуащхьэмахуэ (Эльбрус)

На кабардинском языке

*Учредители:* Государственный комитетКабардино-Балкарской Республики по средствам массовой информации (360000,КБР, г.Нальчик, пр. Ленина, 5), Общественная организация Союз писателей Кабардино-Балкарской Республики (360000, КБР, г.Нальчик, пр. Ленина, 5, офис 501)

**И. о. главного редактора Кашиф Эльгаров**

Редакционная коллегия:
**Арсен Гергов, Хамид Кажаров, Хамид Кармоков, Хачим Кауфов, Зубер Тхагазитов, Андрей Хакуашев**

Корректор – **Марина Жекамухова**
Компьютерный набор и верстка – **Зарета Князева**

Подписано к печати 02.04.12. Формат $70 \times 108^{1}/_{16}$. Бумага газетная. Печать офсетная. Усл. п. л. 14,5. Уч-изд. л. 12,00. Тираж 2000 экз. Заказ № 74. Цена в розницу – договорная.

Индекс издания: 73926
Регистрационный № Н-0036
Адрес редакции: КБР,г.Нальчик,пр.Ленина,5.

Отпечатано на ООО «Тетраграф». КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 33

Обложка художника Заурбека Бгажнокова

## КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ИТХЭР:

**БакIуу Хъанджэрий.** Лъэпкъым и гум къипсэлъыкIа тхакIуэ........ 3
**IутIыж Борис.** Гуащэпэж........ 6
**Къэрмокъуэ Мухьэмэд.** ЯфIэпсэуахэмрэ ар зылъэмыкIахэмрэ........ 45
**Брат Хьэбас.** Жэнэтбзу. Рассказ........ 58

ПШЫНАЛЪЭ

**Къармэ Iэсят.** Усэхэр........ 68

ЖЬАНТIЭ

**ХьэкIуащэ Андрей.** Зи Iэужьыр ин тхакIуэ щэджащэ........ 76
**Елгъэр Кашиф.** Абы и цIэри и лэжьыгъэри дэркIэ лъапIэщ........ 81
**Шэджэмокъуэ лъэпкъыр.** Романым щыщ пычыгъуэ........ 89
**Лъэужьыфl литературэм къыхэзына**........ 102
**Балъкъэр Фоусэт.** Усэхэр........ 103
**ЦIыхум я гум фIыкIэ къинэжащ**........ 109
**ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ.** Сыт пхуэсщIэнур иджыри?.. Жьэ нахуэ. Рассказхэр........ 110
**Мыз Ахьмэд.** ТхакIуэ зэчиифIэт. Псэ хьэлэлт........ 116
Журт Биберд. Сэ аузым сыщопсэу. **Повестым щыщ пычыгъуэ**........ 117
**Сыт щыгъуи къыддэлажьэ ди ныбжьэгъу**........ 131
ТIощIыр-щIакъуэщ. Нартхэ я жылапхъэ. Хым мафIэ щIидзэркъым. Сосрыкъуэрэ Иныжьымрэ. Нарт хъыбархэр........ 132
Зи творческэ гъуэгуанэр дахэу узэщIа. 139
**АбытIэ Хъызыр.** Усэхэр........ 140

КУЛЬТУРЭМ И ЛЪАХЭМ

**ГугъапIэ дахэхэр и Iэпэгъуу.** Интервью........ 114

ХЪУЭЖЭ И КУЭБЖЭ

**Нало Заур.** Къуэдзокъуэ ТIалиб и хъыбархэр........ 149

# Лъэпкъым и гум къипсэлъыкIа тхакIуэ



*IутIыж Борис (1940–2008) адыгэ литературэм, щIэныгъэм, культурэм хуищIа хэлъхьэныгъэм и инагъыр, и фIагъыр, абы и лэжьыгъэхэм лъэпкъым сэбэпыныгъэу къыхуахьынур нэгъэсауэ къэлъыта хъуакъым иджыри. ЗэIусэм псэ хелъхьэ жыхуаIэ цIыхум хуэдэу щытащ Борис. Нэхъыщхьэу ар зыхуэлэжьар литературэрщ, ауэ бзэм, публицистикэм, сурэт щIыным, скульптурэм, чеканкэм, журналистикэм, жылагъуэ Iуэхум, нэхъ убгъуауэ къапщтэмэ, адыгэ культурэм щыхузэфIэкIари дызыгъэин, дызэрыгушхуэ ехъулIэныгъэщ.*

*IутIыжыр зыпэрыува IэщIагъэ псоми япхришащ зыми емыщхь и гупсысэри, адыгэм и Iуэху еплъыкIэри. Борис зэи игу ихуакъым лъэпкъыр зыхуэныкъуэр. Темэ, жанр къыщыхихкIэ ар еплъырт: сыт яIэщIэхуа е адрейхэм намыгъэсауэ къэна? Дэнэ щIыпIэ мыкIуами, сыт хуэдэ нэгъуэщI культурэ нэIуасэ зыхуимыщIами, ар япэу егупсысырт си лъэпкъым сыт фIыуэ къыхухэсхын жиIэу.*

*Университет нэужьым IутIыж Борис Тбилиси ягъэкIуауэ щытащ аспирантурэм щеджэну, щIэныгъэм и кандидатуи къэкIуэжащ. А Iуэху щIагъэкIуам къыдэкIуэу, абы щыгъуэ Борис зэфIигъэкIащ лъэпкъ культурэм сэбэпышхуэ къыхуэзыхьа лэжьыгъи. ЗэрытщIэщи, пасэрей адыгэхэм яIащ гъущIыкIэкIэ Iэзэ куэд – къамэ, сэшхуэ, фоч, афэ джанэ,*

*нэгъуэщI Iэщэхэри ящIу. А псом фIыуэ щыгъуазэ IутIыж Борис Тбилиси зэрыкIуэу гу лъитащ куржыхэр гъущI гъэпкIынкIэ (чеканкэ) лъэпкъ куэдым япэ зэрищам. Ар художник цIэрыIуэхэу Ираклий Очиаурирэ Кобэ Гурулирэ я мастерскойхэм кIуэрей мэхъу, абыхэм я лэжьэкIэм, я Iэмэпсымэм кIэлъоплъ. Жэз гъэпкIыным дихьэха адыгэ щIалэм куржы художникхэр къыдоIэпыкъу чэнджэщкIэ, ущиекIэ. ИкIи жэз игъэпкIхэм «хиухуанэу» щIедзэ адыгэ IуэрыIуатэм, мифологием, езым и пьесэхэм хигъэхьа персонажхэм я образхэр, гупсысэ къызэрымыгуэкIхэр. Художник IэщIагъэм зэрыстудент лъандэрэ хуэмыхамэ щIалэм зыпэрыува а Iуэхури хъарзынэу къехъулIэ хъуауэ къегъэзэж.*

*ЗэрыжытIащи, IэщIагъэ зыбжанэм хуэлэжьащ IутIыжыр. Ар псэу щIыкIэ адыгэ драматургием и классикыу къалъытауэ щытащ, ар хуэфащэт абы. Дызэрыщыгъуазэщи, пьесэр птхынуи, уеджэнуи, сценэм щыбгъэувынуи, анализ пщIынуи тыншкъым. Арагъэнщ драматургхэр щIэмащIэр. Зи ныбжькIэ щIалэу цIэрыIуэ хъуа драматург гъуэтыгъуейщ, сыту жыпIэмэ, абы гъащIэм фIы дыдэу хищIыкIыу щытын хуейщ.*

*Драматургием и жанр псоми телэжьа IутIыжым итхащ пщIэ къыхуэзыхьа трагедиехэр – «Тыргъэтауэ», «Дамэлей», «Кушыкупщ», «Эдип», «Мазагъуэ», комедие куэд. «Тыргъэтауэр» цIэрыIуэ дыдэ хъуащ. Адыгэ тхыдэр тегъэщIапIэу зиIэ тхыгъэм драматургым ди нэгу  къыщыщIегъэхьэж Синдикэ къэралыгъуэм и лъэхъэнэр. Мы трагедиер итхын и пэкIэ IутIыжым тхылъ куэд щIиджыкIащ, зытетхыхьыну лъэхъэнэм и щытыкIэм нэIуасэ зыхуищIу. Пьесэм и идее-гупсысэ нэхъыщхьэм щытепсэлъыхьым, езы Борис и хъуэпсапIэр мыпхуэдэу къигъэлъэгъуауэ щытащ: «…адыгэ тхыдэм хэта цIыхушхуэхэмрэ Iуэхушхуэхэмрэ къытхуахьа щIыхьхэр, ди напщIэм телъыным и пIэкIэ, ди лъым хэту, ахэм дапэхъуу икIи дахуэфащэу адэкIи дыпсэун, дыкIуэтэн, зытIэтын зэрыхуейр дэтхэнэ адыгэми ди гум къихьэну. Апхуэдэ блэкIа диIэу нобэрей гъащIэм дыкъыпикIуэт, ди лъэпкъ жьэгу мафIэр зэхэдгъэкIыж зэрымыхъунур, зэхэдгъэкIыжыну дызэрыхуимытыр хьэкъ тщыхъуну». Мис а гупсысэ инхэр кIуэцIрокI тхакIуэм и трагедие псоми.*

*Трагедием нэхърэ мынэхъ мащIэу IутIыжыр телэжьащ комедие жанрми. Абы и комедиехэр цикл зыбжанэу гуэшащ: «ГушыIэ махуэ апщий», «ГушыIэр гушыIэщ», «ДыкIуэм-дылъэурэ», «Дунейр театрщ»... НэхъыфI хъуахэм ящыщщ «Гуащэмыдэхьэблэ» комедиер.*

*Сыт хуэдэ жанрым щымылэжьами, Борис сыт щыгъуи гушыIэр и Iэпэгъуу щытащ. Студенту щыщытам щыщIэдзауэ абы и эпиграммэхэр дунейм къытехьэрт, языныкъуэхэм деж шарж гъэщIэгъуэнхэри щIыгъужу. Нэхъ иужьыIуэкIэ Борис гушыIэ дахэ, статья щхьэхуэ зыхуимытха хэту къыщIэкIынкъым къэбэрдей културэм хуэлажьэхэм  – тхакIуэхэм, композиторхэм, еджагъэшхуэхэм, артистхэм. Мы жанрми IутIыжым и Iэзагъэр къыщигъэлъэгъуащ.*

*ТхакIуэ къызэрымыгуэкIыр сыт щыгъуи яужь итащ лъэпкъ литературэр зэрыригъэфIэкIуэным, абы щIэуэ зыгуэр зэрыхилъхьэным. Апхуэдэхэм ящыщ зыщ зи жанрыр къэхутэгъуей, нобэр къыздэсым тхылъеджэхэм зэи ямылъэгъуа, «Гуащэпэж» тхыгъэ хьэлэмэтыр. И Iэрытхым кIэщIэт бжыгъэм тепщIыхьмэ, мыр Борис щитхар 2005 гъэрщ. Мыбы повестым и нэщэнэхэри, драмэм и хьэлхэри хэтщ. Зан-*

*щIэу жытIэнщи, и композицэ зэхэгъэувэкIэкIи мыбы хуэдэ ди литературэм иIакъым. Iуэху екIуэкIхэр къэзыIуатэр сымаджэщым щIэлъ авторырщ, абы и псэлъэгъур… «Гуащэпэж» зыфIищар псэхэхырщ. А тIум яку щекIуэкI псалъэмакъыр Iыхьэ-Iыхьэурэ, темэ зыбжанэкIэ гуэшауэ кIуэцIрокI повестым (апхуэдэ жанрыр нэхъ хуэкIуэу къыщIэкIынщ, пыухыкIауэ зыгуэрым къытеувыIэну езы IутIыжыр темыгушхуами).*

*Псэхэхыр, Хьэршым къокIри, сымаджэм деж къокIуэ, и Iэр къыхуещI, къоджэ, къоупщI къиицIыхурэ къимыцIыхурэ. Сымаджэм жэуап ирет: «Къеблагъэ! «Си цIэр пщIэрэ?» – жыпIа? ПфIэзыщар сэра хуэдэ, сощIэ, уэлэхьи, ауэ, «дыдыд!» сэ апхуэдизкIэ сыщомэхъашэ а уэ къыпфIаща цIэми, цIэфIэщ джанэ къыспумыубыдынумэ, сеуэнурэ нэгъуэщI цIэ пфIэсщынут. ПфIэсщынури? Гуащэпэж! КIыфIыгъэм дыхэзышэж Гуащэпэж...». И пэ дыдэм щегъэжьауэ тхакIуэм мы сюжет гуузым зрегъэужь гушыIэ хьэлэмэт щIэлъу.*

*Псом япэу сымаджэм Гуащэпэж и теплъэр къыщеIуатэ «Пу-пу-пу» зыфIища Iыхьэ цIыкIум. Абы егъэщIагъуэ цIыхухэм а Гуащэпэж ажалыфэ щIраплъыр. Ар «куэпэч нэщIэпкIэм» ирегъэщхь: «Фыкъысхуеплъыт, кхъа, мыбы: и нэхэр нэпIытIщ, и Iупэхэр фопIытIщ, теппIытIэмэ, мэгуэ-мэгуэ, фомрэ шэмрэ къыщIэмыувэну зы IэпапIэ иIэкъым: пу-пу-пу!!!». Сымаджэм (абы Гуащэпэж къыфIищащ «Хьэжмухьэмэд») «дуней нэпцIым» щигъэщIар, щилэжьар «инвентаризацэ» хуещI хьэщIэ къэкIуам. Ар къыщIедзэ «Си хьэрискхъуэрисхэр» Iыхьэмк Iэ. КъыкIэлъыкIуэ Iыхьэм, «Хьэл мыгъуэ» зыфIищам, IутIыжым гушыIэшхуэ щIэлъу и гугъу щещI тхакIуэ IэщIагъэр «хьэл мыгъуэ» зэрыхуэхъуам, а IэщIагъэм фэ щIагъуэ зэрырамыплъыжым, фейдэ къызэрыпымыкIым...*

*Авторыр Гуащэпэж гуроIуэ «дуней пэжым» ишэжын ипэкIэ хуиIуэтэнухэм мыпIащIэу къедэIуэну, ахэр иухыху е иужэгъуху къежьэну. Хъыбархэр «Бисмилахьи» жеIэри къерегъажьэ, ауэ йоупщI: парт щыIэ а дуней пэжым? Егъэщ Iагъуэ хьэдрыхэ парт зэрыщымыIэр... АдэкIэ къэхъуну псом и гугъу тщIынкъым. Шэч зыхэмылъыр зыщ: а псоми зыIэпашэу, ягъэгупсысэу еджэнущ журналыр зыIэрыхьэхэр.*

*IутIыж Борис лъэужьышхуэ къыхуигъэнащ адыгэ культурэ псом. Сэ къызолъытэ абы итха псори зэуIуу къыдэгъэкIын хуейуэ. Ар Борис къилэжьащ и гуащIэкIэ, и IэзагъкIэ, лъэпкъым хуиIа лъагъуныгъэ пэжымкIэ.*

**БАКIУУ Хъанджэрий,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор.*

# ГУАЩЭПЭЖ

ГушыIэ нэщхъейуэрэ зэхэт иджырей таурыхъ-ром...



## Къезмыджа хьэщIэ

Ей, Жьыгъэ, Жьыгъэ! Емынэ мыгъуэм укъысхуихьа уэри! Уэр мыхъуамэ!.. УщIэмыупщIэт, уэр мыхъуамэ, сэ згъэхъэнур зыхуэдизым, ущIэмыупщIэт!.. Уа, укъыстемыпсыхэнкIэ Iэмал имыIэу сыт сэ къыздэплъэгъуар? Апхуэдэу куэд дыдэ къэзыгъэщIахэми сащыщкъым. ЯхуэмыIуэтэщIыр зыгъэхъахэми сахэткъым. ЗэрыжаIэщи, сыгъуапэкъым, сыпщампIэкъым. Сыкъулыкъукъым, сыкъулейкъым. Насыпыр зблэIэбыкIыурэ сесэжащи, сыкъызумыпэсу узблэкIами, уэлэхьи, гу плъызмытэнут, си жагъуэ лъэпкъи сымыщIынут, Жьыгъэ. Адрей сызыхэна псом уакъыхэжыжынтэкъым уэри. Ауэ, мис, – укъэсри, гурыфIыгъуэу сиIар уи «Iыхьсыхь» симфонием хэкIуэдэжащ...

Бетэмал, дэнэ мыгъуэм щыбзэха а махуэ дахэхэр?! Мы си гур мы си пкъым къыщыпкIынкIэ сышынэу щыщыта махуэ дыхьэрэнхэр? Тхьэрыкъуэ пщэхухэрэ шхужь хъурей бгъафIэ хъужахэу а пщащэ нэутхэ цIыкIу къомым я дыхьэшх макъ жьгъырухэр?! Я нэ зэмыфэгъу къом къыджьэхэлындэхэр? ДыкъызэхалыпщIэрэ упщIыIугъуэ драмыгъахуэу къызэрытхуэупсэу щыта ба IэфIхэр!.

Псори блэкIащ. БлэкIащ, бжьыхьэ пасэм ещхьу, Жьыгъэ пасэр укъэсри, уи IункIыбзэкъэбыжьыр «заргъэ!» жиIэу IубгъэпкIэжауэ, гъащIэм и пэш нэщIышхуэ гуэрым сыщIэсщ... СыщIэсри сыт, – сыщIэлъщ. IункIыбзэ етари сыт, – ета пэлъытэщ. Пэш нэщIышхуэри сыт, – Iыхьсыхь хэмыIэтыкIыщакIэ дызэдежьууэ цIыху зыбжанэ...

КIэщIу жыпIэмэ, сымаджэщщ. Сымаджэщым Iэджи щыпщIэ хъуну

къыщIэкIынущ, пхъужь дахэ гуэрхэм я гупыжымрэ уи гукъыдэжымрэ зэрызэтехуэ елъытауэ. Ауэ сэ мызэкIэ мы сымаджэщым сыщысымаджэ мыгъуэу аркъудейщ.

Сымэджэным тIэкIу сыкъыщыдэхуэхэм деж согупсысэри-согупсысэ! Сыдогупсысей, сыкъогупсысэх, сыкIуэцIрогупсысыкI, къызэхызогупсысыхь, катарактэ нэмыхъусам ныкъуэуфIыцI схуищIа си нэхэр нэхъри сыуфIыцIурэ, а зэгуэр зи Iэфl слъэгъуа си мыгъуэхэр къызолъыхъуэж... Ауэ а си мыгъуэхэр лъагъуныгъэм Iэпхлъэпх ищI зи хабзэ пасэрей мыгъуэхэм ящыщтэкъыми, бгъуэтмэ къащтэ, гъуэбжэгъуэщым ещхьу, бзэх мыгъуэхэри ежьэжащ. Къезджэжынути, – сызэхахынукъым. Къэслъыхъуэжынути, – зыкъызагъэгъуэтынукъым. Сахуэтхэнути, – я хэщIапIэр сщIэркъым... СыткIи хуей ахэр сэ лIыжь быркъшыркъым си гухэлъ тхыгъэ? ЗыкIи! Арат-тIэ иджы, мы хьэжьвакъэжьыщ зэманым, ахэр къызыхуэтыжыр – лIыжь нацэIуцэ гуэрым письмо къахуитх-хуатхыжу щысыну!.. Аргуэр-аргуэрыжьти, сыдогупсысей, сыкъогупсысэх, сыкIуэцIрогупсысыкI, къызэхызогупсысыхь. Ауэрэ, щхьэгъубжэмкIэ сыдоплъри-и-и...

## Къеблэгъап-п-пэ!!!

Догуэт-догуэт, ей! Уэлэхьи, си нэр нэжрэ мы си нэгъуджэжьым сыкъимыгъапцIэмэ, мо-о-о-одэ мо ХьэршымкIэ къикIыу зы фIыцIагъэ цIыкIу къысIэщIолъагъуэмэ сэ... ФIыцIагъэ цIыкIур, мес, хуэм-хуэмурэ гъунэгъу къысхуохъу... И Iэр къысхуещI... Къызоджэ!..

Ярэби, хэт хъуну ар? Хэт хъуну пIа?.. А-а-а, уэлэхьи, укъэсцIыхуамэ, тIасэ цIыкIуу сиIэ, алейкIэ зумыгъэпщкIуу къакIуэ! Къеблагъэ!! Къеблэгъап-п-пэ!!! «Си цIэр пщIэрэ?» – жыпIа? ПфIэзыщар сэра хуэдэ, сощIэ, уэлэхьи, ауэ, «дыдыд!» сэ апхуэдизкIэ сыщомэхъашэ а уэ къыпфIаща цIэми, цIэфIэщ джанэ къыспумыубыдынумэ, сеуэнурэ нэгъуэщI цIэ пфIэсщынут. ПфIэсщынури? ГУАЩЭПЭЖ! КIЫФIЫГЪЭМ ДЫХЭЗЫШЭЖ ГУАЩЭПЭЖ...

УкъысхуэзыгъэкIуари сощIэ сэ, Гуащэпэж. Уи фIэщ хъуркъэ? Уэлэхьи, Жьыгъэм укъысхуигъэкIуауэ арам. Пэжкъэ?.. Ей, ари ар! А зинэкIэ къалъхуари нэхъ щIэхыIуэу и натIэ сригъэкIыу и бюджет уэдыкъуам сритхъыкIыну мэпIащIэри тепыIэжкъым. Минфинымрэ Собесымрэ щэхуу яхуолажьэ хьэбыршыбырыр! Ауей, а Iеижьым хуэмейуэ пызыхыжар сэрамэ, уэлэхьи. Я натIэ иукIащ а пенс мыгъуэIус тIэкIури!..

КъакIуэ, Гуащэпэж, укъэкIуэн-укъыщыкIуакIэ, къехьэкI-нехьэкI щымыIэрэ, моуэ-щэ, кIуэаракъэ, гущхьэлъапсэр иритхъунщIэхыу, щIэхъумэ лъэпкъ хэмылърэ щхьэихауэ дызэпсэлъэнкIэ, соIуэ... Дызытепсэлъыхьынури? Узытепсэлъыхьын мащIэ, зиунагъуэрэ, иджы: адрей, мыдрей, нэгъуэщI, къинэмыщI... «СопIащIэ» жыпIа? УмыпIащIэ. ПIащIэхэр унэркъым, уэрэ сэрэ дыунэн хуейщ, тIасэ... СымыщIэ уи гугъэу ара уэ укъыщIэкIуар? Уэлэхьи, ДУНЕЙ ПЭЖЫМ сыпшэжын мурад уиIэу арам. Ауэ апхуэдизу Iэжьэкъур иумыч, зиунагъуэрэ, – мы дызытетри, дуней нэпцI щхьэкIэ, ари дунейщ, уэршэрэгъу нэс щыбгъуэтмэ, ущыуэршэрыну уасэ иIэкъым... Щи-и-и, къэтIыс моуэ, Гуащэпэж. КъытетIысхьэ си пIэ лъапэм. Сэр фIэкIа з-зыми укъилъагъунукъым уэ. ИкIи узэхихынукъым...

## Пу-пу-пу!

Синоплъ-сыноплъри, зэрызгъэщIэгъуэну щIыкIэр къысхуэщIэркъым, Гуащэпэж: сыт уэ апхуэдизу уIейуэ цIыхум къащIыщыхъур? Сыт нэхъ цIэ

Iей дыдэкIэ зэщыну хуейм, а сигу темыхуэ уи цIэ лъагъугъуейр къыдалъэфыжу, «ажалыфэкIэ» щIеджэхэр? Си щхьэкIэ, сэ сыкъапщтэмэ, уэ, моуэ-щэ, лIы мыхьэнэншэ зыбжанэ зэкIэлъыкIуэу зиIа пхъужь куэпэч нэщIэпкIэ цIыкIу гуэрым узогъэщхь. Куэд дыдэрэ щIасэлI епщIыхьа, «а IуэхумкIэ» зэи «уэху!» зыжрамыгъэIэфа пхъужь лIынэлIыпсэ хъуэпсэнэгу цIыкIу гуэрым... Фыкъысхуеплъыт, кхъа, мыбы: и нэхэр нэпIытIщ, и Iупэхэр фопIытIщ, тепIытIэмэ, мэгуэ-мэгуэ, фомрэ шэмрэ къыщIэмыувэну зы IэпапIэ иIэкъым: пу-пу-пу!!!

Ярэби, сыту фIыт апхуэдэу къызэрыщIэкIар: сызышэри дахэрэ сыздэпшэри... А сыздэпшэнум зэкIэ и гугъу думыгъэщI, кхъа, Гуащэпэж, – дыхущIыхьэнщ... моуэ-щэ, мы си дуней нэпцI инвентаризацэр зэфIэкIрэ уэрэ сэрэ зы дыхъумэ... Дыхъуа пэлъытэуи си гугъэщ: Жьыгъэм дыщызэхуигъэфэщакIэ, абы джэгу хэлъыжкъым. Ауэ щыхъукIэ, пэшэгъу пщIы сэ сызищIысымрэ сызыщIэгупсысхэмрэ уэри къысхущIэдэIу. Хэт ищIэрэ, иужькIэ, «СыкъэбгъэпцIащ, уэслъэгъулIар уэзгъуэтылIэжакъым», жумыIэжыным щхьэкIэ... КъыщIэздзэрэ?.. КъэдаIуэ-тIэ. Уи пащхьэ нызолъхьэ...

## Си хьэрискхъуэрисхэр

Япэрауэ, сыкъыщалъхуа зэманыр. Абы и пэжыпIэр къызжепIэфамэ, уи фIэщ зэрыхъун, си псэм щIыгъуу си адрей псомкIи сыныпхуэупсэнтэкIэ, Гуащэпэж, ауэ, Iуэхушхуэракъэ, ар зыщIэу зы цIыху нобэр къыздэсым мы щIыгум къытезгъуэтакъым, уэри, сыщымыуэмэ, псэр щыIахыж уахътым фIэкIа, къыщыдат гъэми махуэми зыри хэпщIыкIкъым...

Сэ хэсщIыкIращи, зипкъ сыкъикIахэм жаIэу зэрызэхэсхамкIэ, ар къыщыхъуар... нэгъуэщIу жыпIэмэ, мы уэ укъызытекIухьа си псэ гупыкIыгъуей тIэкIур тыгъэ къыщысхуащIар, 1942 гъэращ. А гъэм зы адыгэ къуажэ дахэ цIыкIу гуэрым апхуэдэ къызэрыщыхъуар иту «къуажэпсо тхылъ» гуэр щыIауи жаIэ, шкIэ къалъхуми цIыху къалъхуми иратхэу, ауэ, «Хьэблэ щIалэм тщагъагърэ», жызыIа пасэрей хъыджэбзыжьым ещхьу, дунейпсо империализмэм тхылъымпIэ къытщIигъахъуэ мыгъуэрэт абы щыгъуэ дэ? Псом хуэмыдэжу, – адыгэхэм: Гитлерыжьыр къыщыдэбгъэрыкIуэ зэманрати, а «къуажэпсо тхылъыр» дэнэ къэна, цIыху цIыкIум дэкIументу яIэр ягъэсыжт. Ти-и-и, сыкъызэралъхуам щыхьэт техъуэ си тхылъ тIэкIури а ягъэсыж къомым яхохуэм, уэлэхьи, Гитлерыжьыр абы нэс къикIыу мыбы нэс къыщIэкIуар ара фIэкIа умыщIэну...

Ауэрэ зауэри зэфIэкIщ, емынэм къелу хъумбылейм имыхьу къэнахэр дыкъабжри, дэкIументыщIэ къызатын хуей хъуащ. Апхуэдэу щыхъум, сыкъэзымылъхуахэм сыкъыщалъхуар нэхъыфIу ящIэу къащохъу, джэлэфей быхъу гуэрхэм я деж сагъакIуэ, сызыхуагъэкIуахэр къысхудоплъей, коммунизмыр ухуэным хьэзырыпс сыхуэхъуауэ къалъытэри... КIэщIракъэ, илъэситIкIэ фий щIэту сыдрагъэIэбейщ, «1940 ГЪЭМ КЪАЛЪХУАЩ» жиIэу иту си дэфтэрыр си Iэ ижьым къыIэщIалъхьэжри, къесхьэкIым-къесхьэкIыурэ, мис, – иджы сесэжыпащ. АтIэми, си псэм мыпхуэдэу жеIэ: «Коммунизм нэхум и ухуакIуэхэм дапхуэдизу нэхъыжьыфэ къызамыплъами, сыкъэзылъхуахэм жаIэр нэхъ пэжу къыщIэкIынщ». Ар жысIэри, икIэм-икIэжым абы псэкIэ сеувэлIащ: «1942 гъэм уэс пасэ тIэкIуи къесарэ бжьэпэхэм телъу»... Уэс пасэмрэ а мазэмрэ зэтемыхуэщэнкIэри хъунщ, ауэ, Тхьэм къытхуигъэгъу, – октябрым и 15-р къыхэзыхар сэращ. Гъэм и Iыхьэхэм ящыщу бжьыхьэр нэхъыфIу слъагъути, абы и курыкупсэр сыIэбэри къыхэспхъуэтащ: 1942 ГЪЭМ ОКТЯБРЫМ И 15-м. Си псэр арэзы зыщIынухэр фызытемыкIынур аращ...

Сытми, тхьэ зытепIухь хъуну пцIы зыхэмылъыжраци, сэ къэплъагъур сыкъызэралъхурэ зы махуэл дэзмыхауэ сопсэу, Гуащэпэж. Сыпсэури сыт, – сафIопсэу, мис а нэхъыфI дыдэу сыкъэзылъагъуу лъагъуныгъэ усэ гуэр зыхуэстха куэпэчхэр къыскIэрыщIарэ къыздэпIэстхъей зэпыту... Iэджи мэхъу ахэр: Холецистит, Панкреотит, Гастрит, Миокардит, Сищхьэузит, Сиузыгъуит...

Дауэ, дауэ жыпIа? Сыкъыщалъхуа къуажэри? Iагъу зиунагъуэрэ, ар умыцIыхууи?! Абы ущымыIамэ, дуней умылъэгъуауэ аращи, Iэфтобус итIысхьи... Догуэт, догуэт, Гуащэпэж! Хьэтыр уиIэу лъагъуныгъэ къысхуэпщIар пэжмэ, а сыкъыщалъхуа си къуажэ дыщэм удыхьэу си къуажэгъу дыщэ зэрылэхэр зэкIэ умыгъэпIейтей. Арыншами, си цIэкIэ мыгувэу (зы илъэс 50 хуэдэ дэкIмэ, хъункъэ?) бгъэпIейтеинущ уэ ахэр...

Щи-и-и, сызихэт, сызищIыс, си хьэрискхъуэрис сытхэр нэсу къэпщIэну ухуеймэ, къыпызощэри, адэкIэ щIэдэIу...

Уи лъагагъыр дапщэ, жыпIа? КъулыкъущIэшхуэ дыд-дэ сыбгъэдэмытмэ, зы метррэ сантиметр 82-рэ сохъу. ФIы дыдэу сыщыбампIэхэм деж чилищэхэм сыщынэси фIыуэ сыщыщхьэдэхи щыIэщ, ауэ, бампIэлыр хэпхыжмэ, къанэр щэ ныкъуэм нызэрыхьэсми аращ... Си фэкIэ, зэрыплъагъущи, лIы хужьышхуэкIэ укъызэджэнкъым, ауэ пIэр хужьрэ щабэмэ, хъарзынэу сыкъыхощри, ахърэт къауцыпIэр щысхуэбухуэкIэ, мис ар зыщумыгъэгъупщэ.

«Уи лъэпкъым сыт хуэпщIэфа?» жыпIа? СлъэкIрати, бын зыбжанэ тыгъэ хуэсщIащ, – Тхьэм хуэщхьэпэн ищIхэ!.. ЛIо, ар пфIэмащIэ хьэмэрэ тынш уи гугъэу ара а Iуэхур къыбдэзыIыгъыну зы фыз фIэкIа уимыIэрэ лэжьапщIэм я нэхъ гъурым утесу?.. Зи гугъэхэр ирыреплъ. Китайм я хабзэ гуащIэр ди деж къэмыс щIыкIэ...

«ЩIасэ и IуэхукIэ дауэ ущыта?» жыпIа? КхъыIэ, мис апхуэдэхэмкIэ укъызэмыупщI, ей: сэ, зэрыплъагъущи, япэрауэ, сыщIалэжкъым – емыкIу дыкъащIынщ, етIуанэрауэ, гуэныхьхэр щыхуагъэгъум иджыри сынэсыпакъым. Мис а уи лэгъунэм дынэсрэ а зи гугъу пхуэсщIа пIэ щабэм хуэдэ къысхуэбухуэмэ, итIанэ псо-о-ори дэр-дэрурэ зэхуэтIуэтэжынщ... ЗэкIэ бжесIэфынураци, а IуэхумкIэ бегъымбархэм сахэптхэну ухуежьэмэ, абы зэран хуэхъун Iуэху цIыкIуфэкIу гуэрхэр къыслъыкъуэщыжынкIэри хъунущ, ауэ, уи фIэщ зэрыхъун, Гуащэпэж, Тхьэм сыкъелъагъури, зызыгъэбегъымбар гуэрхэм елъытауэ, абыкIи сыбегъымбарыжькIэ. «Мыдыгъу дыгъуфэ» жаIэу зэхэпхакъэ? Дыапхуэдэ мыгъуэщ, сыт тщIэн? Уэлэхьи, си псэ тIэкIур сIыпхауэ сащыхэпшкIи, апхуэдэ IуэхукIэ сыпшэу фIэкIа, нэхъ Iей лъэпкъ цIыхум ягу къытхуэмыкIыну... Псалъэм къыдэкIуэу жысIэнщи, сыфщогугъ, компенсацэ папщIэу, си щIалэгъуэр Ахърэтым къыщызэфтыжыну...

Си цIэри? Узыхуей дыдэмкIэ къызэджэ, Гуащэпэж, сэ уэращ дяпэкIэ сызейри, зэрыжаIэу, къысфIэпщыр си цIэщ. «ХЬЭЖЫМУХЬЭМЭД» жыпIа? Уэлэхьи, и щIэлъэныкъуэри къызэлыжу схурикъунутэм сэ абы, ауэ, тхьэразы къыпхухъу, къыщысхуэбгъэфэщакIэ, ахърэтыцIэу зесхьэнщ...

Сыт нэгъуэщI иджыри?.. И кIэри и пэри аращ. ЛIо, зэрыбжесIауэ, дыгъуапэкъым-дыпщампIэкъым, узытепсэлъыхьын куэд ткъуэлъ уи гугъэ дэ...

Моуэ нэхъ тыншу къэтIысыт иджы, Гуащэпэж. Мыдэ, узыхуэмей гуэрхэм уезгъэдэIуэнущ сэ иджыпсту...

## Хьэл мыгъуэ

УзэзгъэдэIуэнури? Уэлэхьи, мырам узэзгъэдэIуэнур... ПщIэрэ, Гуащэпэж, сэ сытха... Ардыдэри сыт, ауэ сэ сащыщщ тхэныр хьэл мыгъуэ зыхуэхъуахэм.

АбыкIи Тхьэм и ней зыщыхуахэм. Насып сиIамэ, адыгэм зыуи кърамыдзэ апхуэдэ IэщIагъэ-делагъэр си натIэ хъунтэкъым сэ. Ауэ уи натIэ кърихамэ, сыт пщIэн?.. (Ди зэхуэдэ гущIагъщIэлъ щэхущ, уэлэхьи, гъуджэ къысхуэIэт зэрыхъурэ соплъэри, а тхыгъэм и лъэужь лъэпкъ мы си натIэм тезмылъэгъуа сэ, ауэ зэгуэрым шейтIаныр къыстекIуэщ, лажьэ зимыIэ тхылъымпIэхэм сащхьэщытIысхьэри, сытхэм-сытхэм, сытхэм-сытхэурэ... Иджы, мис, псоми ди унэхъугъуэти, хьэл мыгъуэ схуэхъуауэ, сыкъэувыIэжыфыркъым)... А тхэныр мыхъуамэ, сытым хуэдиз къулыкъу си насып къихьынкIэ хъунут сэ, езыхэр тхъапIэ защIэрэ щIэныгъэ лъэпкъ ущIиIэни щымыIэу!..

Хъыджэбзу абы сфIигъэкIуэдам я гугъу тщIынкъым. Ахэр адэ, адэ, адэ къыщынащ. Сахуэзэн хуейуэ сызыхуэмыза дахащэхэр. (Усэ тхыным сыхущIигъэхьа?!) Сапылъын хуейуэ сызыпымылъа тхьэIухудхэр. (Комедие тхыным дыкъыдэхуа?!) Ба зыхуэдмыщIу къэна Iупэ бырыб цIыкIуищэхэр. (Трагедие тхыным гукъыдэж къытхуигъэна?!)

Др-р-р-р-р, тхьэмыщкIэжь, иумыгъэлейуэ увыIэж, ахъумэ уи ныбжь къемызэгъын гуэр халъэгъуэнщ а жыпIэхэми, япэрауэ, «лIыжь нэмысыншэ» къыпфIащынщ, етIуанэрауэ, «Адыгэ спискIэм» уратхъыкIыжынщ а спискэр зыIыгъ зи гугъэжу зи тэмакъым гушыIэ тIуалэ щIэмыхуэхэм... Сытми, жыпIэнуракъэ, куэдым, куэд дыдэм сыхигъэнащ сэ а тхэным...

Пэжщ, сэ сыкъулейщ. Хуабжьу сыкъулейщ... гугъэ нэпцIхэмкIэ. Ауэ, Iуэхушхуэ мыгъуэракъэ, гугъэ нэпцIхэм жэмыкуи, кхъуейжьапхъи, тхьэмщIыгъуныби, лы гъур гъэжьаи къахэпщIыкI хъуркъым. (Сэ сытым хуэдэу сфIэфI ахэр!). Гугъэ нэпцIхэр уи фызым тенджэдыгу хуэпщI хъуркъым. Гугъэ нэпцIым уитIысхьэрэ и бжэр къебдзылIэжу «пIииииипI!» жыпIэу ущIэпхъуэж хъуркъым. Гугъэ нэпцIхэр сбербанкхэм, комбанкхэм иплъхьэ хъуркъым. Иджырей Цезархэм я уардэунэхэм хуэдэ гугъэ нэпцIхэм къахэпщIыкI хъуркъым... Гугъэ нэпцI иIэщ, жаIэу укъаубыду депутату ухахынукъым, къулыкъущIэ уащIынукъым, президенту укъагъэлъэгъуэнукъым...

Дауи, ахэр тхакIуэм гугъапIэрэ хъуэпсапIэу иIэхэм я нэхъ ин дыдэкъым, (арикI куэдым я фIэщ тхуэмыщI ди пэжхэм ящыщщ дэ, Гуащэпэж), ауэ, уи фIэщ зэрыхъун, си ахърэт хьэщIэ, а гугъэ нэпцI инышхуэхэм я щхьэкъэракъэм ухущхьэрэ ущатэу апхуэдизрэ утесынри мытынш. Абы щыгъуэми, ныдэмыпщеяхэр, ныдэпщеиным хуэщхьэхахэр, апхуэдэ лъагапIэм къыхуимыгъэщIахэр модэкIэ, и лъабжьэмкIэ, зэрыщытхъэжыр плъагъуу. Уи Iуэху зэрымыщIагъуэр ахэми ялъагъурэ, ныпхудэдыхьэшхейхэу. ЗыкъыпхузэкIэщIашхэу. Хъурымэбжьэрымейуэ къащхьэщихыр а узытес лъагапIэм нэс ныззэрыдэхьейуэ. ЛIыгъэм зебгъэхьурэ епкъухыну ухэт щхьэкIэ, уи гурыIупсыр «тIымпIэ-сымпIэ» жиIэу а уи гугъэ нэпцI лъагэжьхэм къеткIухыу...

Чэнджэщ гъущэкIэ псапэ къэпхь хъуну щытмэ, а мурадыр сиIэу сэ захузогъазэ тхэным гу хуэзыщIу зи гъащIэ гъуэгур а Iуэхум хуэзыунэтIахэм: флъэкIыххэнумэ, фымытхэ, хъарыпхэ. КъыфхупабжыкIа зэман тIэкIур шакъэкIэ фымыуцIэпI...

Ауэ фи натIэ кърихамэ, е, сэ схуэдэу, щIалагъэ-делагъэкIэ къыщIэвдзэу хьэл мыгъуэ фхуэхъуамэ, – Алыхьым къыфтрилъхьауэ аращи, сыт мыгъуэр фщIэн, – фытхэ! Узытетхыхьын мащIэ: фыдэтхей, фыкъетхых, фыкIуэцIрытхыкI, фыкъыкIуэцIрытхыкIыж... Тхьэ имыIуамэ, зэгуэр зыгуэрым фыкъигъэувыIэжынщ.

Фейдэшхуэ  къыпыкIыу фызэрытхэн Iэмалыр фымыщIэмэ, – вжызоIэ: иджырей Цезархэр тхьэпэлъытэ зэрыфщIыным зы хьэрфкIэ фытемыкI...

ТхакIуэ IэщIагъэр зыкъомкIэ ещхьщ афияныр нэрыгъ пхуэхъуным, ар хьэл мыгъуэ зыхуэхъуар къэзыгъэувыIэжыфыну щыIэри уэ зы закъуэрщ,

Гуащэпэж. Аращ сэ уэ фIыщэу ущIэслъагъур. Уэращ сэ псэхугъуэ къызэзытыфыну щыIэр. Псэхугъуэ нэс!..

Къалэм сыкъэзыужэгъуар сIэщIэпхынщ, тхылъымпIэ сызыхуэмышэчыжыр пшыхьыжынщ, мис а зи гугъу пхуэсщIа щIалэгъуэм сыкъибгъэхутэжынщ, къауцыпIэ щабэр къысхуэбухуэнщи-и-и... уэрэд цIыкIу гуэрым зэрыхэтым ещхьу, «итIанэ плъэкIмэ»...

Ауэ зэкIэ, мис: си пIэ лъапэм укъытесрэ нащхьэ къысхуэпщIу аркъудейщ.

Ей, а уи нащхьэри уэ а уи нащхьэр! Нобэр къыздэсым зыри IэщIэкIыфакъым абы...

ЦIыху цIыкIум насыпыжьыр яIэти, уэ хэхауэ лъагъуныгъэ ин къытхууиIэщ тхэныр хьэл мыгъуэ зыхуэхъуахэм, Гуащэпэж: хьэрэмыгъэм хуэбгъэпса уи лэгъунэ кIыфIым пасэу дыбошэж. Апхуэдэу зэрыпщIыр хъарзынэщ, ахъумэ, уи фIэщ зэрыхъун, зыгуэр зыгуэрым зэрыкIэщIэтхыхьын тхылъымпIэ ямыгъуэтыжрэ гъэпкIауэ жылэгъуалэр къызэхэдмынэтэм тхэныр къызыIурыбла къомым...

ТхакIуэхэм къыттеухуауэ жыпIэмэ, укъамыуужэгъупэ щIыкIэ цIыхум уахэкIыжыным зи фейдэ хэлъыр къанэхэм я закъуэкъым. ЯхэкIыжым и фейдэи хэлъщ абы. Ауэ сытым хуэдэу арэзы техъуэгъуей мыгъуэ абы, Гуащэпэж... Щапхъэ ухуейуэ ара? Узэрыхуейщ, абы щхьэкIэ жыжьи сыкIуэнкъым... Плъэт мобыкIэ...

## ЛIы хьэлэболэшхуэ

Мо щIэдыхьэшхыкIыурэ къыдэдаIуэ лIы хьэлэболэшхуэр плъагъурэ, Гуащэпэж? НтIэ-нтIэ, мис а сэ сэщхь хуэдэурэ щытыр... Ар усакIуэщ. УсакIуэ дыдэри хэт ищIэн, ауэ апхуэдэу зыкъызыщыхъуж гуэрщ...

ЛIо, уи фIэщ мыхъуауэ ара, нтIэ, УСАКIУЭ, мо нетIэ жысIахэр? Догуэ, хуабжьу къыпхуэныкъуэ уи гугъэу ара уэ цIыхухэр? Хьэмэрэ я псэм хуэдэу укъалъагъу къыпфIэщIрэ? Уэлэхьи, къуаубыдылIэу къыбжаIэфкъым, ахъумэ апхуэдизкIэ укъаужэгъуащи, укъыщалъагъукIэ, я нэхэм я нэжьгъхэри доузым. Гуапэ уи гугъэ ахэм я дежкIэ уэ лIы гъуабжэшхуэр а уи усэ щабабзэ цIыкIухэм уащIыгъуу укъалъагъуныр? Хьэмэрэ, а уи щIалэгъуэ дахэм щыгъуэ птха лъагъуныгъэ усэ къомыр дыхьэшхэн ирипщIыжу, лIыжь кIэмпIрафэшхуэ ухъужыху умыпсэуну Iэмал имыIэу щыт?..

«У-Пушкину е у-Лермонтову зыкъыпщыхъужмэ, зыкъыпщыхъуж къудей мыхъуу, псомкIи абыхэм уарещхьу къытхущIэкI, тIасэ: птхыну къыпхуиухар птхакъэ –– зыщIэпIэжьэжын лъэпкъ щыIэкъым: ухуеймэ – дуэль, ухуеймэ щIакIуэ кIапэ. КIэрахъуэ уимыIэмэ, мес, пудыжьу бгъуэтынущ, къоуэн жыпIэнущи, мис, – гъунэжу дызэхэсщ. Нэгъабэ Iуихахэм уакIэщIэдмыгъэхьэжмэ!..»

Апхуэдэу хъуапсэрэ я гурыIупсыр яхуемыкъухыжу дапщэ щыIэ. НтIэ, цIыхубэр фIыуэ плъагъур пэжмэ, емыкIукъэ апхуэдизым я гупыжым зэран ухуэхъуныр?..

Къытызогъэзэжри, зыкъызэкъуэпхыу тхакIуэхэм я сатырым ухэбэкъукIыныр уи дежкIи хуабжьу сэбэпщ: уи «хьэмцIэракIэ» псори «анэл цIыкIу» къудейуэ къыщIедзыж. ЯхуэмыгъэныщкIуу щыта а уи усэ къыркуэжь къомыр занщIэу гъэткIугъуафIэ мэхъу. Мыхъуауэ жыхуаIэу щытахэр хъури тIыгъуэжауэ къыщIедз. Зэрадзэу редакцэ псоми къыщрахьэкIа уи поэмэ щIыIэжьхэр Дуней нэпцIым утеджэлыкIыу Дуней пэжым укъытехутэным пэплъэу иджыри къэс щыса гущIэгъулы гуэрхэм къащыпыжри, гущIэлъэсыкI

тхыгъэ тIэкIу дэщIыгъуу сатыр бжыгъэкIэ яхуэмыгъэнщI кIэзет плIанэпэ гуэрым даукIэ, узыхэджэлыкIа адыгэ лъэпкъ дыщэр абы къоджэри, я нэпсхэм занщIэу къызэпежыхь, зыщIогупсысыжхэри, уэ пхуэдэу цIыху пэжу щыта, гу къабзэ зиIа, тхакIуэ Iэзэ, адыгэ нэгъэса дунейм темытауэ, тетыжынкIи мыхъуну уакъыщохъу. НтIэ, апхуэдизыр къэхъуным зэран ухуэхъурэ хьэмыш къупщхьэжьым ещхьу дунейм уахутемыкIыжу ущIытетынур сыт?..

Зыкъомым я насыпщи, адыгэ литературэм еджэр и мащIэщ, абы къыхэкIыуи и «пабжьэхэм» зыщыбгъэпщкIуныр тыншщ. Адыгэ литературэм узэрымылъ зыщибгъэфIэIухьынкIэ пыплъхьэн щыIэкъым. Хэт зыщIэр а уэ къыдэбгъэкIа тхылъ гъуабжэ щIыIэжь къомым итыр? Уэлэхьи, ар уэр дыдэм умыщIэж, адрейхэм щIащIэнур сыт? ЗыщIэ гуэрхэри щыIэщ: амыкIу-бжьымыкIу-пщыкIуий-пщыкIумбгъу-тIощI. Нэхъыбэ хъунукъым, зэрыжысIауэ, насыпыр зыгуэрхэм яIэщи. Армыхъумэ апхуэдизрэ апхуэдиз тхылъымпIэ сэбэпыншэу зэрыбгъэкIуэдар къащIамэ!.. Пэжу, апхуэдэ тхылъхэри къэкIуэну щIэблэм зэгуэр сэбэп къахуэхъужынкIэри хъунущ: зэхэхьэжарэ зэхэпщэжамэ, къытхуэгъэгъу, – памперс хъарзынэхэр къахэкIынкIэри мэхъу.

«Ууейхэр-щэ?» жыпIа?.. ЕIэлыхь, сыту угущIэгъуншэ уэ, Гуащэпэж. Апхуэдэу занщIэу цIыхум ебубыдылIэу уеупщI хъурэ, зиунагъуэрэ?!

Уэлэхьи, зыдгъэгусэкIи сыт, – ара мыгъуэу къыщIэкIынум дыдейхэми къапэплъэр... Ауэ ахэр апхуэдэу фIэкIа къызэрымысэбэпыжынур дэ тщыщу зыщIэр нобэкIэ мащIэщи, а зыщIэ мащIэхэми зэдыдобзыщI: «Тс-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с-с!!!»

## «У-у-удэ»

Зэхэпхаи-зэхыумыхаи, ауэ уэрэ лIыжь цIыкIу гуэрымрэ фтеухуауэ мыдэ адыгэм зы анекдот хъарзынэ диIэщ дэ, Гуащэпэж... «Зэхэсхакъым» жыпIа?.. Зэхыумыхамэ, къедаIуэ...

Жьыгъэр, зэрыжысIащи, угъурсызкъэ-тIэ? ИрищIэф къимыгъанэу а угъурсызыр зытеджэгухьа цIыхур, апхуэдизкIэ псоми фэжьIужь хуохъужри, зыщышынэрэ зызыщидзейуэ къэнэжыр зы закъуэщ. «Хэт хъуну а зы закъуэр?» жыIи къызэупщIыт иджы... Уэлэхьи, уэрэ сэрэ сыт щхьэкIэ пцIы зэхуэдупсын, – зэрыщыт дыдэр бжесIэнщи, уэра мыгъуэм, Гуащэпэж, а зыми щымышынэжу жыхуаIэхэр нэгъунэ зыщышынэу зызыщагъэпщкIур. УащыхуэмызакIэ, къыщыптемыплъакIэ, дэнэ щащIэн-тIэ абыхэм мыпхуэдизу уэ узэрыдахэр, узэрыфафIэр, узэрыбгъафIэр... жыпIэнуракъэ, узэры... «пу-пур?!»

НтIэ-э-э, арати, зи гугъу пхуэсщI лIыжь цIыкIум – тхьэмыщ-щ-щкIэ! – и псэм къищIагъэххэт, жаIэ, гъуэгу укъытеуvауэ укъызэрыхуэкIуэр. Япэ къэсыр къетхъунщIауэурэ пIащIабзэ хъуа и псэ тIэкIур, зэIамытхъыпэ щIыкIэ, Хьэршым пхьыжу уи архивым хэплъхьэну мурад зэрыпщIар.

ЛIыжь цIыкIур, мис, иджыпсту уи пащхьэ илъ сэ сэщхьыркъэпсу, а процедурэм зыкIи хуэхьэзыртэкъыми, зэрызыпфIигъэпщкIун Iэмал гуэрхэр къигупсысу щIидзат, жаIэ. Iуэхушхуэратэкъэ, къигупсысу хъуар мыхъунрэ къемыхъулIэн защIэт...

«ТемыкIыж крем гуэркIэ негрым ещхьу щхьэ зызмылэрэ?» жиIэрти, зэм абы егупсыст... «АхъшэфI ептмэ, иджырей хирургием къыпхимыщIыкIыфын щыIэкъым, щхьэ си нэIур нэгъуэщIкIэ езмыгъэхъуэжрэ?» – жиIэрти, зэми зэупщIыжт... «ЦIыхубз зезгъэщIмэ мынэхъыфIу икIи мынэхъ тыншу пIэрэ?» – жиIэу а хьэдэгъуэдахэми и гупсысэхэр щынэс щыIэт мы дуней нэпцIыр зыбгынэну хуэмей лIыжь цIыкIу тхьэмыщкIэм.

АрщхьэкIэ хъарыпым и дэтхэнэ аргументми, зэрыжаIэу, кIуонтIраргумент къылъыкъуэкIыжт... Япэрауэ, унегрын щхьэкIэ, негрыбзэ гуэр пщIэн хуейт. ИщIапэуи сощI – абы и негрыбзэм Iэмал имыIэу и адыгэ акцентыр къыпхривынут... ЕтIуанэрауэ, зэпытрыкIуиблыр къызыхуэкIуэн Жьыгъэр апхуэдизкIэ ипщэфIыхьат а лIыжь цIыкIум и нэIуми, кIуэаракъэ, адэкIэ хъуэжыпIи хэIэбапIи иIэжтэкъым... А щхьэусыгъуэ дыдэм къызэтрикъутэрт лIыжь цIыкIум и ещанэ мурадри: цIыхубз зебгъэщIыным щхьэкIэ, цIыхухъуу узэрыщытам щыхьэт техъуэрэ пхъуэж хъуну зыгуэрхэр къыпхэнауэ щытын хуейт. Мы лIыжь цIыкIу мыгъуэм мыхьэнэ зэпт хъун лъэпкъ къыхинатэкъым Жьыгъэ угъурсызым. Нэхъ образ хэлъу жыпIэнумэ, «Мыбы зыгуэрхэм хьэрэмыгъэ игу къахуэкIмэ, якIэрыхъыжьэмэ...» жыпIэу ущIэшынэн лъэпкъ щымыIэу цIыхубз хьэмэмым щIэбутIыпщхьэ щыхъуну ныбжьми щытыкIэми нэсагъэххэт тхьэмыщкIэр... НтIэ, а къомыр уи лажьэу, пабжьэ нэгъунэ щызэхащэхуэжа мы дунейм зыщыгъэпщкIугъуафIэт?.. Ауэ хуейт, а къыхуэкIуэм зыщигъэпщкIуну хуабжьу хуей мыгъуэт лIыжь тхьэмыщкIэр...

ИкIэм-икIэжым лIыжь цIыкIум мурад ищIащ... сабий хъужыну. Мурад ищIщ, илъэс етхуанэм иту дэкIумент къабзэ къищэхури, сабий сад нэхъ пхыдза гуэрым кIуэуэ щIидзащ. Поп-уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэм я сурэтхэмкIэ щIэгъэна джанэ щхъуэкIэплъыкIэ гуэр щыгърэ шорт дахэ къыфIэлъыжу – лIыжь цIыкIур, кIуэаракъэ, сабийхэм зыкIи къапхухэцIыхукIтэкъым, жаIэ, жыжьэрыплъэу уплъэмэ. Пэжу, ар хуабжьу гугъу ехьт, зыхэт сабийхэм задищIыну хэтурэ: дэпкIейрт-дэлъейрт, къадэжэну хуежьэрт, къэфакIуэ гупым жыджэру яхэтт.

Сытми, апхуэдэу Iуэхур хъарзынэу екIуэкIыурэ, махуэ гуэрым, шэджагъуашхэ зрагъэщI сабийхэм яхэс лIыжь цIыкIум зэи имылъэгъуа икIи имыцIыху хъыджэбз гуэр къыщхьэщыхьащ, жаIэ. Къыщхьэщыувэщ, и дамащхьэм къытеIэбэри, къеупщIащ:

– Уэ сыт мыбы щыпщIэр, Мухьэжид?

Къыщхьэщыувар хэтми сытми хъарзынэу къызыгурыIуа лIыжь цIыкIум нэхъри зыкъегъэнану, япэ псалъэхэр къэзыгъэIурыщIэ сабий зыкъещIри, жеIэ:

– Iэмэ-Iэмэ сощI...

Хъыджэбзыр лIыжь цIыкIум хупыгуфIыкIщ, зэрыIэщIэмыкIынур нащхьэкIэ къыгуригъаIуэри, моуэ-щэ, Iэдэбрэ-Iэдэбу, ауэ ебэкъуапIэ лъэпкъ зимыIэ унафэ хэлъу жиIащ:

– НтIэ, нэхъ псынщIэIуэу щIы, тIасэ, Iэмэ-Iэмэ, уэрэ сэрэ у-у-у-дэ дыкIуэн хуейщ иджыпсту...

Абы яужькIэ Iэмэ-Iэми пхуэщIыжынт, – зи фэр пыкIа лIыжь цIыкIур, къыкIэлъыкIуа хъыджэбзым и ужь иувэри, у-у-удэ кIуа мыгъуэщ.

Уи дыхьэшхыкIэмкIэ къызгурыIуащ, Гуащэпэж, ар, анекдот къудей мыхъуу, къэхъуа хъыбар пэжу зэрыщытыр...

## ЗэгурыIуэныгъэ

Аращи, а «у-у-удэм» сыпшэн япэ, уэрэ сэрэ мыпхуэдэу дызэгурыгъаIуэ иджы, Гуащэпэж. Адыгэм ди жыIауэ, «къэкIуэныр хьэщIэм и Iуэхущи, кIуэжыныр бысымым и Iуэхущ». Мис а ди хабзэфIым уемылъэстауэу, моуэ зы илъэс зытIощIрыпщI хуэдэ къысхуэхьэщIи...

ЛIо, апхуэдизу узыгъэдыхьэшхыну сэ жысIар, зиунагъуэрэ? ПфIэкуэ-

дыIуэ хъуауэ ара?.. НтIэ, зы илъэс зыбгъупщI хуэдэ нэхъ мыхъуми?.. Ари пфIэкуэдыIуэщ уэ сэ слъагъум...

Уэлэхьи, сымыщIэ-тIэ, апхуэдэу уи къэси уи ежьэжи зыуэ ар дауэ хъун, зиунагъуэрэ?.. Сэри-и-и... Сэри, пэж жысIэнщи, уэлэхьи, зыкIи сыхуэмыхьэзыр а сызытепшэну уи гугъэ гъуэгуанэм... НтIэ, дауэ тщIымэ, дауэ хъуну пIэрэ, ярэби?..

Дегъауи, мыпхуэдэу дызэгурыгъаIуэ-тIэ, Гуащэпэж: сэ уэ хъыбар гъэщIэгъуэн гуэрхэр ныбжызоIэж, уэ уатемызашэу а хъыбархэм уащIэдэIуфыху узихьэщIэщ. Хъыбархэр къысIэщIэухмэ, е пфIэмыгъэщIэгъуэныж хъумэ, – занщIэу укъотэдж, уи ужь сыноувэри, уздыхуей дыдэмкIэ сыбошэ. ДызэгурыIуэрэ апхуэдэу?.. Упсэуащэрэт уэ, Гуащэпэж, жьыгъэ жыхуаIэр умыщIэрэ мис а узэрыдахэм хуэдэу дапщэщи удахэу!

НтIэ-э-э, дэнэ къыщыщIэздзэн иджы, ярэби? Уэлэхьи, хъыбархэр апхуэдизкIэ куэд хъуащ иджыпстуи, зыр зэраукIам тепсэлъыхьын ямыухыурэ, адрейр къытрагъэбагэм. Ауэ уэрэ сэрэ а темэ Iей дыдэхэм дынэсынкъым, Гуащэпэж. Дэ дызы-теп-сэлъы-хьынухэр...

Ахьа, уэлэхьи, мис иджы къэзгъуэтауэ си гугъэм уэ пфIэгъэщIэгъуэн хъун темэ, Гуащэпэж! Мы укъыздеблэгъа Дуней нэпцIым абы нэхъ увыпIэшхуэ щызыубыд куэд къыщыбгъуэтынукъым иужьрей лIэщIыгъуэхэм, ауэ щыхъукIэ зэлъэпагъ уэршэрыр къыщIэддзэнщ а темэм теухуауэ къекIуэкI IуэрыIуатэм щыщ гуэрхэмкIэ.

Моуэ а уи нэгу дахэ цIыкIум гупсэхуу сиплъэн хуэдэу къигъуалъхьэт иджы си лъэпагъым. Уэт, уэт, мис апхуэдэу... Иджы, къыхэздзэн япэ, тIуми зыжьэу жыдоIэ:

## «Бисмылахьи!»

Партым ухэтакъэ уэ зэи, Гуащэпэж? Iагъугъу, Хьэдрыхэ парт лъэпкъ щымыIэу ара-тIэ, зиунагъуэрэ?! З-з-зыри...з-зырикIи?..

Алыхьым си фIэщ имыщI ар! Уэлэхьи, сэ сцIыхуу абы зы лIы гуащIэ къом нэкIуащи, ухуеймэ жыхьэрмэ курыкупсэм хэгъэтIысхьэ, – кIэщI-кIэщIурэ парт собранэ тIэкIу ямыщIу ахэр Хьэдрыхэ зэрыпхущыIэн мы дунейм темыт.

Хьэдрыхэр зыхуэдэри абы щекIуэкIхэри уэ нэхъ пщIэнщ, сэ зэкIэ къызыщызгъэхъуу аркъудейщ, ауэ мы дызытет дунейр къызэхэпплъыхьрэ узыщIэдэIукIыжмэ, апхуэдизкIэ парт куэд къыщыунэхуащ мыбыи, уэлэхьи, дызыхыхьэнур мырщ жытIэу къытхуэмыщIэрэ ди нэхэр тфIызэблэжу дыкъагъэнамэ, Гуащэпэж.

ГъэщIэгъуэн дыдэкъэ: мы цIыху цIыкIум жаIэхэр уи фIэщ пщIымэ (ахэр уи фIэщ щIумыщIын щхьэусыгъуэ лъэпкъ медицинэ и лъэныкъуэкIэ сэ мы ди зэманым хэслъагъуэркъым), «Делэхэм я парткIэ» еджэу зыгуэрхэм зыгуэр къызэрагъэпэщащ. Адрей партхэм якIунур зыхуэдизыр сэ ныбжесIэфынукъым, ауэ мис ар, «Делэхэм я партыр», нэхъ парт ин дыд-д-дэ икIи уахътыншэ хъуну си щхьэкIэ къысщохъу.

Уи нэгу къыщIэгъэхьэт делэ нэщэнэ зиIэу хъуар зэхуэсри а «Делэхэм я партым» хыхьауэ! Хьэмэрэ абы хэтыпхъэу адрей партхэм яхэщхьэрыуа псоми абыкIэ зыкъагъэбгъунлъэжауэ! Уэлэхьи, абы нэхъ парт инрэ нэхъ парт лъэщрэ мы дунейм къытумышынт итIанэ! Егупсысыт апхуэдэ партым и кассэм партвзносу къэкIуэнур зыхуэдизым! Уэлэхьи, зэ къыхэхыгъуэм техуэр сиIамэ, а Абрамович жыхуаIэ тхьэмыщкIафэ цIыкIури (сщIэркъым, телевизоркIэ слъагъуху ар апхуэдизкIэ сфIэгуэныхь мэхъу, апхуэдизкIэ зегъэтхьэмыщкIафэри, сыхуэзамэ, си жыпыр къэстхъунщIыжынти, ахъшэ

жьгъейуэ илъыр естынт жысIэу сыкъогумащIэ) а зыкъызэрытхуигъэлI «Челси» жыхуиIэри зэщIыгъуу къэсщэхунти, зэрыхуей дыдэу къагъэсэбэпыну чукчэхэм езмытыжтэмэ.

«Делэхэм я парт» жиIэу къызэзыгъэпэщыфар е губзыгъэ дыдэщ, е «фIэкхъ» жыхуиIэ диагнозыр зыхуэбгъэув хъуну гуэрхэм ящыщщ...

Догуэт, догуэт, ей! Уа, диагноз-диагнозкIэ ягуэшурэ, щхьэж и диагноз хуэкIуэ парт хагъэхьэу щытамэ, нэхъ зэIубз мыхъуну пIэрэт мы Дуней нэпцIым щекIуэкI «парт ухуэныгъэр?» Псалъэм папщIэ, «Гипертоникхэм я парт», «Склеротикхэм я парт», «Невротикхэм я парт»...

Уэри пщIэуэ къыщIэкIынщ, Гуащэпэж, япэм, «Алыхьыр закъуэщ» жыхуаIэм ещхьу, дэ диIар зы Партщ, зы Парт закъуэщ. Гипертоникхэри, невротикхэри, «сы-Наполеонщ» жызыIэу къэувхэри а зы Партырат зыхэтри, къоуэнури, къыщоуэнури, къыздиукIыну лъэныкъуэри къыпхуэщIэртэкъым. Тщаущэхуурэ езыхэр зыIурыIэбэж мыхъумэ, уаIурыIэбэнкIи Iэмал иIэтэкъым.

Сытым хуэдэу гугъут езыр а Парт закъуэм ухыхьэныр, сытым хуэдэу гугъущэт! Псом хуэмыдэжу дэ тхуэдэу тхылъым зи пэр егъэкъуа зэпыту псэухэм я дежкIэ а Парт закъуэм хуэкIуэ гъуэгур икIи гъэунэхупIэт, хьэIужыж-мэIужыжхэм зыгъэщхъыкIэ зэхуэмыдэхэр, щIэубзэ-щIэбзеекIэ гъэщIэгъуэнхэр щагъэлъагъуэ зэпегъэуапIэт.

Упролетариатмэ е умэкъумэшыщIэмэ, абы и Iуэхур щхьэхуэти, кIуэаракъэ, укъаIэтынурэ IэплIэкIэ ухахьэнут къулыкъущIэкъу цIыкIу Iэджэми я хъуэпсапIэу пщIыхьэпIэ IэфIхэр зыхуалъагъу, я гугъапIэ псоми трамплин хуэхъуну зыщыгугъ КПСС-м.

ЛIо, Гуащэпэж, уи нэ дахитIыр сыту хъурей ищIа хуэдэ мы ныбжесIахэм? Апхуэдизу ар пфIэгъэщIэгъуэн щыхъуакIэ, уэлэхьи, сеуэнщи, зи гугъу пхуэсщIа ПАРТ ЗАКЪУЭМ и IуэрыIуатэ щхьэхуэм щыщу хъыбар зытIущ ныпхуэсIуэтэнмэ. Ауэ ныжэбэкIэ а къэдуэршэрар ирикъунщ. Моуэ мис а щхьэнтэ етIуанэр зыщIэхи, укъыхэмыщту жей. ПIалъэ-пIалъэкIэрэ макъ шынагъуэ гуэрхэр зэхэпхкIэ, умышынэ: ар сэ сыпырхъыу аращ. Щи-и-и, нэхулъэфI укъикI, Гуащэпэж!..

## Къулыкъу дэвай!

Уи жэщ фIыуэ, Гуащэпэж. Си пIэ лъапэм укъыщихутэжакIэ, ди етIуанэ жэщыр къэсауэ аращи, укъызэрызгъэгугъа парт хъыбарыр къыхызодзэ. Хъункъэ? Упсэуащэрэт уэ!..

Ти-и-и, Хьэрхуэрхьэблэ къуажэм Хьэжумар жари тIыгурывэ хъужауэ зы щIалэ хьэрэмыжь гуэр дэст.

ГъущIыр егъэныщкIури къыжьэдедзыж зыхужаIэхэм ящыщу бригадир гуащIэ дапщэ и ужь къимыхьами, Хьэжумар зыгъэлэжьэфын лIы абыхэм къахэкIатэкъым. ЩыуэфIым деж, «Дыгъэ къыстепсэнкIэ Iэмал иIэкъым» жиIэрти, унэм къахущIэплъыртэкъым. Махуэр уфамэ, «Дунейр къызэIыхьэнкIэ хъунущ, сэ уэшх ткIуэпс къыстеткIуэныр ажал пэлъытэщ» жиIэрти, – аргуэрыжьт.

Дохутырым яшэрэ анализти-фонализти жаIэу къаувыхьмэ, еIэпщакIуэу щIидзэрт. Мылицэ къраджэрэ Iуэхур допросым нэсмэ, хэпсэлъыхьу зищIт... Сытми, жыпIэнуракъэ, уэгъуи-чыхуи зыгуримыгъаIуэрэ къубгъан здахьым

нэхъ жыжьэ яхуэмыкIуэурэ «Хьэрэмыжь» зыфIаща Хьэжумар хъужыр илъэс 32-рэ ирикъуху пщIантIэм яфIыдэсащ.

Сэбэпыншэ дыдэу дэсауи жыпIэ хъунукъым иужьрей илъэс зытхухым Хьэжумар пщIантIэм: япэрауэ, и хьэрычэт лъэпкъ хэмылъу щхьэгъусэ Iэхулъэху цIыкIу къыхуашащ, етIуанэрауэ, и хьэрычэт зэрыхэлъым хуабжьу шэч къытехьэгъуейуэ сабий зыщыплI я пщIантIэм къыдэуващ: пэщхъыныхъухэрэ нэ хъурей защIэу, Iэ пIащэ-лъэ пIащэхэрэ натIэщIэплъ хъужахэу, кIуэаракъэ, псори Хьэжумар пыудахуэт.

Хьэрэмыжь дыдэу я гугъа щхьэкIэ, и псэм щемыблэж дакъикъэ гуэрхэри къыхуихуэрт Хьэжумар. Зэрыщыт дыдэр жыпIэнумэ, абы и щхьэхынэгъуэр зыхуэзэр махуэхэрат, жэщкIэ лэжьыгъэ хъарзынэ зэрыригъэкIуэкIыр кIуэ пэтми нэхъ гузэвэх хъу демографием къигъэлъагъуэрт, хьэблэм я дежкIи нэрылъагъут. Арауи къыщIэкIынт кIэлъхуозри, бэзэрри, хадэри, садри, Iэщри, джэдкъазри зэтезыIыгъэурэ унагъуэр зыпI и щхьэгъусэ цIыкIур Хьэжумар хуэарэзы къудейм къыщымынэу, «УНЭМ ЩIЭСЫР» щIыфIэпсэкIуэдыр: абы имыщIэмэ, хэтыт зыщIэр-тIэ Хьэжумарыжь мыгъуэм жэщкIэрэ и фэм дэкIыр зыхуэдизыр.

Апхуэдэу зэманыр кIуэуэрэ (Iисто-о-офрилэхь! – мо уэгум зыгуэр зэрисыр я фIэщ ирихъуну а зыр щапхъэ хъарзынэти мы сэ сщIэж атеистыжь гупым я дежкIэ!), пщэдджыжь гуэрым жьы дыдэу къэтэджщ, и Iэщхьэлъащхьэр дрихьейщ, езым ещхьыжу зы хьэмфIанэшхуэ къищтэри, Хьэжумар хьэрэмыжьу плъагъур губгъуэм дэкIащ. Къэхъуар ямыщIэрэ я жьэр ущIауэ хьэблэ псор кIэлъыплът абы.

«Стратегие», «тактикэ» и лъэныкъуэкIэ хадапщIэ кампаниер зэрырагъэкIуэкIынур яубзыхурэ сажнэхэр ягъэбакъуэу хьэсэпэм деж щытт «Социалистическэ ГуащIэдэкIым и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр къыфIащыным Iэджэ щIауэ щIэхъуэпс бригадирымрэ ар «ЛIыхъужь» хъуа нэужь, бригадир къулыкъур къылъагъэсыным щIэнэцI учетчикымрэ.

– Мыр дэнэ, Хьэжумар, мыпхуэдэу жыыуэ? – мор нэмыс щIыкIэ къэпсэлъащ бригадирыр.

– Уэлэхьи, сыпщIэну сыкъэкIуамэ, сывгъэпщIэнумэ, – жиIащ Хьэжумар, лIитIыр ауан къищIрэ къимыщIрэ зэхэгъэкIыгъуейуэ къахупыгуфIыкIри.

– Ауэ сытми тфIэфIыжьу удгъэпщIэн, Хьэжумар, – хэдэ, си къуэшыжь, фIэрыукIэхэр хэдукIа къудейщи, Iыхьэхэм ящыщу узыхуей дыдэр къыхэх, – къритыжащ жэуап бригадирым, Хьэжумар и фIэщрэ къыдэгушыIэрэ хузэхэмыгъэкIыу учетчиком хуеплъэкIыурэ.

– ЗэрызэхэсхамкIэ, гъуэгубгъур къазэрылъымысыным псори хущIокъу, зэрынэхъ пщIэнейм къыхэкIыу. Мис а нэхъ пщIэней дыдэ гъуэгубгъур къыхызох-тIэ сэ, – жиIэри Хьэжумар къыхиха хьэсэпэм деж уващ.

Ти-и-и, Хьэжумар хьэрэмыжьу щытар хьэблэми къуажэми къахуэмыцIыхужрэ шэджагъуашхэ къудей къыхэмыкIыу мапщIэри-мапщIэ, и ужь итхэм къахуэмылъагъужрэ зэрыпщIэ маршынэ гуэр фIэкIа умыщIэну и Iыхьэр кIуэцIрекъутыкI.

«Къабзэу имыпщIэу арагъэнщ, ахъумэ мыр апхуэдизу псоми ящхьэщыкIыфын хуейтэкъым», – жаIэри чэмиссэ щэху и ужь ираутIыпщхьати, уигу иримыхьынрэ пыплъхьэну зыри къахуэгъуэтакъым: къабзагъэ и лъэныкъуэкIи псоми щапхъэ яхуэпщI хъуну лажьэрт.

Сытми, щIэхуабжьэ мыхъумэ, ужьых лъэпкъ дамылъагъуу, зы тхьэмахуэ щIигъун хуэдизкIэ лэжьа нэужь, «Алыхь-алыхь, щIалэ хъарзынэм ди делагъэкIэ мыхъумыщIафи етплъащ, «хьэрэмыжь» цIэри тедгъэIукIащ. ИкIэщIыпIэкIэ гъэзэкIуэжын хуейщ» жаIэщ, колхоз собранэ зэхуашэсри,

Хьэжумарыжьу плъагъум щытхъупсыр къpaгъэжэхащ, нэхъ звеноуфI дыдэм и унафэщIуи хахащ.

Апхуэдэ гуэртэкъэ радио, телевиденэ, кIэзет сытхэм къалъыхъуэр – къызэхуэжэсри, зэрамыгъэву лъэныкъуэ къамыгъэнэжу ягъэвууэ щIадзащ: «Звеновод пашэм и гуращэхэр», «ХьэмфIанэр зи Iэщэ командир!», «Хьэрхуэрхьэблэ къыщыунэхуа стахановец!», «Апхуэдэ псэемыблэжхэращ ди Партым хыхьэну зыхуэфащэр!..»

Махуэ къэс апхуэдэт: Генеральнэ секретарым жиIахэмрэ Хьэжумар хужаIэхэмрэ зэхэзэрыхьыжауэ цIыхум я тхьэкIумэм ирагъэкIтэкъым, я нэгуми щIагъэкIтэкъым. ТелевизоркIэ ягъэлъагъуэурэ, республикэ псом къыщацIыхуат Хьэжумар и «жэщ гуащIэдэкI» хьэлэлым кърикIуа пэщхъыныхъухэри, а пэщхъыныхъухэр къэзылъхужа Масирэти.

Компартым нэ къыхуримыщу къигъэнэнт-тIэ апхуэдэлIым, – «ЕI, дымыгъуэту къэдгъуэта!» жаIэщ, езыджапхъэхэм ираджэщ, зэрыщIыпхъэм тету икIи нэхъ IэкIэщIлъэкIэщIу Iуэхур ягъэпсри, «Хьэжумарыжьу» щытар мы дуней псор зи плъапIэ КПСС-м къыхэхутащ...

Къыхэхутар Iуэхут, – мис итIанэщ, Гуащэпэж, гъэщIэгъуэн дыдэр къыщыхъуар... Щыхагъэхьа махуэр блэкIщ, жэщ хъущ, нэху щыри, Хьэжумару плъагъум щыгъын нэхъыфIу иIэмкIэ зыкъихуэпащ. Зыкъихуапэщ, игъащIэкIэ зыдэплъхьэ мыхъуну и джанэ зэпрыдзышхуэм хьэфэ щIэуарэ бжьыгъэ зытIущи телъу галстук мыщхъуэмыфэ гуэр дилъхьэжри, къыщIэлъэтауэ яхущIэмыхуж жьындуужьым ещхьу, я пэш нэхъыфIыIуэм къыщIэтIысхьащ зи статусыр нэгъуэщI хъуа Хьэжумарыр.

И натIэ залэр нэхъри зэхуэкIуэжауэ нэщхъыдзэщ, хуей зэрыхъуу стIолыщхьэм зэрытеуIуэнум хуэдэу и IэштIымышхуэхэр зэтекъузащ, япэ къыщIыхьэр зыпхрилыгъукIыну зигъэхьэзыра хуэдэ, и нэ пIащитIыр шынагъуэу къыщIыхьэпIэбжэм тегъэпсащ.

Дыгъуасэ гуфIэгъуэшхуэ зэрылъа унагъуэм нобэ къэхъужар къахуэщIэртэкъыми, гузэвгъуэ щIыIэр ятелът. Бынхэр шынапэурэ адэм хукъуэплъти къыIужыжт, фызым дзыхь ищIыххэтэкъым бжэм екIуэлIэну. Ауэ дзыхь умыщIкIэ зэфIэкIрэт, – моуэ зы тIэкIу дигъэкIри республикэ псом цIэрыIуэ щыхъуа звеноводыр бгъэмэжалIэ зэрымыхъунур зыщIэ щхьэгъусэр зипэ-зипэкIэ темылъ щымыIэу жыхуаIэм хуэдэ Iэнэ хъурей цIыкIу иIыгърэ щабэрыкIуэ дыдэу бжэщхьэIум ебэкъуащ. Ебэкъуар Iуэхут, – нэхъ хьэщхьэрыIуэ дыдэхэм ящыщу председателитху зэуэ теуIуа хуэдэ, Хьэжумарыжьыр стIолыщхьэм – «баргъ!!!»

И лIым щхьэкIэ прессэм щыжаIа псор зи фIэщыпэ хъуа, ЕЗЫМ и щIыбагъ къыдэту зэзэмызэ телевизорым къызэрихуэр зигу ирихьыпа нысащIэ цIыкIур – тхьэмыщ-щ-щкIэ! – зэуэ къаскIэщ, Iэнэм тет тепщэчхэр зэщIэсысэри, псори Iэпыхуным иIэжар тIэкIунитIэщ. Iэнэр IэпигъэхункIэ зэрыхъунум нэхъ къызэригъэдзыхар къапщIэу, коммунист идеехэр къызыпкърыхьэ Хьэжумар (парт собранэм щызэхиха псалъэр къэдгъэсэбэпынщ) тIэкIунитIэ нэхъ лояльнэ хуэхъужщ Масирэтми, и «положенэм» нэхъ къригъэкIу урысыбзэмкIэ къэпсэлъащ (адыгэр игъащIэми дызыпэмылъэщ урыс «л»-р ди «л» щабабзэмкIэ зэхъуэкIауэ):

– Ладнэ, дэвай!..

Сытми, езыри апхуэдэу щысу, къэхъуар къызыгурымыIуэ и звено пашэм хэтхэри лажьэ-мылажьэ хуэдэурэ махуэ зыщыплI екIуэкIащ. Хьэжумарыжьыр зыщIодэIукIри, – дэнэт! КуэбжэмкIэ маплъэри, – дэнэт! Къуажэ унафэщIхэм ящыщу зыри къыкъуэкIтэкъым.

Ахэри гупсысэм иукIт: «Уа, къэхъужар сыту пIэрэ, ярэби? Зыгуэрхэр зэрымыщIыпхъэу тщIыуэ, жыдмыIэпхъэ жытIэу и жагъуэ тщIауэ пIэрэ?»

Апхуэдэ лъэпкъи къахуэгъуэттэкъым. «ГуфIащэу сымаджэ щIэхъуэжагъэнкIэри мэхъу» жаIэри зыкIэщIэупщIыкIахэти, апхуэдэ щхьэусыгъуи щыIэтэкъым.

Псори зыгуэр хъунт, ауэ гъэм и гуащIэгъуэ махуэхэм звено нэхъыфIыр нэсу зэрымылажьэм «Социалистическэ ГуащIэдэкIым и ЛIыхъужь» хъуным щIэхъуэпс бригадирыр хуабжьу иригузавэрт. Уригузавэ щхьэкIэ, лIот пщIэнур: республикэ псом цIэрыIуэ щыхъуа звеноводышхуэм деж кIуэуэ «Щхьэ умылажьэрэ?» жраIэну зыри тегушхуэртэкъым.

Ти-и-и, звеновод цIэрыIуэмрэ къулыкъущIэхэмрэ я Iуэхур апхуэдэу зэхуэмычэмыфэ щытыкIэм щихьэм, бгырыпхынэ ящIхэр къызэмэщIэкI и бгыр фIыуэ щикъузэщ, и нэщхъыр нэхъри зэхиукIэщ аби, и бэкъу къэб мыхъу дэлъ хуэдэ, хуабжьу зигъэлъэбакъуэхъуурэ Хьэжумар махуэ етхуанэм правленэм ехащ.

Председателым и закъуэт пэшым щIэсри, мо зэхэуцэрэфа лIышхуэр къыщыщIыхьэм, щтэIэщтаблэ къэхъуащ. Абы и щытыкIэм нэхъри игъэгушхуа Хьэжумар зы шэнт къищтэщ, жьантIэмкIэ дыхьэри, унафэ мыхъумэ, лъэIу лъэпкъ зыхэмылъ макъкIэ жиIащ:

– Парторгыр уи гъусэну сыхуейт.

– Иджыпсту, иджыпсту къезгъэшэнкъэ, – жиIэри, гипноз гуащIэм зэщIиIыгъэ фIэкIа умыщIэну, председателыр пIащIэ-тхъытхъыу щIэкIащ. ЩIэх дыдэуи къигъэзэжащ, парторгыр щIыгъуу.

Сэлам кърахыну зэрыхэтхэм гу лъимытагъэфэу, Хьэжумар етIысэхащ. Сыт ящIэнт, – зи Iэхэр шияуэ къэнаитIри етIысэхащ.

СтIолыщхьэм телъ «Казбек» пашкIэм зы кърех, пегъанэ, кууэ ирешэх, къызыжьэдрегъэхужри, Хьэжумарым жеIэ:

– Догуэ, къысхувигугъэр сыт фэитIум?

Председателымрэ парторгымрэ зэплъыжащ.

– С-сыт?..

– Сыт пхуди...гугъэнур?

– Зыгуэр щыIэнукъэ?

– Сыт щыбгъэIэнур? – жиIэри, и нэхэр хъурей хъуауэ парторгыр къеплъащ зэнзэныпсу къабзэ Компартым хыхьэну зи дзыхь зрагъэза лIы нацэIуцэшхуэм.

Парторгым ар щыжиIэм, зэрыщIрагъэгъуэж плъэкIэкIэ хуеплъэкIщ, председателым къыхуеплъэкIыжщ, кIакхъур гъуазэм тригъапсэ хуэдэ, и нэхэр нэхъри зэв ищIри, лIы зэраукI жыхуаIэ дыдэр ауи къыщымыхъуу жиIащ:

– Догуэ-тIэ, ауэ сытми сыкъэвгъэделэу партым сыхэвгъэхьауэ ара фэитIум?.. Къулыкъу дэвай!..

Парторгымрэ председателымрэ я жьэр ущIарэ, дызэхэзымыхаIауэ Тхьэм къыщIигъэкI, жыхуаIэу бжэмкIэ плъахэщ. Ауэ Хьэжумар Дзэлыкъуэ хъупIэм уи закъуэпцIийуэ щыжыпIэнкIэ дзыхьщIыгъуэджэ псалъэмакъыр ирикъутэкIт:

– ЛIо, а фэ фызыхуейм сэри сызэрыхуейр къывгурымыIуэу ара?!.

КIэщIу жыпIэмэ, Гуащэпэж, мы Дуней нэпцI цIыкIум апхуэмыдэ Iэджи къыщохъу, ауэ Хьэжумар и Iуэхур адэкIэ зэрыхъуам ухуеймэ?.. «Сыхуейщ» – жоIэ-тIэ? Уэлэхьи, ар шэщIауэ жыпIэжмэ, кIыхь дыдэ хъункIэри хъунумэ, Гуащэпэж. Сэри тIэкIу сешащ, уэри, мес, уи нэхэр пфIызэтохьэ, апхуэдэу щыщыткIэ, къэнар, моуэ-щэ, редакторхэм зэрафIэфIым ещхьу, нэхъ зэщIэкъуарэ кIэщIу ныбжесIэжынщи... Хъунукъэ?.. Афэрым!..

НтIэ, арати, Хьэжумарыжьыр а жиIам текIуэдэн хуейуэ зэманыр щыта щхьэкIэ (Алыхьым и нэфI къыпщихуэну мурад ищIамэ, къыпщехуапэ), дызэримыгугъауэ Iуэхур къыщIедзым, уэлэхьи. «Мыпхуэдизу ягъэвууа лIым цIэ

Iей тедгъэIукIыну дыхуежьэмэ, я фIэщ дыхъункъым, ар дэнэ къэна, и зэран псоми къыдэкIынкIэри хъунщ. Абы нэхърэ, зэпыту укIуэ, жиIар ди зэхуаку къыдэднэнщи, зы къулыкъу цIыкIу гуэркIэ дыIурыуткIэпщIэнщ», – жаIэри зэгурыIуащ председателымрэ парторгымрэ.

АрщхьэкIэ уIэбэмэ къапщтэу къулыкъу хьэулей щыIэ? – «Социалистическэ ГуащIэдэкIым и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр кърατыным щыгугъыу псэу бригадир хъарзынэр лажьи-хъати имыIэу трагъэкIри, абы и пIэм ирагъэувэм, уэлэхьи, Хьэжумар хьэрэмыжьу плъагъур...

Илъэс зытIу нэхъ дэмыкIыу парторг яфIохъу. Парторг лэжьыгъэм Iэбэлъабэр нэхъ кърамыгъэзэгъ хуэдэурэ щытти, абыкIэ хуитыныгъэшхуэ къозыт председатель къулыкъур яфIеубыд. Абы узэрыриIэбэлъабэ хъуну зы Iэмалрэ узыдэIэбэ хъуну зы плIанэпэрэ къимыгъанэу илъэс зыщыплIкIэ тета, Iулъхьэ зи мыхьэрэму хъуам я Iумэтым яфIипщхьа нэужь, – удэкIуеинумэ, удралъэфеинумэ – къеблагъэ!

Сытми, дыгъужь нэщIам и шхэкIэу шхэуэрэ, апхуэдэ гуэр къызэрытхуэкIуэр и псэм ищIа хуэдэ, мылъку хьэрэм куэд дыдэ къиугъуеярэ Хьэжумарыжьу щытар Хьэжбарон хъуауэ «Дикэ кIапIитIализмэкIэ» дызэджэу нобэми ныжэбэми яхуэмыгъэжэбзэж псы утхъуа къытщIэуам и курыкупсэм «жьгъумпI» жиIэу зыхидзарэ зэпритхъуу щесу иджыпстуи хэсым, уэлэхьи, ди персонажыр. Псы утхъуам-тIэ, уэ зэрыпщIэщи, сытри нэхъ къыщыубыдыгъуафIэщ.

И пэщхъыныхъухэри, пхалъэ быхъурэ къэбкъитхъудзэ хъужахэу, къызэрыпача Хьэжумар защIэщи, лъэныкъуэ зырызкIэ къыщыувауэ, уэлэхьи, къашхри-къашхым, къашхри-къашхым, къыздынашхысынур Алыхьым ещIэ.

Ебланэ классым къыщIашу зэгуэр Хьэжумар къыхуашауэ щыта Масирэти, ЕЗЫМ къыхуищэхуа дипломыр иIыгърэ къыхузэIуиха клиникэ мис мы сэ иджыпсту сызыщIэлъым и унафэщIу мэлажьэ. Псори ирегъаджэ, псори егъэIущ, псори егъасэ, ауэ «гайморитымрэ», – къысхуэгъэгъу, Гуащэпэж, – «геморроймрэ» зэрызэщхьэщыкIыр сыт ямыщIэмэ къыгурагъэIуэфкъым...

Щэху куэдыIуэ къыпхузэIусхащ сэ, Гуащэпэж, ауэ сыт хуэдиз къызэIузмыхами, Хьэжумаррэ абы и пэщхъыныхъухэмрэ къашхар зыхуэдизыр ныбжесIэфынукъым: япэрауэ, уэрэ сэрэ дызэрызэгурыIуам хуэдизкIэ къыхэщт симыIэу сыпсэужыну сыхуейщ, етIуанэрауэ, си ужь къинэхэм апхуэдэ жагъуэгъухэмкIэ сахуэупсэфынукъым.

Псалъэм къыдэкIуэу жысIэнщи, мы уэ ныбжесIэжахэм я лъэужьыр а мылъкум и хъумапIэм езыхулIэну хуейхэм гугъу зрырамыгъэхь: Хьэжумарыр дэ къэдгупсыса персонажыцIэ къудейуэ аращ. Прототипым фыхуейрэ фыхуэзэфынкIэ фыкъэзыгъэгугъэ лIыгъэ фкъуэлъмэ, гъущIыбжиблымрэ щхьэхъумэ лIиблымрэ къызэвнэкIыфынкIэ фигурэ фи щхьэрэ зэтелъмэ, – Хьэжумар зыфIэтщар щыпсэур Тевэвыжхьэблэщи, – гъуэгу махуэ!..

НтIэ, Партым хагъэхьам и хъыбарым апхуэдэу укъыщыщIэдэIуфакIэ, пщэдейжэщ, Тхьэм жиIарамэ, Партым яхухэмыхьауэ щытам и хъыбарыр пхуэсIуэтэжынщ, Гуащэпэж. Щи-и-и, нэхулъэфI укъикI!..

## ЩIалэ сабыр

Къеблэгъэж, Гуащэпэж... НтIэ, къыхэздзэрэ етIуанэ хъыбарыр?.. Хъунщ, си псэр зи IэмыщIэ илъ... Моуэ нэхъ тыншу зегъэщIи...

Абы щыгъуэ зэрыжаIэу щыта адыгэбзэ къабзэкIэ жытIэнщи, Аулэдин

шэфорт, къыпежажьэурэ ІэплІэкъуэрагъкІэ партым хашэу и сатырхэм хагъэувэ «гуащІэрыпсэухэм» яхиубыдэрт.

Мы бжесІэнум тІэкІуи сыпхутепсэлъыхьагъэххэу си гугъэжщ сэ, Гуащэпэж, ауэ, къыбгурымыІуэпауэ къысщохъури, иджы нэхъ щыгъуазэ усщІынщ.

ПщІэрэ, зи гугъу пхуэсщІыну Іуэхур къыщыхъуа зэманым Компартым ревизэ зыкъиищІыжыну мурад ищІауэ щытащ. Ти-и-и, мэлгъажэ жыхуаІэм ещхъу, и партыІуэм итыр щІибжыкІщ, зыхуэдизыр къищІа нэужь, «ухэт?», «усыт?» жаІэурэ зэхагъэжыжри, къулыкъущІэрэ къулыкъущІэплъу хэтым нэхърэ, гуащІэрыпсэууэ хэтыр куэдкІэ нэхъ мащІэу къыщІэкІащ.

«ЕІмэ-еІыжыххэт, ди напэр токІ, адрыщІкІэ щыІэ ди жагъуэгъужьхэм сыт къытхужаІэн?!» жаІэщ, хьэІусыпэ зратыр зэхуэсри, икІэщІыпІэкІэ гуащІэрыпсэу нэхъыбэ партым хэгъэхьэн хуейуэ къэралпсо унафэ къащтащ.

ТхьэхужыІэу жыпІэнумэ, къэбубыду партым хэбгъэхьэн хуэдизу гуащІэрыпсэу дыдэуи щыттэкъым Аулэдин: къуажэм я председателу я пщы пэлъытэ Выпщэ Мухьэжид хъужым и шэфорт. Ауэ щыхъукІэ, и псэр зыІэщІэлъыр арат. Абы и псэр зыІэщІэлъми, зэрыгурыІуэгъуэти, цІыхухэм къулыкъущІафэ тІэкІу къраплъ, езым тІэкІурамэу зриплъыж хъуат. Адрейуэ гуащІэрыпсэу псэукІэтэкъым абы и псэукІэри: председателым и унагъуэр зыдэшхыхь «шхалъэм» къыдэнэхэрат абы и унагъуэри зыхигъэпсэукІыр. Тхьэ зэрыпхуэсІуэфынуращи, абы и «шхалъэм» къыдэнэ щыкъуей-фэкъуейхэм куэдкІэ нэхъ къэуат ящІэлът гуащІэрыпсэухэм я шхыныгъуэ пажэхэм нэхърэ...

Уа, Гуащэпэж, дыкІуэм-дыкІуэурэ, социологием тІэкІу дыхэбжьахъуэу щІэддза си гугъэщ сэ. Апхуэдэ зэшыгъуэхэм ди уэршэрыр хуэтшэнкІэ Іэмал иІэкъым. Щи-и-и, икІэщІыпІэкІэ Аулэдин деж догъэзэж...

Зи псэр Аулэдин и ІэмыщІэ къралъхьауэ чэтэныщхьэ маршынэ цІыкІумкІэ къришэкІ Мухьэжид щызэгуэудыгъуи щыгутехуэгъуеи къэхъут жыпІэмэ, а лІы хьэлыншэшхуэм утелъэщІыхьа пэлъытэу арат. Щыапхуэмыдэ абы къыхуихуэртэкъым, ауэ, къулыкъущІэ шэфору щытыным къыхуалъхуа фІэкІа умыщІэну, Аулэдин псори ишэчт, сыт хуэдэ гукъанэри иригъэндэрэхти, «Іым» жимыІэу и къалэныр игъэзащІэрт.

Мухьэжид район ІэтащхьэхэмяІурыуткІэпщІэн хуей зэрыхъуу – напІэзыпІэм нигъэст. Іулъхьэ тынкІэ председатель гуэр къефІэкІарэ я шефыр ней-нейуэ къеплъамэ, абы къытригъэуа бампІэр щытригъэуж хабзэ кафе щэху цІыкІум ишэрт, къыщежьэжкІэ, а кафем и унафэщІ хьэбз куэпэчыр кърigъэтІысхьэрт, маршынэр псыхъуэ мэзым хихуэрт, мо «хьэжьымрэ» «хьэбз куэпэчымрэ» къызэхуигъанэрти, шэфор губзыгъэ зэрихабзэу, езым пІалъэкІэ лъэныкъуэ зригъэзт.

Аратэкъэ-тІэ шэфор угъурлы жыхуаІэр! Апхуэдэ гущІагъщІэлъ щэхухэр къыбдэзыщІэу зыбзыщІыф шэфорым уІурыуткІапщІэ зэпыту щытын зэрыхуейр Мухьэжид фІыуэ къыгурыІуэрт, зэрыбжесІащи, Іыхьэншэ зэримыщІынми хэтт.

Апхуэдэу екІуэкІым, Мухьэжид хьэрэму ишхыр нэхъыбэ хъуху, шэфорри нэхъ зыдигъэашхэм, нэхъ фІэлІыкІ хъууэрэ, икІэм-икІэжым, моуэ-щэ, нэхъ ехьэжьауэ зыгуэр хуэщІэн хуейуэ къилъытэжащ.

Іуэхушхуэратэкъэ, абы нэхъ ехьэжьауэ зыгуэр хуэпщІэным щхьэкІэ, уэ къоуэлІэну узыщыгугъ ехьэжьа гуэрым зыхэбгъэнын хуейт. Апхуэдэр Мухьэжид и щхьэм зэрыфІихыфын мы дунейм теттэкъым. Мухьэжид ящыщт хуэпшияр сомищ фІэкІа мыхъуми, ар зи Іэгум пхуигъэзэгъэфыну ІулъхьэІых къулыкъущІэхэм. Апхуэдэм ІэщІыхьагъэххэ ехьэжьа гуэр къыІэщІэпхы-

жыфынт?! Псом нэхърэ нэхъыфIу ар зыщIэжыр езы Мухьэжидти, жыпкIи мылъкукIи химылъафэу Аулэдин зэрыхуэупсэн Iэмал къигупсысу щIидзащ. Гупсысэм-гупсысэурэ, хуэшэешалIэу жыхуаIэм хуэдэу и гур хуэжащ гуащIэрыпсэу хуэныкъуэу жыхуаIэ КПСС-м (мы Iуэхур абы щыгъуэ къаIэту щIадза къудейуэ арат): «Зэрызэхэсхамкlэ, ЦК-м гуащIэу щытепсэлъыхьакIэщ, процентkIэ зэпэббжмэ, гуащIэрыпсэухэм ящыщу партым хэтыр зэрымащIэ дыдэм, а ныкъусаныгъэр икIэщIыпIэкIэ гъэзэкIуэжын зэрыхуейм»...

Ти-и-и, зигъэжумартрэ фIыщIэ къызэрыхуищIынум пэплъэу, Мухьэжид Аулэдиным жреIэ:

– Уэлэхьи, Аулэдин, сыныпхуэупсэну мурад сщIам сэ.

– Тхьэразы къыпхухъу, махуэ къэси укъысхуоупсэм, уэлэхьи, уэ, – жиIащ Аулэдин, лIыщхьэ къезышэкI шэфорыфI и хьэлу, напIэхэр игъалIэри.

– Хьэуэ, хьэуэ, а нобэ къэс сызэрыпхуэупса щIыкIэхэр зыми щыщкъым, мыбы елъытауэ. Ин дыдэу сыныпхуэупсэну мурад щысщIар иджыщ сэ, Аулэдин.

– Ар сыткIэ... укъызэрысхуэупсэнур? – дапхуэдизу зимыгъэукIытэхми, щIэмыупщIэу хуэшэчакъым Аулэдин.

– Партым ухэзгъэхьэну мурад сщIащ, Аулэдин. КПСС-м!

– Iагъу-гъу, ар дауэ хъун, Мухьэжид, уэ узыхэт партым сэ?!

– Сэ си закъуэ абы хэтыр? Езы Ленин дыдэри хэтащ абы, Аулэдин!

– Аракъэ-тIэ сэ щIыжысIэр: Лениныр зыхэта, уэ узыхэт партым Iэмал имыIэу щыт сэ шэфор къызэрыгуэкI цIыкIур?..

– ФIы дыдэу ди Iуэхум хэлъыр араща дэ, Аулэдин: партымрэ народымрэ зыуэ дыщытщ, дыщытыни хуейщ! – гъуэгубгъум фIэлъ лозунгым къеджэ щIыкIэурэ жэуап итащ Мухьэжид.

– Уэлэхьи, сымыщIэ, зэрыжыпIэщ. «Хыхьэ» жыпIэмэ... – жиIэри, руль зыIыгъ шэфорым щIигуэ зэрыхъун хуэдизкIэ и щхьэр щIигуащ Аулэдин.

– Уэ гъэхьэзырын хуейхэр гъэхьэзыр. Сэ унафэ хуэсщIынщ а ди парторг хуэдэурэ щыт бжыхьдэжыпэм. «Iым» къыхигъэкIмэ, а и щхьэ псыгъуэр пызмычым, Тхьэр согъэпцI...

Ей, мы гъащIэри мы гъащIэр! Мыбы укъызэрыщагъэгугъэ псор къыщыпхуащIэжу щытамэ, сыту дахащи, IэфIыщи хъунут, бетэмал! Ауэ дэкум хуэдэу дыкъыщагъапцIэри-дыкъыщагъапцIэ, мы Дуней нэпцI, къысхуэгъэгъу, зинэжькIэ къалъхуам...

Уа, Гуащэпэж, а дуней пэж сыздэпшэнури апхуэдэу щыт, хьэмэ?.. Хъунщ, хъунщ, зумыгъэгусэ: «Дуней пэж» щыжаIэкIэ, абы, пэж дыдэу, нэхъ щызекIуэу къыщIэкIынущ а Пэжыр...

А къомыр щIыжысIэращи, Партымрэ Аулэдинрэ зэрыгъуэтыным къэнэжа щIагъуэ щымыIэу – «бац!» – а мурад дахэр зыщIа шефымрэ зи псэр къэгугъэпауэ щыс шэфорымрэ я зэхуакум, зэрыжаIэу, джэду фIыцIэ дэжащ.

Зэрыдэжа щIыкIэри? НыбжесIэнкъэ ари, Гуащэпэж, къедаIуэ закъуэ...

## СабырщIэгъей

«Хамэ лалыр IэфIщ» щIыжаIэжа хьэл мыхъумыщIэр зи лъым хэт Мухьэжид «сэмэгумкIэ» хьэбз куэпэч къыщылъыхъуэныр нэрыгъ хуэхъуа щхьэкIэ, ублэхъуэпсыкIмэ гуэныхь къэпхьын хуэдизу езым и фыз Тосэ дэгъуэжьт. Тоси ищIэжт зэрыдэгъуэжьыр. Зэрыдэгъуэжьри ищIэжт, «хьэрэмыгъэ тIэкIу сшхынщ» жиIэу игу къыпылъадэмэ, къыщIимыкIуэтын щхьэусыгъуэхэри гъунэжу иIэт: «сэмэгумкIэ зэрыщыхъуакIуэм» хэзыщIыкI мы дунейм темыту Мухьэжид къыщыхъуж щхьэкIэ, Тосэ къылъагъэIэсыжауэ псори ищIэрт,

«илъ ищIэжыным» папщIэ къызыхуэтыжыр – икIи щIыпIэтэкъым, икIи зэмантэкъым – игумрэ и псэмрэ дыхьэну зы щIасэгъу нэст.

Ти-и-и, жыжьи мыкIуэу, Тосэ дэгъуэшхуэм Мухьэжид и шэфор щIалэ Iэдэбыр кIуэ пэтми нэхъ къызэпиплъыхь хъуащ. Зы махуэм нэхърэ къыкIэлъыкIуэм нэхъ екIу хъууэ къыщыхъут абы Аулэдин. Апхуэдизу Iэдэбу, укIытэхыу зэрыщытым нэхъ дагъуэ къыхуигъуэтыфтэкъым Тосэ абы.

Мыращ сэ жысIэнур, Гуащэпэж, абы теухуауэ: сыт хуэдиз уи мыIэдэбагъми, уэ нэхърэ нэхъ укIытэх дунейм темытми, нэ къыпхурищу мурад быдэ къыпхуэзыщIа бзылъхугъэм узэрыIэщIэкIыфын Iэмал щыIэкъым. Ар зыгуэркIэ изогъэщхь гува-щIэхами сэ уэ сызэрыпIэщIыхьэнум...

Зэгуэр нахуэ мыхъуж щэху щыIэ: куэд дыди дэмыкIыу наIуэ къэхъуащ Тосэрэ Аулэдинрэ я Iуэхур жыжьэфI зэрынэсар, Мухьэжид сабыр дыдэу и гугъа шэфорыр зэрысабырщIэгъейр и нэкIэ илъэгъуащ.

А хьэдэгъуэдахэр къызэрыщыщIу, Мухьэжид занщIэу хуеплъэкIащ и адэшхуэ Цыджырбаш и къамэ фIыцIэжь блыным фIэлъым...

Зи адэшхуэр пелуану щымытарэ пщы цIэрыIуэ гуэр IэщIэукIа нэужь, Къэбэрдейм къэмыIэпхъуауэ адыгэм зыри тхэткъым дэ, Гуащэпэж. Абыхэм зезыгъэукIыну хьэзыр апхуэдизыпщи дэнэ къикIрэт, Iистофрилэхь?!.

Сытми, Цыджырбаш ящыщт апхуэдэу зыхужаIэхэм (пэжи-пцIыи?)

НтIэ, пщы зыукIыфа адэшхуэ зиIа Мухьэжид апхуэдэ напэтехыр пхуишэчынт: зэрыжысIауэ, абы и къамэжьым хуеплъэкIщ, апхуэдэ адэшхуэм и къуэрылъхур къызэрылыбыфын хуэдизкIэ къэлыбщ, дэпкIейщ, дэлъейщ... КIэщIу жыпIэмэ зыIурыдзэсыкIри, итIанэ иджырей адыгэлIхэм зэращIым хуэдэу, фIыуэ зиутхыпщIщ, тIысщ, и бгъафэм ехуэбылIэ партбилетым теIэбэри, мыпхуэдэу Iуэхум егупсысыжащ:

«Япэрауэ, мо жылэр къызыхуенэцIэкI Тосэ дэгъуэшхуэр сыхэлъадэу зыIэщIэзгъэкIмэ, зэгуэр сыхущIегъуэжынкъэ? «Си фызым щIасэлI тезубыдащ» жысIэкIэ, хэт и фIэщ схуэщIын? ИзгъэкIыжыпэнуми, схуигъэкIыжыну? Сыт хуэдиз цIапIагъи фызым егъащIэ, – ди къэралыр абыхэм я телъхьэщ, ахэр хейуэ хегъэкI... «Физ хей» ибгъэкIыжауэ, хэти зэрищIэщи, партым узыхигъэтынукъым. Партым укъыхадзыжауэ уи къулыкъум утрагъэтынукъым. А къулыкъум утемытыжмэ, Тосэ дэгъуэшхуэр дэнэ къэна, зыкъыскIэрызышытIэ хьэбз куэпэчхэри къысхуеижынукъым»...

Мис апхуэдэу щIэупщIыIухьыжым-щIэупщIыIухьыжурэ, къэхъуагъэшхуэ щымыIэ хуэдэ, псори зыкIэщIиупщIэжыну мурад ищIащ Мухьэжид.

ИтIани дзыхьщIыгъуэджэт ар къозыщIэфам махуэ къэс уи псэр IэщIэлъу адэкIи зыкъребгъэшэкIыныр.

Арати, шэфор псори зэхъуапсэу икIи зэфыгъуэу щыта Аулэдиныр къытепсыха лъагъуныгъэм и зэранкIэ председатель маршынэм къыдагъэкIри, къызэрыражыхьым нэхърэ, къызэрыралъэфэкIыр нэхъыбэу зы маршынэ хьэдэжь гуэрым дагъэтIысхьащ.

# ЖагъуэгъугъэгуфIэ IэнатIэ

ЦIыхухэр къыпщысхьынт: «Партыжьыр дауэ ущыт-тIэ?» жаIэрэ къыщIэнакIэу, къыщыдыхьэшхыу махуэ къэс гараж фIейм дыхьэн, дэтын хуейуэ къыхудэкIат къулыкъущIэ Iуфэлъафэр зи «хъупIэу» иджыри къэс къекIуэкIа Аулэдин.

Мыр иджыри къэс ныбжесIа си гугъэкъым, Гуащэпэж: Аулэдин-тIэ абы щыгъуэ лъакъуэ лъэныкъуэкIэ партым хэувагъэххэт. Шефымрэ абырэ зэ-

нэзэпсэу щыщытам щыгъуэти, зыIэзыбжьэу псори зэфIагъэкIат. КIэщIу жыпIэмэ, партым и кандидатт.

Уэ партым ухэтакъыми, шэч хэмылъу, пщIэуэ къыщIэкIынукъым, Гуащэпэж, «Партым и кандидат» жыхуаIэу щытар. Ар парт нэс ухъунрэ умыхъунрэ ущагъэунэху илъэс пIалъэрат апхуэдэу зэджэр. ЗыгуэркIэ ухэмыуэжу а илъэс пIалъэр пхуехьэкIрэ я упщIэхэм жэуап пхуетмэ, ухагъэхьапэу щытащ.

# ЕпцIыжакIуэ!

УпщIэ нагъыщитIым я зэхуаку дэсрэ гупсысэ щхьэгъэужэгъухэр и гум щызэблэкIыу а илъэсыр ирихьэкIащ Аулэдин: «Сыхыхьэн-сыхэмыхьэн? Сыхыхьэн-сыхэмыхьэн?» Сытми, икIэм-икIэжым, хэмыхьэныр тригъэкIуащ...

Ауэрэ пIалъэр къосри, парторгым гуфIэжу Аулэдин зыкъыхуегъазэ:

– НтIэ, Аулэдин, уи насыпыр нахуапIэ дыдэ щыхъунур мы щэбэт дызыхуэкIуэращи, зыхуэгъэхьэзыр. Кандидат пIалъэр мыбзаджэу ипхащ. Сащогугъ зэдэарэзыуэ ухагъэхьэну.

– Сэ партым сыхыхьэнукъым, –– Iэдэбу жиIащ Аулэдин, парторгым и нэгум къиплъэурэ.

Парторгым япэ щIыкIэ къыщыхъуащ Аулэдин гушыIэу, арщхьэкIэ – дэнэт: и фIэщыпст.

Парторгым партбюро зэхуишэсщ, Аулэдиныр я пащхьэ иригъэувэри, псоми зэпеуэу къыжраIащ апхуэдэкIэ угушыIэ зэрымыхъунур: уи Iэли-уи уди –– зытригъэхьахэкъым.

Парт собранэ зэхуашэсщ, я пащхьэ кърагъэувэщ, ягъэшынэну хуежьэхэри – хъуакъым, къелъэIухэу щIадзэри – къикIаIакъым... Губжьым зэщIищта парт собранэм зыжьэу кIэлъадзащ клубым къыщIахужа Аулэдин: «ЕпцIыжакIуэ!»

Иджыри къэс къэхъуауэ ямыщIэж хьэдэгъуэдахэр къуажэм дэз хъуат, районым нэсат, къэзэуатышхуэ къикIынкIэ хъунути, Iыхьлы-Iэулэдхэр ирагъэлъэIуу щIадзащ КПСС-м и бжэ къыхузэIуахам яхущIэмыхьэ щIалэм, арщхьэкIэ, ухуейми тедзи зэгуэуд, – «хъунщ» яхужегъэIакъым къуажэм дэсу хъуам щIалэ Iэдэб дыдэу, цIыху щабэ дыдэу къалъытэу щыта Аулэдин.

Щымыхъужыххэм, мылицэкIэ райкомым яшэм, уэлэхьи, Аулэдин цIыкIуу плъагъур.

Райкомым я унафэщIыр мыбы къызэрагъакIуэрэ куэд щIатэкъыми, псори къыщышынэу зэрыщигъэтыну щIыкIэхэм теухуауэ инструктаж гуащIэ ящIагъэфэт: и нэщхъыр зэхэмыкIт, къыщопсалъэкIэ уи нэгум къиплъэртэкъым, кнопкэ гуэр трикъузэу Iэпхлъэпх узыщIынухэр къыщIэлъэдэн фIэкIа умыщIэу, щIэгъэщхъуарэ и псалъэ дэтхэнэми укъызэпиупщIу псалъэрт.

Ауэ абыи къыхуэгъэшакъым Аулэдиныр.

ИтIанэ апхуэдизу зыкъэзыгъэпщауэ щыса партбоссыр банэ зыхэуа хулъэм ещхьу пщэхри, абыи лъаIуэу щIидзащ:

– Хьэтыр гуэр уиIэмэ, щIалэ, республикэм дахыумыгъаIуэу, уэри уи бынхэми игъащIэкIэ бжьыгъэу фтелъын цIэ Iей зытумыгъэIукIыу, мы ди партым къыхыхьэ, ухущIедгъэгъуэжынкъым.

– Хъунщ, сыхыхьэнщ, – жиIащ зыкъомкIэ къэщэба Аулэдин. – Ауэ... – жиIэри къыщIигъуащ нэхъ хэкъузауэ, –– абы сыхыхьэн япэ, сэри зыгуэр-

хэмкIэ сынывэупщIыну сыхуейщ фэищым: уэ, ди къуажэ парторгым, ди къуажэ председателым. Къысхуебгъэшэфыну ахэр?

– Къезгъэшагъэххэу щыIэщ тIури.

Арати, Аулэдин зыхуей лIитIыр къигъэтIысщ, езыр жьантIэм къыдэтIысхьэжри, партбоссым жиIащ:

– Мис, узыхуея псори дыщысщ.

Iуэхур зэрыригъэкIуэкI щIыкIэхэмкIэ зэрызыхуэарэзыжыр къапщIэу яхоплъэ, тIэкIу зегъэпсчэуIури, Аулэдин моуэ жеIэ итIанэ:

– Щыми сынyволъэIу мы упщIэм жэуап къефтыну: партым хэтыр къэралым едыгъуэ хъуну?

Къадыгъуахэр яIыгъыу къаубыда хуэдэ, «щхъуртI!» жиIэу къулыкъущIищри зэплъыжащ. Партбоссыр занщIэу егупсысащ: «А сыкъыздикIам щызэхэсщIыхьахэм мыр зыгуэркIэ щыгъуазэмэ, зэрыжаIэу, сыкъэсыжащ...» Къуажэ парторгыр къаскIэри, мы псалъэхэр и щхьэмирижащ: «Сэ скъуэлъ мыгъуэхэр сэ сощIэж, абыхэм ящыщ гуэр уэ къыздэпщIэмэ, итIанэ къэсэхыжа жыхуаIэр сэраши...» Мухьэжид тхьэмыщкIэжьым зызэригъапщхьэри, игъащIэм зи цIэ фIыкIэ жимыIа Къытщхьэщытым игукIэ елъэIуащ: «Ялыхь, Ялыхь, гущIэгъу къысхуэщI! Мыбы сэ къыздищIэхэм я зы Iыхьэ цIыкIу сэтей къищIмэ, тутнакъэщым я нэхъ Iейр си Iэрылъхьэщ».

НтIэ, арати, апхуэдэ гупсысэхэр гукIэ зэзыгъэзахуэ къулыкъущIэшхуищыр зэплъыжщ, «Уаумысри уагъэтIысри зэхуэдэщ» жыхуаIэ псалъэжыр ягу къагъэкIыжри, зыжьэу къажьэдэлъэлъащ: «Партым ухэту удыгъуэныр хьэдэгъуэдахэщ!!!»

– Хьэдэгъуэдахэмэ, фи жагъуэ фымыщI, уэлэхьи, а фи партымрэ сэрэ дызэмызэгъыну итIанэ, си къуэшыжьхэ.

– Ар дауэ къызэ... къызэрыбгурыIуэнур? – щIэупщIащ зигу къызэрыгъуэтыжу хуежьа партбоссыр.

– Сэ, фи нэмыс нэхъ лъагэ ухъуи, зи пэ зыхуэлъэщIыж щIагъуэ яхэмыту бынибл сиIэщ. А быниблыр иризгъэшхэну, ирисхуэпэну, ирырезгъэджэну фэ къызэфтыр зыхуэдизыр фощIэж!.. Ахэр сымыгъалIэу къэралым хуэспIыным щхьэкIэ, сыт сщIэн, уэлэхьи, ди кIэлъхуоз дыщэм тIэкIуи содыгъуэм, дяпэкIи семыдыгъуэу мыхъуну... Апхуэдэу щыщыткIэ, партым и напэ къабзэр сымыуфIеймэ, лъэныкъуитIым ди дежкIи нэхъыфIу пIэрэ жызоIэ, сщIэркъым, фегупсыс, аращ фэ къулыкъушхуэ щIывиIэр... лэжьапщIэшхуи къыщIыватыр.

– ЗэрыжыпIэмкIэ, ди партым укъыхыхьэну ухуэмейуэ аращ уэ сэ слъагъур? – жиIэри и ролым ихьэжу хуежьа район партбоссым и IэштIымыр лъагэу иIэтащ. IэштIым шынагъуэр Iэтауэ хьэуам хэтыхункIэ, Аулэдин жэуап иритащ абы:

– ВжесIаи: уэлэхьи, сыгуфIэжу сыныхыхьэнмэ, ауэ фэищыми фи Iэ щIэдзыжарэ щхьэж и мыхъурыр и унэцIэм деж тегъэуэжауэ мыпхуэдэ спрафкIэ къызэфт: «Нобэ, 1962 гъэм, июлым и 5-м щыщIэдзауэ Лъэкъыцокъуэ Аулэдин хуит дощI игу къыпылъэдэхункIэ кIэлъхуозым едыгъуэнуи ди Компарт дыщэм и члену щытынуи...»

АдэкIэ Аулэдин къипсэлъахэр къыщIэщ имыIэу щIихъумащ хьэуам хэзэшыхьа и IэштIымымкIэ «баргъэ!!!» жиIэу стIолыщхьэм теуа партбоссым и макъым:

– ЩIэ-э-э-э-э-экI!!!

Мис ар и щIыкIэу КПСС-р хэнауэ щытащ пщIэншэрылажьэ жыхуаIэм ещхьу махуэ псом губгъуэм ита нэужь, укIытапэурэ кIэлъхуозым

къыфIидыгъу тIэкIухэмкIэ зи быниблыр къэралым хуэзыпIа лэжьакIуэ икIи дыгъуакIуэ псэемыблэж Лъэкъыцокъуэ Аулэдин...

НэхулъэфI дыкъикI, Гуащэпэж!..

## Чэмисар

Къеблагъэ, Гуащэпэж, къеблэгъэж. Уи фIэщ зэрыхъун, хуабжьу сыпхуэзэшатэкIэ. Сэ си закъуэ уэ къыпхуэзэшар, – мес, си лъэпагъри си лъэпагъ щхьэнтэри уэ къыппоплъэ. ЗегъэщIыт уэ зэрынэхъ пфIэтыншым хуэдэу... Ыхьы, дэгъуэщ...

Партыжь Iуэхухэм датепсэлъыхьурэ, ныжэбэ кIуам тIэкIуи уезгъэзэшагъэнщ, Гуащэпэж, умыбзыщIыт, ы-ы?.. «Сезэшакъым», жыпIа?.. ПфIэгъэщIэгъуэн хъуауи?.. Уэлэхьи, мис ар нэхъ сфIэфI дыдэм щыщым а жыхуэпIэр: уэршэрэгъуфI дызэхуэхъуну къыщIэкIынущ уэрэ сэрэ!..

НтIэ, сеуэу, лIэщIыгъуэ блэкIам и партыжь IуэрыIуатэм щыщ зы хъыбар укъезгъэдэIуэжын иджыри, Гуащэпэж? Ауэ, къызжиIакъым жумыIэж, – мыр нэхъ гуузщ...

НтIэ-э-э, арати, къуажэкIэ зэджэм ЧэмисаркIэ еджэу зы щIалэ гъэщIэгъуэн гуэр «тип» жыхуаIэм хуэдэу дэст. Апхуэдэ цIэ уиIэу адыгэм ауан укъамыщIу уагъэпсэунт-тIэ? ЩыжаIэкIи щызэхаххкIи щIэдыхьэшхыкIхэрт. Ауэ, зэманыр щыгуащIэм икIи щыткIыбжьым щыгъуэти, щэхуурэт, гъэпщкIупауэрэт зэрыщIэдыхьэшхыкIхэр. Зэхахыу, ялъагъуу ущыдыхьэш хъурэт, зиунагъуэрэ, Революцэм и жьы къабзэр зыщIихуа апхуэдэ цIэ лъапIэм. Уэлэхьи, тIу жыпIэху Сыбыр урагъэхынти уэщ дзагуэкIэ тайгам пхъэ щыхэпхыу ущамыгъэIэтэм.

Чэмисар, езым зэрыжиIэм хуэдэу жысIэнщи, а и цIэм хэлъ «р-р-революционнэ мыхьэнэмрэ» иIэн хуей пщIэр зыхуэдизымрэ дэгъуэу ищIэжырт, абы хуэфэщэжу езыри зэрыпсэуным хэтт, зэрыцIыкIу лъандэрэ а цIэм зригъапщэрт, ар зригъэкIут: моуэ-щэ, и нэщхъыр зэхэукIа зэпыту, дамэтелъ ятелърэ мундирхэр ящыкъуззэжауэ къэзыкIухь чэмисар дыдэхэм заригъэщхь щIыкIэу, мащIэу зигъэдамэдурэ тIэкIуи зигъэлъэбакъуэхъуу къикIухьырт. И лъым хэту къыщIэкIынти, нэхъыщхьэ хуэзакъэ, – «сархъэщ» жиIэу и бгыр къызэфIэщIэрт, цIыху къызэрыгуэкIхэм щахэткIэ, – захуигъэкът.

Апхуэдэу, зэрымылъ тепщэч зригъэфIэIухьурэ, и пионерыгъуэу и джэгугъуэ илъэсхэри, и комсомолыгъуэу хъыджэбз дахэхэм зыIэпашэу щытын щыхуея гъэхэри Чэмисарым ирихьэкIащ, моуэ-щэ, зэрыжытIауэ, и нэщхъыр зэхэлъ зэпытрэ и дамэхэр кIуэ пэтми нэхъ дамэду хъууэрэ.

Алыхьым и закъуэщ зыщIэр апхуэдизу ар и лъым щIыхыхьам и щхьэусыгъуэр, ауэ Чэмисар хъуэпсапIэ нэхъыщхьэ дыдэу иIэри щыщIэгупсыскIэ и кIуэцIыкIыщIэ псор къызэщIэзыгъэнахуэри зыт: Компартым хагъэхьэрэ билет плъыжьыпсыр и гуфIакIэм къыдэлыдыкIыу илъэгъуамэ, мы дунейм насыпу телъым я нэхъ иныр къеуэлIауэ къилъытэнут.

Апхуэдэ хъуэпсапIэ зэриIэм гу къылъатэным щхьэкIэ, ар зыхуэмыубзэрабзэрэ зыхуэмыбзэIэфIу зы къулыкъущIэ лъэджажи зы коммунист къыпыж-ныпыжи къуажэм дэстэкъым...

Ауэрэ, зызыкIэришытIэхэм гунэс ящыхъури, зи кIэтIий нэф нэгъунэ партым хуэгъэза щIалэр зыхашэну мурад ящIащ.

Псори хъарзынэу екIуэкIыурэ, Iуэхур парт собранэм нэсу упщIэ тыныр щыщIадзэм, заседанэм хэсхэм зэрагъэщIэгъуэнур ямыщIэу, Чэмисарым жэуапхэр, къарит дэнэ къэна, къатригъэлъалъэу хуежьащ. КъызэреупщIу хъуам жэуап гъэхуа иритурэ здекIуэкIым, лIыми щIасэлIми яхэкIыжауэ «ХьэмышхкъупщхьэжькIэ» зэджэ ХьэтIимэт жыхуаIэ алмэстыныфэжьым и нэхэр Чэмисарым къыхущIигъэбэрдщ, къытриубыдэ гущэри, кIуэрыкIуэу партым яфIыхыхьэ щIалэм и тIасхъапIэ дыдэм хуэзэу а зыщышынэ дыдэмкIэ къеуащ:

## АдэцIэхъуэж

– Псори хъарзынэщ, Чэмисар, ауэ Октябрь революцэшхуэм и пэ къихуэу, мис мо Къуажэжьым дыщыдэсам щыгъуэ а фи адэ ПщыгъэунэкIэ зэджэм... – ХьэтIимэт и псалъэр тIэкIу зэпегъэури, собранэм щIэсхэм нэщхъыдзэу яхоплъэ. – Фегупсысыт, ныбжьэгъухэ, а цIэм: Пщы-гъэунэ! Минрэ езыр Чэмисаруи щрет, ауэ Пщыгъэунэ и къуэ дэ ди парт зэнзэныпсу къабзэм зэрыхэдгъэхьэнури зэрыхэдгъэтынури дауэ?! Дауэ, жызоIэри сынывоупщI сэ?!!

Псори зэщIэщымауэ къызэхэнати, зыгуэр жиIэн хуейуэ къилъытэжри, парторгыр хуэм дыдэу къэпсэлъащ:

– ЗэредгъэхъуэкI мыхъуну пIэрэ, ярэби?

– Сытыр? – жи, ХьэтIимэт, нэхъри къызэрыкIыурэ.

– Адэм и цIэр?

– Къэбгъэтэджыжуи? – жеIэри, а Iуэхур къэхъу хъужыкъуэмэ, зэрекIуэкIынур и нэгу къыщIигъэуvауэ, Хьэмышхкъупщхьэжьыр зыщIогуфIыкI. Адрейхэр, абы дэдыхьэшхынуми мы Iуэхур къезыхьэжауэ щыта парторгым дэнэщхъеинуми ямыщIэу къызэхэнат...

– Сыт, зиунагъуэрэ, къыщIэбгъэтэджыжынур? «Си адэм и цIэ дыдэу щытар Пщыгъэунэтэкъым, – мырат... Ар схузэфIэвгъэувэжыну сыныволъэIу» жиIэу лъэIу тхылъ ирыретхи?.. – апхуэдэу къыхелъхьэ парторгым.

– ЛIот фIэфщынур? – Аргуэру къолъ ХьэтIимэт.

– Езы Чэмисар къыхрырехыж и адэм фIэтщыну цIэр.

– Ар нэхъ хъуну си гугъэщ. Дауэ уеплърэ, ХьэтIимэт Бердовнэ? – жиIэри парторгыр таучэлмыщIу хуеплъэкIащ зыми илъагъу мыхъу, ауэ «джатэпэм пылъу властыр къэзыхьыжауэ» жыхуаIэхэм ящыщ Хьэжьокъуэ Берд зэрипхъум щхьэкIэ псори зыфIэлIыкI ХьэтIимэту Хьэмышхкъупщхьэжь хъужым.

Хьэмышхкъупщхьэжьым, парторгым къыхилъхьамкIэ арэзы хъуамыхъуа хуэдэурэ, жиIащ:

– ИIэ-тIэ, къыхевгъэх.

Чэмисар жиIэнур имыщIэрэ и жьэр зэщIэнауэ щытти, ХьэжмударкIэ зэджэ партыжьыр къэпсэлъащ:

– Уэлэхьи, Пщыгъэунэ, сэ зэрысщIэжымкIэ, цIэ лей хъарзынэ иIам езым. Мис ар фIэдывгъэщыжи зэфIэкIащ: Мэлыщхьэдыгъу.

– «Комиссар Малишхадугович», – жиIэщ, тIэкIу пыдыхьэшхыкI пэтрэ, зызэтриубыдэжри, парторгыр Чэмисар хуеплъэкIащ: – уэлэхьи, коммунист цIэ лъапIэр зезыхьэнум апхуэдэу уеджэныр тIэкIу къысхуемыгъэкIу.

– СынынволъэIу псалъэ къызэфтыну, – жиIащ темыгушхуащэурэ Чэмисар.

– ЖыIэ, – занщIэу жэуап къитащ Хьэмышхкъупщхьэжь, нэхъыщхьэм нэхърэ мыбдеж зэрыщынэхъыщхьэжыр къыхигъэщурэ.

– Сэ... сэ... – къыщIидзащ Чэмисар, къыщиуду гупым къахэгъэным ещхьу и макъыр кIэзызурэ... – Сэ зыгуэр къызэрызгурыIуэ лъандэрэ сыто-укIытыхь икIи слъагъу хъуркъым а си адэцIэр. Хъуну щытмэ, «Пщыгъэу-нэм» «хъу» жыхуиIэ хьэрф закъуэр схупевгъэгъэувэ. Сэ, арыншами, куэд щIауэ согупсыс икIи сыщIохъуэпс абы.

– «Пщыгъэунэ»-м «хъу» хэплъхьэмэ?.. Хъарзынэу къигупсыса си гугъэкIэ, тхьэ соIуэ! – гуфIэжу япэ зыкъригъэщащ парторгым: – «Пщыгъэ-унэхъу!». «Комиссар Пшигаунохович!» Гъуэзэджэщ!..

## ЛIы зэраукI щэху

– Ар гъуэзэджэу къыщIэкIынкIэри мэхъу, ауэ нэгъуэщI мыгъуэзэджэ хэлъщ мы Iуэхум, – Чэмисар и псэ тIэкIу къыIухьэжар Iузыуд макъкIэ къэпсэлъащ Хьэмышхкъупщхьэжь. – Сэри сыхуейт, товарищхэ, мы ди пащхьэ итыр ди сатырхэм къыхэуvауэ слъагъуну, ауэ... Мис а «ауэращ» псори зэтезыкъутэжыр... Ар псоми фымыщIэнкIэ хъунщ, ауэ зыщIапхъэхэм дощIэ, здитыпхъэ тхылъымпIэхэми итщ: мы ди пащхьэ къиува щIалэм къуэлъщ игъащIэкIэ ар дэ товарищ зыхуэтщI щIэмыхъун щхьэусыгъуэ-шхуэ...

Псори зэщIэщымащ. Чэмисар щым хъууэ къэнэжатэкъым: «Сэ скъуэ-лъыр сэ сощIэж мыгъуэ» жыхуиIэу, и пIэм иумэзэхыхьат.

Хьэмышхкъупщхьэжь пэплъакъым «Сыт къуэлъыр?!» жаIэу къыщIэ-упщIэным, – и нэщхъыр зэхиукIэщ, а зи щхьэми зи цIэми нурыр къыщхьэ-щихыр буржуазием зэреплъу щытауэ жыхуаIэм ещхьу мо зэщIэкIэзызэу парт собранэм я пащхьэ нэхум ит Чэмисар хуеплъэкIри, лIы зэраукI щэхур утыкум кърилъхьащ:

– Уэ зыщыбгъэгъупщэжыну ухэтми, гуащIэрыпсэу цIыхубэм зы дакъи-къи зыщамыгъэгъупщауэ ягу илъщ, щIалэ, зигъэпщкIуурэ пэжыгъэм и джа-тэм зыкъригъэла щхьэкIэ, уи адэр кулак нэгъэсауэ зэрыщытар! Котляревкэ щыIэ гъущI гъуэгу вокзалым тету харчевнэ бэджэнду иIыгъащи, – ар зы! Къуажэм дэту щхьэлышхуэ иIащи, – ар тIу! ЩIэмылъ щымыIэу зы тыкуэнышхуи къалэм щывиIауэ ягъэхъыбарри!..

Чэмисар зыкIи зыпэмыплъа, жэуап лъэпкъи зыхуимыгъэхьэзыра уп-щIэт а иджыпсту зыпэщIэувари, зыри хужымыIэу парт собранэм щIэсхэм я пащхьэм къыщызэфIэщэхащ.

Пэж дыдэу, Пщыгъэунэ а ХьэтIимэт зи гугъу ищIа хъарчевнэри иIыгъат, а щхьэлышхуэри тыкуэнри иIат, ахэр трахыу факъырэпэщмэн ящIа нэужькIэт «Мэлыщхьэдыгъу» щыхъуари. БгъэдыхьэпIи екIуэлIапIи зыхуимыгъуэт властыщIэм зыкIэришытIэным щхьэкIэт а гъэхэм къы-хуалъхуа и щIалэ закъуэм нэхъ пролетарыцIэ дыдэу къилъыта «Чэмиса-рыр» щIыфIищари.

Пщыгъэунэ ещхьу, япэ къэсым зыхуагъэшым-зыхуагъэщхъыурэ властыщIэ зыуфэкъам дэгъуэгурыкIуэну зи мурада кулак, середняк за-къуэтIакъуэ къэнахэр пIалъэ-пIалъэкIэрэ дапхъуэту щIадзэжати, зыгуэр дапхъуэтыху, и гур пIащIабзэ хъум, зыгуэр къраIуэкIыху, и псэм щыщ пыткIукIыурэ, икIэм-икIэжым Пщыгъэунэ тхьэмыщкIэр гъуэлъри, махуищ нэхъ дэмыкIыу дунейм ехыжауэ щытащ. «МыгъуэкIэ фыщх... мыгъуэкIэ фыщх» жиIэурэ и псэр хэкIауэ жаIэж тхьэмыщкIэм, ауэ зигухэр влас-

тым ириуда Iыхьлы-Iэулэдым хьэдрыхэ псалъэ жыхуаIэм хуэдэу а щэхур яхъумащ нобэр къыздэсым, нахуэрэ нэпцIрэ яхузэхэмыху демократием и жьыр къыкъуэухункIэ.

Зэрыщыт дыдэр жыпIэнумэ, и адэр пасэу зэрылIар арат Чэмисар мы парт хыхьэным тезыгъэгушхуари: зыми зыри имыщIэжу, псоми псори ящыгъупщэжауэ къыщыхъурт. АрщхьэкIэ – мис: «щыгугъи щыс!» жыхуаIэм хуэдэт Iуэхур...

Сытми, ар и къызэтекъутэкIэу къызэтекъутауэ щытащ Чэмисар и парт хыхьэныр.

ГъэщIэгъуэныратэкъэ, а зыхамыгъэхьа партым нэхъри нэхъ лъагъуныгъэ гуащIэ хуиIэ хъуащ Чэмисар. Абы къыдэкIуэуи зи теплъэр имыщIэж и адэм хуиIэ лъагъумыхъуныгъэр хуэдэ тIощIкIэ хэхъуагъэнщ. «А щIэкIуэтэным и зэран мащIэ къызэкIрэ сэ сызэрыцIыкIу лъандэрэ. Пионерым сыщыхыхьэм сыщIэкIэзызыр ямыщIэрэ си дзэхэр зэтеуэу сыхыхьащ. КIэмсэмолым сыщыхыхьэм, сынэхъыкIэжт. А тIум щыгъуэ къыщыспамыIэтакIэ, ящыгъупщэжыпауэ къыщIэкIынщ, жысIати, иджы, – мис... Жылэ адэм хуэдэу моуэ шым тесрэ хужьыдзэр зэтриупщIатэурэ зэуапIэм къыщаукIатэмэ, бетэмал, сытым хуэдиз пщIэ сиIэу сахэтынут итIанэ сэ а иджыпсту сыкъэзылъагъу мыхъу Хьэмышхкъупщхьэжь сымэ!..»

## Жэщ собранэхэр

Мис абыхэм егупсысым, и губжьыр нэхъри къызэщIигъаплъэурэ, Чэмисар жэщ къэс «собранэ ищIу» щIидзащ и адэр...

Умыдыхьэшхыт, Гуащэпэж, алейкIэ умыдыхьэшхыт. Къэгъазэ имыIэу абы фшауэ фи гугъэхэр къраджэжурэ собранэ щащIыф щыIэщ мыдэкIэ къэнахэм, тIасэ. ЗэращI щIыкIэри? Ар зэращI щIыкIэм, уэлэхьи, Iэмал Iэджи иIэм, ауэ Чэмисар а Iэмал къомми хэттэкъым: жэщым «кIыкъ!» жиIэу сыхьэтыр 11 щыхъум ирихьэлIэу гъуэлъыжт, гупсэхуу гъуэлъыпIэм зриукъуэдиерт, и нэхэр быдэу зэтрикъузэрти, гупсысэ къызэщIэплъагъэххэр ХьэршымкIэ иукъуэдийрт. Иукъуэдийрти, дуней нэпцIым щымыIу икIи щызэхамых макъ шынагъуэкIэ и адэ тхьэмыщкIэр къриджэрт. Къриджэрт, игъэтIыст, езыр жьэхэтIысхьэжт, нэщхъкIэ еуэрти, моуэ къыщIидзэрт:

– КIэмыщтыкъ ПIытIрагу и къуэ Пщыгъэунэ! Уэ пкъы зэпту мы дунейм къытебгъэхьа сэ, уи къуэ закъуэ Чэмисар, сыноупщI: апхуэдэ мэкъумэшыщIэ унэцIэ, адэцIэ хъарзынэхэр уиIэрэ пэт, емынэ лажьэм узэрихуэу «Пщыгъэунэ» цIэр зыфIебгъэщат уэ?!

– Сэра мыгъуэкъым ар... – жи Пщыгъэунэ, зэщIэкIэзызэурэ. – «Хьэуэ» жыIэпIэ срагъэхуам, Тхьэр согъэпцI. Псэлъэф сыхъуным сынамыгъэсу, занщIэу къысфIащри ежьэжахэщ...

– Догуэ, къыщыпфIащым къыбгурымыIуа щхьэкIэ, иужькIэ къыбгурыIуэ хъунутэкъэ зи нэхулъэр къызэкIэщIэзытхъ коммунизм нэхум дуней псор зэгуэр зэрызэщIищтэнур? Абы псомкIи зегъэкIун зэрыхуеяр?

– Къэхъунур сыткIэ пщIэн, – къысхуэщIа мыгъуэтэкъым, си щIалэ.

– НтIэ, иджы, мис, – уи зэранкIэ сэ Компартым сыхагъэхьакъым. Партым ухэмытмэ...

– Тхьэм щхьэкIэ, къысхуэгъэгъу, си къуэ закъуэ.

– Апхуэдэр ягъэгъукъым, лIыжь!

– НтIэ, мы къызащIам и щIыIужкIэ, сыт мыгъуэ аргуэру?!

– Си адэцIэр зэсхъуэкIынущ, – мис аращ а псом и щIыIужкIэ уэсщIэнур...
– Дауэ?!
– «Пщыгъэунэр» «Пщыгъэунэхъу» сщIынущ.
– ИтIанэ... ИтIанэ абы къикIыр уэ узимыкъуэжу аращ, си щIалэ.
– Аращ.
– Сэ гурыфIыгъуэу сиIэр уэращ, Алыхьым урицIыхумэ!..
– Сэ сыатеистщ, а уэ зи гугъу пщIым щхьэкIэ щай уэстынукъым!

Ар жиIэщ, и адэр гъуэгыу иутIыпщыжри, Чэмисар, псом япэрауэ, яужь ихьащ и адэцIэр зэрихъуэкIыну. ИкIи зригъэхъулIащ а мурадыр: Iулъхьэ-фэлъхьэ жиIэми, «Камыштыков Комиссар Пшигаунохович» жиIэу иту паспорт къыдихащ...

БжесIатэкъэ мыр нэхъ гуузщ жысIэри, Гуащэпэж: мис, – уи нэгур зэхэуащ, мызэ-мытIэу уи нэпс къызэрекIуари слъэгъуащ... Ауэ щыхъукIэ, зыгъэпсэху. Пщэдейжщ сэ бжесIэжынщ адэкIэ къэхъуар. НэхулъэфI укъикI, Гуащэпэж!..

## Барбаринэ

Тобэ! Тобэ! СымыщIэххэурэ укъихутэжаи си пIэ лъапэм!.. Дауэрэ ужея?.. IэфI дыдэу, жоIэ... Ситу фIыт, ярэби, сыту фIыт...
НтIэ, къыпытщэрэ Чэмисар теухуа хъыбарым?..

АдэцIэхъуэжыр, зэрыбжесIащи, Чэмисарым хъарзынэу зэфIигъэкIат, ауэ япэм и къыщIэмыдзапIэкIэ къызэрыщIидзар фIыуэ къыгурыIуэжати, иджы Iуэхум нэхъ губзыгъэу бгъэдыхьэну мурад ищIащ. Абы и Iэмалу щыIэр зыт: Бэракъзехьэ къуажэм дэс къулыкъущIэ цIыкIу псоми я къулыкъупсэхэр зыIэщIэлъ Хьэжкъасымдотэ зыгуэрурэ гъунэгъу зыхуэщIын хуейт. Зыкъом лъандэрэ тIысыжауэ щыс щхьэкIэ, къуажэм унафэу щащIу хъуам «мыхъур тезыгъэуэжыр» арат, Хьэжкъасымдотэт. Зэрыкъуажэу ящIэрт ар апхуэдэу щIыщытым и щхьэусыгъуэр: район псом я тет Хьэжбатыр Матутович хъужыр Хьэжкъасымдотэ и малъхъэт, и шыпхъу нэхъыщIэ дыдэм илIти, Бэракъзехьэ къуажэм къулыкъу щагуэшын-сыт хъумэ, «дирижер нэхъыщхьэр» арат, Хьэжкъасымдотэт. ЖыпIэнуракъэ, Бэракъзехьэ къуажэр дэнэ къэна, районым къулыкъущIэрэ тхьапIэ IэнатIэ щызыIыгъыу хъуар Iыхьлыгъэрэ благъагъэ къуэпскIэ зэкIуэлIэжыр арат, Хьэжкъасымдотэт.

Iуэхушхуэ мыгъуэратэкъэ, IыхьлыгъэкIэ абы зэрыбгъэдыхьэну зы къуэпси-фэпси къыхуэгъуэттэкъым Чэмисар, благъэ зыхуэщIын Iуэхурати, абыкIи гугъапIэ къыхуэлъагъутэкъым: къулыкъу щIэнэцI щIалэ къуданхэм, лъашэти, нашэти, жаIэу зэхэдз ямыщIу, Хьэжкъасымдотэ Iыхьлырэ Iэулэду иIэ хъыджэбзхэри пхъужьхэри къанэ щымыIэу зэбграхакIэт. Пэжу, зы закъуэ къыхуэнэжат: нэхъыщIэхэр щызэбграхым якIэлъынацIэу щысурэ зи гурыгъ ижауэ пщIантIэ нэщIышхуэм къыдэна Барбаринэ. Шхужьыгуэт, Африкэ пхащIэм къраша фIэкIа умыщIэну шыуаныщIэр и щIыфэт, а псом я щIыIужкIэ, Чэмисар нэхърэ илъэс зыхыблкIэ нэхъыжьт.

«А-а, зэрыхъу хъунщ!» жеIэ, мо игъащIэм емыфам зы аркъэ стэчаныжьыфI щхьэпредз, и нэхэр быдэу еуфIыцIри, апхуэдиз щIалэ къулыкъущIэкъум къызыпакIухьа Барбаринэ хъужыр къешэм, уэлэхьи, Чэми-

сар. Парт хыхьэныр апхуэдизкIэ къыIурыблати, Барбаринэ дэнэ къэна, зоопаркым исхэм я нэхъ лъагъугъуей дыдэр къыпхуегъэшэнутэм, уэлэхьи, абы щыгъуэ Чэмисар.

Барбаринэ къызэришам Чэмисар и гъащIэм зэуэ зыкъыдегъазэ: счетовод къызэрыгуэкI цIыкIуу щытар бухгалтеркъуэдзэ ящI, «Волга» тIорысэжьыфI гуэрым къохутэ, илъэс зыбжанэ и пэкIэ къыхуIуаудауэ щыта и дзапэфIанитIыр дыщэдзэу хуIурагъэлъхьэж.

Ти-и, ауэрэ тогушхуэ, партым хыхьэну зэрыщIэхъуэпсыр Барбаринэ жреIэ, Хьэжкъасымдотэм кIэщIеутIыпщхьэри... Ар зэхэзыха Хьэжкъасымдотэм Iэгухэр зэтригъауэурэ егъэщIагъуэ:

– Догуэ, апхуэдэ цIэ иIэ пэтрэ, партым хамыгъэхьауэ ара иджыри къэс а ди малъхъэр?! Уэлэхьи, нэгъабэ хагъэхьахэм якIэщIэдгъэхьэжынщи, хуейуэ щытмэ, шейщIэтым илъу парт билетыр къыхуезмыгъэхьмэ...

Берычэту псэлъэныр и хьэлт, ахъумэ екIуэкIыпхъэ псори емыкIуэкIауэ а Iуэхур къызэримыкIынур езы Хьэжкъасымдоти ищIэжт, япэм щIыхамыгъэхьауэ щытам и щхьэусыгъуэри къиищIа щIыкIэти, тIэкIу щIилъэфыжащ.

– Мыдэ, зэрызэхэсхамкIэ, а Хьэмышхкъупщхьэжьыр махуищ дэкIмэ, санаторэ макIуэ. Ар зэрежьэу парт собранэ зэхуедгъэшэсынщи... Сэ сыщыIэу зы щхьэкIэ умыгузавэт уэ, си малъхъэжь цIыкIу, узэрыхуей дыдэм хуэдэу псори зэфIэдгъэкIынщ!

Апхуэдэурэ псалъэ щхьэкIэ, псори зыфIэлIыкIыу жыхуэтIа Хьэжкъасымдотэ дыдэри Хьэмышхкъупщхьэжьым и бзэм щымэхъашэрт, Iэпэ угъурсыз зэриIэр, «чристальнэу чистэжьщ» къыхужаIэу зэрыщытыр, къакIэщIэтхыхьу хуежьэмэ, куэд къазэрырищIэфынур ищIэжт.

Арати, махуищыр дэкIри, Хьэмышхкъупщхьэжьыр, пэж дыдэу, санаторэ кIуащ, мастэнэм къызэрыпачам ещхь и узыншагъэм иригъэIэзэну, Нартсанэ и Iэшэлъашэ дахэхэм «моральнэ чистэу» лIыгъуабэ дэхуэха гуэр къыщилъыхъуэу иужьрей парт съездымрэ иджырей оппортунистхэм я хъуагъэщагъэхэмрэ теухуа парт дискуссие гупсэхуу дригъэкIуэкIыну.

## ЕтIуанэ удын

Хьэмышхкъупщхьэжьыр ежьэу махуищ дэкIа нэужь, партбюрор зэхуашэсщ, пыплъхьэн щымыIэу Комиссар Пшигауноховичым рекомендацэ иратри, къыкIэлъыкIуэ махуэм парт собранэр зэхуашэсащ. Iуэхур зытетыр псоми ящIэрт. Ябзщ, ядри, ягъэтIылъыжащ, жыхуаIэм хуэдэти, апхуэдэ Iэджи зи нэгу щIэкIа партыжьхэр къэтэджурэ Чэмисарым щытхъупсыр трагъэлъэдащ. Апхуэдизу яхузэрымыгъэгъуэтрэ щIэгъэщхъуэжауэ къыщытхъухэрти, Чэмисар, кIуэаракъэ, и нэпсым къызэпижыхьарэ «Интернационалыр» къыхидзэным нэсауэ утыкум итт. Апхуэдэу щытхъухэм-щытхъухэурэ, икIэм-икIэжым щытхъулъэр нэщI хъууэ IэрыIэтым Iуэхур щынэс дыдэм ирихьэлIэу... мо меданкIэ щым зэщIэхъуа собранэр къыдэскIэу щIыбагъыбжэр «жьгъу-у-утI» жиIэри зэIукIащ. ТоккIэ ягъэзам хуэдэу, псоми зэуэ загъэзащ абыкIэ: санаторэ щыIэу я гугъа Хьэмышхкъупщхьэжьыр шынагъуэу щIэгуфIыкIыу бжэIум къитт!

– Парт собранэ лъагэм привет! – жиIэри, тIэкIу кърихьэхыжамэ, ди жагъуэгъу кIэуфIыцI гуэрхэм я сэлам зэхыкIэм ебгъэщхь хъуну пIэрэт жыпIэу и Iэ ижьыр иIэтащ.

– Привет! – жаIэри собранэр зылI и быну къызэщIэтаджэщ, я Iэхэр

яIэтщ, яхуэмыIыгъ хуэдэ къекIуэтэхыжри, а зи гугъу сщIауэ зи цIэр къисIуэнкIэ сызыщымэхъашэ сэлам ехыкIэм ещхьу Хьэмышхкъупщхьэжьым зыхуагъэзащ.

– Псори, псори фызогъэгуфIэ: Хьэжбатыр Матутович... – «исыкIащ» жыхуиIэу и Iэр ищIри, Хьэмышхкъупщхьэжьыр щIэфиихыжащ.

Зэхахар пэж дыдэрэ ягъэунэхухэу арарэ яхузэхэмыгъэкIыу, партыжь къомыр зэхэтт. Iуэхур зытетыр Хьэмышхкъупщхьэжьым зэуэ къыгуроIуэри, жиIар тхьэрыIуэ псалъэкIэ щIегъэбыдэ:

– Мо псоми къытхэплъэу къытщхьэщытым и цIэкIэ соIуэ, жысIам пцIы лъэпкъ хэмылъ: зэнзэныпсу къабзэ ди партым зыкIи хуэмыфащэу хагъэхьауэ щыта хьэжьвакъэжьыш Хьэжбатыр Матутовичыр икIэмикIэжым трагъэкIащ. Ура, товарищхэ!..

Партыжьхэр худэплъеящ Хьэмышхкъупщхьэжь тхьэрыIуэ псалъэ щыжиIэм зи гугъу ищIам: къащыдыхьэшхрэ къахупыгуфIыкIрэ зэхэгъэкIыгъуейуэ псоми къахуеплъыхт гуащIэрыпсэухэм я адэ дыщэр. И нэр нэхъри щIиукъуанцIэри «Ура, товарищхэ!» къажриIауэ къащыхъуащ абыи. Къащыхъури, зыжьэу мыдрейхэми зэдаIэтащ: «Ура-а-а!!!»

Чэмисар зи лъэныкъуэ хъунур имыщIэу утыкум къинат. Парт псом я адэм къадиIыгъауэ къыщыхъуа «урам!» абы и мурад псори къызэтрикъутэрт: Хьэжбатыр Матутович трагъэкIамэ, Хьэжкъасымдотэ хьэблэ лIыжь цIыкIу къудейуэ къыщIидзыжынут, абы фIэлIыкI имыIэжмэ, мы иджыпсту къыщытхъуа партыжь къомым, къыхужаIа щытхъупсхэр тралъэщIэжурэ, я зэзхэр къытракъутэнут...

Ардыдэращ къэхъуари. «Партым и хэщIапIэ къабзэм лъэ фIейкIэ къыщIыхьэну хэт кулак щылъхум, коммунизмым хуэкIуэ ди гъуэгуанэ захуэр зэблэзышыну хэт буржуа пыудахуэм, псэукIэ дахэр зыухуэхэм къыткIэщIаутIыпщхьэну хэт цIыху мыхьэнэншэм – нэлат!» жиIэри Хьэмышхкъупщхьэжьыр къахэгуоуащ чутыр мыхъужамэ Чэмисар партым хэзыгъэхьэ пэта къомым.

«Нэлат, нэлат, нэлат!!!» жаIэурэ зыжьэу зэщIэгуоуащ парт собранэр...

Къэмэхауэ унэкум илъ кулак щылъхур къагъанэри, хъыбарыщIэм къаруущIэ зыхилъхьа партыжьхэр зэуэ «зэбгрылъэтащ» агитацэ гуащIэ ирагъэкIуэкIыну. Районым хуэфащэ унафэщI хахыхукIэ, цIыхубэр зэбгрымылэжьыкIыу сакъыныгъэр яхъумэным, Компартым нэхъри гъунэгъу зыкъыхуащIыным гуащIэрыпсэухэр къыхураджэну.

Чэмисар зыкъыщищIэжам, пхъэнкIакIуэ-лъэсакIуэу къуажэ клубым щылажьэ ХьэкIуциц и закъуэт къыщхьэщытыр. ФIыуэ щIикъузыкIыу тряпкэ фIеишхуэр къызрихыжа пэгуным иIэбэурэ абы псы гъуабжэфI триутхэрт Чэмисар.

ХьэкIуциц и нэгум къызэриплъэу, Чэмисар и гур тIэкIуи къызэфIэнэри, зэуи къызэрыгъуэтыжащ: абы къыгурыIуащ цIыхубэм зэи укъызэримыбгынэнур, гува-щIэхами абы и хъуэпсапIэм гъуэгу зэригъуэтынур: парт билет плъыжьыр и гуфIакIэм дэлъу и щхьэгъусэм зэрыхуэкIуэжынур... Щхьэ-гъу-сэ...

Ахъшэ мыкIуэм ещхьу къыIэщIэна Барбаринэ игу къызэрыкIыжу, Чэмисар и мэхын аргуэру къэкIуащ, ауэ ХьэкIуциц а къызэрыщхьэщыст, тхьэщIэпс пэгунышхуэр, хэщIа щIагъуэ щымыIэу къыбгъэдэтти, мэхыпIэ иримыгъахуэу къытрикIэрт...

## ХэкIыпIэ дэгъуэ

Укъызэрамыпэсу, къопэгэкIыу, ухаутэу щытыху, лъагъуныгъэр нэхъри къызэщIэплъэу жаIэ. Е ара, е ерыщагъри абы хыхьэжа, сытми, Чэмисар Компартым хуиIэ лъагъуныгъэр нэхъри къэпщым-къэпщурэ, жэщкIэрэ имыгъэжеиж хъуащ. Иджы абы собранэ ищIыр и адэратэкъым, – Хьэмышхкъупщхьэжьт. И нэр быдэу иуфIыцIт, къриджэрт, игъэтIысти, еупщIт:

– Уа, ХьэтIимэт, сыт мыгъуэ сэ апхуэдизу уэсщIауэ сыкъэплъагъу щIэмыхъур?

– Сэ слъагъу мыхъур уэракъым, Чэмисар, – укъызыхэкIа классыращ. Банэ и пIэ банэ къокIэж, уэ укъызыхэкIыкIар кулакхэм къытхуагъэна банэ лъабжьэжьщ. КъыбгурыIуа?!

– Кулак хуэмыбжьымэу сэ зы налъэ никъуи къыскIэрынакъым, ХьэтIимэт, си лъэхъуамбэшхуэм щыщIэдзауэ си щхьэпхэтIыгум нэс сыгуащIэрыпсэу зэфэзэщщ.

– УгуащIэрыпсэу зэфэзэщмэ, а нэхъ къулей дыдэу районым ис хьэрэмышххэ я пхъур къэпшаи?! – губжьи гукъани хэлъу къриутIыпщащ Хьэмышхкъупщхьэжьым абы. – Уэр нэхърэ IэджэкIэ нэхъыжьрэ пэт!

– Илъэсибл къудейщ зэрынэхъыжьыр...

– Сэри илъэсибл къудейт абы нэхърэ сызэрынэхъыжьыр. Барбаринэ къыумышэу сэ сыкъэпшамэ, партым укъыхэцIуукIыу ухэтт иджы. Уи насыпыр уи IэкIэ пкъутэжащ...

– Уэлэхьи, мис ар сигу къэмыкIа мыгъуэ... Ярэби, зыгуэрурэ дгъэзэкIуэж мыхъуну пIэрэ ар, ХьэтIимэт? – хуабжьу зигъэтхьэмыщкIафэурэ щIэупщIащ Чэмисар.

– ЛIо щIэмыхъунур? Ар игъэкIыж, сэ сыкъаши, зэфIэкIащ. Партым ухэмытмэ, махуэ и фыз ибгъэкIыж хъунущ. Ауэ сэ сыкъапшэрэ партым ухыхьэмэ, апхуэдэ лимит уиIэжынукъым, ари зэгъащIэ.

– СиIэжынуи сыхуейтэкъым! – ину къыхэкIиикIащ Чэмисар и политпщIыхьэпIэм.

– Сыт, Iей, узыхуэмейр? – жиIэри къепсэлъэкIащ, зи дзэ протезхэр стэчаным ирилъхьэжарэ Чэмисар ищIэнум пэплъэу къыбгъурылъ Барбаринэ...

– Хъер ухъу, мыдэ зы пщIыхьэпIэ гуэр слъэгъуауэ аращ, – жиIэщ, буржуазием хуагъазэ хабзэр зи псэр нэгъуэщIым щыгугъа Барбаринэ хуигъазэри, – «пыхъ!» – пщIыхьэпIэм и етIуанэ серием Чэмисар хыхьэжащ...

Сэри тIэкIу сыщхьэукъуащэрэт, жызоIэ, Гуащэпэж. Пщэдей жэщ пхуэсIуэтэжын зыкъом игъэхъэнущ иджыри а Чэмисар... Аращи, пщIыхьэпIэм я нэхъ дахэр плъагъуну!..

## Партым и хьэтыркIэ

Укъэсыжа си гугъэщ, Гуащэпэж? Сыту фIыт, ярэби, – гъэщIэгъуэн дыдэр къыщыхъунур дяпэкIэщ, ауэ щыхъукIэ къэдаIуэ...

Атеизмым сыт хуэдизу лъэныкъуэкIэ уIуимышами, Алыхьыр уи фIэщ ирихъуну пхурикъунтэкъэ мы зыр: зэрыщытыпсу нахуапIэ хъуащ а ныжэбэ кIуам ныбжесIэжа пщIыхьэпIэр, Гуащэпэж!..

ЗыIэзыбжьэу жыхуаIэм хуэдэу, Чэмисарым Барбаринэр иригъэкIыжащ. Бын зэдагъуэтатэкъыми, абы нэхъ тыншыж ищIащ суд Iуэхухэр.

Барбаринэ тхьэмыщкIэр табущхьэщэщкIэ елъэIуаи, игъэшынэну хуежьаи, зиукIыжын хуэдэури зищIаи, арщхьэкIэ парт ерыщагъкIэ гъэнщIа Чэмисарым ауи къыфIэIуэхуакъым къыщхьэщыжын лъэпкъ къызыхуэмына Барбаринэ жиIахэри ищIахэри.

Абы ирихьэлIэу Хьэмышхкъупщхьэжьыр, районым блашри, къалащхьэм щыIэ министерствэ гуэрым яшэм, уэлэхьи, къулыкъу хъарзынэ иIэу.

Ар зэрызэхихыу, зэуэ зищтэри, Чэмисару плъагъури Налшыч Iэпхъуащ. Iэпхъуэщ, къалэ сымаджэщыр бухгалтер къуэдзэ хуейуэ зэхихати, абы увщ абыми, пщыхьэщхьэ къэскIэ Хьэмышхкъупщхьэжь щылажьэ унэ лъагэм и щIыхьэпIэбжэр ихъумэу щIидзащ.

Зэри, тIэури зыгуэрт, ауэ пщыхьэщхьэ къэс мо щIалэ нэщхъыцэ дамэдуушхуэр Министерствэм и гупэм къыIухутэу зылъагъу мылицэхэм гурыщхъуэ къыхуащI хъуат террор мурадкIэ къулыкъущIэ гуэрым къещэу, ауэ мазэ нэсауэ я деж щылажьэ фыз хэкIуэтар Iуишыжурэ щалъагъум, зэанэзэкъуэу къыщIэкIынщ, жаIэри якIэрыкIыжащ.

Пэж дыдэу, я ныбжьрэ я теплъэкIэ Iуэхум убгъэдыхьэмэ, Чэмисар Хьэмышхкъупщхьэжьым и къуэу фIэкIа зэрыпщIэн щыIэтэкъым, ауэ а зэщхьэщыкIыныгъэшхуэм гу лъызымытэрэ лъызытэну хуэмейрэ езы Чэмисар фIэкIа щыIэу къыщIэкIынутэкъым. Дуней гуфIэгъуэр иIэрэ зыгуэрхэм IэщIахынкIэ шынэ хуэдэ, абы Хьэмышхкъупщхьэжьыр къиуфэфыхьт, и цIэ лейри и цIэ дыдэри къигъэнауэ, ФатIимэкIэ еджэрт...

Дэри дяпэкIэ апхуэдэу дегъаджэ, Гуащэпэж, абы, – емыкIущ икIи гуэныхьщ Чэмисар апхуэдизу игъэлъапIэ и къэшэным ХьэмышхкъупщхьэжькIэ уеджэну. Хъункъэ? Упсэу!..

ФатIимэкIэ еджэ щхьэкIэ, Чэмисар зэм-зэмкIэрэ щыгъупщэжт а къыбгъурытыр зэрыбзылъхугъэр: моуэ-щэ, шуудзэхэр зэбграгъэкIыжыху шыкъепсых жыхуаIэр имыIэу Буденнэм и дзэм хэта командирыжь гуэр фIэкIа умыщIэну и лъакъуитIыр Iушабзэрэ езыр лъэбакъуэхъу хъужауэ шыхъужь зекIуэкIэт, макъыжьт, къэмыкIыпарэ ямыупсыпарэ зэхэгъэкIыгъуейуэ пащIэ хъарзыни, иджырей парламентарие гуэрхэр уигу къигъэкIыжу жьакIэфI тIэкIуи тетт.

## ЩауэщIэмрэ нысащIэ цIыкIумрэ

Зэрызэрышари зэрагъэлъэпIари зыщIэр Тхьэмрэ тхьэпэлъытэ гуэрхэмрэ я закъуэт, ауэ пцIы зыхэмылъыжрати, Чэмисаррэ «ФатIимэрэ» нэчыхь къабзэ ирагъэтхауэ зэрызэдэпсэурэ мазэ зытIущ хъуакIэт.

Апхуэдизу зыщIэхъуэпса партым хыхьэри, Чэмисар, зэрыжаIэу, и нэгум щIэлъыр и лъэгум кIуагъэххэт. Къалъхуу зыгуэр къыгурыIуэ зэрыхъу лъандэрэ хьэмцIракIэм хуэдэу и автобиографием тета а щхьэл зэпыту кIуэнымрэ щIапIэщIэкIуадэр къызыхуэкIуэн а тыкуэнымрэ зейуэ щытар Чэмисар и адэ къуэш КIэмыщтыкъ Пщыгъэунэщ. Пщыгъэунэ щэщI гъэхэм дапхъуэтри ягъэкIуэдауэ абы лъандэрэ хъыбар лъэпкъ иIэжкъым. Чэмисар и адэр КIэмыщтыкъхэ Пщыгъэунэхъущ. Ар езыр, къулейсызым къыщымынэу, факъырэIускIэ псэуа лIыщ, и цIэм ещхьыжу, пщыжь-уэркъыжьхэр дунейм трилъагъуэ хъууэ щытакъым, зэкъуэхуауэ къиубыдурэ абыхэм ящыщ куэд зэтриукIащ...

Мис апхуэдэу иту документ нэпцIыфI ФатIимэ и лIым къыхудихщ, «ЩIалэгъуалэр зэмыгупсысыпхъэ емыгъэгупсысынымкIэ министерствэщIэ» къызэIуахам министр къуэдзэ зыхыбл иIэти, абыхэм ящыщ зыуэ игъэуври, ар и щIыкIэу ди бгырыс республикэм къыщыунэхуат гукIи, псэкIи, лъыкIи, лыкIи, къупщхьэкIи партым хуэпэж коммунист унагъуэщIэ.

Чэмисар дуней гуфIэгъуэр иIэти, кIуэаракъэ, и статусыщIэм къезэгъын хуэдэу зэрызищIынур ищIэжтэкъым. Жэщыр хэкIуэтэху партым и вождь гуэрым и псэукIам теухуа тхылъ щIиджыкIти, нэху щыуэ пщэдджыжьым министерствэ дэкIуеипIэм щыдэкIуейкIэ, абы дэкIуейр мы-КIэмыщтыкъ Чэмисару, атIэ зи биографие щIиджыкIа вождрауэ къызыщигъэхъут… Апхуэдэу къызыщигъэхъут, дэкIуеипIэ лъагэм и щхьэм къытеувэрти, и щIагъым щызэблэкI цIыху цIыкIухэм елъытауэ езыр зэрыщэджащэм ирипагэу зыкъомрэ къытетт…

Псори хъарзынэт, псоми гухэхъуэгъуэ ин къратт Чэмисар, ауэ гугъуехьышхуэ тезыгъэлъу есэнкIэ Iэмал зыхуимыгъуэтыр жэщым щыщу щхьэгъусэм и гупэ хэлъын хуейуэ къыщыхудэкI зэманырат: «нысащIэр» жэзым къыхащIыкIа статуе щIыIэжьым ещхьти, зришэкIыхукIэ, кIуэаракъэ, «щауэщIэр» игъэкIэкуакуэрт. Нэхъ «Iуэху ехьэжьа» гуэрхэр уигу къыхуэзыгъэкIын бзылъхугъэ нэщэнэ гуэрхэр щыбгъуэтын дэнэ къэна, мыхъужыххэми… Къытхуэгъэгъу, кхъыIэ, Гуащэпэж… Мыхъужыххэми, моуэ тIэкIу зэдэхэщIэн щабапIэ е хуабапIэ къыхукIэрыгъуатэртэкъым.

А «нысащIэкIэ» дызэджэм езыми игу къэкIыххэу гу лъыптэртэкъым парт Iуэхухэм утехьэулеикI щIэхъун зыгуэр къэхъункIи щыIэнкIи хъуну: «Псори, псори партым щхьэкIэ!» – арат «ФатIимэ» и девизыр.

Ар къищIа нэужь, коммунист нэсым и ерыщагъэр хэлъыххэти, Чэмисар зэи игъэпIейтеижакъым зи нахуапIэхэри зи пщIыхьэпIэхэри идее инхэм зэщIащтауэ псэу «ФатIимэ» Бердовнэ. ПIэ дзажэм телъррэ «нысащIэ цIыкIум» и революционер пырхъ макъым щIэдэIуурэ, жэщ никъуэхэм деж Чэмисар хыхьэжт дунейпсо империализмым лIэнкъэнэну пэщIэт вождь инхэр къыщыпэплъэ пщIыхьэпIэ IэфIхэм.

Чэмисар тхъэжыгъуэшхуэр щигъуэтыр и кабинет гъэщIэгъуэныщэрат. Бжэр зэIупхыу узэрыщIыхьэххэрауэ, вождхэр къыппежьарэ ущрагъэблагъэу къыпщыхъут абы. Я сурэтхэр, статуэткэхэр адэкIэ-мыдэкIэ къыдэплът, къыкъуэплът. Чэмисар зыбгъэдэс стIолышхуэм шухьэ щIыху дахэ тебзат. И зы къуапэм сыт щыгъуи Маркс и тхылъ зыбжанэ телът. Адрей къуапэм Ленин и тхылъ щхъуантIэшхуэхэр тезт. «Ярэби, Чэмисар, мыбы теухуауэ Маркс жиIар пщIэуэ пIэрэ?» жыпIэу зыгуэр щхьэкIэ уеупщIамэ, абы жэуап къызэрыгуэкI зэи къуитынутэкъым. Мыпхуэдэут къызэрыбжиIэнур: «Карл Маркс и тхылъ зэхуэхьэсахэм ящыщу епщыкIубланэ томыр къапщтэрэ 21-нэ сатырым къыщыщIэдзауэ 37-м нэс мис мыпхуэдэ жэуап итщ а узыщIэупщIэм теухуауэ»… Апхуэдэу зэрыщытым щхьэкIэ Чэмисар псори къызэреджэр «энциклопедие лъэрызекIуэт». Абы ину иригушхуэрт (тIэкIу зыпхуэзгъэщIэгъуэным щхьэкIэ зы терминыжьыфI къэзгъэсэбэпынщ сэри, Гуащэпэж) апхуэдэ уникум къигъуэту партым къыхэзыша и щхьэгъусэри.

IуэхушхуэратэкъэIуэхушхуэратэкъэ, лэжьапщIэ хъарзынэ къыщIрат и лэжьыгъэм хъырц хищIыкIтэкъым икIи хищIыхьтэкъым Чэмисар. ТхьэхужыIэу жыпIэмэ, Чэмисар и закъуэтэкъым абы хэзымыщIыкIыр – зэрыминистерствэу зэхуэпшэсрэ уахэупщIыхьами, «ДыщIыщыIэр мыращ, ди мурадхэр мы-

пхуэдэщ» къыбжезыIэфыну а коллективышхуэм зы цIыху яхыумыгъуэтэнкIэ хъунут. Ауэ, гъэщIэгъуэнратэкъэ, я нэщхъхэр зэхэукIарэ дунейр зэтезыIыгъэр езыхэра къыпщагъэхъуу махуэ псом кабинет дахэшхуэхэм щIэст, машинкэхэр пIалъэ-пIалъэкIэ ягъэкIыргът, я стIолхэм телъ тхылъымпIэхэр щIэмычэу ягъэщхъыщхът, зэблагъэтIылъыкIт. Чэмисар апхуэдэ зыгуэри ищIэртэкъым. Махуэр зи кIыхьагъым Партым и вождхэмрэ и классикхэмрэ я тхылъхэр щIиджыкIыу, хуэсакъыпэурэ къэрэндащкIэ щIитхъэу, тхылъымпIэ цIыкIухэр дилъхьэу щыст. «Мыдрейхэм ящIэм хуэдэ гуэр уэри щхьэ умыщIэрэ?» жиIэу тегушхуэу Чэмисар ар жезыIэфыну зы цIыху, а министерствэр дэнэ къэна, ар зи жьауэм щIэтыж IуэхущIапIэ нэхъ лъагэхэми щылажьэртэкъым. Псори фIэлIыкIт, фIэлIыкIыу къэнэжтэкъым, – щышынэхэрт Маркс и «Капитал» IэплIакIуэмрэ Ленин и тхылъ Iэтэмрэ я зэхуакум къыдэплъу кабинетышхуэм щIэс лIы дамэду шынагъуэм...

## ЗэхъуэкIыныгъэ

Чэмисар и гъащIэр апхуэдэу нэбэнэушэ дахэм хэт хуэдэу екIуэкIыну къыщIэкIынут адыгэм Гэрбэчокъуэ зыфIащауэ щыта а комбайнер щIалэр Генеральнэ Секретарь мыхъуамэ. Абы и ЗЭХЪУЭКIЫНЫГЪЭР япэ щIыкIэ жьыбгъэу къыкъуэууэ, итIанэ борэн зыкъимыщIыжамэ.

А жьыбгъэр къыздиукIа лъэныкъуэм теухуауэ нобэ зэхуэмыдэ Iэджи Iэджэм жаIэ, – дэтхэнэм жиIэр уи фIэщ пщIын? Шэч зыхэмылъыжращи, а жьыбгъэм къыкIэлъыкIуа борэнхэр ноби увыIэркъым, увыIэнуи ягу илъ хуэдэкъым. Тхьэм ирещIи, лIэщIыгъуэ зыбжанэкIэ МЧС-м хузэтехыжыну къыщIэкIынукъым а борэнхэм я лъэужьхэмрэ я Iэужьхэмрэ...

Мис абыхэми, Чэмисар и Iуэхухэр адэкIэ зэрыхъуами пщэдей жэщ дытепсэлъыхьынщ, Гуащэпэж. Иджыпсту, зэрыжаIэу, – лэу-лэу!..

## ЛIыгъуабэ

ЖэщырыпщыфI апщий, Гуащэпэж! ТIэкIуи укъепэсауэу укъыщыкIуэжакIэ, шэч хэмылъу, ныжэбэ кIуам зэхэпхахэм къыпысщэным ухуопIащIэ уэ, – пэжкъэ?.. АтIэ, щIызодзэж. ИкIэщIыпIэкIэ щIызодзэж...

Хэт и гущхьэлъапсэм къэкIынт мис мы ЩIыр и пIэм иту мо уафэр къыщхьэщытыхукIэ ямыгъэхъеифыну псоми ди гугъа партым и лъабжьэр «зыргъэ-зыргъэ» жиIэу щIагъукIыурэ, ар зи лъабжьэж къэралыгъуэшхуэр яхуэгъэсысыну. Ягъэсысым-ягъэсысурэ, итIанэ... Абы екIуэкIа къомым ущIэзгъэдэIуурэ уезгъэзэшмэ, Гуащэпэж, «Мы къомыр къысхуумыгъэкIуэкIыу, Чэмисаррэ нысащIэ цIыкIумрэ я Iуэху зэрыхъуар къысхуэIуатэ, армырамэ, уи псэ тIэкIур къащти, си ужь ниувэ» къызжепIэнкIэ сошынэ.

Хъунщ, афIэкIа я гугъу сщIынкъым а Гэрбэчокъуэмрэ ефэн тIэкIур и мыхьэрэму абы къыпэщIэта лIы дэгъуэшхуэ дунейр зэIызыщIэу зигури зи Iэри хъарзынэу хэзытхьэщIыкIыжамрэ...

Партыратэкъэ-тIэ Чэмисар дежкIэ мы дунейм щынэхъыщхьэр? Аратэкъэ игури и псэри... и псори зэтар? Моуэ зы илъэс хуэдэкIэ узэIэбэкIыжмэ, ар сыт хуэдэ зауэми пхухыхьэнут партым и идеехэм щхьэкIэ,

и анэ къилъхуар хуэукIыжынут, а и партым жиIэхэм шэч къытрихьэу къищIэмэ.

Ауэ, гъэщIэгъуэныракъэ, Iэпщэрыбанэхэмрэ «быргъэ-сыргъэхэмрэ» щызэрынэгъэс щыIэу екIуэкI зэхъуэкIыныгъэ-бэнэныгъэ къомым яхэмыхьэу зэкIэ зыщIэдэIукIмэ нэхъыфIу къилъытащ Чэмисар. ЗэрыбжесIащи, абы сытым щыгъуи мыхьэнэшхуэ иритт цIыхубэм жаIэм. Ауэ цIыхубэм зэкIэ зыри жаIэртэкъым. ЦIыхубэр езыри зыщIэдэIукIщ-зыщIэдэIукIри, зэуэ умэзэхат. АрщхьэкIэ уумэзэха зэпыту ущигъэтынт зэман утхъуам: хуэм-хуэмурэ къэуIэбжьу щIадзащ а цIыхубэ жыхуаIэжым. ИужькIэ шынапэурэ къэхъукъащIэхэм тепсэлъыхьу хуежьахэщ. Ауэрэ я макъхэм зрагъэIэтым-зрагъэIэтурэ – уэху Алыхь! – къаIэрыхьэр... халъхьэрэ къыхамыхыжу къаублащ. Апхуэдизу макъ хэIэтыкIарэ псалъэ ткIыбжь къыхэщыпыкIакIэ зэгуэрым цIыхушхуэу ди гугъахэр къафIэмыIуэхуу утыкушхуэхэм щыщIагъэлъэлът, игъащIэкIэ жыпIэ мыхъуну къытфIэщIу щытахэр щытрагъэлъалъэрти, кIуэаракъэ, псори зы махуэ зэтехъуэу Цицерон защIэ зэтехъуауэ къыпщыхъурт.

Чэмисаррэ и щхьэгъусэмрэ зы «цырхъ» къамыгъанэу щIэдэIут абыхэм теухуауэ жаIэ псоми. «ФатIимэ» апхуэдизкIэ яхузэгуэпт партыр хэзыутэхэми, къапхъэн зыубыдар зэпызышхыкIыну хэт дыгъужьыжь хуэдэ, жэщкIэрэ и дзэр зэригъэшхыу пIэм хэлът. Псом нэхърэ нэхъ Iейуэ ар зэгуэзыгъэпыр апхуэдизу гурэ псэкIэ партым и телъхьэу щыта, апхуэдизу лъаIуэрэ-IункIэу абы къафIыхыхьа Чэмисар мы екIуэкIхэм теухуауэ екIи фIыкIи зыгуэр зэрыжимыIэрат...

Апхуэдэу зэманыр кIуэм, къэралыгъуэшхуэр дыгъэм ещхьу зэщIэзыгъэнахуэу жыхуаIэу щыта парт закъуэм и Iуэхур нэхъри зэрызэIыхьэм ирибампIэм-ирибампIэурэ, икIэм-икIэжым бампIэ узым ихьащ къэмылэнджэжу абы и сатырхэм хэта, дызэдэарэзыуэ «ФатIимэ» цIэ дахэр зыфIэтща ХьэтIимэту ХьэмышхкъупщхьэжьцIэмкIэ нэхъ къацIыхуу щытар.

«ФатIимэ» и дзэ зэтегъауэ макъыр зэхимыхыж хъуа нэужь, Чэмисар жэщкIэрэ гупсэхуу зэпилъыту, анализ ищIу щIидзащ тхьэуи динуи иIа Компартым япэм хужаIэу щытахэмрэ иджы хуагъэфащэхэмрэ, и вождхэм япэм хъуэхъуу хуагъэшахэмрэ иджы хъуэну кIэлъаутIыпщхэмрэ. Егупсысым-егупсысым, зэригъапщэм-зэпилъытурэ, жэщ гуэрым абы къыгурыIуащ ар коммунист нэсу зэрыщымытыжыр, «коммунист мычэмыфэ» жыхуаIэм и щытыкIэм зэрихьар.

Ауэрэ, митингхэм кIуэм, жаIэхэм щIэдэIум, анализ зыкъищIыжурэ, «мычэмыфэ» щытыкIэм икIри, Чэмисар нэгъуэщI щытыкIэм ихьащ. Езым абыкIэ зызыхуиумысыжыну шынэ щхьэкIэ, Чэмисар икIэм-икIэжым къыгурыIуащ Компартым къыдекIуэкI уз зэрыцIалэхэм ящыщ зы абы къызэрефыкIыр. «Оппортунизм» – арат зэреджэр а диагноз шынагъуэм.

ГъэщIэгъуэныратэкъэ, Чэмисар зымащIэкIи зыщидзеину хэттэкъым а узыфэм. Зыщидзеин дэнэ къэна, узыр хигъэтIасэм-хигъэтIасэурэ, зы жэщ гуэрым абы къыгурыIуащ къэгъазэ имыIэу ар Компартым и платформэм зэрытекIыпар, антикоммунист зэрыхъуар.

## Саусэлимэт

Митинг гуэрым къыщицIыхуауэ абы и нэIуасэт ХьэтIимэт зыгуэркIэ игу къигъэкIыжу бзылъхугъэ мыжьмыщIэ гуэр. И нэхэр пIалъэпIалъэкIэрэ къызэрихъуэпскIыкIым тепщIыхьмэ, абы Компартым и Iуэху лъэпкъ зыхэмылъ нэгъуэщI диагноз гуэрхэри иIэу къыщIэкIынут. Ауэ, лIо

пщIэнур, апхуэдэ диагнозхэри зэкIупс зэман щыIэщ. Мы зэманри апхуэдэхэм ящыщу къыщIэкIынти, Компартыр щауб митинг гуэрым и утыкум къилъадэу, игъащIэм цIыхухъу Iэпэ зылъэмыIэса и бгъафэм телъу илъэс 20 лъандэрэ къыздрихьэкIа парт билетыр цIыкIу-цIыкIуу щызэфIитхъам, бэм Iэгуауэшхуэ хуаIэтауэ, прессэр куэдрэ тетхыхьауэ щытащ Саусэлимэткlэ зэджэ а бзылъхугъэ нэрылъагъуу тIэкIу хуэ-Хьэфисэтым.

Чэмисар и нэкIэ илъэгъуат Саусэлимэт и парт билетыр зэрызэфIитхъыжар. ИкIи хуабжьу ехъуэпсат, ар тхыдэм къызэрыхэнэжынум щхьэкIэ. Чэмисари хуейт тхыдэм зыкъыхинэну. Хуейт апхуэдизу гугъу дехьу зыхыхьа партым и гур зэрыпыIукIуэтар япэ щIыкIэ яжриIэу щапхъэ трахыну адрейхэр къыхуриджа нэужь, и парт билет плъыжьыр кърихыу цIыкIу-цIыкIуу ичэтхъэну, ичэтхъам теувэжу лъапэкIэ щIым хигуэжыну.

Чэмисар апхуэдэ хъуэпсапIэ зэриIэр щыхуиIуатэм, зэрыбжесIащи, мо лIыншэн кIыхьым хэпщIыкIыу зэщхьэщихуа, хьэзэрыгъэшх тIэкIухэм хэтыныр зэштегъэупIэ зыхуэхъуа Саусэлимэт Iыхьэлейуэ абы иригуфIащ. ИригуфIэ къудейуэ къэнэжакъым – энергие мыгурыIуэгъуэхэм кърахуэкI мо хъыджэбзыжь гумцIымышхуэм цIыхубэм ягухэр зыхуэгъэхьэшхуэрашхуэ революционеркэ гуэру зыкъыщыхъужат мы иужьрей зэманми, джэж идзщ, зыIэзыбжьэм езым хуэдэ защIэу митинг иныфI къызэщIиугъуаещ, Чэмисарыр утыкум иришэри...

АрщхьэкIэ Чэмисар апхуэдэу къызэрыгуэкIыу къахэпсэлъыхьыну хуейтэкъым цIыхубэм. Нэхъ IупщIу тхыдэм къыхэнэжыным щхьэкIэ, «езым и хъэтI» гуэрхэр а Iуэхум хилъхьэным щIэхъуэпст ар...

Ти-и-и, Чэмисар и Iэпэр занщIэу хуишиящ нэщI хъуауэ утыкум ит постаментым. Абы и гуращэр къызыгурыIуа цIыхубэм Чэмисарыр яIэт гущэри, постамент щхьэгуэм трагъэуващ.

ЛъагапIэр зыгъуэта Чэмисарыр къызэрыкIщ, щIэубзэ-щIэбзаеу зыхущыта псори хьэм иригъэхьщ, парт билетыр кърихщ, цIыкIу-цIыкIуу ичатхъэщ, хыфIидзэри, теувэжащ... Хьэуэ, хьэуэ, – тIэкIу сыщоуэ, Гуащэпэж, – теувэжын япэ, «Мыри сэ щIэуэ хызолъхьэ а Iуэхум» жыхуиIэу, теубжьытхэжащ апхуэдиз пщIыхь IэфI зыхуилъэгъуа, дыуэ лъапIэ дыдэм хуэдэу, щыжейхэм дежи и пщэм ищIарэ и бгъэм телъу зэрихьа парт билет плъыжьым.

ЖыпIэнуракъэ, Iуэхур, Саусэлимэтрэ Чэмисаррэ зэрагугъам нэхърэ пщIыкIэ, тIощIкIэ, щэкIэ нэхъ Iэтауэ екIуэкIащ. Абы и ужькIи зыкъомрэ республикэм щывууащ «отщепенец» Чэмисар и триумфыр: сыт хуэдэ зэхуэс яхэмыхьами Iэгуауэшхуэр хуаIэту, интервьюхэр Iахыу, сурэттеххэм яхузэрымыгъэгъуэту екIуэкIым-екIуэкIыурэ...

## Постсовет ныджэ

ШейтIан джэгум хуэдэу а псори зэуэ бзэхыжщ абими, Чэмисаррэ Саусэлимэтрэ революцэшхуэу я гугъа зэрыхьзэрийр къэзылъэфри зылъэфыжри щызэхэгъэкIыгъуей хьэкъувэкъу къудейуэ къыщIидзыжащ. Хьэкъувэкъури хуэм-хуэмурэ еупIэхыжщ, гъуэз-фэзхэри дунейм тIэкIу нэхъ щхьэщыкIри, гъащIэр, мис, Гуащэпэж, – мы зэрыплъагъуу къыщIидзыжащ: тхъэр тхъэжыгъуэ архъуанэм хэхуащи, матхъэ, адрейхэр постсовет ныджэм къытридзэжа псыхьэлъахуэ бжыгъэншэм ещхьщи...

ЖыпIэнуракъэ, «ЛIэщIыгъуэ» жыхуаIэр пхъуантэшхуэ гуэрым ещхьу къыпхузыщыгъэхъунумэ, а пхъуантэшхуэм пхудэмыгъэзэгъэн Iуэхугъуэ Iэджи а зэман кIэщIым екIуэкIащ...

Ауэ а екIуэкIа къомым я гугъу тщIынкъым дэ, Гуащэпэж. Дызэдэарэзыуэ ахэр тхыдэтххэм къахудогъанэри, антипартийнэ хъуа ди персонаж нэхъыщхьэм и лъагъуэм дытоувэж...

ГъащIэщIэм лъагъуэщIэ щыпхришарэ мыухыж насыпымрэ щIыхь лъагэмрэ иIэу тхыдэм хыхьэну и гугъа щхьэкIэ, ар Чэмисар къехъулIакъым: къыщIызэIуахари и мыхьэнэри къагурымыIуэми, лэжьапщIэфI къыщрату щыта я министерствэр зэхуащIыжри, – лэжьапIэншэу, Хьэмышхкъупщхьэжь къыщIэнауэ щыта кIэзонэ фэтэрыр Iахыжри, – псэупIэншэу, и жып гъуанэхэм и Iэпэ гъурхэр къригъэжу постсовет ныджэм къытенат Коммунизмым хуэкIуэ гъуэгу нэхум зэгуэр тета, вождхэм ятха нэхъ гъэщIэгъуэну хъуар гукIэ зыщIэу щыта уникумыр... ЖыпIэнуракъэ «къуийм и щIыIу – гуэрэф» жыхуаIэм хуэдэ защIэт а зэманым Чэмисар къыпегъуэкIа Iуэхугъуэхэр.

# Аргуэру укIэзызынумэ, къеблагъэ!

Коммунистхэм я Iуэхум тIэкIу зыкъигъазэу Къэрал Думэм бжьыпэр щаубыда гъэхэм узижагъуэным и махуэщ Чэмисар и псэм гузэвэгъуэу телъар зыхуэдизыр: Алыхьым и зы жэщ къэмынэу Хьэмышхкъупщхьэжь пщIыхьэпIэу къыхуэкIуэрт абы. Автомат ин пщIэхэлърэ и дзэхэр зэригъэшхыу къыщхьэщыувэрти, макъ гъумкIэ къыжриIэрт: «Зи парт напэр зыщэжауэ КIэмыщтыкъ Чэмисар! ИкIэщIыпIэкIэ къэгъуэтыжи Iэ сэмэгукIэ къыдэтыж Iэ ижькIэ тIыпхыу иужькIэ бгъэпудыжа парт билетыр! Къыдумытыжынумэ, мы автоматым шэуэ илъыр птезунэщIэнущ...»

Апхуэдэ псэукIэм фIы уищIынт-тIэ? Чэмисар тхьэмыщкIэм и цыр нэхъри уащ, пасэрей къулыкъущIэ нэщэнэу зыхилъхьауэ щыта и дамэдухэри нэхъ фIехуэхащ. Сытми, жыпIэнуракъэ, «сыщраджэнур дапщэщ мыгъуэу пIэрэ?» – жиIэрэ кIэзызу ирихьэкIащ зи парт билетыр зыхъумэжахэм, «плъыжьхэм» бжьыпэр щаубыдыжыпэнум пэплъэхэм, хуабжьу ехъуапсэу, «Щхьэ сепIэщIэкIа мыгъуэт» жиIэурэ и щхьэм еуэжу, емыпIэщIэкIахэр къыщыщIэнакIэкIэ, зызэригъапщхьэрэ и щхьэр Iуихыу.

# Хьэхэбасэ

Ауэрэ зэманыр кIуэм, плъыжьхэм ящыщ куэдым нэгъуэщIыпIэхэмкIэ зрагъэбгъунлъэкIым, я плъыфэхэр яхъуэжурэ, политтэрээм и адрей лъэныкъуэр къэпкIыжри, автоматыр Чэмисар къыхуэзыгъэдалъэ Хьэмышхкъупщхьэжьри бзэхыжащ...

Иджыпсту Чэмисар, Тхьэм и шыкуркIэ, псэхугъуи тыншыгъуи нэхъ игъуэтыжащ: «ГугъуехьакIуэхэм я класскIэ» узэджэ хъуну къэнэжа хьэхэбасэхэм, урысыбзэкIэ жыпIэмэ, бомжхэм яхэтщ. МахуэкIэ бэзэракIуэ фызхэм я къэпхэмрэ ашычхэмрэ къахурехьэкI, къахурешэкI, жэщкIэ къалэбгъум деж щыIэ пхъэнкIий идзыпIэр и хэщIапIэщи, кIуэаракъэ, «художник щхьэхуит» жыхуаIэм хуэдэщ...

Нэхъыщхьэр сщыгъупщэрти, Гуащэпэж: зэрызэхэсхамкIэ, Чэмисар политикэм хыхьэжыну мурад ищIащ. Мурад ищIщ, Iэ къыхуэзыщI парт къомым яхэплъэщ-яхэплъэри, мис а зи гугъу пхуэсщIауэ щыта парт дыдэр – «Делэхэм я партыр» – къыхихауэ уи гугъэкъэ! Вождхэр модэм къихьэжу щIидзэмэ, а партым и вождхэм ящыщ зы ар зэрыхъунум шэч къытумыхьэ...

Аращи, уи жэщ фIы дыдэ ухъу, Гуащэпэж. КъыкIэлъыкIуэ хъыбарыр къеблыхункIэ, уэ ужеинщ, сэ... Сэ ар къезгъэблынщ...

## ГушыIэр гушыIэщ, ауэ...

– Мыр лIо, Гуащэпэж, сыту хуабжьу укъепэсэуа хуэдэ мы зэм? Жэщыбгхэрат укъыщыкIуэ хабзэри, ныщхьэбэ?.. А-а, къызгурыIуащ, къызгурыIуащ: пэ зиIэ дэтхэнэми зэгуэрым кIэ иIэн зэрыхуейр сигу къэбгъэкIыжу аращ?.. Сыт тщIэн, ар адыгэ лъэпкъ философием и зы налъэщи, шэч къытесхьэнуи сымыгъэзэщIэнуи сыхуиткъым. Абы и закъуэ, –дэ дызэгурыIуатэкъэ, хъыбархэр къысIэщIэухэмэ е ахэр къыпIэщIэужэгъуауэ гу лъыстэмэ, – си псэр уи IэмыщIэ ызолъхьэри, а схуэбгъэпса Ахърэт лэгъунэм худоунэтI, жысIэри. Абы сытетщ сэ икIи сытетынущ, си уэршэрыныр къебгъэбла къудейуэ ара пэтми...

Езы Тхьэ Дыдэм и щIасэу жаIэ, Гуащэпэж, гушыIэр, ауэ щыхъукIэ, сыщогугъ гушыIэгъу усщIыным сызэрытегушхуар къысхуигъэгъуну. Хэт ищIэрэ, зыщIыпIэхэм деж щыкIэредгъэсхьауэ къыщIэкIмэ, адрей ди гуэныхьхэм ящIыгъуу ахэри къыщыспшыныжынщ а сыздэпшэнум... Дуней пэжым...

ГушыIэр гушыIэщ, Гуащэпэж, ауэ гушыIэ лъэпкъ хэмылъу иджы зыпхуэзумысыжынщи, зи акъыл итыж дэтхэнэ цIыхуми хуэдэу, си гум къыщIитхъэ си псэм щIилъэфущ къызэрызбгынэр сэ мы дуней дахэшхуэр. Аращ си псалъэхэми си гушыIэхэми нэщхъеягъуэ бэджыхъ къещIэкIа хуэдэу щIыщытыр.

Пэжщ, дагъуэр и куэдщ бжыгъэ зимыIэ псэхэм я «бжьэ матэу» мы дунеишхуэм. Дагъуэ зэфэзэщу зэхэлъу къыщытщыхъуи щыIэщ дэ а «бжьэ матэр». Тхуэмыхьыжрэ дэр-дэру дыбгынэн хуейуэ гъащIэм дыщрихулIи куэдрэ къохъу. Ауэ сытым щыгъуи гупыкIыгъуейщ ар. ГупыкIыгъуейщ, бэмпIэгъуэ дапщэ щыттемылъами. Хьэзабу сыт хуэдиз щыдмыгъэвами. Абы и залэри, зэрыжаIэу, маещ. НасыпкIэ гъэнщIа и напIэзыпIэ дэтхэнэри гуимыхужщ. Зы дакъикъэ нэхъ мыхъуми лейуэ зыщаIэжьэным щхьэкIэ, псэуэ абы тетыр нэхъуеиншэу мэулъэпхъащэ. А «гъуэрыгъуэ шэнтым» и зы къуапэ, и IэпапIэ закъуэ къылъагъэсыжыну къищIэмэ, бадзэ цIыкIум ещхьу зыкIэриудыгъуэу игъащIэкIэ кIэрысыну хьэзырщ дэтхэнэ псэри... Ауэ, хэти ещIэ: апхуэдэ «гъуэрыгъуэм» зыри текIыфкъым, апхуэдэ «чэзум» къыпэзыкIухьыфаи щыIэкъым...

ЖыпIэнуракъэ, Уэгум щатхауэ ЩIылъэм щагъэзащIэ трагедие мыухыжщ ар цIыху цIыкIухэм ди дежкIэ, Гуащэпэж. Псэ зыIут псори дызиперсонажу гува-щIэхами ухыгъэм дэтхэнэри дыщыIууэ трагедие нэхъ гууз дыдэщ. Къэгъуэтыгъуейщ абы и фабулэм нэхъ кIэщIрэ гуузу гъэпсаи: «Псэ зиIэм уахътыи иIэщ»; «Пэ зиIэм кIэи иIэжщ»; «Къалъхуауэ мылIэжын щыIэкъым». Дэтхэнэри хъунущ...

Дэри, мис, ди уэршэр-спектаклыр зыми къызыпимыкIухьыф финалым хуокIуэ, Гуащэпэж...

* * *

СощIэ, а уэ персонаж нэхъыщхьэу узыхэтыну **СИ ФИНАЛ ДЫДЭР** гъащIэмрэ нэужьымрэ я зэхуакум зэрыщекIуэкIынур нэгъуэщIущ. Абы гушыIэ гуэр пхухэлъхьэнкIи романтикэ хуэмэбжьымэ хэбгъэхьэфынкIи

Iэмал иIэкъым. Ар театрми драматургиеми я хабзэ лъэпкъ щыземыкIуэ **ФИНАЛЩ.** Аращ уэрэ сэрэ ди зэхуаку щекIуэкIа мы уэршэр-спектаклым и финалыр нэхъапэIуэ, эстетикэм и зы категориеми пхуимыгъэтIэсэну а **ФИНАЛ ДЫДЭМ** дынэмыс щIыкIэ, къэзгъэхьэзырмэ нэхъ захуэу къыщIэслъытар.

Тхьэм и закъуэщ зыщIэр а ФИНАЛ ДЫДЭМ и пэ къихуэу сэ къэзыбгъэуэршэрынур зыхуэдизыр, Гуащэпэж (Iыхьэлейуэ си гуапэ хъунут сигу пэщыху мыбдеж дыщыуэршэрамэ), ауэ, бжесIэну сызыхунэсынур мащIэ-куэдми, схупабжыкIам дынэсу си гъащIэ Iупхъуэр зэхуэпщIыжыпа нэужь, къанэхэм сащогугъ мы кIэух Iыхьэр а ди уэршэрым зэгуэр «бжьэпэтехуэ хуащIыжыну», «Гуащэпэж» зыфIэсща си тхыгъэм пагъэувэжыну. (Си **гущIагъщIэлъ гупыжыр** къекIурабгъу щыхъун зэман къэунэху хъужыкъуэмэ)...

НтIэ-э, пэ зиIэм кIэ иIэн хуейуэ щыщыткIэ, хурехъу а ди уэршэр-спектаклым мыр

# ФИНАЛ

– Мы Алыхьыр сыту сфIэгуэныхь хъурэ! Мы Алыхьыр сыту сфIэгуэныхьыщэ хъурэ! – жиIэурэ къэбэрдей ефэ-ешхэ гуп хэса абазэхэ гуэр (Тыркум къыщыхъуахэм ящыщу) тхьэусыхэрт, жаIэ.

– Iагъу-гъу, апхуэдэу Алыхьым деж нэмысин псалъэ щхьэ жыпIэрэ, къуэш? – жаIэу къыбгъэдэтхэр щегием, мыращ лIым жэуапу къаритар:

– Уэлэхьи, щIыжысIэр мырамэ, си къуэшхэ: мы къэбэрдейхэр фыщIелъэIу къомыр игъэзэщIэным нэмыщI, нэгъуэщI къалэн имыIами, Алыхьыр пфIэгуэныхь ирихъуну ари хурикъунт...

ПцIыр хьэрэмкъэ, ЛъапIэу Лъагэм куэд дыдэрэ долъэIу дэ, къэбэрдейхэр. (Ефэ-ешхэ Iэнэм нэхъыбэрэ дыпэрысу арауэ пIэрэ къызыхэкIыр, ярэби?). ЗыкъомкIи Езы Къытщхьэщытым и лэжьэжщ ар: къытхуеплъыхэм ящыщу «ФыкъызэлъэIу!» жиIэу цIыху цIыкIухэм закъыхуэзыгъэза щыIэу сщIэркъым сэ Абы фIэкIа. Апхуэдэ лимит Тхьэшхуэм деж ущиIэу, дауэт, зиунагъуэрэ, ар къыумыгъэсэбэпу зэрыщыбгъэлъынур: уэлэхьи, щIэмычэу дыдолъэIуейри-дыдолъэIуейм. Ди щхьэ щхьэкIи долъэIу. Ди унагъуэ щхьэкIи долъэIу. Абыхэми дыкъыщыувыIэрэ, – ди лъахэ дыщэр къытхуихъумэну долъэIу. А лъахэр зыфIэкIуэда ди лъэпкъэгъу псори къытхузэхуишэсыжыну долъэIу. ЛъэпкъкIуэдым дыщызыхъумэну узэщIыныгъэм дыхуишэну долъэIу...

Ауэ Алыхьталэм къыдитауэ щыта нэгъуэщI зы чэнджэщыфI дыдэ зэрыщыIэр хуэм-хуэмурэ зыщыдгъэгъупщэжыпэу къысфIощI дэ, къэбэрдейхэм, ди мызакъуэу, адыгэ псоми. «ФыкъызэлъэIу!»-м къыдэкIуэу, ЛъапIэу Лъагэм жиIэгъащ: «Хьэрычэт фщIэи, берычэт хэслъхьэнщ».

Бетэмал, лъэпкъым, лъахэм я къэкIуэнур нэхъ дахэ хъуным папщIэ, акъылбалигъ хъуа дэтхэнэ адыгэми и гуащIэ къихь хьэрычэт гуэр ищIэфу, ар езыгъэщIэн жэрдэмыр и гум къыщепс зэпыту щытамэ, апхуэдизрэ Алыхьталэм дыщIелъэIу хъуэпсапIэхэр, шэч хэмылъу, нахуапIэм куэдкIэ нэхъ пэгъунэгъу хъунт. Зэманри гуфIэжу нэхъыбэрэ къытпегъуэкIынт, «ГуфIапщIэ къызэфт!» къыщIыджиIэн щхьэусыгъуэ иIэу.

Уи къарум тыншу къимытIэсэну къыпщыхъу псори зыгуэрым, «зыгуэр» къудей мыхъуу – Езы Тхьэ Дыдэм, пщэрылъ хуэпщIыныр, дауи,

тыншщ. Тхьэм нэхъ тегъэлауэ нэхъыбэрэ делъэIумэ, зи къалэн зыгъэзэщIам игъуэт гузэгъэгъуэм хуэдэ дгъуэту адыгэм зэрызедгъасэрэ куэд дыдэ щIауэ къысщохъу сэ, Гуащэпэж.

Сыт убзыщIкIэ, – лъэпкъымрэ лъахэмрэ яхуэгъэзауэ тщIы мурадхэм я нэхъ дахэхэри жэрдэмхэм я нэхъ инхэри дэ нэхъыбэм къыщытпкърыхьэр ефэ-ешхэ Iэнэм дыщыпэрысым щыгъуэщ. Апхуэдэхэм деж дэ икIи ды-Сосрыкъуэщ, икIи ды-Бадынокъуэщ, Насрэн ЖьакIэ дигуэу а зи гугъу пхуэсщIхэм щхьэкIэ шэщIарэ дахэу мыхъуэхъуэфыну зы цIыхуи къытхэткъым. Гуауэракъэ, ахэр ди гум къыщызыгъэуш фадэм дэщIыгъуу тпкърокIыж дэ а мурад лъагэхэр...

Мы жысIэхэр ирискъутэж хуэдэу мэхъу, Гуащэпэж, иджыпсту сэ абы къыпысщэну лъэIухэм, ауэ... Ауэ, лIо сыбгъэщIэнур, – Хьэршым къикIа курьершэр темыпыIэжу зыщхьэщыт сэ къысхуэнэжыр иужьрей дыдэ лъэIухэмрэ псалъэхэмрэ зэкIэлъызгъэпIащIэу къезбжэкIыныращи, кърикIуэнур дунеягъэкIэ слъагъуным сыщымыгугъыу, Тхьэ ЛъапIэу Лъагэм зыгуэрхэмкIэ селъэIуну, си гущIагъщIэлъ гупыж гуэри къыжысIэну сыхуейт.

Псом япэрауэ, хъуэпсапIэу сэ хузиIэу хъуар Адыгэ лъэпкъым зэгуэр нахуапIэ хуэхъуну солъэIуэ. (Мыбдежым лейуэ сыт щхьэкIэ къыщезбжэкIын а хъуэпсапIэхэр – си тхыгъэхэм хэтщ ахэр гъунэжу). Гуэныхьышхуэ къихьынщ мы лъэIур псом япэ зэризгъэщым фэрыщIагъэ гуэр хэзылъагъуэ дэтхэнэми.

ЕтIуанэу. Мыр дунеягъэкIэ жыIэгъуафIэтэкъым, ауэ ар IупщI щыхъунум деж, лъэIур къызыбгъэдэкIыр а дунейм сехыжауэ зэрыщытынум нэхъ хуэгъэгъугъуафIэ къысщищIыну сыщогугъ: солъэIуэ си литературэ IуэхущIафэхэмрэ ахэр зыхуэгъэза адыгэ лъэпкъымрэ я зэхуаку лъагъуныгъэ нэс дэплъхьэну. IэпэщIэгъэлыкIыу жыхуаIэм ещхьу ахэр щIезыгъэджыкIын гупыж дэтхэнэ адыгэми ептыну. Сыщыуэмэ, ауаныщIхэр щIэдыхьэшхын щхьэусыгъуэу мы зэхэпхынур къренэж, ауэ, ауаныщIхэми сафIэмылIыкIрэ укIытэ нэпцIи хэзмылъхьэу жысIэнщи, «кIуэрыкIуэжыIэу» зыгуэрхэр тражыIыхьа мыхъумэ, я «пкъынэлъынэхэм нэсу» зэи зыми къимыхута си литературэ IуэхущIафэхэм (щхьэщытхъу къытфIамыщыну Тхьэм жиIэ) яхэлъу сэ къысщохъуж адыгэпсэмрэ адыгэбзэмрэ зэдефIакIуэу игъащIэкIэ щыIэным хуэщхьэпэн фIагъ гуэрхэр. «ЛIар зыри хуеижкъым» жыхуаIэр шэч зытрамыхьэжхэм ящыщщ. «Гъуэрыгъуэ шэнткIэ» зэджэ дуней дахэм зи тетыгъуэу а чэзу IэфIыр къызылъыс насыпыфIэхэращ псэм и щIэин апхуэдэхэр зыхуэгъэзари, лъэпкъым фIыкIэ хуэхъуапсэрэ хуэлажьэу зи дуней гъащIэр езыхьэкIа дэтхэнэ тхакIуэми хуэдэу, си псэр мэгугъэ абыхэмрэ ахэр зыхуэгъэза цIыхухэмрэ гува-щIэхами зэгуэр гъуэгу нэс зэхуагъуэтыну.

Ещанэу. Зи быным фIыкIэ яхуэмыхъуапсэр цIыхум яхэббжэ хъунукъыми, а сипкъ къыхэкIауэ си гъащIэм и къудамэ нэхъ пажэхэмрэ абыхэм къатепщIыкIыжахэмрэ (къатепщIыкIыжахэм къатепщIыкIыжынухэри яхэту) насыпым я нэхъ инымкIэ сахуохъуапсэ икIи сахуолъэIуэ...

Иджы «си гущIагъщIэлъ гупыж» жыхуэсIам дынэсынщ, Гуащэпэж. Ар лъэIукъым. Апхуэдэ лъэIу-щIэин къызэбнэкIыныр, дауи, емыкIу хъуну къыщIэкIынт. Зигу фIы къытхуилъхэр нэгъуэщIынэкIэ къыдэзыгъэплъын, зи дзэ къытхуэзылъу щытахэр (апхуэдэ гуэрхи щыIэу къыщIэкIынщ, шэч хэмылъу) къытщызыгъэдыхьэшхын емыкIушхуэ. Япэри етIуанэри дызыхуэмейщ... Псом хуэмыдэжу, – мы ди зэманым, псэукIэ зэхуэ-

мыхъум цIыху цIыкIур щхьэщIэгупсыс щищIа зэман утхъуам, апхуэдэ лъэIу къахэплъхьэныр щхьэхуещагъи щхьэпсынщIагъи хъунт. Хьэуэ, мыр нахуапIэ хъуным сыщымыгугъыщэурэ къэзгъанэ хъуэпсапIэ къудейуэ аращ... Гъэхэр кIуэуэрэ, гъащIэр и пIэ иувэжа, псэ ягъэпIейтеяхэр пыIэжа, лъэпкъым и гур сыт и лъэныкъуэкIи къызэрыгъуэтыжа, лъахэр псэукIэкIэ нэхъ зэщIэукIа хъужа нэужь (Тхьэм жиIэмэ, къэунэхунщ апхуэдэ зэмани), «ди лъэпкъ-ди жэпкъ» жаIэу къыдахыжынкIэ хъунухэм яхэхуэнкIэ гугъэ уэзыгъэщI Iуэхугъуэщ...

Тхьэм ирещIи, мы уэрэ сэрэ етшэжьа уэршэрым хэту фIэкIа схужыIэну къыщIэкIынтэкъым сэ мыр, Гуащэпэж. Апхуэдэу щыщыткIэ, сынолъэIу а си гупыжыр зыхуэдэр къыжысIэхункIэ укъызэмыпIэщIэкIыжыну...

ПщIэрэ, си сабиигъуэм и нэхъыбапIэр зи щыгум щесхьэкIа джабэ нэкIу дахэ ди къуажэ цIыкIум декIуэкIыу къыщхьэщытщ. Илъэс 77-рэ япэкIэ си адэ-анэм хащIа лъапсэм къыхуэзанщIэу абы и щыгум къыхощ лъагапIэ тIэкIу...

Сыхуейт нэхъыфIу щыIэмкIэ сызыхуэхъуапсэ си къуажэмрэ си къуажэгъухэмрэ къабгъэдэкIыу зы мывэ ин дахэ абы и щхьэм зэгуэр трагъэувэну. Къуажэм удэту плъагъуу. Мы псалъэхэр и IуплъапIэ нэкIубгъум тету:

**Мы мывэр**
**Езыр-езырурэ щащэу сабэ хъужыху**
**щрыреIэ икIи ирефIакIуэ**
**адыгэ лъахэр!**
**Иребагъуэ икIи зреузэшI**
**Адыгэ лъэпкъым!**
**Иребзэрабзэ хуиту**
**ди адыгэбзэ дахащэр!**
**IутIыж Борис.**

Сыхуейт, а мывэм къыщхьэщыту дэкIеин хуэдэу, мэз кхъужьей жыг зыбжанэ абы кърасэкIыну. Моуэ, ди къуажэ дахэм къыдэплъэхэу. Си адэ-анэмрэ си анэкъилъхухэмрэ я псэхэмкIэ гъэнщIа ди лъапсэжьым, ди хьэблэм къащхьэщыту. Сыхуейт ахэр, сэр нэхърэ нэхъыбэу, фэеплъ яхуэхъуну зэгуэрым пьесэ зытестхыхьауэ щыта ди Кхъужьеибэ дахащэмрэ ар зи нэгум щIэту дунейм ехыжа ди нэхъыжьыфIхэмрэ.

Сыхуейт, зымащIэ дыдэкIэ нэхъ мыхъуми, а фэеплъым ди щIэблэр гупсысэ лъагэхэм хуигъэушэну, хуиущиину.

Сыхуейт сыкъыщалъхуа къуажэу зыхуэзгъадэ щымыIэм ди унагъуэ лъэужьымрэ къуэпсымрэ зэи щыхэмыкIуэдэжыну, си сабиигъуэри щIалэгъуэри щесхьэкIа, си адэ-анэр зыщIэлIыкIа ди унэ цIыкIур бгынэжыпауэ къэмынэну.

Сыхуейт си бынхэмрэ абыхэм я быныжхэмрэ абы зэзэмызэ къыщызэхуэсурэ, IэфIрэ гуфIэгъуэкIэ ягу дыкъыщагъэкIыжыну.

Сыхуейт а унэ цIыкIур си шынэхъыжь Зырамыкурэ сэрэ ди IэдакъэщIэкIхэм я репродукцэхэмкIэ гъэщIэрэщIауэ щытыну...

«Хъуапсэ и псэ кIуэдкъым» жиIащ пасэрейм. Ауэ щыхъукIэ, къытренэ а си хъуэпсапIэхэр дунейм. Тхьэм и нэфIыр зыщыхуэн мы Дуней дахэшхуэм. БлэкIам хуеплъэкIыжыпIэ имыгъуэтрэ щIихьа зэпыту зыщIыпIэ кIуэ Дунейм... Зэманым нэхъ критик Iэзэрэ шыщхьэмыгъазэрэ щыIэкъыми,

мис абы псори зэхигъэкIынщ. ДызищIысри. ДызимыщIысIауэ, димыIэ мыхьэнэ зэттыжми...

Аращи, накIуэ иджы, Гуащэпэж, а куэд щIауэ сызыхуэбунэтI Хьэршым. Дегъэплъ а къысхуэбгъэпса Ахърэт лэгъунэр зыхуэдэм...

**Редакцэм къыбгъэдэкIыу. Сыт хуэдэ жанрым хэбгъэхьэмэ нэхъ тэмэмми езы дыдэм имыубзыхужа мы тхыгъэр иджы япэу печатым къытехуэу арами, мыр IутIыжым и иужьрей тхыгъэу пхужыIэнукъым. Къытригъэдзэн Iуэху щIыхэмытар Тхьэм ещIэ, ауэ мыр Борис и Iэдакъэ къыщIэкIащ дунейм ехыжыным илъэсищ иIэжу. Итхри игъэтIылъыжауэ щылъащ. ГъэщIэгъуэныращи, абы и гугъу ищIуи зэи зэхэтхауэ тщIэжыркъым. Апхуэдэу щытми, тхыгъэр къабзэлъабзэу тедзауэ, псалъащхьэр зытет сурэтри езым ищIауэ щIыгъужу къызэринэкIащ. И псэм ищIэ къыщIэкIынт тхыгъэм и чэзури мыгувэу къызэрысынур. ИужькIэ псоми ягъэщIэгъуэжу, и мащэр къыщатIыну щIыпIэри езым къыхихыжат дунейм ехыжыным куэд имыIэжу. ЗыщIалъхьэжари а щIыпIэ дыдэрщ.**

**Мы тхыгъэми къызэрыхэщщи, IутIыж Борис щапIа лъапсэжьым къыщхьэщыт бгы нэкIум Iуащхьэ хъурей цIыкIу къыхощ. Борис фIэфIт къуажэм кIуэжа нэужь, абдеж щысыну, дэри гъусэ дыщищIи къэхъуу. А Iуащхьэм иджы тетщ мы тхыгъэм Борис зи гугъу щищIа мывэр. Абы нэмыщIкIи, зэрэгъыждэсхэм къалъытащ я къуажэгъу тхакIуэшхуэм и цIэр езыр зыщеджа школым зэрихьэну хуэфащэу. Къуажэдэсхэм нэмыщIкIи, район унафэщIхэр, министрхэр, тхакIуэхэр, щIэныгъэлIхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр кърихьэлIэу а Iуэхум иращIэкIа зэхыхьэм щытетха сурэтхэм ящыщ зыбжанэ мы тхыгъэм щIыдгъумэ нэхъ тэмэму къыщIэтлъытари а Iуэхур зэрекIуэкIар фи нэгу къыщIэдгъэхьэн къудейм и закъуэкъым – дэ дыхуейщ икIи дыщогугъ IутIыж Борис хуэфащэ пщIэм абы куэд дыдэ зыхуилэжьа республикэм и къалащхьэми щыпащэну.**










IутIыж Борис и цIэр къуажэ школым щыфIащым. Зэхыхьэр къызэIуех Шэрэдж районым и Iэтащхьэ Темиржанов Махъты.

КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд

# ЯФІЭПСЭУАХЭМРЭ АР ЗЫЛЪЭМЫКІАХЭМРЭ



Зи цІи зи щхьи сымыщІэ Берсыр Талий япэ дыдэу щыслъэгъуам сщІыгъуа си студентэгъум жесІар моуэ иджыпсту хуэдэу сощІэж: «Мо лІы гъур цІыкІур зэрыщыту гупсысэрэ акъылу зэхэлъу къысфІощІ». ЯпэкІи иужькІи Іэджэрэ сыщыуащ, ауэ абы щыгъуэ пэжым сытехуауэ къэслъытэжу нобэм сыкъэсащ.

Си псалъэр зыхужысІам зэхихыжат е нэгъуэщІ щхьэусыгъуэ гуэрым къыхэкІат, сытми, езы Талий и жэрдэм нэхъ хэлъу, дэ тІур псэлъэгъу дызэхуэхъуат. Сэ пединститутым щІагъуащэу къыщрамыдзэ адыгэбзэ факультетым и етІуанэ курсым сыхэст, езыр бжьыпэр зыІыгъыу ябж физматым щылажьэрт.

– Къэрмокъуэхэ я щІалэр щхьэ ущІэтІысхьа зрамыпэсыж адыгэбзэм? – пыупщІауэ къызэупщІащ Талий, зикІ кІуэаракъэ, адыгэбзэри институтри хыфІэздзэу сыщІэпхъуэжын фІэкІа къысхуимыгъэнэжу.

– СщІэркъым, – жысІащ япэ щІыкІэ сыкъэІэнкунауэ, итІанэ, си гур къызэрыгъуэтыжри, щІызгъужащ: – Хьэуэ, сощІэ: сэ адыгэбзэр фІыуэ солъагъу. Ар зэзымыпэсыжхэри а бзэм ауан ирипщІ хъуну къысфІощІ.

– Упсэу. Уэ абы уи насып хэлъу къыщІэкІынщи, Тхьэм химых.

А махуэм зи ущие дахэрэ зи чэнджэщ щхьэпэрэ зэхэсха Берсыр Талий ди псалъэм и кІэм мыпхуэдэу къызэупщІащ:

– Сыщымыуэмэ, у-Зеикъуэ щІалэщ уэ, Мухьэмэд, пэжкъэ?

– Уэлэхьи, пэжым, ущымыуа.

– АтІэ ГъукІэлІ Азрэт жоуэ дэсу пщІэрэ фи къуажэм?

– ГъукІэлІ Азрэти? Ар си анэм и дэлъхущ, – къызжьэдэхуащ сэ, ар Талий щицІыхур сфІэгъэщІэгъуэну.

Шэч тІэкІу къызытрихьэ Іуэхум и пэжыпІэр Талий къищІат, ауэ нэгъуэщІ къыфІигъэкІакъым.

– АтІэ, укІуэжмэ, Берсыр Талий сэлам къуихыжащ жыІи Азрэт схущІэупщІэж, – жиІэри дызэбгъэдэкІыжат.

Къуажэм сыкІуэжауэ, сэламыр зыхуэсхьыжын хуей Азрэт дежи сынэмыс щІыкІэ, си анэм къысхуиІуэтэжащ Іуэхур зытетыр: си анэм и анэмрэ Талий и анэм и анэмрэ зэшыпхъуитІт, Зеикъуэ Щоджэнхэ япхъуу. Ауэ си анэмрэ Талийрэ зэрыцІыхуртэкъым. Зэман бзаджэм къихьа залымыгъэм зэпэжыжьэ ищІат а зэІыхьлы зэгъунэгъухэр. Сэ абы зыри хэсщІыкІыртэкъым.

Талий и сэламыр зыхуэсхьыжа Азрэт си анэм къызжимыІэфахэр абы

и хъыбарым къыщIигъужащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, Берсыр Талийм и анэр Къатхъэн Назир и шыпхъут. А зэманым Назир и цIэ жыпIэныр шэ къэуэжым хуэдэти, Азрэти си тхьэкIумэр къысхуиIуэнтIащ абы сытемыпсэлъыхьыщэну. Ауэ езым кIыхьу къызжиIат Берсырхэ я къекIуэкIыкIам, я псэукIам и хъыбар. Абы щыгъуэ гъэщIэгъуэн къызэрысщыхъуам зэрыфIэкIа щымыIэу, гурылъ къудейуэ къыздесхьэкIащ а хъыбарыр иджы къэсыху. Талийрэ сэри, махуэ къэс дызэхуэмызэми, дызэрымыгъэгъуащэу, дызэхуэгуапэу илъэсхэр блэкIащ.

Си щIалэгъуэм Азрэт къысхуиIуэтэжу зэманым сIэщIигъэхужа хъыбарыр сигу къэзыгъэкIыжари Талий и псалъэщ. ТхакIуэхэри зыхэт зэIущIэ гуэрым къыщыпсалъэу абы жиIат ди тхыдэджхэм, тхакIуэхэм щхьэпэ къахуэхъун, гъэкIуэдын хуэмей хъыбар куэд зэриIэр. Абы и ужькIи Iуэху схуэмыщIурэ, 1993 гъэм Талий сэрэ дымыщIэххэу дыщызэхуэзащ абы и къуажэ Куба дэт музей хьэлэмэтым. Талий абы щIэтт нэм къыфIэнэ псори къытригъэзэжурэ зэпиплъыхьу, тхылъымпIэ иIыгъми зыгуэрхэр иритхэу.

«БампIэ зиIэр псэлъабэщ» жыхуаIэр арти, сызэрыпIащIэри сщигъэгъупщэжауэ, Талий зэм игъэгуIэу, итIани къигъэгуфIэжу и гъащIэ псом къыздрихьэкI и хъыбар кIыхьым и кIапэлъапэ гуэрхэм абдеж сыщытригъэплъащ:

– АтIэ, Къэрмокъуэ и къуэ, «ухеймэ, улъэщщ» щIыжаIар мыпхуэдэ зыгуэру къыщIэкIынщ. Мы музей дызыщIэтыр зытращIыхьар Берсырхэ ди щIапIэжьу щытащ. Ди лъапсэм псы ирагъэжыхьыжами, ди къуажэгъухэм си адэми си адэшхуэми я цIэр ящыгъупщакъым. Мы музейм Къалмыкъ БетIал и цIэр фIащын я гугъащ, къуажэм къыщалъхуащ жари. А хъыбарыр зэхэсха нэужь, тездзэри партым и обкомым и япэ секретару лажьэ Мэлбахъуэ Тиморэ деж сыкIуащ. Берсырхэ ди Iуэху къызэрекIуэкIар хуэсIуатэри, итIанэ сыкIэлъыщIэупщIэжащ: си адэм и щIапIэу щытам иращIыхьа къуажэ музейм дауэ зэрыфIэпщынур а си адэр езыгъэукIа Къалмыкъ БетIал и цIэр, мы дунейм зы захуагъэ гуэр тетыжмэ? Алыхьыр арэзы къыхухъу, си гукъеуэр Мэлбахъуэм зэхищIыкIащ икIи, къуажэм зэрафIэфIым хуэдэу, захуэм тету унафэ ящIыну цIыхухэм я пщэ дилъхьэжащ. Я унафэри тэмэм хъури, музейм си адэм и цIэр фIащащ. Сэри ар хейуэ зэрыкIуэдам и бампIэр къыстеуэху сыкъокIуэри мыпхуэдэу музейм зыщызоплъыхь...

Абдежщ къыщысщIар дызыдэт Кубам япэм ХьэтIохъущыкъуей ЕщанэкIэ, Хьэсэнбий и къуажэкIэ еджэу зэрыщытар. Абдежщ къыщызгурыIуари зыкъом лъандэрэ зэхуэсхьэсыж, стхыж ХьэтIохъущыкъуей хъыбархэм хэтын хуей хъыбарыщIэ къызэрызгъуэтар. Абы и ужькIэ Талий сэрэ мызэ-мытIэу дызэхуэзащ, я лъэпкъ хъыбарри гупсэхуу къысхуиIуэтэжри, нэгъуэщI Iэджэми я щхьэфэ диIэбащ. Си тхыгъэр ныкъуэтхти, щIэуэ упщIэ къом къэуvауэ Талий аргуэру сыхуэзэн хуейт. Апхуэдэу щыту, сымыщIэххэу Налшык уэрам автобусым дыщызэрихьэлIащ. ЦIыхур Iувти, зэпсэлъапIи дымыгъуэтурэ, езыр щикIыжым сыкIэлъыджащ: «Иджыри зэ дызэхуэмызэжу хъунукъым, Талий». «Мы тхьэмахуэм сыхущIыхьэнукъым, Тхьэм жиIэмэ, къыкIэлъыкIуэ тхьэмахуэм къриубыдэу...» – Талий автобусым икIыжащ. Ар 1994 гъэм августым и пэщIэдзэхэрт.

Тхьэм иухауэ къыщIэкIынтэкъым сэ абы фIэкIа Талий сыIущIэжынуи сепсэлъэжынуи. КъыкIэлъыкIуэ тхьэмахуэ жыхуиIам ар дунейм ехыжащ. Автобусым щикIыжым, и Iэр къысхуищIурэ къызэрысхуэгуфIэжар

си нэгу щIэту, абы и хъыбархэр иджы сотхыж, Iэмал зэриIэкIи езым къызэрысхуиIуэтэжам сытету.

– Зи гъащIэ гъуэгуанэр илъэс 80-м езыхулIа лIыжь къуэгъу цIыкIуу сыкъэплъагъу щхьэкIэ, сэ иджыри щакIуэ сокIуэф, къуэш, – жиIэу Талий и псалъэр гушыIэ щIыкIэу къыщIидзэри, нэхъ нэщхъей щIэхъухьыжауэ пищащ. – Си адэ Джылахъстэн къипсэунум хунамыгъэсу сыбыр тутнакъэщым ирагъэлIыхьащ, си къуэш нэхъыжь Ильяс илъэс 25-рэ фIэкIа мыхъуу яукIа щхьэкIэ, си адэшхуэ ТIэхьир илъэси 112-рэ къигъэщIащи, абы сыкIэлъеIэну си мурадщ. Тхьэм и шыкуркIэ, Берсырхэ псэ махэ лъэпкъкъым, я лъэужьри жыжьэ къыщожьэ. Ди нэхъыжьхэм къызэраIуэтэжымкIэ, Псыжь Iуфэ щыхэкIа ди къуэпсым лIэщIыгъуищым щIигъуауэ зеубгъу. Ди лъэпкъэгъухэр иджы щопсэу адыгэ щIыналъэ псоми, нэгъуэщI щIыпIэхэми, хамэ къэрал Iэджэми.

Къэбэрдейр псэупIэ зыхуэхъуа Берсырхэр дыкъызытехъукIыжар си адэшхуэ ТIэхьирщ. Ар езыр Адыгейм щыщ Мамхэгъ къуажэм 1832 гъэм къыщалъхуащ. А лъэхъэнэр зыхуэдам и гугъу пщIымэ, Ермоловым Къэбэрдейр лъапсэрых ищIри, адрей адыгэ лъэпкъхэр урысыдзэм зэтриукIэн щIидзауэ арат. Кавказ дахащэм щагъажэ лъым я лъакъуащхьэм къэсу хэтт, адыгэ къуажэхэр ягъэсырт, цIыхухэр гущIэгъуншэу зэтраукIэрт, мылъкур зэрапхъуэрт, Iэщыр яхурт. Урыс пащтыхьыдзэм хэлъа гущIэгъуншагъ псоми ящхьэжт сабий лажьэншэхэр мафIэкIэ ягъэсу зэрыщытар. Ар шыпсэкъым, атIэ и нэкIэ илъэгъуауэ си адэшхуэм жиIэжу мызэрэ-мытIэу зэхэсха пэжщ. Банэкъуэм дахуэу мафIэкIэ дагъэсхьа сабий щэ никъуэм езыри яхэхуэнут, и адэ Ильяс мэзым щигъэпщкIуу къримыгъэламэ. «ЛъэпкъкIуэдыр къыхукIуэ» зэрыжаIэм ещхьу, «Банэ мафIэкIэ уаугъэс» гыбзэ дыдж дыдэр къыщежьари лъы къызыпыж а лъэхъэнэрщ. МафIэ лыгъейм хисхьа а сабийхэм я жьэрымэр ноби къысщIихьэ къысфIощI.

Уэри, сэ схуэдэу, ущыгъуазэщ, Мухьэмэд, абы – дэ илъэс куэд етхьэкIащ адыгэм ди лъэпкъ тхыдэр дымыщIэжу, тщIэжми, пэжыр жытIэну дыхуимыту, ди цIыхухэр зэрыгъэделэурэ, муслъымэн диным къигъапцIэурэ Истамбыл зэрыхьауэ тIуатэу, ауэ щыхъукIи, Урыс-Кавказ зауэр къыхэдмыгъэщу. Урыс пащтыхьым нэхъ лъыиф щыIауэ сэ сщIэркъым. Лъэпкъ псо зыгъэкIуэдыфу щыIар а зырщ. Зыри езгъэлейркъым: адыгэкIэ зэджэ ди лъэпкъыр жыг гъэгъа баринэ ину щытати, къыгуэнэжар къудамэ зытIущщ... Ар гъыбзэ кIыхьщ, Мухьэмэд. Уэри уощIэ.

АтIэ, арати, си адэшхуэ Берсыр ТIэхьир и адэ Ильяс, мафIэм хисхьа я къуажэр къигъанэри, Истамбыл гъуэгум теуващ, и бынунагъуэм, и лъэпкъым щыщу къыхуегъэлахэр щIыгъуу. Илъэсих зи ныбжь щIалэ фейцей IэпцIэлъапцIэу абы яхэтт ТIэхьири. Я нэпсыр щIалъэщIыкIыу зи хэкур зыбгынэ мухьэжырхэм гъуэгум къащыхуэзащ хьэжыщI щыIауэ къэкIуэж Къэбэрдей шу гуп. ЗэщыгуфIыкIащ, зэрыцIыхуащ, я Iуэху зытетри зэхуаIуэтащ. Къэбэрдейхэр мобыхэм елъэIуащ къагъэзэжыну, гъуэгуанэ мыгъуэ зэрытеувар жраIащ, Бахъсэн аузрэ Балъкъ псыхъуэрэ щхьэегъэзыпIэ къыщыхуагъуэтыну ягъэгугъащ. Ауэ мо гузэвгъуэшхуэм зи псэр къыхэзыхыу зи щхьэр езыхьэжьахэм къагъэзэн ядакъым.

ХьэжыщI къикIыж гупым Вынэхэ ящыщ лIы яхэтти, абы тригъэчыныхьащ нэгъуэщI мыхъуми щIалэ никъуэлIэ цIыкIур здамышэну. Дызэхуэдэ муслъымэнщ, дзыхь къытхуэфщIмэ, ар Къэбэрдейм тшэнщи тхъумэнщ, лIы тщIынщ, пщIэну щыткъым, фи лъэпкъым жылакIэ хуэхъункIи хъунщ, – жиIэу щиукъуэдийм, сабийм и адэр арэзы хъуащ икIи мус-

лъымэн псалъэ яIихащ и лъэпкъыцIэр хамыгъэгъуэщэжыну, зыщыщыр фIамыгъэкIуэдыну.

А щIыкIэм тету, си адэшхуэ ТIэхьир щIалэ цIыкIуу Хьэсэнбий и къуажэм, иджы КубакIэ зэджэм, къыдэхутащ. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, ар зэманкIэ зыхуэзэр 1838 гъэрщ. Балъкъ Iуфэ къэрагулIыжу къэзакъ станицэхэм къатIысыхьа, быдапIэхэр зращIэкIа Къэбэрдейм и лъэр щIаудри ягъэIэсауэ, урысыдзэм къухьэпIэмкIэ щыIэ, тенджыз Iуфэм Iус адыгэ хэкухэр зэтрикъутэрт.

ЩIалэ цIыкIур Вынэхэ я унагъуэм щапIырт икIи щымэжалIэртэкъым. Ауэ езыр хуабжьу сабий псынщIэт, зэрант, унагъуэр игъэтыншыртэкъым. Ар къыздэзыша гупми я нэIэ трагъэтт щIалэ цIыкIуми, Iуэхур тэмэм зэрымыхъур къащIащ. Арати, унафэ ящIри, хьэжыщIхэм яхэта Джэрыджэ Гъулэ иратащ, нэхъ тэмэму хуэгъэсэнкIэ щыгугъыу. Ар икIи нэхъ лIы ткIийт, и унафэри пхигъэкIыфырти, сабийр бын ищIри, игъэсащ, иущиящ. Ауэрэ, ТIэхьир илъэс 12 щрикъум зыхэтым къахэщу зэфIэкI зэриIэр, зэрыжыджэрыр, хурикъун бзаджагъи зэрыхэлъыр наIуэ къэхъуащ. Абы и Iуэхум щIэдзапIэ хуэхъуари Гъулэ кърита ахъшэ сом закъуэрщ. Ар IэщIэлъу щIалэ цIыкIур и щхьэ зэригъэпсэужын гъуэгу теуващ. Балъкъ зэпрыкIри, Марьинскэ урыс станицэм мастэIуданэ къыщищэхуащ. Я Хьэсэнбий къуажэм ар нэхъ лъапIэу щищэжри, абы къыщIэкIа ахъшэмкIэ ерыскъыхэкI гуэрхэр къищэхури станицэм ихьащ. Зы сомыр тIу, тIур плIы хъуащ. Си адэшхуэр жьы хъуауэ абы щытепсэлъыхьыжкIэ ауан зищIыжыртэкъым, уеблэмэ иригушхуэу и напщIэм телът. Сыту жыпIэмэ, адэншэ-анэншэу, лъэпкъыншэу хамэ жылэм къыдэхута щIалэ цIыкIур мылъку зиIэхэм я пщылIу къэмынэу, зи щхьэ и унафэ зыщIыж цIыху зыщIар а гъуэгурт. Арати, сом закъуэрэ мастэIуданэкIэ къыщIэзыдза щIалэм илъэс зыщыплI нэхъ дэмыкIыу езым и тыкуэн цIыкIу иIэж хъуащ. Иджыри балигъ мыхъуа щIалэщIэм цIыхухэм пщIэ къыхуащIу хуежьащ. Ауэрэ, зи щхьэр лажьэ щIалэм и Iуэхур ефIакIуэурэ, зи фыз къэшэгъуэ жыхуаIэ ныбжьым щынэсым, къуажэм тыкуэнышхуэ къыщызэIуихащ, лэжьакIуэ зыплIытху щIэту. МэкъумэшыщIэм щIым къытрихымрэ Iэщым къыпихымрэ хузэмыгъэкIуэкIыу гугъуехь телът, псэун, унэн папщIэ унагъуэр зыхуей хьэпшыпхэр игъуэтыртэкъым. Мис а псор зэлъэгъэIэсыным, езыми и сэбэп къыхэкIрэ къуажэдэсхэми я фейдэ хэлъу, хуэлажьэрт ТIэхьир.

Сатум зи насып хэлъу къыщIэкIа щIалэм зэманри къытелажьэрт. ЛъапцIэрэ пцIанэу, хьэжыщI къикIыжхэм я шыпхэм пысу къуажэм къыдахьа сабийм и ныбжьыр илъэс 30 щрикъум Кавказым щыцIэрыIуэ сатуущI къулей хъуат. ТIэхьир иIэт хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэм къакъутэ тыкуэнышхуэхэмрэ абы щищэхэр щихъумэ псэуалъэ инхэмрэ. Абы и сатур урысей къэралышхуэм и къалэ Iэджэм нэсырт. Берсыр ТIэхьир и хьэпшыпу гъущI гъуэгумкIэ Гумкъалэ (Георгиевск) къекIуалIэр гу зэщIэщIа щэ бжыгъэхэмкIэ кърашэлIэжырт. АпхуэдизкIэ зэфIэкI иIэти, Кавказ Ищхъэрэм и сатуущIхэм я япэ гильдэ жаIэу нэхъ жьантIэр зылъысхэм яхэтт.

Талий и псалъэр зэпигъэущ, къызжиIэхэм кIэлъыгупсысэжым хуэдэу, зэщIэдэIукIщ, ахэр къызэрысщыхъур си нэгум кърищжыкI щIыкIэу сызэпиплъыхьри, тэлайкIэ зэтесабыращ. ИтIанэ, занщIэу и щхьэр къиIэтыжри, бгъукIэ къысхущIэплъурэ, къызэщIэпхъуэтауэ къызэупщIащ:

– Уи фIэщ хъуркъэ, Къэрмокъуэ и къуэ, бжесIэхэр?

– Мэхъу, Талий. ПцIы щхьэ къызжепIэн хуей?

– Мис апхуэдэу щытащ-тIэ си адэшхуэ Берсыр ТIэхьир. Иджы уэ къызжеIэт. Дауэ-тIэ абы гъэпщылIакIуэкIэ узэреджэнур?

– ГъэпщылIакIуэ сщIэркъым, гъэунакIуэщ абы узэреджэнур.

– Упсэу. Мис ар къазэрыгурымыIуаращ дэ дызытекIуэдар. Сондэджэр жамыIэжу коммерсант фIащу иджы къежьа сатуущI къомыр апхуэдэу цIыхум къытхуэлэжьакIэщэрэт.

– А жыпIэмкIэ сэри акъылэгъу сыбдохъу, Талий. Иджы къежьа жыхуэпIэхэм я нэхъыбэр сатуущIкъым, атIэ фыщIакIуэщ. ЦIыхум имыIэ, зыхуей къыщищэхукIэ мэгуфIэ. СатуущI Iумахуэм дэ зэпымычу дигъэгуфIэн, дигъэгушхуэн, дигъэдэхэн хуейт, ауэ...

– А си адэшхуэр сатум хуэIэзэ, дихьэха мыхъумэ, абы итхьэкъуатэкъым, – езым и гупсысэм сытехуэу жиIэхэр зэрыдэсIыгъыр и гуапэу, Талий и псалъэр иришэжьэжащ. – ТIэхьир хуабжьу цIыху жумартт. Мылъкум хьэсы ищIа къулейхэм ещхьу ар зэи псэуакъым. Мылъку къэлэжьыкIэ зэрищIэм хуэдэу, гуапэрэ щхьэпэу зэригъэкIуэдын хьэлэлагъри акъылри бгъэдэлът. Езым телъа тхьэмыщкIагъэр щыгъупщагъэнтэкъыми, ар къулейсызым ядэIэпыкъурт, къуажэм я щхьэпэн IуэхуфIхэр илэжьырт, лъэмыж зыбжанэ яхуищIат, псы жапIэхэр тэмэм иригъэщIырт. Къуажэм мэжджытышхуэ яхуищIыну мурад ищIри, ирихьэлIэн куэди кърищэлIауэ, революцэр къытехъуауэ щытащ. Мэжджытхэр Iумпэм ящIу, щIа хьэзырхэри якъутэж щыхъум, псэуалъапхъэхэр зэрытрахынур къыгурыIуэри, къуажэдэс нэхъ хуэныкъуэхэм яхуигуэшауэ щытащ.

ТIэхьир хэлъа фIагъхэм лъабжьэ яхуэхъуу щытар ар диным хуабжьу зэрыхуэпэжырт, Алыхьым къабзэу зэрыхуэлажьэрт. Ар гуэныхьри псапэри зыхэзыщIэф, пэжыр зи гъуазэ цIыхут. Ахърэтым щигъуэтыжынур дунейм щилэжьа Iуэху щхьэпэмрэ щищIа псапэмрэ арауэ и фIэщ хъурт. ГугъапIэ нэхъыщхьэу иIэри, къэхъу псори зи Iэмыру къилъытэри лей зымыщIэ, лейри зымыгъэгъу Алыхьталэрт. АпхуэдизкIэ хьэщыкъыу диным хуэлажьэрт, фарзым хуэпэжти, ТIэхьир Мэчэм хьэжыщI щэнейрэ кIуауэ щытащ.

ЦIыху муслъымэну, жумарту, псапащIэу дунейм тета си адэшхуэр лIы ткIийуи щытащ. ФызитIым къалъхуауэ абы иIа бын пщыкIузым (си адэ Джылахъстэн я нэхъыжьу, къуищрэ пхъуийрэ) гъэсэныгъэ тэмэм епту зыхуей хуэбгъэзэныр япэ къэсым хузэфIэкIын Iуэху цIыкIуфэкIутэкъым. Псом хуэмыдэу ар ипхъухэмкIэ гумызагъэт. Ахэр зэрыхьэ унагъуэм здахьыну нэмысыр, гъэсэныгъэр езым деж зэрыщалъагъунум хуэхьэзырт. Фи пхъур нысэ сщIынущ жыпIэныр зэи емыкIукъым, ауэ си пхъур фэ фхузогъэфащэри фэстынущ, благъэ фысщIынущ жыпIэмэ, нобэ хэти ауан укъищIынущ. АтIэ, си адэшхуэр абы щышынэртэкъым, емыкIу хэлъуи ибжыртэкъым. Ипхъу ишэгъуэр зыхуигъэфащэр езым къыхихыжырт. И нэмыскIэ, хьэл-щэнкIэ, лIыгъэкIэ, теплъэкIэ игу ирихь щIалэ зи фыз къэшэгъуэ щыIэмэ, абы и адэр е и Iыхьлы гъунэгъу къригъэблагъэрти, игъэхьэщIэрт, игъэлъапIэрт, благъэ хуэхъуну зэрыфIэфIри темыукIытыхьу яжриIэрт. Дауи, ТIэхьир ипхъухэр лъыхъуншэу артэкъым, ауэ хуэмыфащэ щауэгъу зымыщI лIыт ар. Зыхуей щIалэ малъхъэ хуэхъуа нэужь, си адэшхуэр, и мылъкум щымысхьу, абы псэуныгъэ и IуэхукIэ дэIэпыкъурт.

Си адэ Джылахъстэн си анэ Сурэт къызэрыхуишам и гугъуи куэдрэ жаIэжырт. «Уи щIалэр Балъкъ зэпрыкIыурэ Марьинскэм кIуэрей хъуащ, матушкIэхэм дамыхьэхауэ пIэрэ?» – жаIэу и ныбжьэгъухэм къыдэгушыIэ защIурэ къыщраIуэкIым, си адэшхуэм абыхэм хуэфащэ жэуап яритыжащ, ауэ езыри, пIалъэ къыхимыгъэкIыу, нысэ лъыхъуэ ежьащ. Я къуажэ

гъунэгъу Лафыщхьэблэ (Псыхъурей) щыщ Къатхъэнхэ хъыджэбз ишэгъуэ зэраIэр ищIэрт. Ар Къатхъэн Адэлджэрий ипхъут, иужькIэ революционер цIэрыIуэ, дзэзешэ хахуэ хъуну къызыхуиуха Къатхъэн Назир и шыпхъут. НакIуэпакIуэу къахуепсыха лIы цIэрыIуэр гуапэу ирагъэблагъэри, Iэтауэ къагъэхьэщIащ. ЩIэкIуар щажриIэм, гупсысэн, чэнджэщэн папщIэ мазэ пIалъэ къыхуащIщ, итIанэ, езым жэуап кърагъэщIэжыну къагъэгугъэри, къаутIыпщыжащ. Мазэр дэкIри, плъэм-даIуэурэ, ТIэхьирыр зыкъомрэ ежьащ, ауэ Къатхъэнхэ къабгъэдэкI жэуап къылъэIэсыртэкъым. «Берсырхэ фи ажэр Къатхъэнхэ ди бжыхьым къевмыпх...» – жиIэу абы къызэрикIыр къызыгурыIуа лIы губзыгъэр зэгуэп хъуащ. Ауэ ар «сыфхуеями, сыфхуеижкъым...» – жиIэу зигъэфэрыщIу зызыIуэнтIэн цIыхутэкъым, атIэ ищIа мурадым лъэIэсын папщIэ хурикъун ерыщагъ зыхэлъ лIы ткIийт. Арати, гупсысэурэ къигупсыса Iэджэм хэдэжри, махуэ гуэрым Къэбэрдей пщы гуп къригъэблэгъащ. И гукъеуэр яхуиIуатэри, унафэри езыхэм ябгъэдилъхьэжащ. Фитониблым псу пщы гупышхуэр Лафыщхьэблэ дыхьэри Къатхъэнхэ еблэгъащ, абы езы ТIэхьири я гъусэу. Анзор и къуэрт зытекIухьар жиIэну зи пщэ иралъхьари, и хъуэхъум псалъэ кIапэр къыщыхигъэщым, хэгъэрейхэми Iуэхур зытетыр къагурыIуакIэти, хьэуэ къыхамыгъэкIыу, зэгурыIуащ, си анэри, уасэу дыщэ сом мин щIатри, къашауэ щытащ. Къатхъэнхэ зыщIралъэфыхьари ТIэхьир тхьэмадэ ткIииIуэ хъуну, я пхъур Берсырхэ я унагъуэм щымытыншыну къафIэщIауэ арат. Ауэ тхьэмадэ пхъашэ хъункIэ щIэшына си адэшхуэр си анэм адэ гумащIэм хуэдэу къыхущIэкIащ. Къатхъэн лъэпкъ цIэрыIуэм ягъэса Сурэти, Берсырхэ я унагъуэм илъ хабзэ дахэмрэ нэмысышхуэмрэ нэхъри иIэту и гъащIэ псор ихьащ.

Илъэси 112-кIэ псэуауэ 1944 гъэм дунейм ехыжа си адэшхуэ ТIэхьир и хъыбарыр сымыухыу си адэ Джылахъстэн и Iуэхум сыхыхьэн хуей хъунущ.

ТIэхьир и мылъкушхуэр зыхилъхьэу езыр и жьы хъугъуэм къулейсызу къэзыгъэнэжа Совет властым япэ пкъоуэ щIэувахэм, ди Къэбэрдейм хэмыгъуэщэжын лъэужь дахэ къизынахэм, ауэ ищIа фIы псом я пщIэр кIуэду леишхуэ зрахахэм ящыщщ си адэр. Властым и пкъо щIыфIэсщыр Къалмыкъ БетIал и гъусэу революцэм зэрыхэтарщ. ИужькIэ епщыкIузанэ армэм хыхьэри хужьыдзэм езэуащ. Джатэ къихакIэ къазэуа псэукIэщIэм цIыхубэм хуитыныгъэ нэсрэ насып инрэ къахуихьыну зи фIэщ хъуа Джылахъстэн акъылрэ къарууэ иIэм емыблэжу абы щIэбэнащ. ИIа мурадыфI псоми хунамыгъэса пэтми, хузэфIэкIар мащIэу зыми жиIэфынкъым, НЭП-м и ужь лъэхъэнэхэм ди республикэм къыщызэрагъэпэща хозяйствэшхуэхэм я жэрдэмщIакIуэу, зэхэублакIуэу щыта Джылахъстэнщ Къубэ-Тэбэ, Котляревскэ джэдкъаз заводхэр къызэIузыхар, абыхэм я япэ директору щытар. Абыхэм къыщагъэхъу джэдкъазри Iэщри нэхъ лъэпкъыфI дыдэм щыщти, яхузэрыгъэгъуэтыртэкъым, лъапIэу ящэхурт, нэгъуэщI щIыпIэхэм яшэурэ щагъэбагъуэрт. ЩIэуэ къежьа, егъэлеяуэ псынщIэу зызыужь а лэжьыгъэм ди республикэми къэралми я фейдэшхуэ хэлът. А заводхэм щылажьэ цIыхухэр жылагъуэу къетIысэкIырт, школхэр, культурэ Iуэхущ IапIэхэр, дохутыр IуэхущIапIэхэр яухуэрт. Жыжьэ плъэф, Iуэхушхуэм зезыпщытыф цIыхут си адэр. Ар большевик пэжт, партым и райкомхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым хэтт, пщIэшхуэ къыхуащIырт, ныбжьэгъуфIи и куэдт. Ауэ а псори абы сэбэп къыхуэхъужакъым, Къалмыкъ БетIал и унафэкIэ 1937 гъэ угъурсызым ягъэтIысу и судыр укIкIэ щащIэм щыгъуэ. Ауэ щыхъукIи, а тIур куэдкIэ зэгъунэгъуу щытащ: Марьинскэм

пэщIэдзэ еджапIэр къыщызэдаухат, революцэм зэдыхэтат, Джылахъстэн и анэр Къалмыкъ БетIал и адэ къуэшым ипхъут. Лей зехьэным къыхуигъэщIа Къалмыкъым а псом япэ иригъэщащ си адэр Къатхъэн Назир зэрималъхъэр. Къэрэхьэлъкъым я насыпым щIэбэну, хабзэмрэ захуэмрэ и гъуазэу тхьэ щиIуэжу и Iэр игъэдалъэу утыкум ит Къалмыкъыр апхуэдизкIэ лъы зыфIэфI цIыхути, нэхъапэIуэкIэ зыIэщIилъхьа Къатхъэным и Iыхьлыхэмрэ и ныбжьэгъу-жэрэгъухэмрэ иджы кIэ яритырт, «цIыхубэм я бий» цIэ дыджыр яфIищырти, Сыбыр игъакIуэрт, хабзи суди щымыIэу езым Iэ щIидзырти иригъэукIырт. Си адэр щIаукIынури троцкистхэм япыщIауэ ягъэувауэ арат. Шыпсэ дыхьэшхэнт ар, ауэ дыхьэшхыпIэ щыIэтэкъым – ди нэпсыр къыщIэжырт.

Талий зыщышынэн гуэри щымыIэж пэтрэ, зэпымычу зыгуэр къыкIэлъыплъу къыфIэщI нэхъей, сыт щыгъуи сакъ хуэдэт, и щIыбагъкIэ зэплъэкIыжу. Дыздэпсалъэм, зыри щымыт, зыми дызэхимыдых пэтрэ, абы ихъуреягъкIэ зиплъыхьщ, нэхъ щэху зищIри жиIащ:

– И пэжыпIэм сэр дыдэри сыщыгъуазэкъым, къысхуэзыIуэтэжами ухуейкъым, ауэ зыгуэр щыжаIэм зыгуэри щыщыIэщ. И къуэдзэм тхыгъэ гуэр къигъуэтри Берие иригъэлъэгъуащ жаIэ Къалмыкъым и закъуэ и Iэ щIэдзауэ цIыху 300-м щIигъу яукIыну, ягъэтIысыну и суд ящIауэ иту. ЯгъэщIагъуэу зэIэпахыурэ тепсэлъыхьат абы: дэ щыдгъэтIыскIэ пэжпцIыми зыгуэр якIэрыдолъхьэ, щыхьэт гуэрхэри тыдощIэ. Мыр а псом хэткъым. Дэ къыттекIуэжащ... – жаIэурэ. Пэж дыдэт икIи. Къалмыкъыр лIы укIынкIэ псоми ятекIуэжат.

И судыр укIкIэ ящIауэ си адэр хьэпсым мазитIкIэ исащ. Абы щыгъуэ, сэ си адэшхуэм сыбгъэдэсти, си нэгу щIэкIырт ефи-ешхи зимыIэж, жейр зыфIэкIуэда, илъэси 100-м нэблэгъа лIыжьым и фэм дэкIыр. Зи кIуэцIым игъыхьыж ТIэхьир гузэвэгъуэм кърigъэгупсысащ Iуэхум хэкIыпIэ хуэхъункIэ гугъэ езыгъэщIа Iэмал шынагъуэхэр. Си адэр щылэжьа, джэд завод цIэрыIуэхэр къыщызэIуиха лъэхъэнэхэм ди деж хьэщIэу къеблэгъат Кировыр, Калининыр, Орджоникидзе, Постышевыр, Косиор, нэгъуэщI цIыху цIэрыIуэхэри. Гузэвэгъуэм кърigъэгупсысри, си адэшхуэм мурад ищIащ Москва Калининым деж сигъэкIуэну. Ауэ ар гъуэгуанэ шынагъуэт. СыкъащIэмэ, мазэ зыплIытху и пэкIэ Къалмыкъыр, Кулик, Антоновыр зыхэт тройкэм и унафэкIэ яукIа си шынэхъыжь Ильяс сылъэщIагъэхьэжынут. Ауэ сэ къэгъазэ сиIэтэкъым. Жэщым Балъкъ сызэпрашри, Марьинскэ станицэм щыщ лIы гуэрым сригъусэу Москва сыкIуащ. Куйбышевым и щхьэгъусэр Калининым и канцеларым щылажьэрти, абы секIуалIэри, Iуэхур зытетыр хуэсIуэтащ. Абы Калининым сыIуигъэщIащ, езым схуитха тхылъыр естри ди гузэвэгъуэри жесIащ. Михаил Ивановичыр Iуэхум хигъэплъащ, и щхьэр зэригъэкIэрахъуэми къигъэлъагъуэрт сызытекIухьар езым дежкIи зэрышэкъэуэжыр. ИтIани ар ди шыгъупIастэ ишхам ебэкъуэфакъым икIи ди адэм и суд укIкIэ ящIар илъэс 20-кIэ зэрихъуэкIщ, сигу фIы къысхуищIри сыкъиутIыпщыжащ. Сыкъыщысыжам си адэр Сыбыр яшакIэт, ауэ, псэууэ къелати, ди унэ исыжу къытщыхъурт. Зи гур тIэкIу къиутIыпщыжа си адэшхуэр Алыхьым фIыщIэ хуищIу, Калининым ехъуэхъуу, Къалмыкъым кIуэцIыбгэу нэмэзлыкъым тест.

Си адэм и псэр къаIэщIэтхами, абы япэ ирагъэщауэ зи цIэ нетIэ къисIуа си шынэхъыжь Берсыр Ильяс илъэс 25-рэ фIэкIа ягъэпсэуакъым. Ар урысыбзэм хуэIэзэ, щIэныгъэм зи гур хузэIуха, акъыл жан зиIэ щIалэ зи фIыгъуэу Москва механизацэмрэ электрификацэмкIэ щыIэ институтым щеджэрт. Апхуэдэ адыгэ студент гупышхуэ щыIэт абы, еджапIэ зэмы-

лIэужьыгъуэхэм щIэсу. Ауэ ахэр зэрыщIэрт, зэкIэлъыкIуэрт. Зэгуэрым, Къалмыкъ БетIал Москва кIуауэ, Къэбэрдей студентхэр зэхуишэсри яхэпсэлъыхьащ. Модрейхэми, зыхуэныкъуэ гуэрхэр щыIэти, я гуныкъуэгъуэхэр къыжраIащ. НэгъуэщIым и псалъэ едаIуэу, цIыху гукъеуэр зэхищIыкIыу емыса мо лIы гурымыкъыр губжьащ икIи щэхуу ГПУ-м яжриIащ Москва щеджэ къэбэрдей щIалэхэр «зиновьевскэ-бухаринскэ бандэм» япыщIауэ, Совет властыр якъутэну я мураду... Ахэр Москва щагъэтIысащ, мазэ бжыгъэкIэ яIыгъри, кIэралъхьа пцIыр пэж щахуэмыщIым, Къэбэрдейм кърагъэшэжащ. ЩIэныгъэм гу хуэзыщIа, езым зэгуэр ныкъуэкъуэгъу къыхуэхъун къызыхэкIынкIэ зытешыныхь щIалэгъуалэр зыIэрыхьэжа Къалмыкъыр абыхэм ящысхьакъым. ИригъэукIахэм си къуэш Ильяси яхэхуащ...

– Сэри сагъэхуну къыщIэкIынт си адэмрэ си къуэшымрэ я лъэужьыр. Абы сыкъезыгъэлар, Алыхьым нэужькIэ, си адэшхуэм и губзыгъагъэрщ... – жиIэу къыщIидзэжащ Талий тIэкIу зэпигъэуа и хъыбарри, и сабиигъуэм щегъэжьауэ и Iуэху къызэрекIуэкIам, адэшхуэм и гъэсэныгъэ ткIийм къызэрыщIэтэджам, лIы ищIын папщIэ ар къызэрыщымысхьам, уеблэмэ и башри мызэ-мытIэу къызэрылъэIэсам топсэлъыхь... Сэ абы жиIэхэми семыдэIуэжу, нетIэ зи гугъу къысхуищIа Сыбыр илъэс 20-кIэ ягъэкIуа и адэмрэ игъуэ нэмысу хьэм хуэдэу яукIа и къуэшымрэ сакIэлъогупсысэж.

Сыту пIэрэ зы цIыхум езым хуэдэу псэуну хуит, лажьэ-шхэжу дунейм тетыну Алыхьым къигъэщIа адрей цIыхум апхуэдиз лей щIрихыфыр? Мэзым щIэт дыгъужь пэтрэ зым адрейр ишхыжыркъым. АтIэ, мы цIыхум и Iуэхур дауэ? Ара апхуэдиз акъылри зэфIэкIри къыщIыдитар – дызэрыукIыжыну? Апхуэдиз цIыху хей езыгъэукIа Къалмыкъ БетIал езыр щаукIыжым щыгъуэ сыту пIэрэт жиIэр? Дауи, леишхуэ къылъысу къыфIэщI хъунт, «Iей пщIауэ фIым ущымыгугъ», «Iейр гъуркъым», «Уи япэкIэ мывэ хъурей бгъажэмэ, ухуозэж» жыхуиIэ адыгэ псалъэжьхэр щыгъупщэжауэ. Щхьэ пуд цIыху гъащIэр апхуэдизу...

– Си адэшхуэр дуней къэлыдам губзыгъэу хэплъэри къилъагъуфащ сэ Къэбэрдейм сикIын зэрыхуейр, – къыпещэ адэкIэ Талий и псалъэхэм. – Джатэ къихакIэ властыр къэзыхьыжа шу пашэ Къатхъэн Назир езыгъэукIа, и ныбжьэгъуу зыдеджа си адэр Сыбыр зыгъэкIуа, гъащIэм япэ лъэбакъуэхэр щичыну хунэмыса си къуэш нэхъыжьми гущIэгъу хуэзымыщIа Къалмыкъ БетIал сэри къызэрысщымысхьынур си адэшхуэм фIы дыдэу къыгурыIуат. Арати, сызыхалъхуа революцэм ещхьу лъыр къыпыжу екIуэкIа си сабиигъуэмрэ ныкъуэеджэ-ныкъуэлажьэу къыстекъута си щIалэгъуэмрэ сэлам есхыжри, Ташкент кIуэ гъуэгум сытеуващ, си адэшхуэм къызита сомибгъум фIэкIа си жып имылъу.

Гъуэгуанэм и гъусэр гупсысэкъэ? Си щхьэм щызэблэмыкI щыIэкъым. КъэзгъэщIа мащIэм и кIыхьагъкIи и бгъуагъкIи сыкIуэцIроплъыж, лъэныкъуэкIэ сыкъыщытуи сыкъоплъ. Къысхуэлъагъуркъым лъэбакъуэ пхэнж счауэ, зыгуэрым лей есхауэ, и гъуэгу зэпызупщIауэ. Си адэшхуэр духьэшыти, сэри езым ещхьу сищIыну фIэфI хъури, къуажэ мыдрисэм сыщIигъэтIысхьат. КъурIэным, чытапхэм сыкъеджэфырт, хьэрыпыбзэм срипсэлъэф хъуат. Сытыт абы Iейуэ хэлъыр? ЩIэныгъэтэкъэ ари? КъурIэным и сурэхэм ящыщ куэд гукIэ зэрысщIэм щхьэкIэ Iэджи къызэхъуапсэрт. Ауэ а псори зэманыр зыхуэмейуэ къыщIэкIащ. Диныр, IэщIыб ящIам къыщамынэу, хьэрэму ягъэуващ, абы и лэжьакIуэхэр зэхэзехуэн ящIащ, лъэныкъуэ ирагъэзу щIадзащ. СыщIалэщIэрэ пэт, ар сэри дзы

схуащI хъуат. ЗэIущIэхэм си цIэ IейкIэ къыщаIэтырт, куэдым нэмыплъ къызатырт.

1937 илъэс угъурсызыр къэсыным и пэкIэ щыIа залымыгъэхэм: колхоз зэгуэгъэхьэным, «Бахъсэн событэ» зыфIащам, «Чэртым и бандэ» жыхуаIэм иращIэкIа къайгъэшхуэхэм яжь къысщIихуати, иджы къыкъуэу борэнышхуэм зыхезгъэубыдэмэ, си Iуэхум кIэ иIэт. Мы зыр сIэщIатхъыжмэ, лъэпкъыншэ дыдэ сохъу жери арат си адэшхуэри щIэгужьеяр.

Гугъуехьу сызыхуэзар къысхуэбжыжынкъым – ар кIыхьыIуэ хъунщ. Дауэ щымытами, махуэкIэ седжэу, жэщкIэ гъущI гъуэгум сыщылажьэурэ Ташкент пединститутыр къыщызухащ. Ардыдэм ирихьэлIэу зауэр къежьащ. Си нэр къикIыу зауэм сыкIуэнут, адрейхэм хуэдэу си хэкур фIыуэ зэрыслъагъур, сызэрыхуэпэжыр къэзгъэлъэгъуэну, ауэ дапщэрэ сыщIэлъэIуами, «цIыхубэм я бийм» и къуэ дамыгъэ Iейр стелъти, дзыхь къысхуащIакъым. Зауэ IэнатIэм самыгъэкIуами, дзэм сыхагъэхьэри, къыслъыс къалэн згъэзащIэу сыхэтащ. Абы и ужькIэ къыстеухьи щымыIэж хуэдэт, сышынэу сыкъыщIызэплъэкIыни си щIыбагъ дэлътэкъым, сэри нэхъ зыкъэзужьыжат. А псор зэхэслъхьэри, мурад быдэ сщIащ Сыбыр жыжьэм щыIэ си адэ тхьэмыщкIэм сыкIэлъыкIуэну. Семыжьэ щIыкIи сщIэрт ар зэрыгъуэгуанэ мытыншыр. ИтIани, сымыгъэунэхуамэ, ауи си фIэщ хъунтэкъым цIыхум и фэм апхуэдиз дэхуэну. Нижнэ Тагил Сыбыр тIуащIэм сынэса нэужь, гъуэмылэ хьэлъэр сIыгъыу километрищэм щIигъу лъэсу зэпысчащ. Ауэ си Iуэхум гурыфIыгъуэ гуэри хэмылъу къыщIэкIащ. Си адэр слъагъунущ жысIэу сыздэкIуа лагерым и унафэщIхэм я нэр къысхузэрагъэдзэкIащ: «Уи адэр «цIыхубэм я бийщ», ар уэдгъэлъагъу хъунукъым». Сыкъащтэу сыкъыщIэпхъуэжыну зэпысчатэкъым сэ а гъуэгуанэ гугъури, аргуэру икIи аргуэру тезгъэзащ, ауэ екIуэлIапIэ къысхуэгъуэтыртэкъым. Хуэсхьа гъуэмылэм хэщIырт, зэманыр кIуэрт, сэ сыпIейтейт. А псом гу лъитат япэ щIыкIэ дзыхьыщэ къысхуэзымыщIу къыскIэлъыплъурэ иужькIэ гунэс сызыщыхъужа си фэтэр лIыжьым. Километр 15 и кIыхьагъырэ метрибл и лъагагъыу къэхухьа, электроток зыхэт гъущI кIапсэ банэ зыщхьэщытыж, метр 50 къэс зы хуэзэу пулемет къызэгъэувэкIа, а псом ищIыIужкIэ хьэ гъэсакIэ яхъумэ лагерыр зэрыекIуэлIапIэншэр си фIэщ зыщIа лIыжьым езэгъырабгъу хъуну Iэмалхэм щыгъуазэ сищIащ. Абы къызэрызжиIам тету, фадэрэ дэшхынрэ куэду къасщтэри, тутнакъхэр махуэкIэ щагъэлажьэ мэзыжьым сыкIуащ. Выми хузэфIэкIынтэкъым а цIыху тхьэмыщкIэхэм я фэм дахыр. IэпцIэлъапцIэрэ ныбэ нэщIу кIуэрт абыхэм я гъащIэр. Удэплъеямэ, уи пыIэр пщхьэрыхуу лъагэ уэздыгъей абрагъуэхэр джыдэрэ пхъэхкIэ ягъэауэрт, яухъуэнщIырти дамэкIэ гъуэгуншэ мэз шэдым пхрахырт. Здахьми нэр нэплъысыртэкъым. Я шэджагъуашхэри ахэр зэрахъумэ хьэхэм зэрамыпэсын хъудырыпсрэ щIакхъуэ фIыцIэ Iыхьэрэт. Сэ абыхэм сакIэлъыплъырт зыфIэзмыгъэIуэхуу, зыгуэрхэр мэзым къыщысщып зысщIауэ. Си адэ сызылъыхъуэр къысхуэлъагъуртэкъым. ИтIанэ хъумакIуэхэм гъунэгъу захуэсщIри сышхэу сытIысащ. Абыхэм ящыщу тIу къызбгъэдыхьащ я фочыр гъэпсауэ. Си псэм сыхуеижмэ, икIэщIыпIэкIэ си щхьэр къыIусхын хуейуэ къыспаубыдами, сышынэу сыкъыщIэпхъуакъым. Сэри езыхэм хуэдэу сызэрыцIыхур яжесIэри, си ерыскъым емылъэпауэу къыздэшхэну, зы бжьи къыздефэну къыщезгъэблагъэм, арэзы хъури, я гъусэ ещанэри кърадж ащ. ЛIыжьым къызита чэнджэщыр Iуэхум къыщезэгъым, апхуэдэу махуищкIэ сызэкIэлъыкIуащ, мохэр езгъафэ-езгъашхэ мыхъумэ, зыри яжезмыIэу. ЕплIанэ махуэм езыхэр си япэ къэдзыхэри си мурад сызытекIухьымкIэ къызэупщIащ. Сэри и чэзу зэрыхъуар слъагъу-

ри, ди бзи зэрыщIати, си адэм сыкъызэрыкIэлъыкIуар яжесIащ. Зэфари теужа жыпIэну, си Iуэхум зеригъэплъыжащ ахэр. КъызэрыщIэкIымкIэ, си адэр сымаджэу лагерым дэст, мэзым щылажьэхэм щIахэзмыгъуатэри арат. Мыбдеж абы сыщыхуагъэзэну хъумакIуэхэм я дежкIэ нэхъ тыншу къыщIэкIынт, ауэ лагерым дауэ узэрыдыхьэнур? Сыту хъуми, зыкъомрэ зэрыхэгъэплъахэ нэужь, си адэм къыхуэсхьа гъуэмылэхэр сIыгъыу пщэдей а щIыпIэм сыкъекIуэлIэну къызжаIащ.

СыздэкIуэжам, жэщым сызэгупсысын сиIэт. Си адэр лагерым къыдашыну ара? ЯлъэкIыну? Е си гъуэмылэр сIэщIагъэкIыу сыкърахужьэжыну? Ари яхуэзгъэфащэртэкъым. «Мы уи Iуэхур псэзэпылъхьэпIэщ» къызэрызжаIами къисхыну псори сщIэртэкъым. Ауэ сэ къэгъазэ сиIэтэкъым. Си Iуэхур «лIэным зыгъэлIэн ешх» жыхуаIэм зэрыхуэдэри къызгурыIуэжырт. КъыкIэлъыкIуэ махуэм сыкIуащ хъумакIуэхэм я деж. Мэзым щIэт тутнакъхэм я щыгъыным хуэдэ къысхуагъэхьэзырат 219-нэ номер тету, си унэцIэу къысфIащар Интеграловти, сщымыгъупщэжыну си тхьэкIумэр къысхуаIуэнтIащ, къытезгъэзэжурэ зыбгъупщIрэ жызагъэIащ. Хуабжьу сымысакъмэ, къемызэгъыу зы лъэбакъуэ лей счымэ, сызэрытекIуэдэнур, сазэрыщымыщыр тутнакъхэм къащIэмэ, бзэгузехьэ е нэгъуэщI зыхуэмей гуэру сабжу езыхэм сызэраукIынур къызгурагъэIуащ. А псоми сыкъелми, сэ езыхэр зыгуэркIэ сIуатэ хъужыкъуэмэ, абыи си ажалыр зэрыхэлъыр быдэу икIи ехьэкI хэмылъу къызжаIащ.

Арати, мэзым щылажьэ тутнакъхэм ящыщ сыхъуащ. А щIыкIэм тету, тхьэмахуэ зэхуакукIэ сахэтащ абыхэм. Махуэм дылажьэрт, пщыхьэщхьэм лагерым дыдахуэжырти дабжырт, дыкъапщытэрти баракым дыщIахуэжырт. Сэ сщIэртэкъым къызата номерымрэ унэцIэмрэ зейр. Ар лIауэ е яутIыпщыжа гуэру хуэзгъэфащэрт. Зэгуэрым, тутнакъхэм ящыщ лIы иныжь гуэр хуабжьу къысIурыплъыхьри: «Уэ сэ сыкъэпцIыхурэ?» – жери къызэупщIащ. «Хьэуэ», – щыжысIэм, «АтIэ сэ уэ усцIыхурэ?» – жери и нэщхъыр зэхиукIащ. Абдеж си гугъащ си Iуэхум кIэ игъуэтауэ. Блэм пэщIэхуа тхьэкIумэкIыхь шырым хуэдэу сыкъэнауэ сыздэщытым: «Апхуэдэу щрет атIэ», – жиIэри збгъэдэкIыжащ. Ар етIуанэ махуэрати, насып сиIэти, си адэр къэзгъуэтри нэхъ сытесабыращ. Си Iуэхур шынагъуэжтэкъым – си адэм сыкъызэрыкIэлъыкIуар, нэгъуэщI зэрызезмыхуэр къащIэкIэ, тутнакъхэм зыри жаIэнутэкъым.

Си гъащIэр сыухыху сщыгъупщэнкъым си адэмрэ сэрэ дыщызэхуэза, дыщызэIуплъа а дакъикъэр. Ди жьэр щIэуэ фIэкIа, зыри зэжедмыIэжыфу тIури дыгъырт. ИтIанэ си адэр къэпсэлъащ:

– Мис иджыщ дыщыунэхъупа мыгъуэр.

– Сыт дыщIэунэхъуар? – соупщI абы жиIэр къызгурымыIуэу, сэ мыбы сыщаубыдыну къыфIэщIауэ иригузавэу къэслъытауэ.

– Уэ зырт ди лъапсэм къинари, иджы нэщI хъупащ, – щыжиIэм, къэсщIащ абы сэри сагъэтIысу мы лагерым сыкъашауэ къызэрыфIэщIар.

– Сэ лъагъунлъагъу сыкъэкIуауэ аращ, сагъэтIысакъым, – жысIэу Iуэхур зытетыр гурызгъэIуа нэужь, ар сабийм хуэдэу гуфIэрт. И адэм илъагъуу къызэдэхащIэу зи мыхабзэ, къысхуэткIийуэ щыта си адэр ару къысхуэщIэжыртэкъым. ЗыкъысщигъэнщIыртэкъым, къыстелъэщIыхьырт, къызэдэхащIэрт. Къызэубзэрабзэрт. Сэ, дауи, сщIэрт абы псэкIэ сыкъызэрилъагъур. Ауэ, итIани, си фIэщ хъунтэкъым адэмрэ къуэмрэ яку апхуэдиз лъагъуныгъэ дэлъу.

Езымрэ сэрэ дызэрылъагъужыну Тхьэм къытхуиухауэ къыщIэкIа а жэщиплIым дэ жытIамрэ дигу къэдгъэкIыжамрэ тхылъ псо хъунщ. Ар

псэууэ абы къыщимыкIынуми, Алыхьым и шыкурт жызоIэ и бампIэр къызэрысхуиIуэтар. Си адэм къыгурыIуэрт зэманыр зэрыбзаджэри, къэралым щыуагъэшхуэ зэрыщыIэри, ауэ псалъэмакъ псори зэкIуэлIэжу хуэмыухыр езыр апхуэдизу пэжу зыбгъэдэта, хьэлэлу зыхуэлэжьа, и благъэ Къалмыкъ БетIал кърищIэжарт... ЖэщиплIкIэ сыбгъэдэсщ си адэми, сыкъежьэжащ, лажьэ кIэрымылъу зэрагъэкъуэншар зэрыт тхылъымпIэр СССР-м и Суд нэхъыщхьэмрэ Сталинымрэ я цIэкIэ тхауэ къызитри.

Мэзауэ яхухэм сахэту сыкъыдэкIщ лагерми, зыщыстIэщIа дыдэм деж зыщысхуэпэжащ. «Пэжым ухуеймэ, дыпщыгугъыжакъым...» – жаIэу си Iуэхур зыгъэщIагъуэ хъумакIуэхэм сэлам есхыжри, Ташкент сыкIуэжыгъащ. Къытралъхьа илъэс 20-м щыщу 14-м щысауэ, си адэ Берсыр Джылахъстэн а лагерым илIыхьащ 1950 гъэм.

Хэку зауэшхуэм и ужькIэ нэхъ нэрылъагъу хъуат «цIыхубэм я бийри», къэралым епцIыжари. Сэ сыщIэшынэнрэ си щхьэр щIесхьэхынрэ щымыIэу Къэбэрдейм къэзгъэзэжри, цIыхум щIэныгъэ етыным си гъащIэ псом сыхуэлэжьащ. Абы узытепсэлъыхьынышхуи хэлъ хъункъым, къысхуагъэфащэр сщIэуэ дыкъекIуэкIащ...

Къыхуагъэфащэр илэжьу къекIуэкIар пэжщ Талий. Ауэ къыжыIэн хуейщ илэжьари зэрымымащIэр. Ар щытащ школым и завучу, директору, ЦIыхубэм щIэныгъэ етынымкIэ министерствэм и инспектору. Пединституту щыщытам къыщыщIидзэри, ар ди университетым илъэс 37-кIэ щылэжьащ: лаборанту, ассистенту, егъэджакIуэ нэхъыжьу, доценту, физико-математическэ факультетым и деканым и къуэдзэу, итIанэ и декану. Берсыр Талий Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэу щытащ, научнэ лэжьыгъэу 15 иIащ.

Дэнэ щымылэжьами, сыт имыщIами, Талий и гъащIэм щынэхъыщхьэри, нэхъыбэу зи гугъу ищIри апхуэдиз илъэс щигъэкIуа ди университетырт. Абы теухуауэ укъуэдияуэ дыздэуэршэрым, тIэкIу зэпыуа ди псалъэмакъым щIэдзапIэ хуищIыжри, Талий къызэщIэпхъуэтауэ къызэупщIащ.

– Бэрбэч ХьэтIутIэ мыгъуэр пцIыхуу щытакъэ уэ, Мухьэмэд?

– Ди университетым и япэ ректорыр зымыцIыху щыIэт сытми.

– Сэ сыдэлэжьащ-тIэ абы. ФIыуи сыкъилъэгъуащ. Аракъым щIыжысIэр, ауэ апхуэдэлI адыгэм куэд диIакъым.

– Абы сэри сыщыгъуазэщ, Талий.

– Дыздэлажьэм, махуэ гуэрым псэлъэгъу схуэхъуат ар. Зыгуэр щхьэкIэ зэгуэпати, ди псалъэмакъым теужыпIэ къыщилъыхъуэ хуэдэт. Унэм кIуэжынуи пIащIэртэкъыми, машинэ хуэмейуэ лъэсу дыкъызэдежьэжащ. Ди псалъэр дымыухыу зэбгъэдэкIыжыпIэм дыщынэсым, «неблагъэ» жысIащ. Жэуап къызимыту ней-нейуэ къызэплъащ. ФэрыщIагъ хэмылъу, нэхъ текъузауэ щыжесIэм: «Уэлэхьи, сынеблэгъэнмэ, ауэ хьэщIэр хьэзыр щхьэкIэ, бысымыр мыхьэзырмэ-щэ», – жи. «Бысымри хьэзырынщ», – нэхъ пызмыдзыжу и Iэблэр субыдри ди пщIантIэм дэсшащ. А жэщыр си гъащIэ псом къыхэлыдыкI къысфIощI. Сыт къэнат ар зытемыпсэлъыхьа? Сыту псэ къулей зиIэ цIыхут. Езыр адыгэпсэ нэсу. Иджы псори жыпIэ хъу щхьэкIэ, абы щыгъуэ уи жьэр пхэнжу зэтепхыныр шынагъуэт. Псом хуэмыдэу сэ псалъэ лейм сыщышынэрт. «Блэ зэуар аркъэным щощтэ», жаIэркъэ. Ауэ ХьэтIутIэ ехьэкI имыIэу тепсэлъыхьырт ди лъэпкъым къылъыса лейми, нобэми абы хуэфащэ гулъытэ зэримыгъуэтми, университетыр къыщызэIуахынум щыгъуэ партым и обкомым и япэ секретару щыта Бабич имыдэу къеныкъуэкъуу зэрыщытами, иджыпсту а университетым адыгэрэ балъкъэррэ нэхъыбэу щIывогъэтIысхьэ жаIэу псалъэмакъ къы-

зэрыращIэкIми, езы адыгэ дыдэхэм зи псалъэр дыкъуакъуэ, небэ-къебэ Iэджэ зэрахэтми...

Си унэ къеблэгъэну си мыгъунэгъуами, сэри Бэрбэчым зыкъом хэсцIыхукIырт, Талий къиIуэтэж гуэрхэми щыхьэт сытехъуэфынут. Нэхъ сфIэгъэщIэгъуэн хъуар «Уи Iуэхум къезэгъмэ, ныжэбэ уи деж сыкъэнэнурэ сыщыIэнут» жиIэу ар Талийхэ нэху къызэрыщекIыгъарт. Талий къызжиIэфакъым, сэри къысхуэщIакъым абы и щхьэусыгъуэр, тIэурэ-щэрэ дызэупщIыжа пэтми. Щхьэусыгъуэ лей гуэри иIауэ къыщIэкIынкъым абы къэплъыхъуэн хуэдэуи. И псэ бэмпIар тынша, и гу бэгар тIыса хъунт жызоIэ.

– Жыжьэу къаплъэм матхъэ, ректорщи, и уэлиигъуэщ, къыхужаIэми, Бэрбэчым гъащIэ тынш иIакъым, – и псалъэм пещэ Талий. – Сэ фIыуэ сцIыху си гугъа лIым апхуэдиз щэху ихъумэу, нэхъыбэжу бампIэ кIуэцIылъу си пщIыхьэпIи къэкIынтэкъым. Къэралым ректору щыIэм хагъэфIыкI жыхуаIэм хуэдэу цIыху гурыхьу икIи губзыгъэу, щIэныгъэшхуэ бгъэдэлъу, и зэфIэкIыр ину, лIы хахуэу щытащ ар. КъыщIигъэщIари, щIэпсэури апхуэдэу щытын хуейуэ ара хуэдэт. И ныбжькIэ илъэс щэ ныкъуи мыхъуауэ апхуэдэ цIыхушхуэ адыгэ лъэпкъ цIыкIум фIэкIуэдыныр гуауэшхуэт. А и кIуэдыкIами шэч гуэрхэр сегъэщI, щхьэтечу тежысIыхьын симыIэми.

Си нэр къихуу сэ Талий сыщеплъым, сэ жысIэнуIами сынимыгъэсу, езыр къэпсэлъащ:

– А лIы Iущым щэху куэд здихьащ, Мухьэмэд, нэхъыбэжи къытринащ уэри сэри дигу къэмыкIыну.

Талий къыщоплъкIэ моуэ къыпкIуэцIрыплъ хуэдэу щIыщытыр арагъэнт – уи гум илъым къеджэфым хуэдэу куэд къыпкIэрилъагъуэрт ар псэлъэгъу пхуэхъуа нэужь. Езыр зэрыцIыху Iущым и закъуэ хъунтэкъым ар къызыхэкIыр. Нэ куэд къыкIэлъызеплъэу, кIэрымылъ кIэралъэгъуэну къалъыхъуэу зи гъащIэр зрагъэхьа цIыхур езыри, егъэлеиIуауэ пIэрэ жыпIэну, набдзэгубдзаплъэ хъуагъэнт. ЯфIэпсэуахэм ящыщт Берсыр Талий икIи ар зылъэмыкIахэр иIэти, ахэр игъейуэ и гъащIэр ихьащ.

Абы щытепсэлъыхьым Талий мыпхуэдэу жиIащ:

– Пэжщ, къуаншагъэ ябгъэдэмылъу къалъытэри, ягъэзэхуэжащ си адэмрэ си къуэш нэхъыжь Ильясрэ. Ауэ абыхэм дунейм темыт я кхъащхьэхэм къикIыкIа банэ нэрымылъагъум фэеплъ гуэри хагъэуваи щыIэкъым. И кIэм нэс узэхуэнумэ, хуей хъунт апхуэдэ гуэр. НэгъуэщI мыхъуми, Ильяс и гъусэу Москва щеджа щIалэгъуалэ гупышхуэ къашэжу зэтраукIам задейуэ зы фэеплъ тIэкIу, ахэр зыIэщIэкIуэда Къалмыкъ БетIал и сурэт абрагъуэм хуэмыдизми.

Куэдым тепсэлъыхьырт Талий, ауэ Къатхъэн Назир и къуэ Мухьэмэд и гугъу щищIкIэ, ар нэгъуэщI гуэр хъум хуэдэт. Ар абы и псэм апхуэдизкIэ и гъунэгъути, хуигъэфэщэн псалъэхэр а-адэ и гу лъащIэм къыщилъыхъуэрэ игъафIэу къыжьэдэкI хуэдэт. Мухьэмэдрэ езымрэ зэдэлъхузэшыпхъум я бынт. Ауэ, къызэрысфIэщIымкIэ, Талий япэ иригъэщыр благъагъэртэкъым, атIэ ныбжьэгъугъэрт, яку дэлъ гуапагъэрт, псэ зэгъунэгъугъэрт, я натIэм илъри зэрызэщхьырт.

Талий, и анэм и дэлъху лIы цIэрыIуэ Къатхъэн Назирхэ я гугъу щищIыжкIэ, куэд зыщымыгъуазэ гъэщIэгъуэн Iэджэ жиIэрт. Пэжу, Назир ягъэтIысу щаукIам щыгъуэ илъэс пщыкIуз-пщыкIутIым ит щIалэ цIыкIуу щыта Талий абы и Iуэхум хилъагъукIаишхуэ щыIэтэкъым. Ауэ фIыуэ щыгъуазэт цIыхубэм я насыпым шыщхьэмыгъазэу зэрыщIэзэуар зыщагъэгъупщэу, «цIыхубэм я бий» цIэ шынагъуэр зыфIащу лъэныкъуэ

иpaгъэза цIыxy цIэpыIyэм къыщIэнa бынунaгъyэм тeлъa бэлыxьым, ap къызэpeлaм. Hазиp и щxьэгъyсэp Нapтaн щыщт, ДыщэкIxэ япxъyт. И лIыp яукIa нэyжь, бaлигъ мыxъya бынищ иIэy, Mocквa къыдэнayэ щытaщ. ЯгъэкIyэдaм и лъэyжьыp aбы къыщIэнaxэми щpaгъэxy a зэмaн бзaджэм нэ жaнкIэ xэплъэфaщ ДыщэкIxэ я пxъyp. Aдэншэy къэнa си бынищыp нэxъ щыcxyэпIыжынщ жиIэy ap щaлъxya Къэбэpдeйм къэкIyэжaкъым, и бынымкIи eзымкIи ap xьэшxыпIэ зэpыxъyнyp къыгypыIyэpи. КъэкIyэжын дэнэ къэнa, къэзылъыxъyэнy пaмэxэми ямыгъyэтын xyэдэy, лъэныкъyэ зpигъэзpи, зыми пыщIэныгъэ гyэpи къaxyиIaкъым. Hэxъ cфIэгъэщIэгъyэныж xъyapaщи, я Iyэxyp къыдaxыжy я лъэp yвыжa, зытeгyжьeикIa и бынxэpи цIыxy цIэpыIyэ xъya нэyжьи, ДыщэкIxэ я пxъyp Къэбэpдeйм къиxьэжaкъым. Зи xэкyм xyэзэya, xyэпcэya и щxьэгъycэp зыIэщIэкIyэдayэ къилъытэ къpy пaшэм и фэ зэpы-Къэбэpдeйyэ къpиплъy щытaгъэнщ дyнeй жыxьэнмэм и кIыxьaгъкIи и бгъyaгъкIи кIyэцIpыкIын xyeй xъya aдыгэ фызым. Ap щылIapи щыщIaлъxьэжapи Mocквaщ.

ЗыщимыгъэнщIy, игъaфIэy Taлий кIыxьy зытeпcэлъыxь Къaтxъэн Myxьэмэд eзы дыдэp cи yнaгъyэ къиxьэy cи xьэщIэгъaщ 1988 гъэм янвapым и 17-м. Ap Haлшык къэкIyэжayэ ди aдыгэ тeaтpым дыщызэpиxьэлIaщ. «ЩIaкIyэ кIaпэ» жыxyиIэ cи пьecэм тeaтpым къытpищIыкIa cпeктaклым xэтт Къaтxъэн Haзиp и плъыфэ гyэpи, aбы eплъa нэyжь, къызбгъэдыxьэpи IэплIэ къыcxyищIaщ, гyaпэy къызэxъyэxъyaщ икIи «КIэщIми, пэжy cи aдэp cи нэгy къыщIэбгъэxьэжaщ...», – жиIэpи фIыщIэ къыcxyищIaщ. A пщыxьэщxьэм дыщызэпcaлъэм, cэ Myxьэмэд жecIaт ди yнaгъyэ ниxьэy ди epыcкъы ишxыны, нэxъ гъyнэгъyy дызэpыцIыxyны cызэpигyaпэp. Дayи, Лeнингpaд щыпcэy, гeнepaл-мaйop, пpoфeccop, Уpыceйм щIэныгъэмpэ тexникэмкIэ щIыxь зиIэ и лэжьaкIyэ Къaтxъэн Myxьэмэд xyэдэ xьэщIэ лъaпIэ къыпxyeблэгъэныp щIыxьышxyэт. Ayэ ap aбы гyaпэ къыщыxъyy къищтaщ икIи мaxyэ зытIyщ нэxъ дэмыкIыy нытxyeблaгъэpи, гъэщIэгъyэн Iэджэм тeпcэлъыxьыжy ди xьэщIaщ. Aбы къыжьэдэкI пcopи кyпщIaфIэт. Cыxyeйт и aдэ цIэpыIyэм лeй зэpыpaxaм, къэнa yнaгъyэм тeлъa гyгъyexьxэм тeyxya xъыбap ceдэIyэнy. Ayэ Myxьэмэд aбы ямылeйyи и гyгъy ищIaкъым, ap зэмaным къиxьa гyзэвэгъyэщ жиIa къyдeй мыxъyмэ, тxьэycыxaфэ пcaлъэ гyэp e гyкъaнэ къыжьэдэкIaкъым. ГyшыIэ xyэдэypэ тeпcэлъыxьaщ фIыyэ илъaгъy и aдэм къыфIищa и цIэ Myxьэмэдыp зыкъompэ лъэпoщxьэпo къызэpыxyэxъyaм. Зыxэтым xэмыгъyaщэ ищIыpт мycлъымэныцIэм. ЗэpиxъyэкIыны чэнджэщ къpaтыpт, yeблэмэ къытpaкъyзэpт. Ayэ яxyидaкъым, нэгъyэщIкIэ къeджэкIи eплъэкIaкъым.

Myxьэмэд ди yнaгъyэм фэeплъ дaxи къpинaщ. Hoби coxъyмэ eзым и Iэ тpидзэy и aдэ цIэpыIyэ Къaтxъэн Haзиp и cypэт дaxэ къызитap. Aпxyэдэy Кyлиeв Къaйcын къыxyитxa пиcьмo гyaпэм тpaxa экзeмпляpыp, eзым и гъaщIэ гъyэгyaнэp къыщигъэлъэгъyэжa тxыгъэ кyпщIaфIэp, щыпcэy Лeнингpaд къыщыдэкI гaзeтым тpaдзa и тxыгъэp.

Бepcыp Taлийpэ Къaтxъэн Myxьэмэдpэ якy дэлъa лъaгъyныгъэшxyэм и дaмыгъэ кyэд щыIэщ, ayэ пcoм я нэxъыщxьэy щытщ Taлий и къyэ зaкъyэм цIэyэ Myxьэмэд зэpыфIищap. ИтIaнэ, гъaщIэм лъэныкъyэ кyэдкIэ зэpидзa, къaкIya гъyэгyaнэp IэджэкIэ зэщxь Taлийpэ Myxьэмэдpэ я дyнeй exыжыкIapи гъэщIэгъyэнy зы плъыфэ xъyaщ. Я ныбжькIэ лIыжь яxyжыпIэ xъyнy пэтми, зы мaxyэ гy зэщaxyaтэкъым a тIyм. 1994 гъэм гъэмaxyэм иyжьpeйyэ Haлшык щызэpылъaгъyжpи, Myxьэмэд Лeнингpaд кIyэжaщ. Maxyэ бжыгъэ фIэкI дэмыкIыy икIи мыcымэджayэ ap зэшэзэпIэy лIaщ. Taлий aбы щыгъyэ пcэyт, ayэ a гyayэшxyэм и xъыбap зэxиxaкъым – yкъи-

мыщIэу, сымаджэ хьэлъэу и псэ еджэу телът. Махуэ зыщыплI нэхъыби псэужакъым.

Мыпсэужхэм я фэеплъым и гугъу щищIым, Талий жиIам сэри мыпхуэдэу щIызгъужынт: Къатхъэн Назир и къуэ Мухьэмэд хуэдэу генералу икIи профессору Къэбэрдейм куэд диIэкъым. Зы ягъи кIынтэкъым, ар абы къыщилэжьакIэ, и цIэр ди зы уэрам е школ гуэр фIащамэ. Сэ нэгъуэщIым я унафэ сщIыркъым икIи ар къыслъысыркъым, ауэ мыпхуэдэу хъуамэ захуагъэ хэлът: Къатхъэн Мухьэмэд и къуажэр, и адэ Назир зыщыщыр Псыхъурейщ, ауэ езы Мухьэмэд къыщалъхуар Нартанщ. Апхуэдэу итщ абы тыгъэ къысхуищIауэ схъумэ тхыгъэм. Ар граждан зауэм и кIэ 1922 гъэрти, Назир мафIэм хэтт, бын ещанэм пэплъэ и щхьэгъусэ уэндэгъур и дыщым щыIэт. Аращ Мухьэмэд дунейм къыщытехьар щIэ-Нартаныр. Апхуэдэу щыщыткIэ, абы Нартан пщIэ гуэр щигъуэтыныр захуагъэт.

Берсырхэ я хъыбар гуузым зы теплъэгъуэ игъуэтауэ, Талий къиIуэтэжахэми гупсэхуу дыщIэдэIуауэ сыздэщысым, си гупсысэм Iэджэм къыщажыхь. ЯфIэпсэуахэри зыфIэпсэуахэри щыIэжкъым. ЯфIэпсэуну зылъэмыкIахэри ялъэзымыгъэкIахэри псэужкъым. Ар мы зы хъыбарым ехьэлIауэ къэтIуэта щхьэкIэ, апхуэдэ дапщэ щыIэ иджыри ямыIуэтауэ, уеблэмэ ящыгъупщэжауэ. Хьэзаб гъэвыныр ару пIэрэ-тIэ цIыхур къызыхуигъэщIар? Ар и гъунэжми, ара къудейкъым. Мисри, догуфIэри, дофэ-дошхэри, демышу дыуб дунейм зыщыдгъэнщIыркъыми. Ари сыту фIыт.

Гуауэ куэд ялъэгъуащ цIыхум. Нобэми дигъатхъэркъым. Пщэдейми къытхуиухар хэт зыщIэр? АбыкIэ укъызэмыупщI. Сэри си дамэр дызошей. «Тхьэм пщимыгъэгъупщэ», жызыIа адыгэм а псалъитI къудейм цIыху

БРАТ Хьэбас

# Жэнэтбзу

*Си классэгъуу щыта, игъуэ нэмысу дунейм ехыжа Уэз Зое и фэеплъу*

1.



ГъатхэпэтI. Дунейм и щIэрэщIэгъуэ, дахэгъуэ зэмант. Пщэдджыжь дыгъэм и бзийхэмкIэ уэсэпсыр зытрибзеикIа удзыщIэ цIыкIухэм заудыгъуауэ жыгыщхьэрыс къуалэбзухэм я макъамэ зэхуэмыдэхэм щIэдэIу хуэ-дэт. Зэмыфэгъуу къэгъэгъа жыгхэм еуэ-еуэкIэ фо щызэхуахьэст бжьэ лэжьакIуэ цIыкIухэм. Мыжыжьэу щыIущащэт Инжыдж емышыжыр. А пщэдджыжь телъыджэм гукъыдэж къызитауэ сэ жыг хадэм Iуэху щысщIэрт. Апхуэдэ дакъикъэхэм нэхъ зыхэсщIэт гъащIэм и IэфIагъыр, гупщысэ дахэ куэдым си акъылыр хуэжэт. Дунейм зы гуауи къыщымыхъуам хуэдэу нэхут икIи къабзэт.

ЩIэгъэнауэ сыздэлажьэм, гъунэгъу дыдэу къыщыт жыгым и щхьэкIэм щыбзэрабзэ бзум и макъ къызэхэсхащ. «Мыр сыт макъ жыгъыру? Сыт

хуэдэ бзууэ пIэрэ?» – сигу къокIри, жыгым сыдоплъей. Жэнэтбзу къуэлэн дахэ цIыкIут ар. Сызэреплъыр фIэгъэщIэгъуэн хъуа нэхъ умыщIэу, езым и бзэкIэ зэпигъэумэ, кърigъэжьэжурэ, макъамэ дахэкIэ бзэрабзэт. «ЛIы дэмыкIуа хъыджэбзыр лIэмэ, и псэр жэнэтбзу хъууэ лъэтэжу жаIэ, Мэрдас. Сэри жэнэтбзууэ уи деж сыкъэлъатэурэ услъагъунщ», – сигу къэкIащ асыхьэту. Залинэт ар къызжезыIауэ щытар. Сэ къысфIэщIащ дакъикъэ ипэкIэ телъыджэу щыта дунейр къыстеункIыфIауэ. Си нэм нэпсыр пшагъуэ уэсэпсу тетти, зыри слъагъужтэкъым. Бзу цIыкIум и бзэрабзэ макъ закъуэрат къэнэжар. Абы сигу къигъэкIыжат си щIалэгъуэ жыжьэр, IэфIу, гуакIуэу иублэу, дыджу, гущIыхьэу иухыжа си япэрей лъагъуныгъэр.

2.

Сыбыр дыкъикIыжри гъэмахуэкIэ мазэу дыкъыдыхьэжат илъэситI нэхъ си мыныбжьу сызыдашауэ щыта ди къуажэм. Хэкум дыщрагъэкIам ди уни мылъкуи ттрахати, дыекIуэлIапIэншэт. Зи лIыр зауэм хэкIуэда фызабэ гуэр нэгъуэщIылI дэкIуэжауэ, и унэр нэщIу щытти, си анэр щелъэIум, игу къытщIэгъуа, сытми, дыщIигъэхьащ. Унэ жысIэ щхьэкIэ, пэш закъуэт зэрыхъур: кIэлындор цIыкIу я кум дэту, пэшитIу зэхэтт, зэкъуэшитIыр щызэхэкIым  зэпатхъри зырызу ягуэшауэ. Бжэр зэрыIупхыу щIыбым укъыщыхутэти, мурад сщIащ сэман дгъэжу зы пэш цIыкIу къыпытщIыхьыну.

– А си ТIатIу, мыр дэ ди унэ-тIэ, пэш пытщIыхьыну? Алыхьым ещIэ, ягу къыдэбгъэу дыщыщIагъэкIыжынур, – жиIащ си анэм, сщIа мурадыр щесIуэтылIэм.

– ДыщIэсыхуи тыншу дыщIэсынщ. Динэ (си шыпхъурат жыхуэсIэр) хъыджэбз хъуащ, сэри сысабиижкъым, апхуэдэу щыщыткIэ, пэшитI диIэмэ нэхъыфIщ, – щыжысIэм си анэр еувэлIащ.

Семэн гъэжыпIэр псыхъуэрати, си белыр сщтэти жьыуэ сыдыхьэрт. Си анэмрэ Динэрэ унагъуэ Iуэхухэр зэфIагъэкIыхукIэ, сэ ятIагъуэр къэстIт, псы щIэзгъэлъадэт, хьэуазэ хэзудэти сыутэт. А Iуэхухэр згъэзащIэу сыхэту пщэдджыжь къэс псыхьэ накIуэу сыкъилъагъут хъыджэбз псыгъуэ цIыкIу гуэрым. Ар сэ къысхуэзанщIэ зэрыхъуу, и щхьэр кърigъэзэкIти, къызэплъурэ кIуэт. АпщIондэху, игу къысщIэгъуу къызэплъ къысфIэщIти сызэгуэпт.

– Ей, дахэ цIыкIу, сэ укъызэплъурэ улъэпэрэпэнщи уджэлэнщ,  – жысIэри сызэгуэпауэ зэ сегуоуащ, арщхьэкIэ, зыри жимыIэу, и щхьэ цIыкIур иIэтри, зигъэпагэу ежьэжащ. «Бзагуэу пIэрэ?» – сигу къэкIащ. Ауэ сыгъуэщат.

– Сыт апхуэдиз семэным ефщIэнур? – жиIэри махуэ гуэрым ар къызэупщIащ, гъунэгъуу къызбгъэдыхьэри.

– Унэ тщIынущ, – кIэщIу жэуап изот.

– СлIо, унэ фиIэкъэ? Ди къуажэ фыщыщу къыщIэкIынкъым, услъагъуу щытакъым, – жеIэ занщIэу си нэгу къиплъэурэ. Абы къыстригъэна и нитIым нуру къащIихым дунейр нэхуу, телъыджэу къысфIигъэщIащ. И нэкIу хъурей шхэплъхэм, и пэ занщIэ цIыкIум, набдзэ фIыцIабзэхэм, Iупэплъхэм къаIуатэт хъыджэбз къабзагъэм удэзыхьэхыу хэлъ дахагъэ псори. Зызумысыжынщи, ар зэуэ си гум хэпщIауэ къысщыхъуащ. ГъащIэм къыщыхъукъэ, зэ Iуплъэгъуэ закъуэм цIыхур уигу ирихьу уи нэгум щIэту къанэу, сэри арат къысщыщIар.

Пщащэр зэрызэпэсплъыхьым гу лъитагъэнти, укIытэри и щхьэр иригъэзыхащ. Сэри къызэрызэупщIам и жэуап естащ.

– Уни диIэкъым, мы къуажэм дыщыщщ, ауэ куэд щIакъым дыкъызэрыдэтIысхьэжрэ. СлIо, а псоми ущIыщIэупщIэр?

– Дэ унитI диIэщи, зыр нэщIщ. Фыхуеймэ, мамэ жесIэнщи фыщIезгъэгъэтIысхьэнщ. Сыт семэн бгъэжу, унэ пщIыуэ гугъу зыщIебгъэхьынур? – аргуэру и нэ дахитIыр къыстриубыдауэ къызоплъ.

«Сыту пIэрэ апхуэдизу мыбы игу къыщIысщIэгъур? Семэнгъэж сыкъызэрыкIуэ щыгъуныжьхэр зэрысщыгъым папщIэ тхьэмыщкIафэ къызиплъу пIэрэ? Арамэ, уогъуащэр, пщащэ цIыкIу. ЩыстIэгъэн гуэри сиIэщ, си IэпкълъэпкъкIи, мис сызэрыплъагъущи, щIалэ уардэшхуэщ, жыхуаIэм сыхуэдэщ», – апхуэдэу сегупщыса нэужь жызоIэ:

– Тхьэм уигъэпсэу. Зы пэш къыпытщIыхьыжмэ, дызыщIэсри тхурикъунущ. Семэн гъэжынри къызэхьэлъэкIкъым, сэ сесэжащ гугъуехьым.

– ФIыкIэ-тIэ, – жиIэри пщащэр ежьэжащ. Ар щабэу, IэдэбыфIэу зэрыкIуэм сыкIэлъыплъу сыздэщытым, сэ къысфIэщIащ пасэрей чэщанэжьым къыщIэкIыжауэ Iэдииху дахэр псыхьэ кIуэуэ.

3.

Сентябрыр къэсри еджапIэм сыкIуащ. Япэу сыщIыхьащ директорым деж. Ар лIы хэкIуэтат, лъахъшэрэ Iуву, пащIэ бгъузэ тхъуа тету, и нэхэр нащхъуэу, и нэгум угъурлыфэ къиIуатэу.

– Хьэмид тхьэмыщкIэм урищIалэщ, итIанэ. Уэлэхьи, лажьи-хьэкъи имыIэу ягъэкIуэда мыгъуэкIэ, – жиIащ абы, си Iуэхур зытетым щызгъэгъуэза нэужь. ЗгъэщIэгъуащ абы си адэ тхьэмыщкIэм лажьэ имыIэу зэрагъэкIуэдар щхьэихауэ зэрыжиIар. А зэманым апхуэдэу жыпIэныр лIыгъэ пэлъытэт. Сэ нэхъыбэрэ зэхэсхыр «кулак бын», «кулакыкъуэ» псалъэхэрат. Ар дыдэр къыспалъхьэри комсомолым сыхагъэхьатэкъым. Алий Мусович (арат директорым зэреджэр) фэфI есплъащ.

– Мадинэ Муратовнэ, – директорыр еджащ учительскэм и бжэр къыIуихри, – мыдэ къыщIыхьэт.

Бзылъхугъэ псыгъуэ лъагэ къыщIыхьащ. Сэ зэуэ гу лъыстат абы и нэ къуэлэн инхэм.

– Мы щIалэр уи классым хэсынущ. СынолъэIу, гулъытэ хуэщI.

– Хъункъэ, Алий Мусович, – жиIащ егъэджакIуэм, иужьым сэ зыкъысхуигъазэри къызэупщIащ: – Уи цIэр сыт?

– Бэтокъуэ Мэрдасщ, – жэуап изот, тIэкIуи сыщыукIытэурэ.

– Дэгъуэщ, Мэрдас. Сэ иджыпсту классым сынэкIуэнущ. КIэлындорым деж къыщызэжьэ, – жиIэри бжэм нэс сыкъигъэкIуэтащ.

СыкъыщIэкIыжри щхьэгъубжэм деж сыувауэ сыщытщ. ЕджакIуэхэр зэрызохьэ, IэплIэ зэхуащI, зэщогуфIыкI. Сэ зыми сриIуэхукъым. Сызыщалъхуа къуажэмкIи гуфIэгъуэр зи нэгум кърих щIалэ, хъыджэбз цIыкIухэмкIи сыхамэщ. Ар щхьэкIуэ сщыхъуауэ сыщытщ.

– Залинэ! Залинэ къокIуэ! – жаIэри спэмыжыжьэу щыта хъыджэбз цIыкIуитIыр бжэмкIэ щIэпхъуащ. «Хэту пIэрэ мыхэр мыпхуэдизу зыщыгуфIыкIыу зыпежьар?» – сигукIэ жысIэурэ, абыкIэ соплъэкI. IэплIэкъуэрагъыу абыхэм кърагъэблагъэр семэн щызгъэжым псыхьэ накIуэу слъагъуу щыта пщащэрат. Къызыхэсхари сымыщIэу, Залинэ сызэрыIуплъэу

гуфIэгъуэ гуэрым си гур къызэщIиIэтащ, кIэлындорыр нэхъ нэху, хуит къэхъуауэ къысфIэщIащ.

– Уи пщэдджыжь фIыуэ, – жиIэри Залинэ къызыщIэувыIыкIащ си деж къызэрысу. – Уэри ди деж ущеджэну? – къыщIигъуащ сэ жысIэнум сынимыгъэсу.

– НтIэ, – кIэщIу жэуап изот.

– Сыту дэгъуэ, – абы нэхъ жимыIэу, и ныбжьэгъухэм ябгъуроувэжри спэмыжыжьэу къызэтоувыIэ. Сэ къызгурыIуэкъым «сыту дэгъуэ» щIыжиIам и щхьэусыгъуэр. СлIо, сэ мыбдеж сыщеджэ папщIэ абы и сэбэпу хэлъыр? А гупщысэм сыздыхэтым си тхьэкIумэм къоIуэ пщащэхэм я псалъэмакъыр. «А щIалэр дэнэ щыпцIыхурэ?» – жи зым. «Хуабжьу бжьыфIэщ», – жеIэ адрейм. «Семэнгъэжщ», – жиIэну къыщIэкIынщ Залинэ», – си гум къокI асыхьэту. АрщхьэкIэ сыщыуащ.

– Псыхъуэм нэIуасэ дыщызэхуэхъуащ, – жеIэ абы, тIэкIуи щIэгуфIыкIыу.

– ТхьэмадэщIэ къэбгъуэтащ, итIанэ.

– Асчэр-щэ? Алыхь, тхьэмадэщIэ мыгъуэ уигъэщIынмэ...

И ныбжьэгъухэм жаIэ псалъэхэм тIэкIу зэрызэгуагъэпар къыбгурыIуэу, Залинэ ткIийуэ къыжьэдокI:

– КхъыIэ, щывгъэт! Асчэр къыспылъщ жысIэу, зыми семыпсэлъэжыну сэ ар къэзгъэгугъакъым...

Асыхьэту къэзууа уэзджынэм сэ зэхызигъэхыжакъым пщащэхэм адэкIэ жаIар. Псори зэрыгъэдаущу я классхэмкIэ зэрехьэжьащ. Абы хэту Мадинэ Муратовнэ къызбгъэдыхьащ.

– НакIуэ, Мэрдас, – жиIащ абы. – Уи классэгъухэм нэIуасэ уахуэсщIынщ. Зэхэпхрэ ахэр зэрыдаущ. ЩIалэ бзаджэ Iэджэ щIэсщ. Асчэр и гуп...

«Залинэ и тхьэмадэу жыхуаIа Асчэрырауэ пIэрэ ди егъэджакIуэм зи гугъу ищIыр?» – сигу къэкIащ.

Классым дызэрыщIыхьэу, еджакIуэхэр къызэщIэтэджащ. Сэ зэуэ си нэхэр техуащ япэ ит партэм къыдэтэджыкIа Залинэ. Езыри, тIэкIуи щIэгуфIыкIыу, къызэплът. Мадинэ Муратовнэ сэлам ярихри игъэтIысыжа къудейуэ, и кIэ дыдэ партэм дэс щIалэ нэкIутIэ гуэр къэпсэлъащ:

– Мадинэ Муратовнэ, егъэджакIуэщIэ мы къытхуэпшар?

– Къыумыублэ иджы, Асчэр, – ткIийуэ жиIащ егъэджакIуэм. – Ари уэ пхуэдэ еджакIуэщ. КIуэ, Мэрдас, мо партэ нэщIым дэтIысхьэ.

– О, о! Абы ноби фыз къебгъашэ хъунущ...

– Щыгъэт, Асчэр! КъыфIэбгъэкIмэ, ущIэсхунщ.

– Сэ къыщысшэнумкIэ уэ сыноупщIынукъым, – жесIащ Асчэрым, партэм сыдэтIысхьа нэужь. – ЛIыгъэ къэбгъэлъагъуэ къыпфIэщIыжурэ, узэрымыгъасэр нэрылъагъу пщIащ, – щIызгъуащ аргуэру.

– Деплъынщ уэ уи лIыгъэми, – жиIэри Асчэр зиущэхужащ.

Пэжу, сэ еджэгъу сызыхуэхъуахэм нэхърэ илъэсищ хуэдизкIэ сынэхъыжьынут. Сыбырым дыщыIэу си анэр сымаджэ хьэлъэ щыхъум, еджапIэм сыкъыщIэкIыжри колхозым сыщылэжьащ. Си анэри си шыпхъури гъэшхэн хуейтэкъэ. Сэ си гъащIэм сыт хищIыкIрэ а зи щэ къавэ щIалэ нэкIутIэм? Езыр и адэм и кIэ къуагъым къуэсу псэууэ къыщIэкIынщ, Iейуи хуэпакъым. «Умыгузавэ, щIалэжь цIыкIу, сэ сызыхуэдэри уэзгъэцIыхунщ», – апхуэдэу сегупщысри, си гур згъэсабырыжащ.

4.

Бжьыхьэ махуэхэр, Тхьэм узэрелъэIуну, уэфIурэ екIуэкIти, семэныр къыдэшыжынри, зэтрегъэлъхьэнри, ижынри, унащхьэр Iэтынри хьэлэмэту зэфIэдгъэкIащ. Пэшышхуэфl къыпытщIыхьати, си анэри си шыпхъури гуфIэт.

– Уи адэ тхьэмыщкIэм хуэдэу, псэуакIуэ-лэжьакIуэ ухъунущ, ТIатIу, – жиIэ зэпытт си анэми, апщIондэхукIэ сэри сигу хэхъуэрт. Псыхъуэ мэзым сыкIуэмэ, чы-бжэгъу къэсхьурэ джэдэщи, Iуэи, псыуни схуащ.

Еджэнымрэ Iуэхумрэ сапыщIаурэ махуэхэр кIуэт. Сэ урыс школт сызыщIэсари Iейуэ седжэтэкъым, ауэ адыгэбзэм гугъу сыдехьт. АбыкIэ дезыгъаджэ Аслъэн Назирович зэман иIэмэ, урок нэужьым сыкъигъанэурэ къыздэлажьэрт.

Махуэ гуэрым Аслъэн Назирович еджакIуэхэм захуигъазэри мыпхуэдэу жиIащ:

– Сэ зэманыр къызомэщIэкIри Мэрдас сыдэлэжьэну сыхущIэхьэкъым. Хэт абы дэIэпыкъуфыну?

– Сэ сыдэIэпыкъунщ, Аслъэн Назирович, – псом япэ къэтэджащ Залинэ.

– Уэлэхьи, удэмыIэпыкъун! Бэлыхьу птелъыр сыт?! – егъэджакIуэм жиIэнуми хунимыгъэсу, Асчэр къыхэгуоукIащ.

– Сэ сщIэнумкIэ уэ соупщIынукъым, уи унафэ си Iуэху къыхыумылъхьэ, – жиIащ Залинэ. Ар губжьагъэнт, и напэр плъыжьу къызэщIэнат.

– Дэгъуэщ, Залинэ. Уэ адыгэбзэмкIэ уармукъыми, удэIэпыкъуфынущ, – жиIащ Аслъэн Назирович, Асчэр зэрыгуоуари уэим имыщIу. Сэ сыукIытауэ сыщыст, си анэдэлъхубзэмкIэ сымеджэфу хъыджэбз цIыкIу дэIэпыкъуэгъу къызэрысхуащIам папщIэ. АрщхьэкIэ сыт сщIэнт, зэман дыджым къыстрилъхьа бэлыхьхэм щыщт ари, сеувэлIэн хуей хъуащ. Школыр къэзухмэ, педучилищэм сыкIуэн си мурадти, адыгэбзэр фIыуэ зэзгъэщIэн хуейт.

Залинэ и гуи и пси етауэ пылът и пщэ ирилъхьэжа къалэныр гъэзэщIэным. МахуэкIэ хуэмызэмэ, пщыхьэщхьэкIэ я деж сыкIуэурэ дерсхэр сигъэщIт. Апхуэдэурэ махуэхэр кIуэт. Сэ фIыуэ щыгъуазэ сыхъуат адыгэбзэм. ИтIани Залинэ деж сыкIуэныр щызгъэттэкъым. Махуэм школым дыщызэрылъагъуми, пщыхьэщхьэми слъагъуну сыхуей хъурт. Дерс щыдимыIэми ауэ дыпсалъэу дыщыст, куэдым я гугъу тщIыт. Сэ сигу ирихьт Залинэ и теплъэри, зыщIыкIэри, псэлъэкIэри. КъызгурымыIуэ щхьэкIэ, ар си гъащIэм щыщ Iыхьэ хъуат. Дыпсалъэу дыщысурэ, гу лъыдмытэу, жэщыр щыхэкIуатэ къэхъут. АпщIондэху си анэр къызэшхыдэт, «Апхуэдизрэ дэнэ ущыIэрэ?» – жиIэти. Сэ абы щызущэхут сыздэкIуэр. Хъыджэбзым деж щысакIуэ сызэрыкIуэр дауэ жесIэнт? Си ныбжьэгъу щIалэ цIыкIухэм срагъусауэ жесIэрт.

Жэщ мазэгъуэ гуэрым Залинэхэ сыкъикIыжу ди деж сыкIуэжт. Гукъыдэжышхуэ сиIэти, дунейр дахэ, щIэщыгъуэ сщыхъут. Абы и щхьэусыгъуэр мырат. «Сэ фIыуэ узолъагъу, Мэрдас. Уэрыншэу сыпсэуфынукъым», – жиIэу Залинэ зытритха тхылъымпIэ напэ цIыкIур си жыпым илът. Дзапэ уэрэд тIэкIуи жысIэу сыздэкIуэжым, фIыцIагъитI къыспэуващ.

– Псэлъыхъу щIалэм уи гур Залинэ фIы къищIауэ ара, дзапэ уэрэдым укъыщIеуэр? – жиIащ зым. Ар Асчэрт. И макъымкIэ зэуэ къэсцIыхуащ.

– Абы деж зэрыкIуэ гъуэгур щыдгъэгъупщэжынкъэ иджыпсту, – жиIэри къэпсэлъащ Асчэр и партэгъу Хьэзрэт.

– ЛIыгъэ фиIэмэ, зырызурэ фыкъызэзауэ, – жысIа щхьэкIэ:

– Ар дэ ди Iуэхущ, – жаIэри, лъэныкъуэ зырызкIэ къызбгъэдэкIуатэу щIадзащ.

Сэ Сыбырым сыщесауэ зэуэнкIэ сыармутэкъым. НапIэзыпIэм лъакъуэкIэ зым и ныбэлъащIэм, адрейм IэкIэ и жьэпкъым сыщIэуэри, тIури изудащ.

– Фызэуэнумэ, фыкъэтэджыж, – жысIа щхьэкIэ, щэIу макъ мыхъумэ къэIуакъым. Сэри сежьэжащ.

5.

Къуажэм щэхур куэдрэ щыпхуэIыгъынт: Залинэ сызэрыпылъыр хэIущIыIу хъури, си анэм деж къэсащ. Сэ, сызэресауэ, пщыхьэщхьэкIэ Залинэ деж сыкIуэт. АпщIондэху си анэр къытехьэти, хьэлэбэлыкъ дызэрыхэгъэтт. Сэ къызгурыIуэтэкъым абы Залинэ пилъхьэр.

– Си унэ къипшэ щыгъэтыжауэ, ди уэрамымкIэ блэкIыу слъагъуну сыхуейкъым. КъыбгурыIуа, ТIатIу? – губжьауэ къыстегуоуащ ар. Си анэр апхуэдэу ткIийуэ къызэпсалъэ и хабзэтэкъыми, сэ згъэщIэгъуащ.

– Сыт, мей, абы апхуэдизу уигу зэребгъар? Сыт къуищIар? – си макъым зезмыгъэIэтыщэу соупщI.

– Ар къезбгъэгъажьэу си гу узыр къысщумыгъэхьэ. Уи пIэр Динэ ищIыжащи, кIуэи гъуэлъыж, – абыкIэ сэ къызгурыIуащ нэгъуэщI къызэрызжимыIэнур.

Сыгъуэлъыжа нэужь, жейм семызэгъыу, си анэм жиIахэм сегупщысу куэдрэ сыщылъащ. Сэ къызгурыIуэт зы мыхьэнэншэ гуэр папщIэ ар Залинэ апхуэдэу зэрыхуэмыпсэлъэнур. АтIэ, сыту пIэрэ пилъхьэр? Ари сэ щхьэ къысщиущэхун хуей? Дауэ мыхъуми, сэ си фIэщ хъукъым Залинэ сыкъыпыкIыфыну... «Сэ фIыуэ узолъагъу, Мэрдас. Уэрыншэу сыпсэуфынукъым», – жеIэ. Сыт иджы сэ абы жесIэнур? «Си анэм уилъагъуну хуейкъым», – жысIэнущи, ари щхьэусыгъуэ хъукъым. АтIэ, лIо сщIэнур? Гупщысэ, гупщысэ... сыту куэдым хуэкIуэрэ акъылыр гупщысэм щызэрихуэкIэ...

Сыт хуэдизу ткIийуэ си анэм къысхуимыгъэувами, сэ схузэфIэкIакъым Залинэ деж сымыкIуэн. Сэ абы фIэкIа дуней сиIэжтэкъым: жэщи махуи си нэгум щIэтт. Таурыхъ дахэм сыхэтым хуэдэу сыпсэут.

Пщыхьэщхьэ гуэрым Залинэ деж сыкIуауэ дыпсалъэу дыщысу, Динэ гъыуэ нышIэлъадэри сыкъыщIишыжащ.

– ПсынщIэу нэкIуэж, ди мамэ и гур къыщыхьауэ щылъщ, – жи.

Сэ япэ ситу, езыр си ужь иту дыкъожэ. Си анэр псэууэ слъагъужыну си фIэщ мыхъуу сыгужьеяуэ унэм сыщIолъэдэж. Ар хьэлъэу бауэу щылът, и нэхэр зэтелът.

– Мамэ! Мамэ! – седжэурэ хущхъуэ изогъафэ. И щхьэр къытесIэтыкIауэ.

Сыхьэт иримыкъу хуэдиз текIагъэнт абы и нэхэр къызэтрихыу къыщызэплъам. КъызэрехьэлъэкIыр сцIыхуу хуэмурэ къыдришейри жиIащ:

– СыбгъэлIэну мурад пщIауэ ара ерыщ ухъуауэ Къарокъуэхэ ущIэкIуэр?

– Апхуэдэу щхьэ жыпIэрэ, мей? Сэ куэд дыдэрэ упсэуну сыхуейщ, – жызоIэ, абы и щхьэм Iэ дэслъэурэ.

– Сыпсэуну ухуеймэ, Къарокъуэхэ умыкIуэ, ТIатIу... Къыбгуры Iуа?..

– Еуэ къэс ар къыспоубыд, мамэ. Сыт абы и щхьэусыгъуэр?

Хьэлъэу хэщэтыкIри, и нэхэр зэтрипIащ. Сэ къызгурыIуащ сызэреупщIам и жэуапыр абы дежкIэ мыпсынщIэу зэрыщытыр, итIани сыпэплъэт.

– Абы я пщIантIэм къэнжалыщхьэ унитI дэтщ. Дэ дыунэншэщ, дытхьэмыщкIэщ, пэжкъэ? АтIэ, зэгъащIэ, мис а нэхъ унэшхуэр, зи гупэр уэрамымкIэ къэгъэзар, дэ ди унэу щытащ...

– Ар дауэ, мей?..

– Зи дауэр мыращ. Апщыгъуэм Къарокъуэ Уэсмэныжьыр, а узыкIэлъыкIуэ Залинэм и адэр, Советым и унафэщIу щытащ. Хабзэ щыIэт? Хабзэр Советым ищI унафэрат. Арати, уи адэ тхьэмыщкIэр властым и бийуэ жиIэри иригъэгъэтIысащ. КъыкIэлъыкIуэу цIыкIуитIри фысIыгъыу унэм дыкъыщIригъэдзщ, пхъэзэтеIупщIэти, зэтрыригъэхщ, дригъэшри я деж дригъэгъэуващ. Дэри Сыбыр дрезыгъэгъэкIар а бзаджэнаджэращ. Езыми Алыхьым къыхуигъэгъуакъым – иужькIэ хьэпсым щIадзэри илIыхьащ. Сэ бжесIэжащ алъандэрэ пщызущэхуа пэжыр, ТIатIу. АдэкIэ уэ егупщыс. Сэ сыкъапщтэмэ, иджыри бжызоIэ, апхуэдиз залымыгъэ къыдэзыха Уэсмэныжьым ипхъу слъагъуну сыхуейкъым. Хьэдрыхэ хабзэ гуэр щыIэми, уи адэ тхьэмыщкIэм и псэр гугъумыгъу хэтынщ...

Си анэм жиIэнур иухат. Сэ сщIэтэкъым жысIэнIауэ ар къыспэплъэми. Арами, зыри схужыIэнутэкъым. А дакъикъэм зэхэсха хъыбар гуауэр си гум ежэлIати сыундэрэщхъуауэ сыщыст. Сэ къысфIэщIащ дунейр къыстеункIыфIауэ. Таурыхъ дахэм ещхьу сызыхэта гъащIэри бзэхыжат. СызыпэмыплъагъэххэтъкъызэхъулIар. ДэнэкIэ зезгъэзыну? Си анэр апхуэдизу фIыуэ солъагъури, абы и гум сеуэфынукъым. Сэ схужыIэнутэкъым Залини нэхъ мащIэу слъагъуу. Иджы зэрыхъумкIэ, а фIыуэ слъагъуитIым я зыр къыхэхын хуейт. Анэм хузиIэ лъагъуныгъэр нэхъ лъэщу къыщIэкIащ. Арати, мурад сщIащ Залинэ зыщызгъэгъупщэну. Ар жыIэгъуафIэт, ауэ дауэ пщыгъупщэну уи гум хэпщIауэ псэхупIэ къозымытым хуэдэ уз хэтIэсар. Сэ абы псынщIэ-псынщIэурэ зыкъызигъащIэт. Сымылъагъумэ мыхъуу зэман къысхуихуэт. АрщхьэкIэ си анэм къызжиIахэр и щIыIу къэхъути, лъагъуныгъэр ириудыхт. Залинэ сыIуплъэмэ, лъагъуныгъэр къызэрыбырсеижынур къызгурыIуэри, еджапIэм сыкъыщIэкIыжауэ пощтзехьэу сылажьэт. Сэ Залинэ зыщызгъэпщкIут. Апхуэдэу сымыщIэххэу дыщызэхуэзэ къэхъут: пощтыр школым схьауэ е уэрамым къыщесхьэкIыу. Абы хэлъыжтэкъым япэрей нэжэгужагъэри, псэлъэрейуэ, гушыIэрейуэ зэрыщытари. И нэкIухэр жэщIауэ, фагъуэу щытт.

– Си анэм къызжиIауэ псори сощIэ, Мэрдас, – жиIащ нэщхъейуэ абы зэ сыкъигъэувыIэри. – Ауэ, уэ егупщыс, си адэм илэжьа мыхъумыщIагъэр си лъагъуныгъэм щхьэ зэран хуэхъун хуей?

– МыхъумыщIагъэ псалъэр мыбдеж къекIукъым, Залинэ. Уи адэм дэ къыткIэлъызэрихьащ залымыгъэ дыдж. Абы къыттрилъхьа бэлыхьыр ноби ткIэрыхужакъым. Си анэр щIэбгъэкъуэншэни щыIэкъым. Ар захуэщ. Дэ зэрымыщIэкIэ къыдэхъулIа лъагъуныгъэт дяку къыдэхуари, щымыIэжу тлъытэнщ...

– Хьэуэ! Хьэуэ! Ар къэхъуну Iэмал иIэкъым. Си псэр пытыху сэ фIыуэ

услъагъунущ, – жиIэри гъыуэ щIэпхъуэжащ Залинэ. Абы сигу щIэгъуауэ тIэкIурэ сыщытри, сэри сежьэжащ. Пэжт Залинэ жиIэр. И адэм игъэхъам папщIэ ар насыпыншэ щIэхъун щыIэтэкъым. Арщхьэкlэ цIыхугум Iейр щыгъупщэ хабзэкъым. Си анэри арат. КъращIа залымыгъэр игу хуигъэхутэкъым.

6.

Пщыхьэщхьэ пшапэр зэхэуауэ ди деж сыздэкIуэжым, куэбжэм пэмыжыжьэу щыту къысхуэзащ Залинэ и анэ Щамхъаний. Ар къыщызэдджэм, зыхуэсхьынур сымыщIэу, сыкъэувыIащ.

– ЕмыкIу сыкъыумыщI сыкъызэрыкIуам папщIэ, – къригъэжьащ абы, – Iэмалыншагъэ мыгъуэм сыкърихужьащ. Зэхыумыхами сщIэкъым, си Залинэ сымаджэ хьэлъэу щылъщ. «Мэрдас къысхуэши зэ сыIугъэплъэж», – щыжиIэм, сиукIыти къысхуихь щыIэжкъым, си сабийр щыгуIэкIэ жысIэри сыкъэкIуащ.

– Уэлей, сымыщIэ, сэ сыдохутыркъым, сыт дэIэпыкъуэгъу сызэрыхуэхъуфынур, – зызолъэфыхь, Къарокъуэхэ сыкIуауэ си анэм ицIыхумэ, и гум щыхъэнур къызгуроIуэри.

– Тхьэ, дохутыри къедджатэмэ, ауэ зыкIи щхьэпакъым. БампIэ узщ, жиIэщ, хущхъуэ гуэрхэр къритхыкIри кIуэжащ. КхъыIэ, накIуэ, тIэкIу уилъагъумэ, нэхъ къигъэзэнкIэ мэхъу, – жиIэу бзылъхугъэр щылъаIуэм, схуэущхьэкIуакъым.

Щамхъаний жиIар пэжт. Залинэ хуабжьу хьэлъэу бауэу щылът, и нэкIухэри плъыжьу зэщIэнат.

– Мисри, си хъыджэбз цIыкIу, Мэрдас къэкIуауэ къыпщхьэщыти, тIэкIу укъаплъэкъэ, – и гур къызэфIэнауэ, и нэпсхэр хуэмыубыду Щамхъаний мэпсалъэ.

Залинэ, къехьэлъэкIыпэурэ, и нэхэр къызэтрехри къысхудоплъей. ГуфIэну зищIу и Iупэхэр мащIэу зэтрех. «ТIыс», – жыхуиIэу, и Iэр шэнт къыбгъэдэтымкIэ еший. Щамхъаний щIэкIащ, ныбжьыщIэхэр дыкъыщIинэри.

– Узмылъагъуу сылIэмэ жысIэри, мамэ нэзгъэкIуат, – жеIэ хуэм дыдэу зэпишурэ Залинэ.

– УщIэгужьеяр сыт? Ухъужрэ укъэтэджыжмэ, сыпщIэнэкIэжынщ, – сыдэгушыIэ хуэдэу зызощI.

– Сэ сылIэнущ, Мэрдас. Лъагъуныгъэм сихьынущ...

– Щыгъэт иджы. Лъагъуныгъэм куэд ихьауэ жаIэ, – согушыIэ аргуэру.

– ЛIы дэмыкIуа хъыджэбзыр лIэмэ, и псэр жэнэтбзу хъууэ лъэтэжу жаIэ, Мэрдас. Сэри жэнэтбзууэ уи деж сыкъэлъэтэнщи, услъагъунщ, – щыжиIэкIэ, абы и нэпсхэр нэщIащэ кумбхэм йолъадэ. Ахэр хуэслъэщIурэ соущий:

– УмыгумэщI, Залинэ, ухъужынщ...

– Сэ апхуэдэ насып сиIэкъым. ЗэфIэкIащ си дунейр. Ауэ сынолъэIу, сызыщумыгъэгъупщэ. Ди насып зэхэмылъами, сэ зыхэсщIат япэрей лъагъуныгъэм къызиту щыта гуфIэгъуэр...

Щамхъаний къыщIыхьэри, и пхъур тIэкIуи къаплъэу икIи псалъэу щызэхихым гуфIащ:

– БжесIатэкъэ, Мэрдас, укъилъагъумэ, Залинэ нэхъыфI зэрыхъужынур?!

– ФIы щыхъужакIэ, сыкIуэжынщ, – жызоIэ, мыбы сыкъызэрыкIуар си анэм ицIыхумэ, зэрызэгуэпынур сощIэри.

– Иджыри тIэкIурэ щыс, – мэлъаIуэ Залинэ.

– Умыгузавэтэкъэ, тIэкIу тебгъэуат, – жеIэри Щамхъаний аргуэру щIокIыжри, пщэфIапIэм макIуэ.

– Сэ пщэдеи сыкъэкIуэнщ, – щыжысIэкIэ, Залинэ къысхудоплъей:

– Пщэдей кIасэ хъункIэ мэхъу...

– Хъункъым, Тхьэм жиIэмэ...

Залинэ и нэпсхэр къекIуауэ къысхудэплъей мыхъумэ, зыри жиIэтэкъым. Сэ дэнэ щысщIэнт а дакъикъэм абы игу къысхуэкIар. Ар жиIэжыну хущIыхьэжакъым. А жэщ дыдэм абы и псэр щинащ.

## 7.

Залинэ лIа нэужь, сэ нэхъри зыхэсщIэ хъуащ абы сызэрыхуэныкъуэр. Си гур зикI схуеувалIэтэкъым ар мыпсэужу. Уэрамым сыщрикIуэкIи, школым сыщыщIыхьэкIи слъагъун къысфIэщIурэ, нэпсейуэ зысплъыхьт. МахуэкIэ цIыхухэм сахэтурэ мащIэу сщхьэщыу щхьэкIэ, жэщ псом си псэр гугъумыгъут. Iэджэри къэхъут Залинэ къысщхьэрыуапэу схуэмышэчыж щыхъукIэ, сыкъэтэджыжурэ жэщым кхъэм сыщыкIуэ. Нэхъапэм жэщкIэ кхъэм сыблэкIын сышынэу щытами, иджы сынэсыху си фIэбэ щIэуэ сыкIуэт, кхъащхьэдэсэ щIыIэм зесшэкIти, сытепыхьэмэ-сепсалъэурэ сыщытт. Апхуэдэ дакъикъэ хьэлъэхэр зэзэмызэ псынщIэ къысхуищIт мылIагъэххэ хуэдэ, зэрыдахэ цIыкIуу Залинэ пщIыхьэпIэкIэ зэрыслъагъум. АрщхьэкIэ а пщIыхьэпIэ дахэр нахуапIэ дыджымкIэ ихъуэжти, аргуэру дунейр къыстеуфэракIэт.

Зэманыр кIуэху нэхъри хьэлъэу къыспкърыхьэурэ, бампIэ узым пIэм сыхиубыдащ. Жеи шхэи симыIэжурэ, къарууншэ сыхъуати, сыкъызэрытэджу си щхьэр уназэт, си нэхэр щыункIыфIыкIт. Апхуэдэу сыкъэзылъагъу си анэм дохутыри Iэзи къимыгъанэу къызэхижыхьт. АрщхьэкIэ къысщхьэпэ щыIэтэкъым. Абыхэм сыт хащIыкIрэт си узым. Си анэрат ар зыцIыхури гъы-бжэуэ къызбгъэдэст. «А, щхьэ мыгъуэжь, сыту делэ сыхъуат. Апхуэдизу фIыуэ зэрылъагъу сабиитIыр ерыщ сыхъуу щхьэ зэпызгъэкIыжат. Сыпсэуху схуэмыпшыныжын гуэныхь къэсхьащ. И адэр бзаджэнаджэу щытами, хъыджэбз цIыкIу мыгъуэм сыт и лажьэт...» – и щхьэ хужиIэу тхьэусыхэурэ ар къызбгъэдэст нэхъ хьэлъэ сыщыхъукIэ. Ауэ а псалъэхэр сэркIэ зыми щыщыжтэкъым, си блэкIам зыкIи щхьэпэжынутэкъым...

Сэ гъащIэр зыкIи сфIэмыIэфIыж хъуащ. ГуIэжу къижыхьурэ, си анэм кърихьэлIэ хущхъуэхэр зэсхьэлIэжтэкъым. СылIэну арат сызыщIэхъуэпсыр. Ар сигу къэзыгъэкIыр Залинэрэ сэрэ дызэрыгъуэтыжынкIэ сызэрыгугъэрат. Аракъэ жаIэр: фIыуэ зэрылъагъухэр, зэIыхьлыхэр ахърэтым щызэIущIэжу. АрщхьэкIэ сызыщIэхъуэпсар къызэхъулIакъым. Апхуэдэу жысIэ щхьэкIэ, лIэныгъэм щIэхъуэпсу хэт щыIэр? Мазэ бжыгъэкIэ сысымэджа нэужь, сыкъызэфIэувэжащ. Си къарум сыкъигъэгугъэ къызэрысфIэщIу, япэу кхъэм сыкIуащ. Кхъащхьэдэсэм IэплIэ хуэсщIри, си гущIэм сыкъипыхьыкIыурэ кхъащхьэр згъэкъэбзащ. «Къысхуэгъэгъу, си Залинэ дахэ, куэд щIауэ уи деж сыкъызэрымыкIуам папщIэ», – сигукIэ сопсалъэ абы. «Уи анэм укъимыгъэкIуауэ ара?» – къызэупщI хуэдэщ. «Хьэуэ, сымаджэ хьэлъэу сыщылъащ». «Сэ къысфIэщIащ сыпщыгъупщэжауэ». «Хьэуэ, Залинэ, уэ усщызыгъэгъупщэн дунейм теткъым. Аращи, сыкIуэжынщ».

Кхъащхьэдэсэм Iэ дызолъэри сыкъожьэж. «Умыгузавэкъэ», – жиIэу къыскIэлъыджэ сфIощI. «Сэ иджыри сыкъэкIуэнущ», – щыжысIэкIэ, «СыщылIэну жэщми апхуэдэу жыпIат, арщхьэкIэ унэкIуакъым», – гукъанэ къысхуещI. «Апщыгъуэм къызэхъулIакъым, иджы сыкъэкIуэнущ. ТIум щыгъуи мыр си етIуанэ унэщ. Уэри мыбдеж ущыщыIэкIэ...» «Мыбы укъыхуэмыгузавэ, Мэрдас. ГъащIэ здэщыIэр дунейращ. Мыр кхъэщ, уи Iэпкълъэпкъым щыз мащэ щIыIэ кIыфIым фIэкIа, нэгъуэщI къыплъысынукъым», – си гупщысэр зэпеуд. «АтIэ уэ дауэ ухъурэ?» «Сэ уи лъагъуныгъэр си гъусэщ». «Сэри си гъусэщ, гъащIэу сиIэми си гъусэнущ уи лъагъуныгъэр», – си щхьэ хужысIэурэ, кхъэм сыкъыдэкIыжащ.

8.

Абы и ужькIэ илъэс бжыгъи текIыжащ. Унагъуэ сщIауэ, бын згъуэтауэ илъагъуну щIэбэгыурэ си анэ тхьэмыщкIэри дунейм ехыжащ. Сыт хуэдизу ар фIыуэ сымылъагъуу щытами, и хьэтыр слъагъуфакъым. Абы щхьэусыгъуэшхуэ иIэт: цIыхум зыгущ иIэр, сэри аращ, си гум ирихьар Залинэти, абы хьэдрыхэ здихьат си лъагъуныгъэр. НэгъуэщI зыгуэр фIыуэ зэрыслъагъун псэи къарууи къысхуэнэжатэкъым.

**Черкесск къалэ.**

# Пшыналъэ

КЪАРМЭ Іэсият

## И кІыхьагъыу зы гъащІэ КъызофыкІ гупщІэуз



УощІэж ар фІыуэ: мэкъуауэгъуэу
Къуейщ1ейм зэ блащхъуэ къысхуэпхьат,
ЗысхузэфІишрэ зишыхьыжу…
СыпцІащхъуэкІийуэ сыкъэщтат!
Нэ цІыщхъухэр Іэджэрэ си пщІыхьым
Псэр ягъэтхытхыу къысфІыхэплът.
Нэщэнэ гуэрми ар хуэдмыхьу,
Дигу къыщыкІыжым — дыдыхьэшхт…
Жэщ щакІуэу гъэхэм уакъыхокІри,
ЛІы фІыцІэ жьакІуэ, укъыІуохьэ,
Си псэр зи псысэм узогъэщхьри,
СыгуфІэу бжэхэр зэІузохыр!
НыпхуэсщІу дзыхь сыщыхутыкъуэм —
Уи бгъэгущталъэр къызэІуох,
УмыгушыІэ-умыджэгуу,
Блащхъуэ Іэрамэ къызыкъуох…
Мытхытх си щІыфэ, си фи пыкІкъым —
КъызгурыІуат! КъэсцІыхужат!
А блащхъуэ егъум и нэ цІыщхъухэр
Уи нэ вагъуитІу къысІуплъат…

### СонетитІ

Мо вагъуэр хашэщ… зиущэхуауэ,
ТІэкІуи укІытэу, къытхуоплъых,
Абы ныжэбэ зэхихахэр
ТхылъымпІэ дыдэм хуэсщІкъым дзыхь.
Хэт сыт ищІами, ибзыщІами,
Уэ пщыгъупщэн? Сэ сщыгъупщэнщ.
Дэ тІум дэтхэнэр нэхъ ауанми,

Мо Къытхуеплъыхым нэхъ ищӀэнщ!
Дзыхь зэхуэдмыщӀу къэдгъэщӀахэр
Къытщхьэщыт гуащӀэм зыщӀишэнщ,
ПшэкӀухь уэрэдкӀэ етщӀэкӀами,
Щэху здэщымыӀэм дыришэнщ…

Мо вагъуэ быныр си щыхьэтщ:
Уи хьэкъ стемылъу си псэр хуитщ!

* * *

*Ж. Руслан хузотх*

УщыщӀэкӀыжым укъызэплъэкӀат —
УкъеплъэкӀами, сыпкӀэлъыкӀуэтакъым:
Псалъэ жыдмыӀэу псори зэжетӀат,
ИтӀани я нэхъ пэжыр жытӀэфакъым.
СтӀолыщхьэм телъщ къыпщыгъупща мафӀэдзыр —
Бзий хъуаскӀэм сыриджэгуу согъэджэгу.
Сыту ещхьыщэ ди Ӏыхьэ зэхэдзэм:
Тепкъузэм — мафӀэт! БутӀыпщыжмэ — дэгут…
Сыту ещхьыщэ мыбы ди ӀэнатӀэр,
ИлъэсипщӀ енкӀэ дызыдыӀутар —
ФэӀуадзэм дигъэныщкӀурэ — псэрыӀуантӀэу —
Гугъэн-дыгъэну илъэсипщӀ зэттар!

Дымыгъуэтыжхэр щызэхуэдгъэкӀуэжым —
КъыщӀэщэтат матэщӀэм нал къута…

* * *

Щэнейрэ лъэгухэр пкӀэлъыслъэсри,
Нэщэнэ Ӏущыр си фӀэщ сщӀат.
Нэхъ дзыхь зыхуэсщӀхэр зэхуэсшэсри,
Сыпхуэмеижу яжесӀат.
Къэзгъэгугъат: сыкӀэлъыджэнкъым,
Бжэм къытеуӀуэм, дэгу сыхъунщ,
СыӀущӀэ хъуми, сыӀуплъэнкъым —
Хьэфиз пэлъытэу сыблэкӀынщ!
Щэнейрэ лъэгухэр пкӀэлъыстхьэщӀу,
Си фӀэщ сщӀыфа нэщэнэр цӀырхъ?
Сыт-тӀэ сыщтауэ зыщӀэсшэщӀыр,
БжэщхьэӀумкӀэ къиӀукӀмэ цырхъ?

* * *

Уи джэ макъым сынырикIуат лъапцIэу,
Ауан сащIурэ сынырикIуат.
Къум пшахъуэщIыр щIэспщытыкIат пцIанэу,
СыкъилыпщIурэ щIэспщытыкIат.
Пхафэ банэр нызэпысчат лъапцIэу,
СыкъиуIэурэ нызэпысчат…
Банэч хьэшым соуфэрэзыхь пцIанэу —
Уи джэ макъым сыкъигъэпцIащ!

* * *

ПситIым зэдахь хьэзабыр
Батэу зэротIэтыкI,
КIасэу къэтхьыжа тобэм
СхуэпщIкъым Iыхьэхэтык I…
Псынэу сыкъыщигъэщIым —
МафIэу зыкъепщIэкIащ,
Блащхъуэ зыкъыщыпхуэсщIым —
Бгъащхъуэу укъыщIэкIащ.
Жьыбгъэу зыныщосшэкIым —
Шыбгъэу сызэгуэпхащ,
ЩIылъэу зыпхуэзгъэтIылъри —
ФIалъэкIэ сызэдипхащ.
Хьэлэу зыщыпхухэстIэм —
Умэу сыхэбупIащ,
Узыр щагъэв IэнатIэм
НатIэкIэ деувэлIащ…
Тхьэшхуэу зызыхуэдгъэщхъым
Iыхьэу къысIэщIилъхьар
Си псэр уи жыр маисэм
Гызу зэрыфIэлъарщ!
Арми, сыпIэщIомащIэ,
Джалъэу сыпхуогумащIэ:
СощIэр: сахьыжмэ мащэм,
ЗепшыхьэкIынущ Iуащхьэу…

* * *

И кIыхьагъыу зы гъащIэ
КъызофыкI гупщIэуз —
Си хьэуар — уи Iу бахъэрщ,

Уи нэкугъуэр — си нурщ!
Хэлъэтамэ уи напщIэ —
Гущхьэ лъапсэр мэхъуэпскI,
Ущэтамэ ухыщIэу —
ГущIэ къуэпсыр зэпоч...
Языхэз сыхуэныкъуэу
КIуэдыжыпIэ ситащ,
Пхъэрыгъажэ-пхъэшыкъуу
Бэн фIыцIэжь сыдэлъащ...
Хэлъэтати уи напщIэ —
ЖэуаптакIуэу сыщысщ:
Зи Iэзэгъуи ямыщIэу
СыпхуопщIыхь гупщIэуз...

* * *

Сэрыншэу упсэуфыну
Тхьэлъанэ пщащI!
Уэрыншэу сымыпсэунти —
Зыщызнэжащ!
КъуршитIрэ зэхуэтIуанэу
Зы ныджэм дитщ.
Ди лъапэхэр зыудын архъуанэм
Щоныж гъащIитI,
Зэдауэрэ зэдэхэщIэжми,
ЗэрыщIкъым хуит.
ЗэрылIрэ зызэхуалIэжми,
Зыр зым хуимыт...
БзыщIауэ зэрыгъэщIасэу
Мэужьых вагъуитI —
ЗэплъэкIрэ зэкIэлъыхъуапсэу
Йолъэтыр пситI...
Уэрыншэти — сыIэщI джафэт,
Си щхьэцыр уэсщ,
Сэрыншэмэ — уIэгу нэщIти,
Уи жьакIэр сытхъущ...

* * *

Псым сеIущащэу сы-Псыхъуэгуащэщ...
Гуащэу щыIэм сагъэтIуанэ,
Уанэ тезылъхьэр къысщомэхъашэ,

Шум я нэхъ хъыжьэр согъэлъэпантхуэ,
Тхууэ зэгуэблэр си кӀэмажьэщ,
Мажьэдзэу зесхьэр аргъей дзажэщ,
Жэщ ныкъуэм архъуанащӀэм сыщоплъыр,
ПшэкӀэплъым архъуанащӀэм сыщощӀасэ,
Псыдзэл гуэрэным гъыбзэ щызоус,
Псыщхьэ джафэм гъуджэиплъэ щыпхузощӀ,
ЩӀы щхьэфэм зы лэгъуни щызимыӀэ,
Гъунэ зимыӀэж щэхур зыжезгъэӀэ…

* * *

Псэхэр къэзыгъэщӀым хуит сыкъищӀым,
Къыу хужь дахэу сыкъэлъэтэжынщ!
БжезмыӀэф зэпытурэ пхуэзуса уэрэдым
Уафэр ди щыхьэту ущӀэзгъэдэӀунщ…
СыкъыумыцӀыхуххэу? СыкъэпцӀыхужауэ? —
ГущӀэгъуншэ шабзэр ткӀийуэ нэпшэщӀынщ,
Уи шабзэпэ узым, уи щхъухь щхьэгъэуназэм
Зыдэзгъазэу уафэм сыкъыщыпхуэфэнщ!
Си къабзий хужьыпсыр къриӀауэ лъыпсым
Зэ иджыри пыхьэу сыныпкӀэлъыджэнщ.
СӀэпыхунщи дамэхэр, зиӀэтынщ макъамэм…
Хуит сыкъэзыщӀам сыриджэжынщ.

* * *

СыригурыфӀыгъуэу къысфӀэзыгъэщӀам,
Сыгурыгъу узыжьу си фӀэщ сщызыщӀам
Гъуэгу бдызэпысчат — гу къыслъыптакъым,
Хадэ пхухэссати, бгъэщӀэгъуакъым,
Жьэгу пхуэзгъэхуэбати, зебгъэуакъым,
Уаем сыпхуисат — сыбгъэхуэбакъым.
Узыр къызэӀат, укъызэпщакъым.
Псы сыхуэныкъуати, себгъэфакъым.
СыныпкӀэлъыджат — укъеплъэкӀакъым.
Уэрэд уэсщӀэкӀат — зэхэпхыххакъым,
СифӀ къыпхуаӀуэтати, угуфӀакъым…
СыкъимыцӀыхуххэми, жагъуэгъу
Схуэпсэлъати — ар уогъэныбжьэгъу!

## Хьэкхъуафэ

Хьэкхъуафэр зэпатхъынущ мы домбейхэм!
Зыр щыдзэлашхэм — псори зотхэуэкI.
Гъуэщауэ яхэзгъуатэркъым зы hото
НэшкIул гъэтхъахэм дагъэр къоцIывыкI.
Хьэкхъуафэр зэпатхъынущ мы домбейхэм —
Дэтхэнэ бэкхъым фыкъыщIаутIыпщыкIт?
Гъэблэгу ящтам къыщиху я хьэрэмынэр
БгъэнщIынщ си уз! — хэшхами лIэщIыгъуитI…
Аджыдэ, зэпатхъыпэу зэгъэжарэт,
Кхъуф-лыф зэхэдмыхыжу тхьынт зы жэщ.
Я шырхэми?
Я Iыхьэр гонорарым къыдэзгъэхуэурэ...
Сэ куэд сыхуей? Къэсшэчкъым чилэ плIыщI.

* * *

Къэдабэ щабэу жэщ уафэр Iэсэщ,
Шыгъуэгу щхьэгъубжэр, мамэ, зэIух!
Къэтхъэнсолыкъур шылэхъар пIащIэщ,
НысащIэ щIыкIэу, къан укIытэхщ…
Мо жыг дыкъуакъуэм, мо пкъо фIыцIэжьым,
Дадэ хъыринэ щысхурищIат,
СещIэрт хъыринэ, сыщхьэбаринэт,
ЩIэп кIапсэм быдэу щхьэнтэгу пыщIат.
— ЩIэрыIэт, дадэ! СыщIэгъэлъэти,
Мо уафэ нэзым сылъэгъэIэс!
КъеIунщIыт, кхъыIэ, сызэщIэIэти,
Мо дыгъэ лъакъуэм си Iэр нэгъэс!
Лулэ гъуабжэжьыр къызыIурихырти,
Дадэ дыхьэшхыурэ къызэдэхащIэрт:
— Щхьэ цIыкIу макъышхуэу, губгъуэ бжэн лъакъуэ,
Си хы тхьэрыкъуэу, нэ къуэлэн гуащэ,
УкъысIэпыхумэ…
Дыгъэм и лъакъуэр къысхуэубыдакъым,
Уафэм и нэзми сынэмыса…
Ауэ иджыри сопщIыхь хъыринэм,
Зи бэджыхь кIапсэхэр къэзгупсысам.
Дадэ и Iэпщэм сыщIиIыгъэжкъым,
ЩIэкIэрэхъухьу гъуэжькуийм сеIэт!

Зыми къызжиIэркъым: «Лацэ баринэ!»
Ей, бэджыхъ тIасхъэ, кхъыIэ, щыгъэт…
ФIыншэр ехулыр къэтхъэнсолыкъуу
Уэсэпс щхьэтепхъуэр зи данэ фащэм...
Дадэ и макъыр сфIощI къэIущащэ:
— Сакъ! Укъохуэхыр, нэ къуэлэн гуащэ!

## Анэшхуэ

Дыгъэ къухьэжым и нэр теплъызэу,
ПIалъэншэ гугъэм къызэпикъузу,
ЗыришэкIауэ и цыхъарышхуэр,
Ди бжэщхьэIужьым тесщ си анэшхуэр...
Гъуджэ-еджапIэ, гъатхэ-лэжьапIэ —
Моу сынокIуэжыр, моу сыносыжыр…
И нэкIэпс тIэкIур къыфIыIэпыжу,
Автобус блэкIхэм ящIэдэIужу,
Дыхьэ-дэкIыжхэм якIэлъыхъуапсэу,
Ди тетIысхьэпIэм тесщ си анэшхуэр...
Хьидыр, къурмэныр, нэщIыр, уэс цIынэр —
Моу сыножьэжыр. Сыныдохьэжыр!
Бжьыхьэ-лэжьапIэ, щхьэегъэзыпIэ,
СокIуэ, сокIуатэ, сыкъокIуэтыж…
Зэм сощIыIунэ, зэм сощIыIущхьэ —
Силъщи архъуанэ, сыхущIэмыхьэ!..
ЩIыIэ техьэгъуэр зыришэкIауэ,
Си нэу плъызарэ си фэу пыкIауэ,
Къухьэжа дыгъэм и псэр дыпыхуу,
Ди бжэщхьэIужьыр зы гуэныхьышхуэщ…

## Сыкъэмысурэ, гъатхэр къэсащ

*Си адэм*

Сыкъэмысурэ, уэс къыптесащ,
Кхъащхьэ мывэм таж хужь щхьэритIагъэу,
Сыкъэмысурэ, гъатхэр къэсащ,
Уи гущIыIум щыгуIэ щхъуантIагъэу.
Сыкъэмысурэ, куэдым сесащ,
ЗыхэсщIащ щIыбагъыншэм игъэвыр;
ЩIэнэкIалъэ сфIэщIар зэспэсащ,
Къыстехуащ нэхъыфI куэдым я мывэ…
Уи таурыхъхэм я пэжт къисльыхъуар

Зы пэж гуэри щымыхьэщӀа лъахэм;
Къэсхьэсащ си кхъузанэм къихъуар —
Къысхуэгъэгъу! Къыпхуэсхьакъым зы дахэ…
Сыкъэмысурэ, гъатхэр къэсащ.
Сыкъэмысурэ, уэс къыптесащ.
Сыкъэмысурэ, куэдым сесащ…

* * *

Губгъуэ джэдгыным и мэр щызу,
Си сабиигъуэ псы тӀуащӀэ!
ЗгъэщӀа гъэ уэгъухэм языхэзщи,
Сишэж уи унэ хьэнцэгуащэу…
НэгъуэщӀ нэхъ мыхъуми, хьэнцэгуащэу
Ди бжьэпэ нэзым сыдешэкӀ!
Абы и нэзри схуэмыфащэм,
Мо псыхъуэ ныджэмкӀэ сешэкӀ —
Лъэмыж хъырини лъэмыжыжьи
Таурыхъ тӀуэтэжурэ дикӀынщ,
Лъэс лъэмыж цӀыкӀур къызэднэкӀмэ,
Гъузер и псынэ дыӀусынщ.
Щхьэлыжьыр псыдзэм ихьыжамэ,
КъыщӀэна мывэхэм дигъаплъэ!
Си таурыхъхэм уадешамэ,
Псы щхъуантӀэм щыму дыхэгъаплъэ…
Зэхоуэ пшапэр, нэ къуэлэн,
Мо псыдзэл къуацэм дынэгъэси…
Хэт хуей гуащэжьу зелъэфэн? —
Къыппоплъэ уэри нэгъуэщӀ псысэ.
Сымыгъуэтыжхэм сахуэхъуапсэу,
Жэщхэс щисхынщ сы-Псыхъуэгуащэу,
АдрыщӀ ныджэр къэзгъэпсалъэу,
Сыусыжынщ уэрэд дахащэ!..
Салъкъын Ӏу бахъэ зыӀурихыу,
Си сабиигъуэ нэ къуэлэн,
Мы зэм нэхъ мыхъуми сызэхэхи,
Уи псысэ уджым сыхыумын!

## ЖьакIуэ



# Зи Iэужьхэр ин тхакIуэ щэджащэ

Мы гъэм и апрелым илъэсищэ ирокъу къэбэрдей тхакIуэ гъуэзэджэ Теунэ Хьэчим къызэралъхурэ. Тхэн IэщIагъэр пасэу къыхэзыха, абы хуэпэжу зи гъащIэ псор зыхьа Теунэр псэуху ешрэ увыIэрэ имыIэу и лъэпкъым хуэлэжьащ, къэбэрдей литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм, ар ехъулIэныгъэ телъыджэхэм хуэзышахэм ящыщ зыуэ щытащ. Тыншакъым, псэзэпылъхьэпIэт абы творческэ лэжьыгъэм зыщрита лъэхъэнэр, ауэ гъащIэщIэ яухуэр гурэ псэкIэ къэзыщтэ тхакIуэ щIалэм къалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжыр зэхъуэкIыныгъэ екIуэкIхэр пэжыр я лъабжьэу къэгъэлъэгъуэнырт.

Япэ лъэбакъуэхэр 20–30 гъэхэм зычу щIэзыдза къэбэрдей литературэм и жанрхэм ящыщу нэхъ зыужьыныгъэ зыгъуэтыр усыгъэрт. Литературэр зыхуэныкъуэ адрей жанрхэми заузэщIын папщIэ тхакIуэхэр зэзышэлIэн, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу зэдэзыгъэлэжьэн, сыт и лъэныкъуэкIи абыхэм закъыщIэзыгъэкъуэн Iуэхущlапlэ щыIэн хуейт. Абыхэм я мыхьэнэр къызыгурыIуа Теунэр яужь йохьэ къэбэрдей, балъкъэр тхакIуэхэм я ассоциацэ е союз къызэригъэпэщыну. Илъэс 19 фIэкIа зи мыныбжь

еджакIуэм 1931 гъэм «Революция и горец» журналым тхыгъэ хурегъэхь, «Къэбэрдей литературэм гулъытэ нэхъыбэ хуэщIын» фIэщыгъэцIэр иIэу а илъэс дыдэм абы къытохуэ. ТхакIуэ ныбжьыщIэм абы мыпхуэдэу щитхыгъащ: «Къэбэрдей литературэр иджыпсту хуэсакъыу, гущэм хэлъ сабийм хуэдэу зехьэн хуейщ. Ар зэтеувэн, къызэгъэпэщын, и лъагъуэр къихутэн, езым и теплъэ иIэ хъун щхьэкIэ абы Iэмал имыIэу зыщIэгъэкъуапхъэщ. Литературэр фIыуэ зылъагъу е зы тхакIуэ закъуэ къарукIэ зэфIэкIын Iуэхукъым ар. Литературэр гуащIэрыпсэухэм я Iуэху нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ щыщыткIэ, абы и зэфIэгъэувэныр ди пщэ къыдохуэ культурэм хуэлажьэу зыгуэр зытх псоми».

Апхуэдизу и нэр къызыхуикI, хузэфIэкI псори зыхилъхьа тхакIуэ союзыр куэд дэмыкIыу къызэрагъэпэщ. Къэбэрдей, балъкъэр литературэхэм зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм зыкъомкIэ абы и фIыгъэ зэрыхэлъым шэч къыщIытепхьэн щыIэ хъункъым.

Щеджэ зэманхэм IэщIагъэ хуэхъуа журналист лэжьыгъэм Теунэ Хьэчим сыт щыгъуи гурэ псэкIэ бгъэдэтащ, абы газетхэм щилэжьар нобэр къыздэсым нэсу зэхэгъэкIа мыхъуами. Ди зэманым къэсыху дэ дызыщыгъуазэу щытар очеркитIрэ «Аслъэн» повестымрэщ. Ауэ и архивым хэлъ тхыгъэхэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, зауэм ипэ зэманхэм очерк, статья, зарисовкэ жыпIэми, абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ тхыгъэ щэ ныкъуэм щIигъу. Абыхэм тепщIыхьмэ, тебгъэчыныхь хъунущ къэбэрдей журналистикэми и къызэгъэпэщакIуэу Теунэр зэрыщытам, а лъэныкъуэм и гугъу зыми имыщIа щхьэкIэ, хэлъхьэныгъэ ин дыдэ абы зэрыхуищIам. Ахэм мыри щIыгъупхъэщ: фIыуэ ищIэ адыгэбзэми урысыбзэми ар хуэIэрыхуэу ирилажьэрт. Лъэпкъ журналистикэм Теунэм хуищIар зыщылъагъупхъэр и щхьэкIэ итха и тхыгъэхэм я закъуэкъым, – абы къызэригъэпэщауэ щытащ урысыбзэкIэ къыдэкI «Баксанстрой», «На боевом участке» газетхэр. ИужькIэ «Молодой сталинец» газетым и редактор нэхъыщхьэуи лэжьащ. А псоми къадэкIуэу, ар илъэс нэблагъэкIэ «Комсомольская правда» газетым и корреспондентуи щытащ, зауэ нэужь лъэхъэнэхэм «Известия» газетми илъэс зыкъомкIэ дэлэжьащ. А гъэхэм къриубыдэу а газетхэм къытехуа и тхыгъэхэр къызэрамыхутам, абыхэм зыри зэрытемыпсэлъыхьам къыхэкIкIэ, Теунэм журналист лэжьыгъэу иригъэкIуэкIар нобэр къыздэсым гулъытэншэу къонэ.

Махуэ къэс зыбгъэдэт журналист лэжьыгъэм къыдэкIуэу, Теунэм а зэманым художественнэ тхыгъэхэми зрипщыту щIедзэ. Абы 1939 гъэм итха «Аслъэн» повестыр тхакIуэм и япэ тхыгъэу къэтлъытэу къекIуэкIми, и архивым къыхэна Iэрытххэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, 1939 гъэм ар елэжьащ «Зэныбжьэгъуныгъэ» романымрэ нэгъуэщI рассказ зытIущрэ. Ахэр и кIэм щIыхунэмыгъэсам и щхьэусыгъуэр, зэрыхуэбгъэфащэ хъунумкIэ, пцIы къытралъхьэу зэрагъэтIысамрэ комсомолым къыхадзу зыкъомрэ зэрыхамыгъэхьэжамрэщ.

Журналистикэм илъэс куэдкIэ зэрыщылэжьам, гъащIэм кууэ щыгъуазэ зэрызыхуищIам, и зэхэщIыкI-гупсысэхэр зэрызэтеувам, художественнэ Iэзагъ зэрызригъэгъуэтам и фIыгъэу къыщIэкIынщ тхакIуэм и япэ повестыр дэгъуэу къыщIехъулIар. Абы тетхыхьа псоми зэдэарэзыуэ зэрыжаIэмкIэ, «Аслъэн» повестыр къэбэрдей прозэм и хэлъхьэныгъэ гъуэзэджэщ, и къежьапIэ хъуахэм ящыщ зыщ.

ГъащIэжь щыIам адыгэ мэкъумэшыщIэ къызэрыгуэкIыр зыхигъэта тхьэмыщкIагъэри, абы и зэхэщIыкIым зыужьыныгъэ зэримыгъуэтари, фIым щыгугъыу и дуней Iыхьэр зэрихьари кууагърэ пэжагърэ хэлъу

зыхэплъагъуэ образ гукъинэж тхакIуэм щызэфIигъэуващ а повесть цIэрыIуэм. Абы хыболъагъуэ бгырыс лэжьакIуэм и къарур, и бэшэчагъыр, хьэзаб мыухыжхэм хэмыкIыу ар зэрагъэпсэур, и хъуэпсапIэ-гугъапIэхэр къызэремыхъулIэр. Ауэ, гъэщIэгъуэныракъэ, сыт хуэдиз гугъуехь къыпэмыувми, ар пщэдейм хуоплъэ, къэкIуэным бащэу щогугъ.

ГъащIэм щызекIуэ залымыгъэм махуэ къэс кърипэс лейм, зыхэт дэкъузэныгъэм я хэкIыпIэ хъунур Аслъэн зэкIэ къыхуэгъуэтыркъым, ауэ, сыт хуэдэ бэлыхь хэмыхуами, абы гъащIэр фIыуэ елъагъу, зыр къемыхъулIэу адрейм зрет, зэIузэпэщ псэуныгъэм и нэ къыхуокI, ар зэрызригъэгъуэтыным, IэпэдэгъэлэлI хэмылъу, хущIокъу, и хъуэпсапIэхэр зэгуэр благъэ къызэрыхуэхъунум шэч къытрихьэркъым. АрщхьэкIэ насыпыншагъэу къытепсыхэхэм Аслъэн зыхуашэр губжь, гужьгъэжь къудейрщ, щхьэ закъуэ бэнэныгъэрщ. Ар гъуэгу зэхэкIыпIэм тетщ, и къару закъуэкIэ абы зыри зэрыхузэфIэмыкIынур къыгурыIуэркъым.

Бгырыс мэкъумэшыщIэр къызэрызэщыур, бэнэныгъэм зэрыхыхьэр, гугъуехь инхэр пылъу гъуэгу тэмэмыр абы къызэригъуэтырщ Теунэм зауэ нэужь лъэхъэнэхэми и Iэдакъэ къыщIэкI адрей тхыгъэхэми къыщыгъэлъэгъуэжар. Абыхэм ящыщу япэ зи цIэ къиIуапхъэр тхакIуэм и роман цIэрыIуэ «Шэджэмокъуэ лъэпкъырщ», литературэмкIэ КъБРм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэщарщ, критик цIэрыIуэ Iэджэм псалъэ гуапэ куэд зыхужаIа тхыгъэрщ. Мы романым и лIыхъужь нэхъыщхьэ Исмели, Аслъэн ещхьу, гъащIэм щызекIуэ залымыгъэр хуэшэчыркъым, ар абы бэнэныгъэм ирехулIэ, ауэ зыпэува къару фIыцIэм зэрыпэмылъэщынур къыщищIэм, хэкIыпIэу абы къыхуэгъуэтыр зыщ: и псэр и къуэм щхьэузыхь хуищIынырщ.

Нэхъыжьхэм къыхаха  гъуэгур фIэкъабылкъым романым хэт лIыхъужь нэхъыщхьэхэм ящыщ Зырамыку. Гугъуехьышхуэхэр пылъу зи зэхэщIыкIым зезыгъэужьа а бгырыс щIалэм мащIэ-мащIэурэ къыгуроIуэ щхьэ закъуэ бэнэныгъэм къызэримыкIынуIар, лэжьакIуэбэм я хуитыныгъэр къару зэхэлъкIэ фIэкI къазэрыхуэмыхьынур. ТхакIуэми ибзыщIыркъым апхуэдэ гупсысэ тэмэмхэр Зырамыку и закъуэ къарукIэ къызэрыхуэмыгъуэтынур, икIи абы ущиякIуэ, гъуэгугъэлъагъуэ хуещI урыс революционер Кулибиныр.

«Шэджэмокъуэ лъэпкъыр» къэбэрдей прозэм и хэлъхьэныгъэ хьэлэмэтщ, и тхыгъэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщ зыщ. Апхуэдэ зэфIэкIрэ зыузэщIыныгъэрэ а тхыгъэм псоми щIыдалъагъур гъащIэжь щыIар Iэзагъышхуэ хэлъу абы къызэрыщыIуэтэжарщ  бгырыс мэкъумэшыщIэхэм я зэфIэкIымрэ лъэкIыныгъэмрэ зыхуэдизыр кууэ къызэрыщыгъэлъэгъуэжарщ, ди лъэпкъым щыщ цIыхухэм я образ гукъинэж зыбжанэ ди нэгу зэрыщыщIэкIырщ.

И япэрей тхыгъэхэмкIи иужькIэ и Iэдакъэ къыщIэкIахэмкIи тхакIуэм гулъытэ нэхъыбэ зыхуищIыр ди лъэпкъым и цIыхухэрщ, абыхэм я зэхэщIыкI-гупсысэкIэр зэрефIакIуэрщ, я дуней еплъыкIэм зэхъуэкIыныгъэ игъуэтхэрщ. ГъащIэщIэм и лъэхъэнэхэм сыт хуэдиз гугъуехь ахэр Iумыуэми, хэпщIыкIыу совет цIыхум зэрызихъуэжыр, щIэныгъэ куу, IэщIагъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрызригъэгъуэтыр, зыужьыныгъэм и гъуэгу хуитым ар зэрытеувар Теунэм къыщигъэлъэгъуащ «Псэм и IэфIыр къыуатмэ», «Дыщэ кIанэхэр» романхэми. Зэ еплъыгъуэкIэ, абыхэм къыщыгъэлъэгъуар псэукIэщIэм и зэманым къэралышхуэм ис лъэпкъхэм яку къыдэхъуэ зэныбжьэгъуныгъэр ару къыпщыхъу щхьэкIэ, а тхыгъитIми пэжагъ, Iэзагъ хэлъу къыщыгъэлъэгъуащ 40–50 гъэхэм

ди лъахэм зэфIэгъэувэжыныгъэ лэжьыгъэу щекIуэкIар, зэман кIэщIым къриубыдэу цIыхухэм ехъулIэныгъэ телъыджэхэр зэрызыIэрагъэхьар, нэрылъагъуу я псэукIэр зэрефIэкIуар, культурэм, литературэм зэрызаужьар. А тхыгъитIым щызэфIэгъэува образхэм я нэхъыбэр цIыху щхьэхуэу, пыухыкIауэ уи пащхьэ къоувэ, къызыхэкIа лъэпкъым и нэпкъыжьэ ятелъщ, и хьэл-щэн нэхъыфIхэр яхэпщащ, ахэр псэм дохьэ, гум къонэ. Апхуэдэхэщ Джырандыкъуэ, Дамжьыкъуэ, Мыщэкъуий, Угъурлы, Благонравовым, Мэрзидан, Залымджэрий, Елдар сымэ я образхэр.

Шэч хэмылъу, тхакIуэм нэхъ и ехъулIэныгъэр Ахьмэд и образырщ. Ар абы къигупсысакъым – къызытрищIыкIа ныбжьыщIэхэр, а зэман гугъухэм щIэныгъэ зэзыгъэгъуэтыну яужь ихьахэр езы тхакIуэм фIыуэ ицIыхурт, ахэм ящыщ куэд письмохэмкIэ игъэгушхуэрт, ахъшэкIэ ядэIэпыкъурт, зэреджэм кIэлъыплъырт. А и нэIэ зытетахэм ядилъэгъуахэр Теунэм кIэрилъхьащ Ахьмэд и образым, аращ ар гунэс щIыпщыхъур, гъэщIэгъуэн пщызыщIыр.

Зи лъэпкъым и зыужьыныгъэр зи хъуэпсапIэ, дэтхэнэ и зы текIуэныгъэ мащIэри зи гуапэ, и щхьэкIэ къеуэлIауэ фIэкI къызыщымыхъу Теунэ Хьэчим илъэс щэ ныкъуэм нэблагъэкIэ къэбэрдей литературэм хуэлэжьащ. Зи лъэпкъ тхыдэм, IуэрыIуатэм, литературэм фIыуэ щыгъуазэ, кууэ хэзыщIыкI тхакIуэм къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр ирегъэкIуэкI. Илъэсиплl нэблагъэ зытригъэкIуэда «Къэбэрдей литературэмрэ къэбэрдей тхакIуэхэмрэ» лэжьыгъэ гъуэзэджэм, а зэманым тепщIыхьмэ, пхужымыIэным хуэдизу мыхьэнэшхуэ иIащ, ар къэбэрдей литературэхутэм и къежьапIэщ, и хэлъхьэныгъэ хьэлэмэтщ. Мы тхылъыр зытIущрэ Мэзкууи къыщыдэкIащ, абы и фIыгъэкIэ нэгъуэщI лъэпкъ щIэныгъэлIхэмрэ тхылъеджэхэмрэ къэбэрдей литературэм и тхыдэм, и ехъулIэныгъэхэм щыгъуазэ хъуащ. Урыс критик цIэрыIуэ Гоффеншефер Вениамин а тхылъым теухуауэ мыпхуэдэу итхыгъащ: «Теунэ Хьэчим и фIыгъэщ къэбэрдей литературоведенэм Нэгумэ Шорэ, ПащIэ Бэчмырзэ, ЩоджэнцIыкIу Алий сымэ я гъащIэмрэ я творчествэмрэ теухуа очеркхэр къызэрыхыхьар... КъызыхэкIа лъэпкъым фIыуэ ялъагъу усакIуэхэм я образхэр щызэфIэгъэувэжа а очеркхэм наIуэу хыболъагъуэ къэхутакIуэм и гупсысэм и куугъымрэ художникым и Iэзагъымрэ».

Теунэм и тхыгъэхэр псори урысыбзэкIэ къыдэкIащ, лъэпкъ зэхуэмыдэ Iэджэм я тхылъеджэхэм ахэм щыгъуазэ зыхуащIащ, лэжьыгъэ зыбжани тратхыхьащ. Украинэм къыщыдэкI «Радуга» журналым Хьэчим теухуауэ итхыгъащ: «Теунэ Хьэчим и творчествэр зэрыщыту и лъэпкъым и дахагъыр, пасэм щыгъуэ абы ишэча бэлыхьхэмрэ хьэзабхэмрэ, революцэ нэужьым, социализмым и лъэхъэнэм игъуэта зыужьыныгъэр зыгъэлъапIэщ. Къуэ лъагъуныгъэ IэфI и лъэпкъ цIыкIум, ауэ зи щIыхьыр лъагэм, тхакIуэм зэрыхуиIэр хыболъагъуэ абы и «Шэджэмокъуэ лъэпкъыми», цIыху пэрытхэм теухуа и очеркхэми».

Зыкъомым яIэщIэгъупщыкIыжа щхьэкIэ, и зэмани и гугъуехьи емыблэжу Теунэр псэуху ди тхакIуэ-усакIуэ куэдым ядэлэжьащ. Къэбэрдей литературэм щылэжьауэ, КIыщокъуэ Алим деж къыщыщIэдзауэ Бештокъуэ ХьэбаскIэ иухыжу, Хьэчим чэнджэщ Iущ зримыта, зи тхыгъэ щIэмыджыкIа ди тхакIуэхэм яхэткъым. Ар адэфIу, тхьэмадэ Iумахуэу зэманыфIкIэ абыхэм ящхьэщытащ, лъэIукIэ зыкъыхуигъэзауэ абы игъэщIэхъуарэ хузэфIэкI зыхуимыщIарэ щыIэ хъункъым, ар ищIэну зыми и пщэ къыдимылъхьами. А цIыху акъылыфIэм занщIэу къихутэфырт зэчий зыбгъэдэлъхэр, апхуэдэхэр и деж иригъэблагъэрт, и

ехъулӀэныгъэ-ныкъусаныгъэхэр иригъэлъагъужырт. Я цӀэ къидмыӀуэми, а илъэсхэм ТхакӀуэхэм я союзым хыхьахэм я нэхъыбэр къызэращтам абы и фӀыщӀагъэ куэд хэлъщ.

Зырызу къедмыбжэкӀми, Теунэ Хьэчим и тхыгъэхэр хамэ къэралыбзэ ӀэджэкӀи зэрадзэкӀащ. Абыхэм я фӀыгъэкӀэ къэралыгъуэ куэдым ди лъэпкъыр, ди тхыдэр, ди гъащӀэр, ди хабзэхэр къыщацӀыхуащ, къэбэрдей литературэр дунейпсо утыкум ихьащ.

Къулыкъу зыӀутым, езым и гуапагъым, гъэсэныгъэ лъагэ хэлъым, и псэлъэкӀэ щабэ къудейм я фӀыгъэкӀэ Теунэм урысей, нэгъуэщӀ лъэпкъ тхакӀуэ, усакӀуэ, критик цӀэрыӀуэхэм ящыщу ныбжьэгъу куэд иӀащ, нэхъ гъунэгъуу абы къыбгъэдэтахэм ящыщщ КӀэрашэ Тембот, Джусойты Нафи, Гамзатов Расул, Липкин Семен, Либединский Юрий, Гоффеншефер Вениамин, Андроников Ираклий сымэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми псалъэ гуапэ къыхужиӀащ Теунэм. Къэтхьынщ урыс зэдзэкӀакӀуэ цӀэрыӀуэ Липкин Семен и зы письмо: «Си дежкӀэ уэ литературэм и лӀыхъусэжьу (рыцару) укъонэ, уи лъэпкъыр Кавказым и лӀыхъусэжьу зэрыщытам ещхьу. Сэ уэ пщӀэшхуэ пхузощӀ илъэс 24-рэ и пэкӀэ къэбэрдей усыгъэм и псынащхьэм сызэрепшэлӀам щхьэкӀэ. А псынэ къабзэм сэ сефащ икӀи къызгурыӀуащ мыгъущыжын фалъэм сызэрыхэӀубар.

Си псэм хуэдэу фӀыуэ слъагъу Хьэчим, си гуапэщ талант уэ убгъэдэлъым ехъулӀэныгъэ телъыджэхэр къыпхуихьыну, насып, узыншагъэ, гъащӀэ кӀыхь уиӀэну…»

Апхуэдэ псалъэ гуапэхэмкӀэ узыгъэгуфӀэн ныбжьэгъу нэс къыпкъуэтынырауэ къыщӀэкӀынщ цӀыху насыпкӀэ зэджэжри.

Зи лъэпкъым еш имыӀэу хуэлэжьа Теунэ Хьэчим ищӀар, хузэфӀэкӀар псыхэкӀуадэ хъуакъым, ар къызыхэкӀа лъэпкъым къыхуэнащ. Абы и гуащӀэдэкӀ хьэлэлыр къэралым гулъытэншэу къигъэнакъым. Мамырыгъэр зыгъэбыдэ лэжьыгъэ ин иригъэкӀуэкӀар къалъытэри, медалу иӀэхэм нэмыщӀ, Теунэм къратащ ордениплӀ, и творчествэ купщӀафӀэм папщӀэ къыфӀащащ КъБР-м и цӀыхубэ тхакӀуэ цӀэ лъапӀэр, ар литературэмкӀэ КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреатщ. Ауэ мыри ди жагъуэ мэхъу: абы игъэса нэхъыщӀэхэм ди тхьэмадэфӀым хуэфащэ пщӀэ хуэтщӀыжыфакъым. Адыгэ тхакӀуэ гъуэзэджэр дунейм зэрехыжрэ илъэс 30-м нэблэгъащи, а зэманым къриубыдэу абы и зы тхылъ къыдэкӀыжакъым, и гъащӀэр щихьа Налшык и зы уэрам е зы еджапӀэ абы и цӀэр фӀащакъым, и зы фэеплъи зыщӀыпӀи щыхуагъэувакъым, и творчествэм теухуауэ зы тхылъ цӀыкӀу къызэрыдэкӀам и гугъу умыщӀмэ. И псэр пытыху хузэфӀэкӀ къимыгъанэу ди лъэпкъ литературэм хуэлэжьа тхакӀуэм апхуэдэпщӀэ фӀэкӀ хуэдмыщӀыныр тэмэмкъым, къезэгъыркъым, лъэпкъ щӀыхьыр абы къиӀэтуи пхужыӀэнукъым. Зыщыгъэгъупщэн хуейкъым дяпэ ища нэхъыжьыфӀхэм я пщӀэр мыгъэкӀуэдыным, абыхэм я фэеплъыр гъэлъэпӀэным къытщӀэхъуэ щӀэблэр гъэсэнымкӀэ мыхьэнэшхуэ зэраӀэр. А Ӏуэхум хуэунэтӀауэ езы тхакӀуэшхуэм илэжьар гъунапкъэншэщ, дерс щхьэпэхэр къызыхэпхынщ.

**ХЬЭКӀУАЩЭ Андрей,**
*филологие щӀэныгъэхэм я доктор, профессор.*

# Абы и цӀэри и лэжьыгъэхэри дэркӀэ лъапӀэщ

ГукъэкӀыжхэм щыщ

Теунэ Хьэчим и япэ тхыгъэхэм щыщ «Аслъэн» повестым дихьэхыу къемыджэ къытхэту къыщӀэкӀынтэкъым школым дыщыщӀэсахэм щыгъуэ. Абы хэт псалъэуха шэрыуэхэр зэпэддзыжу тӀурылът. «ЗэхэгъэкӀыныгъэ» и пьесэмкӀэ школым щыдгъэува спектаклым «си артистыгъэри» къыщызгъэлъагъуэу щытат. Ар дыщыцӀыкӀухэрат.

ДыкъыдэкӀуэтейуэ, Ӏеймрэ фӀымрэ нэхъ зэхэдгъэкӀыф дыщыхъуам къыдгурыӀуащ Теунэр адыгэ тхакӀуэ нэхъыфӀ дыдэхэм зэращыщыр. ТхакӀуэ, публицист, литературэхутэ, журналист, драматург Теунэ Хьэчим и къалэмыпэм къыщӀэкӀауэ щӀэх-щӀэхыурэ радиокӀэ къат, печатым къытехуэ, тхылъ щхьэхуэури къыдэкӀ абы и ӀэдакъэщӀэкӀхэм ди щэнхабзэм увыпӀэшхуэ щаӀыгъыу екӀуэкӀырт. Ахэр зэпымыууэ хагъэхьэрт школхэм зэрыщрагъаджэ программэхэми. ДыщышколакӀуэхэм щыгъуэ абыхэмкӀэт сэри Теунэр зэрысцӀыхур.

ИужькӀэ япэ дыдэу Хьэчим сыщыхуэзар 1955 гъэм и бжьыхьэпэращ. А илъэсым къуажэ школыр къэзухри, ТхакӀуэхэм я союзым и жэрдэмкӀэ, Мэзкуу еджакӀуэ сыкӀуат. КъызэрыщӀэкӀамкӀэ, нэгъабэ лъандэрэ Теунэри щеджэрт сэ сызыщӀэтӀысхьа къудей Литературэ институтым къегъэщӀылӀа Курс нэхъыщхьэхэм...

Гъэ еджэгъуэм щӀидзэжакӀэт Хьэчим ныщигъэзэжам.

– Си студентэгъуу адыгэ щӀалэ мыбы къызэрагъэкӀуар Налшык къыщызжаӀати, си гуапэ хъуащ. Сэ сы-Теунэ Хьэчимщ... Елгъэр Кашифыр уэра? – зыкъысхуегъазэ абы.

Жэуап естыным и пӀэкӀэ:

– Уэли, сэ куэд щӀауэ узоцӀыхум-тӀэ... Уи тхыгъэхэмкӀэ, – щӀызогъуж.

– Ари хъарзынэщ. Тхьэразэ къыпхуххъу. Уи Ӏуэхухэр дауэ щыттӀэ? – набдзэгубдзаплъэу сызэпеплъыхь, ӀэпцӀупцӀу сызэрыхуэпам гу лъитакӀэщи.

– ЩӀагъуэкъым, – ерагъыу къыдызошей.

– Ӏау, дауэ зэрымыщӀагъуэр? Дуней псом зи фэгъу темыт, Ӏэджэм яхуээрымыгъэгъуэт еджапӀэ укъыщӀэтӀысхьащ… Щхьэлыкъуэ школым укъыщӀэлъэтри, ди къэралыгъуэшхуэм и щыхьэрым укъыдэхутащ. Уи насыпым кърихьэкӀри… Афэрым, абы уи лӀыгъэри хэлъыжу, еджапӀэм укъыщӀэхуащ…

– СыкъыщӀэхуат, ауэ… – а сызэрынэщхъейщ.

– Уи «ауэм» къибгъэкӀыр сыт-тӀэ?

– Стипендие къызатынукъым.

– Ар сыт щхьэкӀэ?

– Урысыбзэ тхэнымкӀэ «щы» къэсхьащ. Дыдейхэм я Ӏуэху хуэщӀакъым… Зэрыхъунур, сызэреджэнур сщӀэркъым… – нехьэкӀ-къехьэкӀ хэмылъу, сыхуотхьэусыхэ.

– А сызэбгъэдэӀуахэр хэплъэгъуэщ… Ауэ умыгужьей, хуэмыху. ЗэрыжаӀэщи, мы дыкъыздэкӀуа щыхьэрри занщӀэу яухуакъым… Уи Ӏуэхуми, Тхьэм жиӀэмэ, хуэм-хуэмурэ зэ зыкъигъэзэжынщ. Ауэ апщӀондэху зыгуэр къэгупсысын хуейщи… Шэджагъуашхэри къэсащ. НакӀуэ модэ, ди деж

дыщIыхьэнщи… – жиIэу си Iэблэр щиубыдым, зизмычу зислъэфыхьырти: – Жыжьэ усшэнукъым. Ди общежитыр… дызыщIэсыр моращ, – жери сегъэлъагъу еджапIэ пщIантIэм дэт унэшхуэхэм ящыщ зы.

Иужькlэ зи ерыскъы IэфI куэд сшха и щхьэгъусэ КIули щIэсти:

– Сыту фIыт! Сыту фIыт адыгэ щIалэ цIыкIу гъусэ къызэрытхуэхъуар! – жиIэу апхуэдизкIэ къысщыгуфIыкIт мо цIыхубз лъагъугъуафIэри, уи гугъэнт и Iыхьлы бын гуэр Мэзкуу къыщигъуэтыжауэ.

ЗэрыжаIэу, сыздагъэтIысынумрэ сыздахьынумрэ ямыщIэу, моитIур зэуэ къысхуэбзэIэфIщи, абыхэм къысхуаIэ щытыкIэ гуапэм сегъэIэнкун. УкIытэхышхуэ сыхъуащи, си щхьэр къысхуэIэтыркъым. Хьэчим зыщIэмыупщIэ къигъанэркъым. Абы хуэсIуэтахэмкIэ, сызэрыхуэтхьэусыхамкIэ къыгурыIуащ, пэж дыдэу, си Iуэхур икъукIэ зэрыхэплъэгъуэр. Гукъыдэж симыIэу сыщIэнэщхъейр. Сигу фIы ищIыну пылъу арагъэнщи:

– Газетхэми альманахми тета уи усэхэм сыкъеджащ. Хъарзынэу отхэ. Ауэ фIым гъунапкъэ иIэкъым. ФIыр нэхъыфIыж пщIы, ебгъэфIакIуэ мэхъу. Абы щхьэкIэ уеджэн, уи щIэныгъэм хэбгъахъуэ зэпыту дунейм утетын хуейщ… Сэ, плъагъуркъэ, си жьыщхьи соджэ… Зэрыбыну мыбы нэс дыкъэкIуауэ, – жери хуоплъэкI Iэнэр къытхуэзыгъэув КIули сабырыбзэу тхылъ еджэу щыс щIалэ цIыкIуми. – Иджыри бжызоIэ, си шынэхъыщIэ: умыгужьей, укъэмыскIэ. А къысхуебгъэкIуэкIахэм къызэрыхэбгъэщам ещхьу, лIыгъэншэу укъыщIэкIарэ ущIэпхъуэжамэ, ди адыгэ напэри тепхат. Мыбы укъэзыгъэкIуа Къардэн Буби КIуащ БетIали бгъэщIэхъуат. Апхуэдэ емыкIу зращIэм хуэдэкъым ахэр. Шэч къытумыхьэ: Бубэ укъызэригъэгугъа псалъэр игъэпэжынщ… КъыбдэIэпыкъунхэщ. Дэри тлъэкI къэдгъэнэнкъым. Мис, дыщыпсэур къэпщIащ. УмэжэлIэху къыщIэлъадэ…

– НтIэ, тIасэ, нтIэ. УмыукIытэ. Дэ ерыскъы хьэзыр димыIэу зэи къэхъуркъым. Мес, ди Алик цIыкIу школым жьыуэ къокIыж. Дэ дыщIэмысми, зэдэшхэ IэфIщ, жи. Абырэ уэрэ…– къысщогуфIыкI ерыскъыр Iэнэм тез къэзыщIа КIулэ. – ФыхэIэбэ иджы.

Дошхэри дыщысщи, Хьэчим и ущиери зэпигъэуркъым.

– Уэ ушынэу ущIэпхъуэж пэтами…

Пэта къудейм къыщымынэу, еджапIэм сыкъыщыщIэкIыж дакъикъэм Къардэн Бубэ шокъущ жоуэ Алыхьым къызигъэхутылIэу сыкъызэтримыгъэувыIэжамэ, си еджэным кIэ игъуэтат. Щхьэусыгъуэр арат: стипендиеншэу семыджэфыныр хьэкът. А Iуэхум тIэкIу сытепсэлъыхьыжауэ щытащи, абы мыбдеж кIыхь зыщезгъэщIынкъым. ЗанщIэу къыжысIэнщи, сэ цIыхуфI си натIэт: КIуащ БетIал, Къардэн Бубэ, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм... Мис иджы – Теунэ Хьэчим. Абы и щхьэгъусэ бзылъхугъэ телъыджэ КIулэ...

– Мыбы адыгэ щIалэ бэлыхьхэр щеджащ. ИкIи щоджэ, – и псалъэм пещэж Теунэм. – Къущхьэ СулътIан пцIыхурэ?

– Ахьей сцIыхурэ! «Советская молодежь» газетым япэ дыдэ си усэ къытрезыгъэдзар аращ.

– АтIэ, абыи фIы дыдэу къиухащ мы ди институтыр. ИкъукIэ щIалэфIщ. Прозаик дэгъуэщ. Шэвлокъуэ Петри…

– Ари соцIыху, – зыхуэмышыIэ пщтырафэ сохъу. – Мыбы сыкъэкIуэным и пэкIэ БетIал сигъэцIыхуащ.

– ЩIалэ Iэзэщ. КритикыфIи зэдзэкIакIуэ хъарзыни хъунущ. НэгъуэщI ди адыгэ щIалэ бэлыхьитIи… – зи гугъу ищIынур къызгурыIуащи, аргуэру япэ сольадэ: Мысачэ Петррэ МэшбащIэ Исхьэкъррэ я цIэр къызоIуэ.

– Абыхэм гъэ къакIуэ къаух. Сэ…

– И чэзур къэсмэ, уэри къэбухынщ, Тхьэм жиIэмэ. Иджы тщIэнуращ, си шынэхъыщIэ. Ди председатель Бубэ укъызэригъэгугъахэм нэмыщI, нэгъуэщI хэкIыпIэ гуэрхэри къэдгъуэтынщи… – Iуэхум кIыхьлIыхь лъэпкъ къыхимыгъэкIыу, занщIэу письмоуитI къегъэхьэзыр. Сэ къыздэIэпыкъуну зыгуэрхэм елъэIуу аращи:

– ЕмыкIукъэ ар? – сынэщхъей дыдэу сыщIоупщIэ.

– Абы емыкIу пылъкъым. Мы дызэлъэIухэм ахъшэр я жып кърахынукъым. Уэ пхуэдэ… студент хуэмыщIахэм ядэIэпыкъуным хухэхауэ къэрал ахъшэ яIэщIэлъщ абыхэм. Ауэ щыхъукIэ… дыщIэукIытэн щыIэкъым, – жиIэу письмохэр тхын еухри: – Мыбыхэм ящIыгъуну уэри лъэIу тхылъитI тхы, – жи. Сеплъмэ, зыр зыхуитхыр Къэбэрдей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и тхьэмадэращ (сыщымыуэмэ, Лъостэн Чэлимэт си гугъэжщ), адрейр зыхуригъэхьыр КъБАССР-м и ТхакIуэхэм я союзым и Литфондтет, усакIуэ Щомахуэ Амырхъант. Абыхэм сэ сыкъамыцIыхуми, Теунэр зищIысыр ящIэрти, Хьэчим и псалъэм пщIэ зэриIэр мыгувэу зыхэсщIауэ щытащ...

«ДызэлъэIухэм», «дыщIэукIытэн», «ящIыдгъун» жызыIэурэ гъусэ зыкъысхуэзыщI Теунэм, «и хьэтыр солъагъури», тIэкIу зислъэфыхьами, сэри лъэIу тхылъхэр сотх.

Мазэ нэхъ дэмыкIыу, Налшык нокIри, аргуэру ахъшэ хъарзынэ къысIэрохьэ. А лъэхъэнэм ди ТхакIуэхэм я союзым и унафэщIу щыта Къардэн Буби и псалъэм епцIыжатэкъыми, щIымахуэм хуэхьэзыр зысщIащ: зысхуэпащ. Мэзкуу дэсыфэ къызэрыстеуам щыгуфIыкIырт Хьэчими КIули. Ауэ я деж сыщIэмыхьэу зы махуэ дэзгъэкIамэ, тIури къызэшхыдэрт. Пэжщ, Хьэчим иджы нэхъ зытепсэлъыхьыр творчествэрат.

– ЗэкIэ нэхъыщхьэр еджэнырами, деджэ къудейкIэ зэфIэкIынукъым, си шынэхъыщIэ. УщIалэ щIыкIэ тхэн, бидэу тхэн хуейщ. Птхар хъуарэ мыхъуарэ къэпщIэн папщIэ, ахэр цIыхум я пащхьэм илъхьэни хуейщ. Абы щхьэкIэ тщIэнуращи... – аргуэру гъусэ зыкъысхуещI. – Тхылъеджэхэм закъегъэцIыхун, уи тхыгъэр къазэрыщыхъур къэпщIэн хуейщи... Абы и лъэныкъуэкIэ уэрэ сэрэ иджыпсту нэхъ IэмалыфI, хэкIыпIэфI диIэщ. Мыбы зэдзэкIакIуэхэр щыкуэдщ. Уи тхыгъэхэр зытебдзэн жыпIэнущи, газетхэри журналхэри щыгъунэжщ... Аращи, умыбэлэрыгъ. Тхэ. Птхари уи студентэгъухэм ептурэ зэрегъэдзэкI... Дауэ зэрестынур жыпIа? «Подстрочнэ» жыхуаIэм хуэдэу зэбдзэкIынщи...

Мыбдеж Хьэчим къыгурымыIуэр... зэрыщыуэр зыт: си усэхэр сэ схузэдзэкIыжын хуэдэу сыIэзэмэ, урысыбзэ тхэнымкIэ «щы» къэсхьу стипендиеншэу сыкъанэрэт?

– Мыдэ сэ къызэт ахэр, – жери усэ зытхух сIех. ЗэдзэкIакIуэм зэреттынум хуегъэхьэзыр. Ахэр изот си студентэгъу Кузнецов Валентин. Абы зэридзэкIахэм Хьэчим хызогъэплъэж. Зыгуэрхэри зэрегъэзэхуэж. Псалъапэ гуапи щIегъури, усэхэр Налшык кърегъэхь. Ахэр къытрадзэ «Кабардинская правда» газетым.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ си литературэ гъуэгуанэр укъуэдииныр фIыуэ къыздигъэпсынщIа къудейтэкъым Теунэ Хьэчим – Мэзкуу дыщызэгъусэху абы и фIыщIагъэ куэд слъэгъуащ. И ущиехэр-щэ?..

А лъэхъэнэм щIэгъэхуэбжьауэ зыхуагъэхьэзыру щIадзат Къэбэрдейр езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс щиплI зэрырикъур ехьэжьауэ гъэлъэпIэным. А Iуэхушхуэр екIуу екIуэкIыным и саулыкъукIэ газетхэри, журналхэри, тхылъ тедзапIэхэри адыгэ тхакIуэхэм гуапэу

къазэрыIущIэнум щыгъуазэ сызыщIари Хьэчимщ. Сэри а хэкIыпIэр жыджэру къэзгъэсэбэпын зэрыхуеймкIэ чэнджэщ щхьэпэхэр къызитырт. Арат епIэщIэкIыу си усэхэр зэдзэкIыным щIыхуигъэхьэзырари, а Iуэхум-кIэ Хьэчим къыздэмыIэпыкъуамэ, 1956 гъэм и октябрым и пэщIэдзэ дыдэхэм «Комсомольская правда» газетым къытехуэнтэкъым «Щхьэ-лыкъуэ» зыфIэсща усэр. Апхуэдэу зэрыхъуам си тхыгъэхэм я гъуэгур нэхъ тыншу къызэIуихауэ зэрыщытами пцIы хэлъкъым.

А лIы Iэдэбым, щэнхабзэ дахэ зыхэлъым, щIэныгъэшхуэ зыбгъэ-дэлъым и гулъытэ, и гуапагъэ зылъымыса яхэту къыщIэкIынкъым си ныбжь итахэми, нэхъыжьыIуэхэми, нэхъыщIэIуэхэми. Си щхьэкIэ нобэми IэфIу сигу къинэжащ абы сызыщIигъэдэIуу щыта дерсхэр. Уи тхыгъэ гуэр радиокIэ къату зэхихамэ е зыщIыпIэ къытрадзауэ илъэгъуамэ, телефонкIэми и щхьэкIэ зыкъыпхуигъазэми, къыпхуэмыгуфIэу, къомы-хъуэхъуу къигъэнэнутэкъым. АпхуэдэлIт ар: уи фIым щыгуфIыкIынут. Игу иримыхьу къыбдигъуэри ибзыщIынутэкъым. Ауэ уи жагъуэ къимы-щIу, Iэсэу, сабыру. Гъэсэныгъэшхуэ зыхэлъ лIы Iущти, абы и ущиехэр щхьэпэт, дахэт. Щхьэжэ пщыхъуртэкъым. А хьэл-щэнхэрат езыри фIыуэ къыщIалъагъур. Абы фIэлIыкIышхуэ иIэу дунейм щIытетыр…




**Отаров Керим, Теунэ Хьэчим, урыс тхакIуэ цIэрыIуэ Тельпугов Виктор, Елгъэр Кашиф, Гуртуев Берт сымэ.**

Уи щхьэм уэ хуэпщIыж пщIэрщ бгъуэтыжынур, жаIэ адыгэм. Ар зэрыпэжыр нахуэ нэхъ пщызыщI ди адыгэлIхэм ящыщ зыт Теунэ Хьэ-чим. Абы ухуэза нэужь, угузавэрт, упIейтейрт. «Ярэби, мыбы зыгуэркIэ губгъэн зыхуезмыгъэщIащэрэт, мыр къызэрызэупщIынухэм хуэфащэ жэуап естыжыфыну псэлъэгъу сыдэхъуфащэрэт», – жыпIэу. Апхуэдэу щIыщытыр Хьэчим джэдыкIэм цы къыхихыу хьэмэрэ Iэмбатэм и пIэ Iэтэ иригъэувэурэ, уи бзэгум щэлъахъэ къыщидзэу аратэкъым.

Хьэчим цIыху зэщIэкъуат. Езым псалъэ лей къыбжиIэнутэкъым. Ар ауэ сытми псэлъэгъу къудейтэкъым. Чэнджэщэгъу, ущиякIуэ нэст. Уи гурылъхэм, уи Iуэху ныкъуэщIэм утезыгъэгушхуэ нэхъыжьыфIт. Езым и щхьэм хуимыгъэфащэ, и щхьэм иримыпэс уэри къыбжиIэнутэкъым. А къыбжиIар фIэмыIуэхужу, щыгъупщэжу: «И щхьэ зэрыхьщ, адэ зэ си натIэ икIамэ аращ», – жиIэуи ежьэжынутэкъым.

Япэ зизгъэщынщи, абы щыхьэт тесщIэу мыри сигу къэзгъэкIыжынт.

Ещанэ курсыр къэзухри, гъэмахуэм сыкъэкIуэжат. Шокъущ жоуэ Хьэчим къалэ уэрамым сыщыхуозэ. Езым и гулъытэм хуэдэ схэлъамэ, дауи, сыкъызэрысыжрауэ, я деж сыкIуэу зэзгъэлъагъуну схуэфэщат. АрщхьэкIэ... Зэрихабзэу, зыщIэмыупщIэ къигъанэртэкъым. Сэри, згъэгуфIэнщ жыхуэсIэу, си Iуэхур зэрымыIейхэр къыхуезгъэкIуэкIырт: езым сызэригъэIущауэ щытахэм сытету сызэреджэр, си тхыгъэхэр зэрезгъэдзэкIыурэ газетхэм, журналхэм щIэх-щIэхыурэ къызэрытрадзэр жесIэрт. Гупсэхуу къызодаIуэ. ПцIы щхьэ упсын хуей, къысхуэарэзыуэ псалъэ гуапэ къызжеIэ. ИтIанэ:

– А сызэбгъэдэIуахэр псори хъарзынэщ. Афэрым! Иджы ныбжесIэнуращ... УрикIуэжыну гъуэгупщIэ пхуэхъунщ, Лъостэн Чэлимэт деж щIыхьи... Хьэуэ жыпIэрэ, зэгъусэу дыщIыхьэнщи... – къригъэжьар зыхуишэнур къызгурыIуащи:

– Хьэуэ, Хьэчим! КхъыIэ, абыхэм дыхыумыгъэхьэ... Си Iуэхухэр хъарзынэщ иджыпсту...

– НэхъыфIыж Тхьэм ищI, ауэ ахъшэр къызэлеекI студент слъэгъуакъым сэ... – сыт  сымыщIэмэ, сыхэзэгъакъым. Щымыхъужым:

– Хъунщ. СыщIыхьэнщ, – жызоIэри, арэзы сощI.

Зэман тIэкIу докIри, аргуэру дызэхуозэ. Си напэр мэс: еста псалъэм себэкъуащ. Щыгъупщэжагъэнщ жызоIэри сигу согъэфI. АрщхьэкIэ – ухуеятэкъэ?

– Лъостэным деж ущIэзгъэкIуар дауэ хъуа? – къызоплъ. Сэ зызолъэфыхь. КъыгурыIуэнтэкъэ? КъыгурыIуащи:

– Еу-уей, ар къызэпщIэну... сыкъэбгъэпцIэну си гугъэнтэкъым, – сегъэукIытэ. Псалъэ быди изот: сыщIыхьэнщ.

Сымыгъэгувэуи сыщIыхьэри... Си Iуэхур хъарзынэу зэрызэфIэкIамкIэ хъыбар щезгъэщIэжым:

– Упсэу! СыбгъэгуфIащ. Тхьэразэ къыпхухъу, – жи, гъуэгупщIитI-щы хъун зратар езыра нэхъей.

Апхуэдэ хьэли хэлът Хьэчим: къыбжиIам езыри текIынутэкъым, уэри уи псалъэ утригъэтыжынут...

Иджы, сыкъызытекIа Мэзкуу IуэхумкIэ згъэзэжынщи:

– Мыри зыщумыгъэгъупщэ, си шынэхъыщIэ, мыбы нэс еджакIуэ дыкъыщыкIуакIэ, ди тхэкIэми зедгъэхъуэжын хуейщ. ЛIыр гъуэгу щIытехьэр нэхъыбэ зригъэлъагъуну, имыщIэ зригъэщIэну аращ. Армыхъумэ, уи нэр уфIыцIарэ уи тхьэкIумэм цIыв ибгъэпщхьауэ къэпкIухьынумэ, вакъэ щIэбгъэлэжьэн щыIэкъым. Иджыри къэс мы институтым щыIа ди щIалэхэм дагъэукIытакъым. Уэри аращ дызэрыпщыгугъынур. ЗыгуэркIэ укъысхуей хъурэ – умыукIытэ, умыщхьэх, – жиIэрти сигу фIы схуищIырт. Сигъэгушхуэрт.

Куэдри сыхуей хъурт Хьэчим. Усэ стхыхэм псом япэ сыкъыхуеджэрт, урысыбзэкIэ зэрадзэкI си усэхэр езгъэлъагъурт. ЦIыхум и нэ къызэрыплъэрэ ямылъэгъуа гуэр стха сфIэщIыжу, жэщым къыщIезгъэдзам

махуэм Хьэчим сыкъыхуеджэрт. Ауи си пщIыхь къыхэхуэртэкъым: «Ярэби, мы лIым и щхьэ езмыгъэужэгъуу пIэрэ?» – жысIэну. Апхуэдэфи зрызигъэплъыртэкъым Хьэчим. Уеблэмэ махуитI-щы сыхуэмызамэ:

– СлIо, си шынэхъыщIэ, усэ птхыжыркъэ? Хьэмэрэ уи тхыгъэхэм тIэкIу сазэрытеухьар уи жагъуэ хъуауэ ара? Уи быным уэри ущытхъуж, нэгъуэщIри къыщытхъу зэпыт хъуа нэужь, Iуэхур зэIыхьэнкIэ бетэмалщ. Сэ бжесIэхэр щхьэжэ умыщIу, мыдэ къысхуеджэт уи усэщIэхэм, – жиIэрти, и пащхьэм сригъэтIысхьэрт. Ар ауэ сытми къызэдаIуэ къудейтэкъым. Къэрэндащрэ тхылъымпIэрэ иIыгъыу зыгуэрхэр итхырт. «Абдеж къытегъэзэжи къеджэжыт», – жиIэрти, сатыр гуэрхэм етIуанэу, ещанэу укъригъэджэжырт.

«Уи тхыгъэхэм тIэкIу сазэрытеухьар» жиIэ щхьэкIэ, уи гум ежэлIэну, акъылрэ гупсысэрэ къыхыумыхыну зы псалъи къыжьэдэкIыртэкъым. Iэдэбу, щабэу, гуапэу, «къыбгурыIуа, си шынэхъыщIэ?» – жиIэури къоупщIыжырт. Хьэчим сыхуэзэрэ усэхэм сакъыхуеджа нэужь, дамэ къыстекIэрт. Си тхыгъэхэм сэ хэзмылъэгъуэж «фIы гуэрхэр» абы гурыхь щыхъурт. Ар егъэлеяуэ къызэрысщытхъум гу лъыстэртэкъым. Уеблэмэ, сигу къэкIыртэкъым абы «сыкъигъэпцIэну». АрщхьэкIэ иужькIэ нэрылъагъу сщыхъуащ а лIы губзыгъэм и хьэлыфIхэм ящыщ гуэрми: абы фIэфIт щIалэгъуалэр Iуэхум тригъэгушхуэну. Сэ къызэрысщытхъум хуэдабзэу, абы нэгъуэщI щIалэщIэхэми (Хьэчим деж щIэх-щIэхыурэ къакIуэхэрт Мэзкуу дэт еджапIэхэм щIэс нэгъуэщI усакIуэ, тхакIуэ ныбжьыщIэхэри. Псом хуэмыдэу Хьэчим къыхуеблагъэрейт Мэзкуу артист IэщIагъэм щыхуеджэ, усэхэри зытхыу щыта, иужькIэ зи тхылъхэри къыдэкIа Щоджэн Хьэбасрэ Къущхьэ Къанщобийрэ. Абыхэми я чэнджэщэгъуфIт, я ущиякIуэфIт Теунэр) тхъупсыр ятригъэлъадэрт.

– Уа, Хьэчим, а зигу фIы пщIы щIалэ къомым, а узыщытхъу, псалъэ гуапэ зыхужыпIэ псоми я тхыгъэхэм зы дагъуи ямыIэу ара? – сеупщIат зэгуэр Теунэм. ИкIи а упщIэкIэ мышыум хуабжьу сыхущIегъуэжауэ щытащ: «Уэ сыщыпщытхъукIэ, уигу щыпхуэзгъэдахэкIэ, Iуэхум ущытезгъэгушхуэкIэ апхуэдэу сыту укъызэмыупщIрэ?» – къызжиIэмэ, си напэр текIакъэ жысIэри. АрщхьэкIэ апхуэдэ укIытэгъуэ сыхидзэным и пIэкIэ, жэуапу къызитарат:

– Уэ жыг ухъуну щытамэ, щIымахуэ хьэщхьэтеуэм укъызэфIигъэщIэнтэкъым жыпIэу, бжьыхьэм хэпса жыгыщIэр гъатхэм къыхэптхъыжу хыфIэбдзэж хъунукъым. Абы есылIэ хуэщIын, псы щIэкIэн, ар зыхуей хуэгъэзэн хуейщ. Зэрыхъун гъэхъуауэ къыпыкIэм еплъын хуейщ. КъыбгурыIуа? ИтIанэ, зыкъомым зэращIым ещхьу, уэ фIумыгъэжар хьэрэму къэлъытэнри къемызэгъщ. Дэтхэнэ зыми и лэжьыгъэм пщIэ хуэщIын хуейщ.

Мис апхуэдэ хьэл езым хэлъти, арат Хьэчим и щхьэми пщIэ щIигъуэтыр. «Сэ сэлъытауэ уэ сытым ущыщ?» – жиIэу щытамэ хьэмэрэ езым адрейхэм япэ зригъэщыну хэтамэ, Теунэм и Iэдакъэм къыщIэкIынтэкъым абы ди тхакIуэ пажэхэми, усакIуэ ныбжьыщIэхэми яхуитх псалъэ хьэлэмэтхэр. ЦIыху щхьэхуещэм, зи лъэпкъым щхьэкIэ гууз-лыуз зимыIэм и къалэмыпэм къыщIэкIынкIэ хъунукъым нарт хъыбарыжьхэм акъылу, дахагъыу хэлъым, ахэр хъумэным теухуауэ Хьэчим итхахэр. ТхэкIэрэ еджэкIэрэ зымыщIэу щыта адыгэхэм Нэгумэ Шорэ хуэдэ лIы губзыгъэ къазэрыхэкIам ехьэлIа хъыбар хьэлэмэтым укъыщеджэкIэ, уи лъэпкъым урогушхуэ, ин урохъу. Нэгумэ Шорэ илъагъуну зыщIэхъуэпсу щыта

адыгэлI еджахэм езы Теунэри зэращыщым щыхьэт тохъуэ «Урысей нэхур и гъуазэу» тхыгъэр.

Шорэ къызыхэкIа лъэпкъ тхыбзэншэм ПащIэ Бэчмырзэ хуэдэ лIы Iущхэри дыгъэ-мазэу къыхэлыдыкIыу зэрыщытам уардэу ириутыкуакIуэрт Теунэр. «Сэ губгъуэ нэщIым сыкъыщыхъуакъым. СызыщIапIыкIынрэ си щIыбагъ дэтынрэ сиIэу сыкъыфхохьэ», – жиIэу щIэнычгъэм и гъуэгушхуэм техьат Хьэчим. Щхьэзакъуэныгъэр зэрытхьэмыщкIагъэр къыгурыIуэрти, абы сыт щыгъуи тегъэщIапIэ ищIырт къызыхэкIа лъэпкъым и акъылыр, къыдалъхуа и къуэшхэм я дамэр.

А псоми урегъэгупсыс Теунэм «Къэбэрдейм и литературэмрэ и тхакIуэхэмрэ» зыфIища тхылъым укъыщеджэкIи. Хэт абы гулъытэ зыхуимыщIар, хэт абы хуэфащэ псалъэ зыхужимыIар?!

Лъэпкъ IуэрыIуатэм, езым япэкIэ ятхахэм, и ныбжьэгъухэм я лэжьыгъэ хьэлэмэтхэм тэмэму щыгъуазэ зищIати, аращ Хьэчим и япэ рассказхэр, повестхэр тхылъеджэхэм гурыхь нэс щIащыхъуари, къэбэрдей прозэм зиузэщIын папщIэ, а тхыгъэ гъуэзэджэхэм мыхьэнэ ин щIаIэри. Езым и щIэныгъэр тхакIуэ ныбжьыщIэхэм зэрабгъэдилъхьэныр зы махуэ зыщигъэгъупщэртэкъым Теунэ Хьэчим. А къалэн лъапIэр щIыхь пылъуи игъэзащIэрт Теунэм, ар ди республикэм и ТхакIуэхэм я союзым и правленэм щиунафэщIа 1945–1951 гъэхэми; иужькIи си зэманрэ си лэжьыгъэрэ япэ изгъэщынщ жимыIэу, усакIуэ, тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я егъэджакIуэ, ущиякIуэ пэжу щытащ.

«Газетым тета уи рассказым, журналым къытрадза уи повестым, радиом къита уи тхыгъэм сызэригъэгуфIам щхьэкIэ, сынохъуэхъуну сыкъэкIуат», – жиIэу Хьэчим и щхьэкIэ е телефонкIэ зызыхуимыгъэза яхэту пIэрэ ди тхакIуэхэм? Яхэту къыщIэкIынкъым. Ар къызыхэкIыр, аргуэру жытIэнщи, Теунэр зэрыпсэемыблэжырт. НэгъуэщIым къехъулIа гурыфIыгъуэр езым къылъысам хуэдэу къыщыхъурт абы. Мис а гуфIэгъуэр, ехъулIэныгъэр дэтхэнэ тхакIуэми и Iэдакъэрыкl хъун папщIэ, Хьэчим куэд ищIэфащ. Ар зэщхьыр ныкъусаныгъэ мащIэ зылэжьа быным щIэгубжьэу абы и гур изых адэртэкъым, атIэ зи къуэрылъхупхъурылъхухэм иригушхуэ, иригуфIэ, ахэр сытым щыгъуи Iуэхум тезыгъэгушхуэ адэшхуэрт.

Зыгуэр птхащ. Абы зыгуэрхэри къебгъэджащ. Дагъуэ Iэджи къыхуащIри, уи IэпкълъэпкъыркъщIагъэлIащ. Абы зыгуэр къыпхухэщIыкIыжынкIэ уи гугъэр хыуагъэхыжащи, Iуэхум уи Iэ-уи лъэ хыхьэжыркъым. Апхуэдэм дежи Хьэчим щIэгъэкъуэн быдэ къыпхуэхъурт:

– Iау, зыщIым нэхърэ еплъыр нэхъ Iэзэщ, жи. АтIэ, уи джанэкIэр кIыхьщ, жаIа щхьэкIэ, джанэр зыщыпхыу хыфIэбдзэж хъун? Зэрыпхуэхъунум, зэрекIуным хуэдэу зэгъэпэщыжын хуейщ, – жиIэрти, акъыл зыхэлъ чэнджэщ къыуихьэлIэрт. Армыхъу тхыгъэр хыфIэбдзэжу къыпхуидэнутэкъым. «Уи щхьэм, уи лэжьыгъэм пщIэ хуэпщIыжын хуейщ», – жиIэрти ущIригъэгъуэжырт. Теунэ Хьэчим апхуэдэ нэхъыжьхэм ящыщтэкъым жызыIэни нобэрей ди тхакIуэхэм яхэт хъункъым.

Ар рассказуи, усэуи, повестуи, поэмэуи, романуи, пьесэуи е критикэ-литературэхутэ лэжьыгъэуи ирехъу – Теунэм и Iэр фIыкIэ зэмыIуса зы жанри иIэкъым адыгэ литературэм. НэгъуэщIхэм я лэжьыгъэр зыхуэдэм и гугъу сымыщIауэ, адрей тхакIуэхэм, усакIуэхэм хуэфащэ пщIэ зэрагъуэтыным семылIэлIауэ, сэ зы рассказ е зы повесть, зы роман е зы пьесэ зэрыстхыным иужь ситащэрэт щIыжимыIар сыт Теунэм? И лъэпкъыр фIыуэ илъагъурт, а лъэпкъым къыхэкIа цIыху пэрытхэм я

пщIэр игъэлъагэрти аращ. Абы и щыхьэт ухуей? Еджэ «Къэбэрдейм и литературэмрэ и тхакIуэхэмрэ» тхылъым. НэгъуэщIхэм ятепсэлъыхьа мыхъумэ, езым сыт итха жыпIэу ущIэупщIэрэ? Теунэм и рассказхэр, повестхэр, романхэр, пьесэхэр узытемыукIытыхьынщ. Ахэр ди лъэпкъым и псэукIэм, абы игъуэта гъащIэ дахэм я гъуджэщ. Хьэчим и тхыгъэхэм хэт художественнэ образхэр гъащIэм и курыкупсэм щыщ цIыху гъуэзэджэхэм ещхьыркъабзэщ. Абыхэм я фIыщIэкIэ ди республикэр зыхуэкIуа псэукIэр зэрыдахэр, зэрыгуфIэгъуэр тхакIуэм щыдигъэлъагъужащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым» зыфIища документальнэ фильмым и сценариемкIи.

КъыжыIэн хуейщ Теунэм документальнэ произведенэхэм гулъытэшхуэ хуищIу зэрыщытар. Уи лъэпкъыр, уи республикэр къырыкIуэкIыхун щхьэкIэ, сыт и уасэ «Гъатхэр дунейм и щIэрэщIэгъуэщ» документальнэ повестыр?! Мыбы япэкIэ тхакIуэм и Iэдакъэм къыщIэкIа тхыгъэ гъуэзэджэхэм – «Псэм и IэфIыр къыуатмэ», «Шэджэмокъуэ лъэпкъыр» романхэм – тхылъеджэхэм я дежи критикэм дежи хуэфащэ гулъытэ щагъуэтат. Адыгэ тхакIуэхэм ящыщу Теунэ Хьэчим Республикэм и Къэрал саугъэтыр псом япэ къызэрыхуагъэфэщауэ щытам къикIри гурыIуэгъуэщ: гулъытэншэу къанэртэкъым тхакIуэм и лэжьыгъэр. Пэжщ, Теунэр зыхуэлажьэ лъэпкъыр, Хэкур езы тхакIуэми къыхуэгущIыIэтэкъым. ФIы пщIэмэ, фIым узэрыхуэзэжынур абы и дежи нэрылъагъу щыхъурт.

«ТIум щыгъуи си лэжьыгъэр псыхэкIуадэ мэхъу, сызыхуэлажьэр хэт сэ?» – жиIэу гузэрыдзэ ищIу щытамэ, и лъэпкъым, и Хэкум щхьэкIэ илэжьхэм гуфIэгъуэ къыхуахьу щымытамэ, Теунэм и Iэ-и лъэ хыхьэнтэкъым «Гъатхэр дунейм и щIэрэщIэгъуэщ» документальнэ повестыр итхыну. Абы зи гугъу щищIын иIэт, цIыхуфIхэр зэригъэгуфIэн, ер зигу илъхэр сэтей къызэрищIын Iэзагъэрэ щIэныгъэрэ бгъэдэлът. Хьэчим и Iэ-и лъэ здынэмыс, и нэр фIыкIэ здынэмыплъыс республикэм зы щIы кIапи иIэ хъунтэкъым. Тэрч зэпрыплъырти илъагъурт абы батэр щызыгъэш лэжьакIуэ пэрытхэр. Шэрэдж аузи Бахъсэн аузи нэсыфырт. Иджыри къэс нэгъуэщI тхакIуэхэм я Iэ зылъэмыIэса цIыхур иригушхуэу, ин ирихъуу утыкум кърихьэрт. ЩIэныгъэм, культурэм зезыгъэузэщI цIыхухэр дигъэцIыхун къудейратэкъым тхакIуэм къалэну зыхуигъэувыжыр, атIэ ди щIэблэр абыхэм зэрадэплъеиным къыхуриджэрт. «Ипэрей си лъэпкъ щIэныгъэншэр зэрыщымыIэжым и щыхьэт фыхуей?» – жиIэу щIэупщIэ хуэдэт тхакIуэр. ИкIи а упщIэм и жэуапыр хьэзырт: КIэрэф Къамбулэт, Темыркъан Юрэ, ЩауэцIыкIу Залымджэрий, Балъкъэр Мухьэмэд… Лъэпкъым и набдзэ, къэралым, уеблэмэ дуней псом щыцIэрыIуэ цIыхушхуэ дыдэхэм я закъуэтэкъым тхакIуэр зэрыгушхуэу зи цIэ къриIуэр. Зи къуажэгъухэм, зи лъэпкъым я псэукIэр нэхъри дахэ, щIэщыгъуэ щIыным хуэлажьэ дэтхэнэ зыми гулъытэ хуищIырт Теунэм. Ар иригушхуэрт ди жылагъуэхэм щIалэ ахъырзэманхэр зэрыдэсым, абыхэм щIэныгъэлI гъуэзэджэхэр, культурэм и лэжьакIуэхэр къызэрыдэкIам.

Мис а псоми наIуэ ящIырт Теунэ Хьэчим и лъэпкъым, и Хэкум хуиIэ лъагъуныгъэр зэрыгъунапкъэншэр. А лъэпкъыр узыншэу, фIыр и Iэужьу, нэхъыфIыжхэм хуэпабгъэу, зыхуэпабгъэми лъэIэсу зэрилъагъум тхакIуэр ягъэгушхуэрт, и гур хагъахъуэрти аращ Теунэ Хьэчим и акъыл нэхумрэ и къалэм жанымрэ зэи щIэмыубзэщхъуар. Мис а и лэжьыгъэфIахэмрэ абы дэслъэгъуа цIыхугъэшхуэмрэщ сэри ар фIыкIэ си гум къыщIинар.

**ЕЛГЪЭР Кашиф.**

# Шэджэмокъуэ лъэпкъыр

*Романым щыщ пычыгъуэ*

Бэрокъуэ Тыгъуэн и къуэ Адэлбий, Налшык дэт реальнэ еджапIэм щеджэр, илъэс пщыкIухым ит щIалэ къуэгъу фагъуэщ, и нэкIущхьитIыр иуауэ, и дзэр дзахъэу, и жьэпкъыр папцIэ дыкъуакъуэу, и IупщIакIэр къэтIеяуэ. Зэрыджафэр игъэпщкIун папщIэ, ныбжьэгъухэми заримыгъэщхьын щхьэкIэ, балигъ хъуа хуэдэу абы зехуапэ. ПыIэ щхьэрыгъыр псыгъуэ гъуабжэщ. И цейр морэщ, уагъэ-щагъэкIэ гъэщIэрэщIауэ. Хьэзыр Iупэхухэр хуэфIу зэдекIуэкIыу блэгущIэм щIыхьэу илъщ. И лъыгъыныр лъахъстэн вакъэщ, дыжьын лъэпскIэ пхэжауэ. Дыщэ къамэрэ наган кIэрахъуэрэ щызыкIэрищIи къохъу.

Гъэмахуэм зигъэпсэхуну къэкIуэжауэ къуажэм ар дэст, джэгурэ фадафэрэ здэщыIэм къыщыхутэу. ХьэгъуэлIыгъуэ гуэрым щыIэу Адэлбий и тхьэкIумэм къиIуащ: «Дзэлыкъуэ бунтым хэтахэр ягъэтIысынымкIэ Тыгъуэн дэIэпыкъуэгъу хъуащ», – жаIэу.

А зэхихам къигъэгубжьарэ зишхыхьыжу, пэбжьауэу ар нэсащ тыкуэнтесу лажьэ и адэ къуэш Болэт деж. Зэхихар зэрыхуиIуэтэжу, ар абы къеупщIащ хъыбарыр зыгъэIум и цIэмкIэ.

– Шэджэмокъуэ Увжыкъуэщ, – жиIащ Адэлбий.

ЕтIуанэ махуэм Тыгъуэн къэсыжащ Iэюбейм. И жьабгъуэмрэ и пабгъуэмрэ пащIэ-жьакIэ зэщIэкIам ягъэпщкIуарэ езыр къэщIэрэщIэжауэ, нэкIуплъу, къуршым къыщикIухьурэ зэхуэфI хъуауэ, шы къагъэжэн хуэдэу. Игурэ и щхьэрэ зэтетуи нэщхъы-фIэт. НэщхъыфIэт, ехъулIэныгъэ хэлъу и сату Iуэхухэр зэфIигъэкIати. ЩIыхуэу итауэ щытахэм къапэкIуэу къыIрихами, ахъшэ IэрылъхьэкIэ къищэхуами мэлу щитхум, IэщIэвыщIэу щэм щIигъун, шыуэ плIыщIрэ тхурэ иIэ хъуат. Бжьыхьэ пщIондэ ахэр зыгъэхъун Iэхъуэшыхъуэхэр япэригъэувэри, езыр Iэюбейм къэкIуэжат, и пащIэр ирилъэщIэкIрэ игъэ-джэрэзу.

Къуажэм щызекIуэ хъыбарыр Адэлбийрэ Болэтрэ къыщыIурадзэм, хэгупсысыхьарэ зыри жимыIэу зы тэлайкIэ Тыгъуэн щысащ. ИтIанэ къригъэжьащ:

– Фэ фылIрэ лIыгъэ фиIэу щытмэ, къыфщымышынэу зыри къывжаIэфынукъым. Ди цIэр IейкIэ зыгъэIуахэм къажьэдэкIар яжьэдэгуэжын хуейщ, пцIы къызэрыттралъхьамкIи цIыхухэр щыту зегъэумысыжын хуейщ!

Мыарэзынығъэ зиIэ Болэт и жьэр зэщIихыну щыхуежьэм, Бэрокъуэ нэхъыжьым и нэ губжьахэр нэхъыщIэм триубыдауэ жиIащ:

– ЖысIар зэхэпхакъэ, ы-ы?!

– Зэхэсхащ.

– АтIэ сэ жысIэм ухэIэзэщIыхьыжыну упымылъ.

Болэтрэ Адэлбийрэ зэплъыжри, Тыгъуэн жиIам зыгуэр пэув зэрымыхъунур, гуэншэрыкъхэр зи вакъэхэм я нэр хуиту ягъэплъэн зэрыхуэмейр къагурыIуауэ нэхъыжьым деж къыщIэкIыжахэщ. КъыщIэкIыжахэщ, дяпэкIэ хэт къахуэпсалъэми, жаIэр я жьэм жьэдагуэжыну хьэзырхэу.

Бэрокъуэ Тыгъуэн пэшым къыщIэнэжащ гупсысэу, Iуэхухэр зэрекIуэкIым хэплъэу. «Мы хьэлэбэлыкъ екIуэкIа къомым къабзэу сыкъыхэзыха Алыхьым сыт хуэдэ Iуэхугъуэхэр, сыт хуэдэ фIыщIэхэр хуэсщIын хуейр? СтемыкIыжыну абы и хьэкъ куэд стелъщ! Псори зи IэмыщIэ илъ

унафэщIхэми гъунэгъу захуэсщIын хуейщ. Абыхэм я Iумэтым уитым, абыхэм ураIупэфIэгъум, уанэгум уису упсэунщ, армыхъумэ, жагъуэгъухэмрэ фыгъуэнэдхэмрэ шым укъралъэфэхынщи ухаутэнщ, уапIытIынщи ежьэжынхэщ!

Бэрокъуэ Тыгъуэн шыгъажэ ищIырт, куэд щIауэ лIа и адэм и фэеплъу. А хъыбарыр щыIум, Бэрокъуэхэ я жагъуэгъухэм жаIащ:

– Къурагъыр зыIыгъ Бэрокъуэм мылъкукIи цIэрыIуагъкIи зыкъиIэтауэ и хьэмтетыгъуэщи, адэр щхьэусыгъуэ ищIауэ, езым и цIэр нэхъри нэхъ къиIэтыным, и щхьэр игъэлъэпIэжыным пылъщ.

Ар пэжынкIэ хъунущ. Сыту жыпIэмэ, абы и шыгъажэм къришэлIар шы жэр зиIэхэм я закъуэтэкъым, атIэ лIакъуэлIэш куэди, къулыкъущIэ нэхъыбэжи къригъэблэгъат. Къуажэ псо бгъэфIынуми, шхынрэ фадэу къиIэтар къелыжу ярикъунут. Махъсымэр чейм изу куэбжэпэм щытт, хэт къыдыхьэми шынакъкIэ хуашийуэ. Вы гъашхэрэ мэл куэдрэ иукIауэ лыр пэрыхьэтт.

ХьэщIэ цIэрыIуэхэр щызэхэст хьэщIэщым, Долэтыр ягу къагъэкIыжу. Дунейм ехыжам и фащэхэр тахътэбаным илът, къэдабэ щхьэнтэм телъу, Iэщэхэр – адыгэ фочыр, фокIэщI дэдэхъур, джатэ бгъуфIэр, гынжьей пщалъэр зыкIэрыщIа гынылъэр пхэнжу фIэдзауэ (зейр зэрыщымыIэжым и нагъыщэу) алэрыбгъум фIэлът.

– Налшык къикIынухэр къэсащ, – зэрыжаIэу, Тыгъуэн хьэщIэщым щIэкIри япежьащ абыхэм.

Хуабжьу зыпэплъа тетыр, Къылышбий полковникыр, Налшык къикIахэм зэрахэмытыр жагъуэ щыхъуауэ, ауэ щIэныгъэшхуэ зиIэ, суд IуэхумкIэ лажьэ ЩIэжьокъуэ Хьэмидыр къызэрыкIуар гуапэ щыхъуауэ, къэкIуахэр хьэщIэщымкIэ иригъэблэгъащ.

Дыуэр ящIщ, псалъэм и IэфIхэмрэ фIыгъуэу щыIэхэмрэ хужаIэщ дунейм ехыжами, фадэ пIащIэр фалъэшхуэм иту яутIыпщащ. Ерыскъыми хэIэбахэщ. Абыхэм къадэкIуэу джэгуакIуэм къыхидзащ «Бэрокъуэ Долэту лIым я хахуэм и уэрэдыр». ДжэгуакIуэм ар иригъэщхьырт дыгъэмрэ мазэмрэ, абы и акъылыр Iуащхьэмахуэм хуигъадэрт, абы и лIыгъэм нартыжьхэр дигуэжауэ, жумартыгъэкIэ къытекIуа щымыIэрэ итамкIи щIемыгъуэжу щытауэ жиIэрт. Пшынэ дыкъуакъуэмрэ накъырэмрэ зыгъабзэ лIитIыр джэгуакIуэм дежьурт, уэрэдыр лъагэу даIэту.

Уэрэдыр яуха иужькIи Бэрокъуэ Тыгъуэн и адэ Долэт и хъыбарыфI куэд жаIэурэ щысащ хьэщIэхэр. ИтIанэ зыкъаIэтри шыгъажэм еплъыну зэдыщIэкIахэщ, къуажэ утыкушхуэм щаухуа шэтырым кIуэну.

Шыгъажэм еплъыну жьыри щIэри, хъури бзыри къызэрыдэхуауэ, уэрамым и гъунитIыр яуфэбгъуауэ зэхэтт, шу блэкIхэм еплъу, къытежыну зыхуагъэфащэ шагъдийхэр къыхахыу.

ЩIалэ цIыкIухэр зэхъуапсэр шы къагъэжэну зи насып къикIахэрт. Къызэдэжэну дэкIхэм Жэнэти якIэлъыплъырт, нэкIэ и дэлъху Адэлбийрэ Зырамыкурэ къилъыхъуэу. А тIур кIуэрт, зым адрейр я ужь иту.

ЦIыкIухэри къуажэбгъум зэрыдэхащ, шухэм къагъэзэжауэ къыщыкIуэжкIэ къытежыр зрагъэщIэн мурад яIэу. Удз щхъуантIэм хэтIысхьауэ гъуэгунапщIэм ахэр Iуст. Хъыджэбз цIыкIухэр щхьэхуэт, сабыруи зэхэст, удзхэр зэрахъэу, дадий уэрдыхъу ящIу. Я анэхэм я дыщэрыдэр зэрызэкIум, зэрыдахэм ирагъэщхьу, езыхэми дадий уэрдыхъухэр быдэу, зы нэм адрей нэр техуэу зэрадзэрт. Хьэзыр зэрыхъуу, щхьэм фIалъхьэрт.

ИныIуэу е цIыкIуIуэу къалъытэжмэ, ягъэлъэлъэжырти, егугъупэу аргуэру ящIыжырт.

Я пIэм имызагъэу дунейр зыкъутэжхэр щIалэ цIыкIухэрт. Зи щIэщыгъуэ шкIащIэу къажыхьхэрт, зэрызехуэхэрт, зэрыфыщIхэрт, зэбэнхэрт. Еша иужькIэ зэхэтIысхьэжхэрти къытежынухэмрэ къыкIэрыхунухэмрэ я унафэр ящIырт, жэрыгъэ кIыхькIэ шы лантIэм ущыгугъ зэрымыхъунури, шыгъуэ лъэпкъыр зэрымыбэшэчри къалъытэурэ. Зыгуэр кIиящ:

– Мес, къызэрохьхэр!

КъуакIэ лъэгум дэту гъуэгу тафэм зыкъытрашэщIауэ шу гуп къызэрыхьырт. Псоми япэ итыр Бэрокъуэ Адэлбийт. Абы къыкIэщIакъуэу зыщыплI я ужь итт. Етхуанэр Зырамыку зытес НатIэху кIэ мащIэрт. КъакIэщIикъуэу къакIуэрт ари. Къазэрытежам шэч лъэпкъ къытримыхьэж пэтми, Адэлбий Къарэжьым теухьырт, «куэдкIэ япэ къищащ» жаригъэIэн и мураду. ПлIым я ужь ит пэтми, Зырамыку НатIэхум еуэныр дэнэ къэна, атIэ хуиту имыутIыпщу, и жьэм жьэдэсут къызэрыжэр.

– Адэлбийщ, Адэлбийщ япэ итыр! – жаIэу кIий макъ щызэхихым, Жэнэти къыщылъэтри плъащ.

Къарэжьыр къалъэрт и щхьэр щIихьауэ, и лъакъуэхэр щIым нэмысу пIэрэ, жыпIэну. И дэлъхур къазэрытежыр Жэнэт гуапэ зэрыщыхъуар шэчыншэт. Ауэ абыкIэ гузэгъэгъуэ игъуэтыртэкъым. И дэлъхум къытемыжми, Жэнэт фIэфIт Къарэжьым и кIэм иту Зырамыку и НатIэхури къэкIуэну. Ауэ занщIэуи Iэдакъэ щIэплъуи плъа пэтми, Жэнэт и нэм къиубыдакъым Зырамыку етIуанэу е ещанэу къакIуэу.

Шы къажэхэм къаIэта сабэ гъуэжьыфэр гъуэгу тафэм кIыхьу тегъуалъхьэрт. Шухэр гъунэгъу къэхъуху, гъуэгущхьэм щхьэщыт сабэр нэхъри кIыхь хъурт, лъахъшэу гъуэгум зытриубгъуэурэ. Гумызагъэ зиIэ Жэнэт аргуэру щахэплъэм, япэ итхэм НатIэхум къазэрыкIэщIикъуэр илъэгъуащ. Нэр къытримычу Жэнэтыр плъэрт, ар къазэрыщIыхьэжым иригуфIэу.

Жьы къыпеуэм НатIэхур гугъу лей иримыгъэгъэхьын папщIэ шыплIэм зытриудыгъуэу, къамышыкIи хущIэмыуэу, «накIуэ, накIуэ» жиIэурэ шыр тригъэгушхуэу къигъажэрт Зырамыку.

Ещанэри къызэринэкIащ. ЕтIуанэм къылъыщIыхьэжу къыщыбгъурихуэм, Зырамыку тIэкIу зытриIэтыкIщ, «нажэ, нажэ!» жриIэри щхьэщылъэтащ. Бэрокъуэм кIэщIикъуэу щыщIидзэм, Шэджэмокъуэм шхуэIур иутIыпщри, зызыукъуэдияуэ жэ НатIэхум мащIэу хущIэуащ щIопщкIэ. Абы нэхъри къызэщIигъэплъауэ ар жэрт, и лъакъуэхэр щIым емыIусэу.

КъызэплъэкIыу Адэлбий ар къыщилъагъум, зэрылъэкIкIэ Къарэжьым щIопщIыр щэ-плIэ къуилъхьащ.

НатIэхур къытежыну хуэзымыгъэфащэ щIалэ цIыкIухэм заущэхужауэ Къарэжьым абы къызэрыкIэщIикъуэр ягъэщIагъуэу, шыхэм я нэр къытрамычу плъэхэрт. Жэнэти фIэфIыр зэрыхуейм хуэдэу хъууэ щилъагъум, и нэ нагъуэ инитIыр лыдащ, гуфIэгъуэ къащIихыу.

Тесыр шынэмэ, шыр жэркъым, жыхуаIэу, Зырамыку къыкIэлъыщIыхьэу зэрилъагъуу, Адэлбий зэпымыууэ Къарэжьым теухьу щIидзат. Ауэ абы жэрыгъэм хигъэщI фIэкIа, хигъахъуэртэкъым. НатIэхум хьэджафэу зиукъуэдияуэ жэурэ, Къарэжьым бгъурыуващ. Япэ итым зэрылъэщIыхьэжам иригуфIауэ, Зырамыку аргуэру зыкъиIэтащ. «НакIуэ, накIуэ» жиIэну Зырамыку хунэсакъым. Жэнэт и нэкIэ илъэгъуащ Адэлбий гъунэгъуу

Зырамыку зэрыбгъэдыхьари, Iэкlэ ар абы зэреIунщIари. Зырамыку ебащ. Ар шым къызэрехуэхыр зримыгъэлъагъун щхьэкIэ, Жэнэт и нэр IитIымкIэ Iуиубыдэжри кIиящ. И лъэм имыIыгъыжыфуи щIэтIысыкIащ. Абы илъагъужакъым Зырамыку шым зэрытелъэтыкIари, гъуэгунапщIэр блыпкъкIэ ивэу, и нитIым хъуаскIэр къыщIихыу щIым зэрытехуари. «ИукIащ» псалъэр жэнэт и тхьэкIумэм хъарпшэру къиIуа къудейщ.

ЩIэщхъу къызэрыхъуар НатIэхум къищIа хуэдэу, кIэщIу къызэтеувыIэри, щIалэ ехуэхам дежкIэ игъэзэжащ.

ЩIалэ цIыкIухэр къэуIэбжьауэ зы напIэзыпIэкIэ щытауэ щIэпхъуахэщ, шым къехуэхар къатхъыхьу епщэн я мураду. Ауэ ахэр нэмыс щIыкIэ, ебэетIэурэ, напэм сабэр трилъэщIыкIыжурэ, Зырамыкур къыщыпщыжащ.

Къарууэ иIэр зэхилъхьэжарэ блыпкъ узыр зытримыгъэкIуэн щхьэкIэ дзэр быдэу зэтрикъузауэ, Зырамыку НатIэхум зридзыжащ. КъамышымкIэ шым фIыуэ хущIэуэри, НатIэхур иутIыпщащ хуиту. Абы занщIэу зричащ. И пщэр хишауэ зишэщIауэ, и лъакъуиплIыр зэпымыууэ хьэуам дауэ хэт жыпIэну, ар жэрт.

Жэнэт къызэщыужу и нэр къыщызэтрихам, щIалэ цIыкIухэри пщащэ цIыкIухэри ней-нейуэ абы къеплъхэрт, и дэлъхум и фэр езыми къраплъу. «НэкIуэж» е нэгъуэщI къыжрамыIэу, и пIэм ар къранэри, езыхэр кIийуэ-гуоуэ,  зэрызехьэу дэлъэдэжащ къуажэм.

Адэлбий илэжьа Iуэху емызэгъым къыхэкIкIэ и ныбжьэгъухэм гу щIыIэ къыхуаIэ зэрыхъуам ягъэнэщхъеят Жэнэти, абыхэм якIэлъыщIэпхъуэфакъым. Зырамыку къэнэкIафIэ зэрыхъуар и гум Iэфlу илъу, къуажэбгъу  тафэшхуэм зигъэкIэрахъуэу ар итт, уэрамым зэрыдыхьэу псалъэ жагъуэ къраутIыпщынкIэ шынэу.

«Псори къызэлыжу сынасыпыфIэщ» жиIэну щыхьэзырамрэ иджырэ я зэхуаку дэлъыр дакъикъэ бжыгъэ щхьэкIэ, пщащэ цIыкIум насыпыфIэу иджы зилъытэжыркъым. Ар къызыхэкIыр Адэлбий нэмысыншагъэ ищIар арами, Зырамыку нэмыплъ къритынкIэ зэрышынэр арами, езыр шынэкъэрабгъэу къызэрыщIэкIар арами Жэнэт ищIэртэкъым.

Я шыгъажэр щекIуэкIым езыр къуажэбгъум деж щытыныр къезэгъыртэкъыми, Жэнэтыр ежьэжащ. ЦIыху зекIуапIэ уэрамышхуэмкIэ мыкIуэу, уэрам зэв цIыкIу гуэрым ар дыхьащ, унэм кIуэжыну.

ЦIыхухэм яIущIэн абы фIэфIтэкъыми, епIэщIэкIыу ар кIуэжырт, щыущи къыхэхуэу. ЗыкъомыфI икIуауэ, Жэнэт жыжьэу илъэгъуащ Зырамыку. Iэ ижьымкIэ абы иIыгът къатежам ират хабзэ ныпыр, дарий кIуэпIец, данэ бэлътоку, Iэлъын, папирос лъапIэ, нэгъуэщI цIыруфэру къоми пыщIауэ. Дэ лэгъунэкIэ зэджэ матэ кIыхь плIимэри абы иIыгът. Япэ саугъэтыр Зырамыку къызэрылъысар гъэщIэгъуэн щыхъуауэ, Жэнэт къызэтеувыIащ. КъызэтеувыIащ, балигъ хъуахэм заригъэщхьу, щIалэм и гъуэгу зэпимыупщIу блигъэкIын щхьэкIэ.

НатIэхум тхъурымбэр къехуэхыу, «сыфхурикъуакъэ» жиIэ щIыкIэу и щхьэр ищIу, уэрам цIыкIум кърикIуэрт. Шым тесми и бгъэр къригъэкIырт, мащIэуи щIэгуфIыкIырт.

Жэнэт щытт. Щытт зимыгъэхъейуэ, и гур ину къеуэу, дэпым хуэдэу и нэкIущхьитIыр плъыжь хъуауэ. И напIэр иригъэхуэхарэ щэху-щэхуу зэзэмызэкIэ Зырамыку хущIэплъу, къемыпсалъэу ар блэкIынкIэ шынэу.

Ауэ Шэджэмокъуэр къызэтеувыIащ. Дэ лэгъунэр абы фIидзащ и щхьэм, и Iэр хуит къищIри, лъэрыгъым ит бэракъыр Жэнэт хуригъэлъэхъшэхащ. Дарий кIуэпIецыр къыпригъэчу Жэнэт иритыну мурад

Зырамыку ищIат. Ауэ, Жэнэт ар щимыдэм, данэ бэлътокумрэ Iэлъынымрэ бэракъым езым къыпичри хуишиящ. Пщащэ цIыкIу укIытам «хьэуи» хужымыIэу, Iихыни хузэфIэмыкIыу щытти, тыгъэр Зырамыку абы IэщIигуащ, «Си фэеплъу зепхьэнщ», – жиIэри.

Жэнэт зы псалъи къыжьэдэкIакъым. Шым къехуэха пэтми, псоми ар зэратежыжар фIэгъэщIэгъуэну, «ар дауэ пхузэфIэкIа?» – жиIэ щIыкIэу щеплъым, Зырамыку абы и упщIэм жэуап къритыж щIыкIэу къыжриIащ:

– Тыгъуэн Адэлбийри Iыхьэншэу къигъэнакъым... Зэ мыхъуу плIэрэ къамышыкIэ тебыщыхьри, япэ саугъэтыр и IэкIэ сэ къызитащ.

Тыгъуэн апхуэдэу зэрищIамкIэ Бэрокъуэхэ я напэр итхьэщIыжауэ къилъытэри, и гур адэм хуэIэфI хъуауэ, Жэнэт и щхьэр къиIэтыжащ, пыгуфIыкIыу. Ар дыдэм ирихьэлIэу Зырамыку НатIэхум елъэдэкъауэри ежьэжащ. Жэнэт хунэсакъым тыгъэ къыхуащIам щхьэкIэ берычэт бесын жиIэнуи, къатежауэ зэралъытамкIэ ехъуэхъунуи. Ауэ, и набдзэ фIыцIэ кIыхьышхуэхэм къыщIэплъурэ, плъэкIэ гуакIуэ гуэркIэ ар Зырамыку кIэлъыплъати, абы къикIыр псалъищэкIи къыпхуэIуэтэнтэкъым.

Шыгъажэ нэужьым цIыхухэр уэрамым къыдэужьгъэжауэ зэбгрыкIыжхэрт, иныкъуэхэр къатежахэмрэ къыкIэрыхуахэмрэ тепсэлъыхьу, иныкъуэхэм Долэт и щIэинхэр фэеплъу зратахэм я хъыбар ящIу.

Адэлбий Зырамыку шым зэрыридзыхам къыхэкIкIэ Шэджэмокъуэ Увжыкъуэ зэгуэпым къызэгуичырти, зыри жимыIэурэ къэкIуэжырт. Ауэ Налшык къикIа ЩIэжьокъуэ Хьэмид ныбжькIэ щIалэми, Долэтым и нэIуасэу ар щымытами, дунейм ехыжам къыщIэна Iэщэхэр – сэшхуэр, кIэрахъуэр, дыщэ къамэр – абы зэрылъагъэсар ягъэщIагъуэу псалъэ къыщаIэтым, Увжыкъуэ жиIащ:

– Куэд щIауэ лIа и адэм шыгъажэр хуищIу Бэрокъуэ Тыгъуэн игъэIуа щхьэкIэ, Дзэлыкъуэ бунтым химылъафэу къызэрелам папщIэ тхьэлъэIу и щхьэм хуищIыжауэ аращ. Нэгъуэщ IхэлъкъымIабы!

Шэджэмокъуэм и ужь иту къакIуэ Бэрокъуэ Болэт ар щызэхихым, япэ зыкъригъэщщ, абы къыпэуври, мэхъашэу къеупщIащ:

– Сыт къэбвхэр, ы-ы?

– А зэхэпхарщ! – нэхъ мэхъэшэжу жэуап итыжащ Шэджэмокъуэм.

– Иджыри зэ жыIэжыт ар!

– ЛIы и псалъэ тIэужыIэкъым!

– Хъунщ-тIэ, абыкIэ жэуап щызэпытхын лъэхъэни дызэдихуэнщ, – жиIэщ Болэти, Iуигъэзыкiыжащ.

– Си пыIэр пхуэгъэтIысащ иджыпстуи, – кIэлъыджэжащ абы мыдрейри.

Болэт къигъэзэжащ, и къамэм епхъуэурэ. Увжыкъуи и къамэ Iэпщэр иубыдащ. АрщхьэкIэ Iэжьэгъу хъуа лIыхэм хъийм икIауэ къэIэла щIалитIыр зэлъамыгъэIэсу зэкIэщIашыжащ, я блыпкъыр яубыдарэ зрамыгъэгъэхъейуэ.

Къамэм зэрынэгъэсаитIым я нэр къыщипхъуауэ я лъыр къавэрт, зэпэуву зэрыупщIэтэну хьэзырхэу. Ауэ, зыIыгъхэм закъыIэщIичу къамэр игъэбзэну зэрылъэмыкIынур Болэт къыщищIэм, къэгуоуащ:

– Пхуэзгъэгъуэнкъым, Шэджэмокъуэ!

– Ущыхуей махуэм сыхьэзырщ, Бэрокъуэ, – пэджэжащ мыдрейри абы.

* * *

– Сыти къызэщIэ, уэлэхьи, зы лъэбакъуэ, лъэбакъуэ закъуэ сымычын, – жиIэрт Зырамыку, зригъэнауэ.

– Ана-а, мы жыпIэ делагъэр сыт! Уи адэр Къущхьэхъум къикIыжым укъелынкъым, – ХьэкIулини убзэурэ и къуэм едэхащIэрт, къытригъэхьэну.

– Къулъхуолэм зэрынэсу, адрейхэм джэдлыбжьи кхъуейжьапхъи хуахьащ Iустазым. Сэ сыт хуэзбгъэхьар?

– Алыхь, дунейр хуэскъутэнуми, сыщымыIа, си тIасэ.

– «Уэсмэхьи затил бруж» сурэм сыщынэсам, си бзэгу зэриIуэнтIэн ахъшэрэ бэлътокурэ къызэпта?

– Алыхь, сыгуфIэж мыгъуэу уэстынтэм, ауэ сиIакъым. Тхьэуэ мор зи уафэ, симыIа, Зырамыку.

– УиIэмрэ уимыIэмрэ Мухьэмэд ефэндым ищIэркъым. Псоми хуахьыр сэ щыхуэзмыхькIэ, нэмыплъ къызет.

Iустазым Зырамыку нэмыплъ къритыр пэжу къыщIэкIынт. Ауэ и анэм ар щыхьауэ «зы лъэмбытI, зы лъэмбытI закъуэ имычыну» тхьэ щIиIуэр аркъудейртэкъым. ЕджакIуэ цIыкIу псори ерыщт я бзэгур ирагъэIуэнтIэнымкIэ, сыту жыпIэмэ дыжьын ахъшэрэ данэ бэлътокурэкIэ я бзэгур Iустазым ирагъэIуантIэмэ, я бзэр хьэрыпыбзэм хуэкъута хъууэ, нэхъ тыншу еджэфыну къафIэщIырт. Физ фIыцIэ къуэгъу Iупэ пIащIэ ХьэкIулинэр быдэ Iейти, Зырамыку и Iустазым мылъку лей тригъэкIуэдэну и гум идэртэкъым. ЩIалэ цIыкIури ириукIытэрт Iустазым зыри зэрыхуимыхьым. Езыгъаджэ Мухьэмэд ефэндым нэмыплъ къызэрыритри абы къыхэкIыу илъытэрт. Иджы ар нэсат мэл псо Iустазым щыхуашэ хабзэ, «Алкъари хьэту, мэлкъари хьэту» сурэми, япэм хуимыщIэфу блигъэкIахэр игъэзэщIэжын и мураду, Зырамыку и анэм мэл щIыпиубыдар арат.

ХьэкIулинэ ищIэрт езым и нэпсеягъэм къыхэкIыу еджэныр Зырамыку хыфIидзэжауэ Исмел Къущхьэхъум къикIыжмэ, тIау-тIач къызэриIэтынур. Абы тешыныхьырти, анэр къуэм елъэIурт, еубзэрт мыдрисэм кIуэну. АрщхьэкIэ «зы лъэмбытI, лъэмбытI закъуи зэримычынум» модрейр хутекIыртэкъым.

Апхуэдэу зэанэзэкъуэр куэдрэ зэныкъуэкъуа иужь, ХьэкIулинэ гузэвауэ къэхэшащ:

– Алыхь, тхьэ, къурIэныр хыфIумыдзэжу уеджэмэ, Зырамыку, тхьэуэ мор зи уафэ, уи адэр Къущхьэхъу къызэрикIыжу, зылъагъу псоми я нэр къыдихьэхыу, мэлыфI, мэл пшэр дыдэ хуозгъэшэнмэ. КIуэ, тIысэ, кIуэ, Мухьэмэд ефэндым ар дыдэр жеIэ.

Ерыщым хуекIуа щIалэм зигъэхъеин щимыдэм, ХьэкIулинэ и кIэпхыным мастэкъуаншэкIэ кIэрыщIа IункIыбзэIухыр мыпIащIэурэ къыкIэритIэтыкIащ. ДжэдыкIэ, тхъу ищэурэ зэхуихьэса ахъшэм зэрыхэIэбэр игу къыщIитхъыурэ, пхъуантэшхуэм екIуэлIащ. Жьгъыруужу ар зэIуихри зыкъомыфIрэ дэпщIэпщIыхьащ, дыжьын апэситI къилъыхъуэу. Ауэ ахъшэ гъэтIылъам апхуэдэ хэлътэкъыми, дыжьын сом ныкъуитIрэ зы бэлътокурэ къыдихащ. ЦIуужу и Iэгум илъ дыжьын ахъшитIым нэщхъейнэщхъейуэ еплъащ, ахэр IэщIэкIынкIэ зэрыхъунур игу къеуэу. Дыжьын сом ныкъуитI Iустазым етыныр зикI игу пыкIыртэкъыми, хуэмурэ зригъэзыхащ, пхъуантэм зыр дилъхьэжыну.

Ар дыдэм ирихьэлIэу унэм къыщIыхьа гъунэгъу фызым жиIащ:

– А ХьэкIулинэ, зы ахъшэкIэ бзэгур IуэнтIа хъункъым. Алыхь, мыхъун. ИкIи хабзэкъым.

– Алыхь, сымыщIэ, сфIэкуэдыIуэщ, – Iэнкунурэ жиIащ ХьэкIулинэ.

– Iэна-а, мыукIытэу дыжьын сом Iихынкъым. Зым кърригъэгъэзэжынщ, – жиIэу гъунэгъу фызым щытригъэгушхуэм, ахъшитIри данэ бэлътокури и къуэм хуишиящ.

Зырамыку зыхуей дыдэр къемыхъулIа щхьэкIэ, мыапэситIу, сом псо къыщыIэщIыхьэм, псоми я нэр дихьэхыу бжьыхьэм мэлыфI Iустазым хуригъэшэнуи къыщигъэгугъэм, къурIэныр и блэгущIэм щIилъхьэри щIэкIащ.

Мыдрисэм ар щынэсам, Мухьэмэд ефэндым цIыкIухэм дерсыщIэ яритауэ, езыр макъамэкIэ абы къахуеджэрт. Модрейхэри къурIэным еплъурэ зрагъащIэрт дерсыщIэм къеджэн зэрыхуей щIыкIэр.

Дерс тыныр зэфIэкIа пэтми, Мухьэмэд ефэндыр Зырамыку къеплъакъым. Псалъи къыжриIакъым «щхьэ укъыкIэрыхуа?» – жиIэу. Апхуэдэу къызэрыхущытым Iэнкун ищIауэ ар Iустазым бгъэдыхьэри, данэ бэлътокум дыжьын сом никъуитIыр кIуэцIылъу IэщIилъхьащ псалъэншэу.

Мухьэмэд ефэндыр зыщыгугъа мэлым и пIэкIэ ахъшэ жыгъей щыIэщIалъхьэм, ней-нейуэ ар къыхудэплъеящ Зырамыку, «мыр слIо» жиIэ хуэдэу. Абы къикIыр Зырамыку зэхищIыкIауэ, епIэщIэкIыу жриIащ:

– Дадэ Къущхьэхъум къызэрикIыжу, мэли къыпхузигъэшэну нанэ жиIащ.

Iустазыр зыми щIэупщIэжакъым: лэгъупэжьу Къущхьэхъу щыIэ Шэджэмокъуэ Исмел къызэримыгъэпцIэнур хьэкъыу ищIэрт. ИкIи, нэхъ къэгущэбэжауэ, Зырамыку здэтIысынур иригъэлъагъуурэ, жриIащ:

– КъэтIыс.

ЩIалэр зэрыбгъэдэтIысхьэу, абы и бзэгупэр кърыригъэгъэжщ, бэлътокумкIэ ар иубыдщ, ахъшитI зэхуакум диубыдэжри и жьэлъэтIанэ ижьымкIэ иришэкIащ, итIанэ и пIэм иригъэувэжащ. СэмэгумкIи иришэкIащ. Бзэгупэми къеIащ, ипIытIри икъузыжащ.

– Мис иджы, Зырамыку, аркъэ-щэ, къурIэным уи бзэр хуэкъута хъунщ. Аллахьу тэхьэлам жиIэм, аркъэ-щэ, нэхъ гурыхуэуи уеджэнщ. КIуэ, тIысыжи, аркъэ-щэ, еджэ, – жиIащ Iустазым.

Зырамыку къэтэджыжащ, ауэ къыбгъэдэмыкIыжу зригъэнащ, ахъшитIым я зыр къритыжыным пэплъэу. АрщхьэкIэ Мухьэмэд ефэндым апхуэдэ мурад иIэу къыщIэкIынутэкъым. Бэлътокум сом никъуитIри кIуэцIишыхьу жыпым щригъэзагъэм, Зырамыку и тIысыпIэм кIуэри тIысыжащ.

ЩIэукIытэ-щIэгузавэр зэрыщхьэщыкIам иригуфIэу, ар щIэджыкIырт «Алкъари хьэту, мэлкъари хьэту, уамэIэдрэчэ, мэлкъари хьэту» сурэм. Зэджэм щыщу, япэм хуэдэу, Зырамыку иджыри зы псалъи къыгурыIуэртэкъым. Ауэ, и щхьэр къимыIэту куэдрэ тригъэзэжурэ «мэлкъари хьэту» сурэр щIибжыкIащ. Апхуэдизрэ ар къэбжыжыныр япэм хуэдэу иджы фIэхьэлъэжтэкъым: и бзэр хьэрыпыбзэм нэхъ хуэкъута хъуа къыфIэщIырт.

– Аркъэ-щэ, иджы фыкIуэжми хъунщ, – жиIэу Мухьэмэд ефэндым еджакIуэ цIыкIухэр къыщиутIыпщыжым, зэрызехьэу, Iэуэлъауэшхуэу мыдрисэм къызэрыщIэхыжащ.

Махуэ блэкIахэм зэкIэлъыпыту уэшх къешхат, нобэ дыгъэр къепсы-

жати, дунейр гуакӀуэт, псэр игъафӀэу, бзэрэбзэжу бжэӀупэм Ӏут еджакӀуэхэр игъэнэхуу, игъэхуабэу.

Зырамыку и нэр Жэнэт хуэзащ. Къатыр лъэдакъэ лъагэм, бостеиплӀэ хужьым, бостеикӀэ фӀыцӀэм ар нэхъ екӀуи ящӀат, нэхъ хэӀэтыкӀа фэи къытрагъэуат. Зизыча пщащэ цӀыкӀум и плӀэхэр иджыри Ӏузэ щхьэкӀэ, езыр лъагэт. Щхьэц фӀыцӀэшхуэр тӀууэ ухуэнауэ щӀыбагъымкӀэ едзыхауэ, «шэмрэ лъымрэ зэщӀэтщ» жыхуаӀэм хуэдэ нэкӀуитӀыр дыхьэрэныфэу, и ӀупитӀыр балийуэ плъыжьу, и нэ нагъуэ дахитӀыр дыгъэу лыду щытт.

Жэнэт къигъанэу Зырамыку я деж кӀуэжыныр е нэгъуэщӀ щӀыпӀэкӀэ игъэзэныр хузэфӀэкӀынутэкъым, псоми яжриӀэ хуэдэу, ауэ зриӀуэкӀыр Жэнэту, гуоуащ:

– МыцӀыкӀухьэ дывгъакӀуэ.

– Мамкъути къэтщыпынщ, – жиӀащ КъэбыкӀкӀэ зэджэ щӀалэ фӀыцӀэ нэ пӀащэ цӀыкӀуми.

Уэлбанэрилэм зигу зэщигъэуа цӀыкӀухэм я гуапэ ар хъуауэ зэрехьэжьэхэри елъэдэкъауэу къуажэм зэрыдэхащ.

ПщӀэнтӀэпсыр къапыхуу псыхъуэм нэсахэщ. Дзакъэу икӀи гуащӀэу къепсырт шэджагъуэ дыгъэри, щӀыӀэтыӀэр къызыхих псы Ӏуфэм зэрыӀухьэу, зыгъэпскӀыным дихьэхауэ, дзэл жыгыжьхэм я щӀагъым щӀалэ цӀыкӀухэр къыщызэтеувыӀащ. Хъыджэбз цӀыкӀухэми я жагъуэтэкъым загъэщӀыӀэтыӀэныр. Ауэ, зэхэту зыздагъэпскӀыну ирагъэкӀуртэкъыми, еплъыхыу щытхэт, «дзэл къудамэхэм дагъэпщкӀуу мыбдеж зыщыдгъэпскӀынущи, фыӀукӀ», жамыӀэфу.

Абы гу зэрылъитэу, Зырамыку жиӀащ:

– Си шухэр фышэс!

КъэбыкӀ цӀэр дзыуэ зезыхьэ Азэмэт ноби адрейхэм къахэщу зыкърихыу хуэпат. И ныбжьэгъу цӀыкӀухэр езым и унафэм щӀэтын хуейуэ абы къыфӀэщӀыжырти, Зырамыку жиӀар зэрызэхихыу, нэхъуей-нэхъуейуэ икӀи къэлыдауэ абы еплъащ.

Апхуэдэу къызэреплъам и жэуап хуэдэу, Шэджэмокъуэхэ я щӀалэ цӀыкӀум аргуэру абы унафэ хуищӀурэ, жиӀащ:

– Нежьэ, нелъэдэкъауэ, КъэбыкӀ лъэбыцэ.

Азэмэт лъагагъкӀэ алыхьыр къыхуэмыупса щхьэкӀэ, щӀалэ къабзэ цӀыкӀут, нэ фӀыцӀэ инитӀ, пэ занщӀэ цӀыкӀу, нэкӀуплъ дахэ цӀыкӀуитӀ иӀэу. Дзы хуэхъуа цӀэр зэрызэхихыу къэцыдж хабзэти, Зырамыку жиӀар и тхьэкӀумэм къызэриӀуэу, къызэщӀэлыдащ. Плъыжьыбзэ хъуауэ, КъэбыкӀ Ӏупэ Ӏушэ зищӀауэ Зырамыкум еупщӀащ:

– Дзэпщу пщы мыхъу, дзэншэу шу пашэ, шы зимыӀэу шууей, зекӀуэ уздэкӀуэр дэнэ?

ЦӀыкӀухэр зэщӀэдыхьэшхащ. Ауэ Жэнэт и Ӏупэр зэтежакъым. Нэмыплъ ириту икӀи фӀэгущыкӀыгъуэу ар Азэмэтым еплъащ. Жэнэтыр абы зэрыхуэщӀыӀэр, нэмыплъи ириту зэрыщытыр Ӏуэхугъуэ зытӀущым къыхэкӀырт. ЩӀалэ къабзэ цӀыкӀу зыкъизыхыр щӀэкъурт и ныбжьэгъухэм я пашэу щытыным. Ауэ абыхэм ар къадэртэкъым икӀи къедаӀуэхэртэкъым. Абы иризэгуэпырт КъэбыкӀи, и ныбжьэгъухэр ӀуейщӀеяуэ зэрилъагъуу, Ӏустазым бзэгу хуихьыжырт. Абы къыхэкӀкӀэ Жэнэти адрейхэми Азэмэт ялъагъу хъуртэкъым. Бэрокъуэхэ я пщащэ цӀыкӀум КъэбыкӀыр фӀыуэ зэримылъагъур нэгъуэщӀ Ӏуэхугъуэми къыхэкӀырт. Жэнэтыр куэдрэ зэпиплъыхьырт, зэрехъуэпсар и нэ пӀащитӀым занщӀэу къищу. Гурыхь щыхъуа пщащэр къыдихьэхын мурад иӀэу, ар абы еубзэрт, ауэ Жэнэтым

щIигъэплъыртэкъым и нэгу. Апхуэдэу щыт пэтми, хъыджэбз цIыкIухэм ар зэгуагъэпырт «щIалэ нэкIуплъ лъэбыцэм упылъщ» жаIэурэ.

ЦIыкIухэм я дыхьэшхыныр ямыухауэ, Зырамыку КъэбыкIым жэуап иритыжурэ, жриIащ:

– КъэбыкIыу щIым къыхэмыщ, напIэпщу дзэпщым я лей, уэрыншэу сэ сыт си зекIуэ, дэнэ мыгъуи сыкIуэфын, – икIи хуэмурэ ар абы бгъэдыхьэщ, имыщIэххэу епхъуэри къызэщIиубыдащ. КъифыщI щхьэкIэ къимыгъанэу, щIым къытричри, зэрыхуэпауэ хидзащ псым. Жэнэт дыхьэшхыурэ кIиящ псым хадзамкIэ и Iэр ищIурэ.

– Хыв танэр етхьэлэ.

ЗэрыщIалэ тыкъыр лъахъшэм щхьэкIэ «хыв танэр» дзы етIуанэу зыфIаща КъэбыкIыр итхьэлакъым. ПсыкIэ ар Iэзэти, жыжьэу есыхри къыхэкIыжащ.

«Сыт тщIэн, мы щIыпIэр фигу щрихьакIэ къыфхудогъанэ», жаIэ щIыкIэу, пщащэхэм еплъщ, къудамэ къелэлэххэмкIэ псы Iуфэр щIэзыхъумэ дзэл жыг лъабжьэр къыхуагъанэри, щIалэхэр КъэбыкI къыщыхэкIыжамкIэ ехащ, ар здрашэжьэжу нэгъуэщI гъэпскIыпIэ къалъыхъуэну. «Щыгъыныр согъэгъущыж» жиIэу ядэкIуэн абы щимыдэм, езыхэр нэхъри нэхъ екIуэтэхри затIэщIащ. Псым зэпрысыкIахэщ, къызэпрысыкIыжахэщ, псынщIагъэрэ IэкIуэлъакIуагъэкIэ зэныкъуэкъухэу. Абы щригъэшым, жыжьагъэкIэ мывэ дзыным щIадзащ.

ЛъэнымкIэ зэхьэзэхуэу щIадзарэ абы дихьэхауэ заукIыжу, пщащэ цIыкIухэр къэкIиящ:

– Мыхьэ фынакIуэ!

ЩIалэхэр зэплъыжащ, – «текIуар зэхэмыкIыу дежьэжын?» – жаIэу зэупщIыж щIыкIэу. Я жагъуэт, хуабжьу я жагъуэт ар зэхэмыкIыу зэхьэзэхуэр щагъэтыжыну. Ауэ, етIуанэу къыщыджэхэм, пщащэ цIыкIухэм я закъуэу мэзым щIаутIыпщхьэныр я щхьэм хуамыгъэфащэу, зэхьэзэхуэныр зэпагъэуащ.

Гуп зэрыгъэхъужауэ ахэр кIуэрт, мэз лъапэм зратауэ. КIуэхэрт, зэджэ къурIэным итыр къазэрыгурымыIуэм къыхэкIыу яфIэзэшыгъуэ мыдрисэм къызэрыIэщIэкIар я гуфIэгъуэу. КIуэхэрт, псы щIыIэм къигъэщIэрэщIэжарэ нэжэгужэхэу, зэщыгуфIыкIыжхэу. ШкIушкIуу, гъуахъуэу, хъущIэу ежэх псым и Iэуэлъауэми, шэджагъуэнэужь дыгъэ гуащIэр лъэщу зытепсэ къуалэбзухэр даущыншэ, сабырыпэ зэрыхъуами, жьым мащIэу игъэхъей жыг тхьэмпэхэр щэхуу зэрызэIущащэми дахьэхауэ, я щIалэгъуэм игъэчэфарэ я гум щызу кIуэцIрыкIхэрт, мы, кхъужь, мамкъут щынэхъыбэ щIыпIэр къалъыхъуэурэ. Дыгъэр нэхъри нэхъ гуащIэж хъуауэ дзакъэрт. Жьы лъэпкъи къепщэжыртэкъым. Уэмт, бэуэныр хьэлъэ къыпщищIу.

Мэзым зэрыщIыхьэу, зэныбжьэгъу цIыкIухэр тIурытI-щырыщу зэбгрыкIащ. Зырамыкурэ Жэнэтрэ зэгъусэ хъуауэ кIуэурэ, жыгеижь гуэрым и щIагъым щIыхьэхэри къызэтеувыIахэщ.

Я закъуэу къызэрынам ириукIытэжу, абы къыхэкIкIэ зыгуэри зэжрамыIэфу а тIур щытт, я нэр щызэхуэзэкIэ мащIэ дыдэу зэхуэгуфIэу. Я закъуэу къызэрынар къызэремызэгъыр тIуми ящIэжырт, ауэ зэбгъэдэкIыжыну ягухэм яхузэфIэкIыртэкъым. Насып яIэу жыг къудамэхэм тхьэмпэр пызти, къыпачрэ зэфIатхъыжу е къудамэ цIыкIухэр къыпащIыкIрэ цIыкIу-цIыкIу ящIрэ я Iэгум ирагъэджэгухьу щIадзащ, зыгуэр зэжраIэну зэрызэщыукIытэ-зэрызэщышынэр абыкIэ щIахъумэ къафIэщIу.

Дыгъэр гуащIэу къызэрепсым хуэдэурэ, Iуащхьэмахуэ лъэныкъуэкIэ

уафэгъуагъуэшхуэ къыщыIуащ. Жыгей щIагъым къыщIэжу уафэм щыдэплъейм, зэрызехьэу къакIуэ пшэр гъунэгъу къызэрыхъуар Зырамыку илъэгъуащ. Уэшх къызэрешхынум шэч къыщIытепхьэжын щыIэтэкъыми, и макъым къызэрикIкIэ кIиящ:

– Ей, мы жыгеижьым и лъабжьэм фыкъакIуэ!

Жэуап зыми къитыжакъым, зыгуэри къэкIуакъым. Зэразакъуэм Жэнэт ириукIытэрти, «дыгъэкIуэж» жиIэри лъэIуащ. Зырамыку ар хуэгъэщIэхъуакъым. Ауэ къежьэжхэри лъэбакъуищэ нэхъыбэ къамыкIуауэ, уэшх пIащэ зырыз къыпхидзу щIидзащ, зытехуэ удзхэр хагъащIэу, жыг тхьэмпэхэр ягъэщхьэшэу. Уафэгур къызэщIэлыда къыпфIэщIу, уафэхъуэпскIыр лыдащ, нэр щигъэункIыфIыкIыу. ИужькIэ цIыч-чыч жригъэIэу, мэзыр  джэрпэджэжу къэджэжу, щыблэр уащ. А псоми техъущIыхьыж хуэдэ, уафэр ину гъуэгъуащ, дунейр мэкъутэжри, жыпIэным унигъэсу. Абы и ужькIэ, уафэм уридэкIуеину уэшхышхуэм къыщIидзащ. ЯужькIэ ар уэф хъужащ.

– Нэгъазэ, нэгъазэ, – жиIэщ Зырамыкуи и блэгущIэм Жэнэт щIигъэуващ. Тхьэрыкъуэф тхьэмпэшхуэм ещхь и упщIэ пыIэ фIыцIэр щхьэрикъуащ, «нажэ иджы», – жиIэурэ, икIи тIуми жагъэкIэ ягъэззэжащ я Iэпэр зэрыIыгъыу къызыщIэкIыжа жыгеиж лъабжьэм.

Жыгеижь лъабжьэм щыщIэлъэдам, псыф мыхъуауэ зыгуэри ящыгъыжтэкъым. Уэшхыпсыр нэхъ здынэмыса гъущапIэм Жэнэтыр игъэуври, езым зиплъыхьащ, тIысыпIэ хъун къилъыхъуэу.

Пхъэ дакъэжь гуэр къилъэфу Зырамыку къыщигъэзэжам, блынджабэм кIэрагъэува гуащэу, Жэнэт жыгейм кIэрытт. Абы щыIуплъэм, Зырамыку къызэтеувыIащ, япэ дыдэу иджы ар илъагъу хуэдэу. Пщащэ цIыкIум и щыгъын псыфыр Iэпкълъэпкъым кIэрыпщIати, бостеиплIэм хуиту къыхэщырт абы и блэгъукIэхэмрэ и бгъэ цIыкIуитIымрэ.

Пхъэ дакъэжьыр жыг лъабжьэм игъэтIылъри, Жэнэт игъэтIысащ. Езыр абы бгъурытIысхьэжащ. Уэфым къигъэщIыIэтыIат дунейри, пщащэм и щхъуэцхэм зыкърасат, езыри ущхъуэнтIат. Ар игъэхуэбэжыну Зырамыку и Iэр абы и плIэм иришэкIри зрикъузылIащ. ДакъикъитIи дэкIагъэнтэкъым, езыр Жэнэт къызеригъэхуабэр зыхищIэу щыщIидзам. Пщащэ цIыкIум и хуабэм Зырамыкур къигъэчэфауэ нэхъри зрикъузылIэрт.

Нобэ и закъуэтэкъым Зырамыку уэшхым щиуфэнщIар. Псыф хъуа иужь загъэхуэбэжын папщIэ зым и Iэпкълъэпкъыр адрейм ейм еIусэу цIыкIухэр мащIэрэ Iуву зэхэсатэкъым. Ауэ Жэнэт къыпкърихыу иджы къылъэIэс хуабэу псэм зыхезыгъащIэм хуэдэ ар ирихьэлIатэкъым зэи. Апхуэдэу щIэхъуам егупсысурэ, Зырамыку гукъэкI ищIащ езым хуэдэ цIыкIуу илъытэу щыта Жэнэтыр и ныбжьэгъу къудейуэ зэрыщымытыжыр.

И Iэр пщащэм и плIэм къызэрытрихыжыр и псэм и жагъуэ пэтми, къиIэтыжри и лъэгуажьэм трилъхьэжащ. МащIэуи къыбгъэдэкIуэтащ. Зэрызэгъунэгъур Жэнэтым и жагъуэтэкъым, ауэ укIытэрт, емызэгъ зэращIэм гу лъитэжауэ. И псалъэ хэмылъу, емызэгъыр езы Зырамыку щигъэзэкIуэжым, хъыджэбз цIыкIум зыкъиIэтащ, «дыгъэкIуэж», – жиIэри.

Жыгеижь лъабжьэм къыщIэкIыжри лъэбакъуэ зытхух нэхъ къамычауэ, Зырамыку гу лъитащ къуацэ-чыцэр зэрыхъейм. Щыплъапэм, абы хэжыжауэ КъэбыкI жэуэ илъэгъуащ. Ар къазэрыкIэлъыплъами, къазэрыкIэщIэдэIухьами, илъэгъуам имылъэгъуахэри щIигъужауэ Iустазым зэрыхуиIуэтэнуми Зырамыку шэч къытрихьэжакъым. Апхуэдэ

къэмыхъун щхьэкlэ, Къэбыкl къиубыду иубэрэжьын мурад иlэу, Зырамыку щlэпхъуащ.

– Си закъуэу сыкъыумыгъанэ, – абы кlэлъыгуоуащ Жэнэт.

Пщащэр имыгъэщlэхъуфу, Зырамыку къигъэзэжащ. Щlыщlэпхъуамкlэ Жэнэтыр къеупщlа щхьэкlэ, Къэбыкlыр зэрыбзэгузехьэр хуиlуатэу гузавэ лейм ар хигъэткlэ сэбэп имыlэу къилъытэри, мыр жриlащ:

– Мэз бжэн есхужьат.

Уафэгум къиува дыгъэр, дунейр есыж жыуигъэlэу, къепсырт. lустазри еджакlуэ цlыкlухэри хуабэм зэпкърихати, зэфlэсу куэд щхьэукъуэрт. Жейр къытекlуауэ епэзэзэхыпэр Мухьэмэд ефэндырт. Щыщхьэукъуапэм, абы и щхьэр фlэщlащ. Къыхэщтауэ зэфlэтlысхьэжри зиплъыхьащ. Зырамыкур щхьэукъуэу щилъагъум, чы кlыхьымкlэ абы и щхьэфэм еуащ. Къэщтауэ къызэщыужам удыныр къыщlихьар къищlэжауэ, къурlэным макъкlэ еджэу щlидзэжащ.

Еджапlэм щхьэукъуэрэ жейрэ щымыlэнымкlэ lустазым и чыр lэщэ гъуэзэджэт: абыкlэ уэурэ езы lустазым къеныкъуэкъу жейри зытрихужырт, удыныр зытехуами щхьэукъуэныр щигъэтыжырт. Чыр зытехуар къызэрыхэщтым цlыкlухэр игъэдыхьэшхырти, нэхъ нэжэгужэ хъуауэ, зэшри нэхъ ятекlыжауэ, къурlэныр щlэбжыкlыным щlадзэхэрт.

Блынджабэ лъабжьэм екlуэкl тетlысхьэпlэ лъахъшэм сабий тlощlырыпщl тест. Абыхэм ядж дерсхэри, зэджэ къурlэнхэри зэтехуэртэкъым. Хэт къурlэн цlыкlур, хэт къурlэнышхуэр, хэт абыхэм я пэщlэдзэр, хэти абыхэм я курыкупсэр яджырт. Макъамэ защlэкlэт ахэр зэреджэри, зэщlэвэзэщlэжьэу, тхьэкlумэlупсыр ирачу, бжьэ къэпщlауэ зэхэсхэт.

Зэджэ къурlэнхэм сыт итми, сыт къикlми къазэрыгурымыlуэм хьэлъи гугъуи ящищlырт еджэныр. Цlыкlухэм я закъуэтэкъым хьэрыпыбзэр зэхэзымыщlыкlыр. Фlыцlагъэр зи lэмыщlэм къралъхьа Мухьэмэд ефэндым а бзэм хищlыкlым зы къуажэм уришу адрей къуажэ унигъэсыфыну къудейт.

Махуэ хуабэмрэ еджакlуэ цlыкlухэм я хьэргъэшыргъэмрэ lустазыр ирагъэшыщати, аргуэру щхьэукъуэу щlидзэжащ.

Зырамыку зиплъыхьащ, зыкъиплъыхьыжащ. Дэзыхьэхын и нэм къыщыпэщlэмыхуэм, дерсыр щlиджыкlыу щlидзэжащ. Арщхьэкlэ сыт имыщlами, еджэным и гур хыхьэртэкъым. Хуэмышэчыж щыхъум, хуэмурэ къэтэджащ. Щlыб икlыну фэ зытригъэуауэ, къубгъаныр къищтэри лъапlэпцlий защlэкlэ щlэкlащ. Ауэ псыунэмкlэ имыгъазэу мэкъуэщымкlэ кlуащ. Мыбы Зырамыку пэнтх цlыкlум къехыу псы бэкъу щыдитхъуат. Баш цlыкlуитl хиlуам нартыху жэпкъыфэр и гупхъэтlэкlуу шэрхъи трилъхьат. Къубгъанымкlэ къихьа псыр пэнтхыщхьэм къыщрикlута нэужь, псыхьэлыгъуэ цlыкlур къежэхыурэ «щхьэл шэрхъыр» игъэкlэрахъуэрт. Нобикl арати, «щхьэлыр» гъэлэжьэным щlидзащ. Гъумэтlымэу щlибжыкlыу, ауэ зэджэр къыгурымыlуэу унэ къэплъам щlэс нэхърэ «щхьэлыр» игъэлажьэу, lустазым и къурагъыр къытехуэнкlэ шынагъуи имыlэу мэкъуэщым джэгуу исыныр къыхихауэ Зырамыку и нэгу зригъэужьырт.

Къубгъаным ит псыр иухати, щlэуэ псы къихьыну игъэзэжащ. Из ищlауэ пырхъуэм къыщехыжым, щхьэгъубжэмкlэ къыдэплъ lустазым гу къылъитащ Зырамыкум. Къыкlэлъыщlэкlри мэкъуэщми къыкlэлъыкlуащ. Къуэгъэнапlэм къуэувауэ lустазыр щытт, «щхьэлыр» зыгъэлажьэм кlэ-

лъыплъу. Псыр аргуэру щиухым, Зырамыку етIысэхащ, щхьэл шэрхъыр нэхъ ин ищIын и мураду.

IэпщIэлъэпщIэным дихьэхауэ щысым зэхихакъым Iустазыр лъапэпцIийуэ къызэрекIуэлIар. Абы и Iэпхъуамбэ кIыхьхэр щIалэм и пщэм, къашыргъэ лъэбжьанэу, хиукIауэ кIийрт:

– Хьэурэ хьэ ныбэм къикIа, аркъэ-щэ, сэ уэ сыпхурикъункъэ! Сэ уэ еджэкIэ уэзгъэлъагъункъэ, ныбэ узым ихьын!

ЩIалэм и тхьэкIумэм лъэIэсмэ, тричу, щхьэцыр Iэрыхьэмэ, ифыщIурэ, еджапIэм щIилъэфэжащ. ИтIанэ и пащхьэм иригъэувэри езыр тIысыжащ.

ЕджакIуэхэм фIылъагъуныгъэ Iуэху жыхуаIэр ягу къэмыкIыу гъэсэнри и къалэнхэм ящыщ зыуэ илъытэрт Мухьэмэд ефэндыми, абы теухуауэ дерс итыну мурад ищIащ. Зырамыкурэ Жэнэтрэ зэрызэхущытым щыгъуазэ хъуауэ зилъытэжырти, нэщхъ IейкIэ псори зэпиплъыхьри Зырамыку егиящ:

– Ныбэ узым ихьыну Алыхьым хущIимыгъэхьэн! Аркъэ-щэ, уэ уи хъыджэбз пылъ къэт.

Ар зэрызэхихыу, Зырамыку плъыжьыбзэ хъуащ. И ныбжьэгъухэм яIуплъэну укIытэу и щхьэр фIэхуауэ еплъыхырт. ГущIыхьэ ин ар щIыщыхъуар Iуэху фIейм Жэнэтри халъэфэнкIэ шынэрти арат. Игу ар къызэрыкIыу, къэгузэвауэ зы напIэзыпIэкIэ Iуплъащ Жэнэт. Ар, и фэр шэхуу пыкIауэ щыст, бэуэну шынэу.

Тау-тач къэзыIэта Iустазыр кIийуэ къигъанэу щIэпхъуэжыну гупсысащ Зырамыку. АрщхьэкIэ, Жэнэт и теплъэр гущIыхьэ щыхъуати, и щхьэр ирихьэхри здэщытым ижыхьащ. «Сыти къызэщIэ, псори сшэчынщ, ауэ пщащэ цIыкIум и гугъу умыщI къудей!» – къикIырт Зырамыку и щытыкIэм.

И напщIэр зэхэукIарэ и набдзэ кIыхьитIыр зэпыувэжауэ, Мухьэмэд ефэндым нэкIэ ишхырт еджакIуэ псори. Абы къыдэкIуэуи щIэгупсысырт зэрыIустаз ткIийр, егъэджакIуэфI-гъэсакIуэфIу зэрыщытыр хьэкъ зэращищIыну щIыкIэм, егугъухэу еджэ ахэр зэрищIыным, зэпылъыныр гукъэкI ямыщIыжыну я гур зэрыриудыным. Жэнэтри къыщихуу и пащхьэм ари къригъэувэну гукъэкIи ищIат. Ауэ, Бэрокъуэм а Iуэхур къызэрыщыхъунум щегупсысыжым, Жэнэтым дежкIэ еплъэкIыныр щигъэтыжащ.

«Мы къызэмыдаIуэм есщIэм феплъ», – жиIэ хуэдэу, нэщхъ IейкIэ еджакIуэхэм аргуэру яхэплъащ. ИтIанэ и нэ зэв цIыкIуитIыр Зырамыку триубыдэжри  щIэкIиящ:

– Къащтэ мыдэ!

Иритынур жимыIа щхьэкIэ, Iустазыр къыщыгубжьым Iэ сэмэгур ущIауэ хуэшиин зэрыхуейр Зырамыку ищIэрт. Хьэуэ лъэпкъ химылъхьэу, абы и Iэр ишиящ. ЕджакIуэхэм я псэр я лъэдакъэпэм нэсыжауэ, ефэндым и губжьыр езыхэми къалъэIэсынкIэ шынэу, замыгъэхъейуэ щысхэт.

Шэджэмокъуэм и фэм дихыну удыныр псынщIэу зэрызэфIэкIыным Iустазыр хуэпIащIэртэкъым. Фэлэкъэ зрихынури, ар зылъагъунухэри нэхъыбэрэ шынэм, гукъинэ ар нэхъ ящыхъуну къилъытауэ, зигъэкIыхьлIыхьырт.

Зырамыку къишия Iэр, зэрыхабзэу, Iустазым и Iэ сэмэгур иущIу къырыригъэлъхьакъым. Ар зэрышияуэ къигъанэри, мыпIащIэурэ ижьырабгъумкIэ еплъэкIащ. ХьэмкIутIей башыр къищта нэужь пхъуэщ, щIалэм и Iэр иубыдщ, езым и дзэр зэтрикъузэщ, зэрылъэкIкIэ зишэщIри, башыпэр Зырамыку и Iэпхъуамбэшхуэ гъунэ дыдэм, Iэбжьанэ къыщыкIым

хуэзэу еуащ. Удыныр хьэлъэу къыщIэкIати, Зырамыку мащIэу гызащ. Ауэ гъакъым икIи кIиякъым. Фэлэкъэ башыр къызэрытрихыжу, ар зытехуам лъыр къыпхиващ. ИтIанэ къыпыткIуурэ, унэ лъэгум теткIуэу, сабэр зэхуилъэфэсрэ ткIуэпс хъурей цIыкIуу унэ лъэгум тетIысхьэу щIидзащ. Зэрыригъэлеям гу лъитэжауэ, етIуанэу емыуэжыну Iустазым гугъэ ищIат. АрщхьэкIэ Зырамыкур дзыхауэ е гъыныфэ тету щимылъагъум, дерсыр дерс мыхъуауэ къилъытэжри, баш быдэмкIэ аргуэру еуащ.

Iустазым Зырамыку ирих удынхэм я дамыгъэр абы и Iэгум и закъуэтэкъым къызытенэр. Дэтхэнэ уэгъуэри Жэнэт и гущхьэм удыну техуэрт. Iустазыр Зырамыку зэреуам ар еплъыртэкъым, ауэ абы ирадз удыныр зэрытехуэр Жэнэт къищIэрт баш фиймрэ щIалэм и Iэгум ищI щIач макъхэмрэкIэ.

ЩIалэр зэримыгъагъыфым е «сыкъуэншащи, къысхуэгъэгъу» жиIэу къызэримыгъэхэшэфым къигъэгубжьауэ, Мухьэмэд ефэндыр кIийрт:

– Хьэ ныбэм къикIа, аркъэ-щэ, сэ уэ укъэзгъэхэшэнкъэ! – Ар жиIа нэужь зэрылъэкIкIэ зишэщIри уащ, фэлэкъэ башыр япэу зытехуауэ щыта Iэпхъуамбэшхуэм аргуэру хуэзэу.

Япэ фэлэкъэм зэгуиуда Iэпхъуамбэм удын лъэщыр аргуэру щытехуэм, Зырамыку и гур къекIуэри лъэмыкIыжу щIэтIысыкIащ.

ХэзыгъэщIа узыр нэхъ чэм зэрыхъуу, Зырамыку хуэмурэ къэтэджыжащ.

Мухьэмэд ефэндым «дерсыр» иджыпсту зэрыригъэкIуэкIа щIыкIэмрэ къемыдаIуэ щIалэм езым и губжьыр зэрытрикъутамрэ гупсэхугъуэ къратауэ ар Зырамыку щIэкIиящ:

– КIуэи тIысыж!

Зырамыку тIысыжакъым. КъурIэнымрэ къурIэнылъэмрэ къиштэжри къыщIигъэзыкIыжащ.

– Дэнэ укIуэрэ, къэгъэзэжи тIыс!

Ар а унафэм едэIуакъым икIи къызэтеувыIакъым. Жэуапи иримытыжу еджапIэм къыщIэкIыжащ, игъащIэкIэ игу имыкIыжыну гущыкI къызыщIиха унэ лъахъшэ цIыкIум и лъакъуэр зэи щIимыхьэн и мураду.

Шэджэмокъуэхэ я щIалэр къызэремыдэIуам къигъэгубжьауэ, Мухьэмэд ефэндым и нэ зэв цIыкIуитIыр Бэрокъуэхэ я хъыджэбз цIыкIум триубыдащ, «ар сIэщIэкIами, уэ укъысIэщIэнащ» жиIэ щIыкIэу. Унафи хуищIащ пщэдей мыдрисэм езыр къыщыкIуэкIэ ар къыздишэну. Ауэ Жэнэт укIытэщат, кIэзызуи шынати, и щхьэр ирикъуха фIэкIа, зыри жиIакъым.

# ЛъэужьыфI дахэ литературэм къыхэзына



*Балъкъэр Фоусэт япэкIи адыгэ цIыхубзхэм яхэтащ усыгъэм гу хуэзыщIа бзылъхугъэхэр. Псалъэм папщIэ, я япэ IэдакъэщIэкIхэр яIыгъыу республикэм и ТхакIуэхэм я союзым къыхуеблэгъэн пасэу щIадзат Чым Пэщхъан, ХъэIупщы Лолэ сымэ. Абыхэм я тхыгъэ гуэрхэри печатым къытехуэу, радиокIэ къату щытащ. Ауэ ди цIыхубзхэм ящыщу адыгэ литературэм бжьыпэр щызыIыгъ зэпыту къекIуэкIар Балъкъэр Фоусэтщ. Школым зэрыщIэсрэ тхэн щIидзат, куэд еджэ, зи щIэныгъэм зэпымыууэ хэзыгъахъуэ хъыджэбз жыджэр цIыкIути, Фоусэт зыхуэпабгъэр къехъулIэрт. Абы хьэкъыу пхыкIат быдэу еджэн зэрыхуейр. Аращ Бахъсэн куейм хыхьэ Кыщбэч 1932 гъэм къыщалъхуа Балъкъэр Фоусэт къуажэ школым классибл къыщиуха нэужь, Налшык къакIуэу педтехникумым щIыщIэтIысхьар. А зэреджэм хуэдэурэ, абы лэжьапIэ IэнатIэ зыбжани зэрихъуэкIащ. Ауэ, дэнэкIэ имыгъэзами, литературэр зэи IэщIыб ищIакъым. Абы и япэ усэхэр тхущI гъэм и пэхэм къытехуэу хуожьэ газетхэм, «Къэбэрдей» альманахым.*

*Фоусэт пасэу къыгурыIуат нэхъыфIу утхэн папщIэ, уи щIэныгъэм хэгъэхъуэн зэрыхуейр. АдэкIи еджэн мурад ещIри, а зэрылажьэм хуэдэурэ ар щIотIысхьэ Налшык дэт пединститутым тхыдэмрэ филологиемкIэ и къудамэм. Абы усыгъэм зэфIэкI зэрыщиIэр нэрылъагъу хъуати, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я союзым и жэрдэмкIэ ар 1957 гъэм щIагъэтIысхьэ М. Горькэм и цIэкIэ Мэзкуу дэт Литературэ институтым.*

*А еджапIэм щыщIэса илъэсхэм (1957–1960 гъэхэм) Балъкъэрым и творчествэм зыужьыныгъэшхуэ егъуэт. И усэхэр зэпымыууэ къыщытрадзэ Налшыки Мэзкууи. И япэ тхылъыр («Нэхущ») 1958 гъэм къыдокI. Ар псыпэфIу*

*къыщIокIри, абы и ужьым щIэх-щIэхыурэ кърокIуэ адыгэбзэкIи урысыбзэкIи дунейм къытехьэ и усыгъэ тхылъхэр. Абыхэм хуэфащэ пщIэ щагъуэт критикхэми, тхакIуэхэми, тхылъеджэхэми я деж.*

*Литературэм фIыуэ хэгъуазэ хъуа, лэжьыгъэ IэнатIэ зыпэрытахэми зи дуней еплъыкIэм зыщиужьа адыгэ цIыхубз усакIуэм и художественнэ творчествэми зиузэщIурэ екIуэкIырти, зым и ужь зыр кIэщIу иту и тхыгъэхэр щIыпIэ куэдым къыщытрадзэ.*

*Зи Iэдакъэм тхылъ тIощIрэ зыбгъупщIрэ къыщIэкIа усакIуэ Iэзэм хуэфащэ пщIэ щегъуэт гъащIэм: абы къыхуагъэфащэ Урысейм и ТхакIуэхэм я союзым и саугъэтри, ЩIыхь, Щытхъу тхылъхэри, нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэхэри.*

*1959 гъэм СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым хагъэхьа, зи усыгъэхэр ди Хэкум и республикэхэми хамэ къэралхэми щызэрадзэкIыурэ бзэ куэдкIэ къытрадза Балъкъэр Фоусэт 1982 гъэм къыфIащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ» цIэ лъапIэр.*

*Езыр 2009 гъэм и майм дунейм ехыжами, япэ адыгэ цIыхубз усакIуэ Балъкъэр Фоусэт и творчествэмкIэ лъэужь дахэ къыхинащ ди лъэпкъ литературэм.*

БАЛЪКЪЭР Фоусэт

## УИ ГУГЪЭМ УИ ГЪАЩIЭР ТЕХУЭУ...

ГъащIэ кIуам и фэбжьхэр дыркъуэу стелъу
Дуней хьэхур плIэкIэ къызохьэкI.
Гужьеигъуэу гъащIэм сезыгъэплъу
КIэух гуэрхэр сщыхъупауэ хьэкъ.
Гуауи гуапи, шитI зэбгъурыщIауэ,
IумпIэр сIыгъыу бгыщхьэм сыныдокI.
Гугъуи тынши псэкIэ зыхэсщIауэ,
Илъэс зэмыфэгъухэм саныблокI...
ЩыскIэроху мы гъуэгум сэ цIыху Iэджэ, —
Ныбжьэгъу нэпцIхэр — фыгъуэным иштау.
Къыщысхуозэ гъуэгум цIыхуфI Iэджэ.
Я псэр ныбжьэгъу пэжу къызатау...
ГъащIэ бгыщхьэ! СынокIуэ уи щыгум,
СиIэ гугъэм си лъэр псынщIэ схуещI.
ЖаIэ: гугъэм техуамэ уи гъащIэр,
Насып зыри ухуэмейу нэгъуэщI...
Гугъэ, гугъэ! Сиплъэнут уи нэгум, —
Уэ жэщ кIыфIри махуэу къысхуогъэщI.
Къыщыспэплъэр сщIэркъым а лъагапIэм:
Е уэс щIыIэ, е уэлбанэ, уэфI?..
Ауэ сощIэ: щыIэщ абы хабзэ,
Зи гур къабзэм ирипагэу набдзэу.

Зигу хьэлэлыр хуабжьу ягъэлъапIэу,
Хабзэр зыщIэр тету я лъагапIэм,
Дауэ щытми, сыхуокIуэ гугъапIэм,
КъэсщIэн щхьэкIэ жаIэм и пэжыпIэ,
КъэсщIэн щхьэкIэ насыпым и IэфI.

## АДЫГЭБЗЭ

Адыгэ жьэгум и дэп мыужьыхыу
УкъогъуэгурыкIуэ адыгэбзэр.
Уэ анэ гуапэм и макъ мыухыу
Дэ гъащIэу диIэм утхуоубзэрабзэ.
Ди сабий цIыкIухэм урадыхьэшх макъщ уэ,
ЗэгуэкIуагъитIым урауэрэд дахэщ.
Уэ ди Хэку лъапIэм уриIэщ нэщэнэу.
Хамэм уэращ псом япэу и нэм фIэнэр.
Уэ мо къурш псынэм укъыдоIущащэ,
Мо жэнэт бзухэм уадоубзэрабзэр.
КъыщоIу я щыгухэм а уи макъ дахащэр
Ди бгыжьхэм,
Губгъуэм,
Ди гуэл щхъуантIэ къабзэм.
Iущыгъэу лъэпкъым иIэм урижылэщ.
Гъуэгуанэ тетхэм гъуэмылэу уздащтэ.
АдыгэлI Iущхэм лъапIэуэ уаIыгъщ уэ,
Биӣм я нэхъ бзаджэр уи бзэмкIэ догъащтэ.
Ди лъэкIыныгъэм имыIэ гъунапкъэ —
Адыгэ усэр бзууэ уафэм итщ.
УзиIэщ сэри уэ си ныбжьэгъу лъапIэу, —
Пхуэдэу схуэпэжи дунеӣм зы темыт.
Упсэу уэ куэдрэ!
Уэрщ лъэпкъым и лъабжьэр!
Упсэу уэ куэдрэ!
Уэ дыбдэпсэунщ!
УдигуфIэгъуэщ,
Уэ удиIэщ набдзэу.
Упсэу!
Упсэумэ, ди лъэпкъыр псэунщ!

## МАКЪАМЭ

Хьэуар пщыхьэщхьэм къедэхащIэу си пкъым.
Хамэ къалэшхуэм сэ къыщызокIухь.

Абдей къыхыхьэу ІэфІу, гуапэу си гум
Ди уэрэдыжь макъамэр жьым къысхуехь.
Сэ сыщыцІыкІум си адэшхуэм жиІэу
А уэрэд дахэр куэдрэ зэхэсхат.
Зейм а уэрэдыр къытекІуэф щымыІэу
ЛІыхъужь бэлыхьу лІы бланэ хэхат.
ЩІэлъщ а уэрэдым ди къурш, ауз макъи,
Псыкъелъэ инхэм я макъамэ екІу.
ЩІэлъщ а уэрэдым бгырыс пщащэ дахэм,
Къуалэбзу цІыкІухэм я бзэрабзэ макъ.
Къалэ мыцІыху къалэшхуэ сызыдэтым
Ди лъэпкъ уэрэдыр дауэрэ къэкІуа?
Унэ къат лъагэу унэ куэд зэтетым
НитІыр щолъыхъуэ, — дэнкІэ къиІукІа?
Унэ зэтетхэм я щхьэгъубжэ къомым,
Псоми къысфІощІ макъамэр къыдэлъэт...
Сэри сежьууэ къызогъажьэ хуэму,
Ди пщІантІэ иным хуэдэ сыдэт...
Къызэхуэсауэ къысфІощІ си ныбжьэгъухэр,
Дунейм уэрэдыр ину дэ щытІэт...
Уэ — ныбжьэгъугъэм — сыт щыІэ нэхъ фІыгъуэ, —
Уэрэд макъамэ куэду узэхэтщ.

* * *

И ІэгуитІым илъу
Уэ къуитати и гур,
Уи лІыгъэм лъэкІакъым
Тыгъэр ихъумэн...
Гур уІахуэ пщІауэ
КъыпІэщІихыжами,
Къыхуэзащ зылъытэ —
Псэр хуищІау къурмэн...
ФІыу плъэгъуауэ жыпІами,
ПлъэкІакъым пІыгъын. —
Сыт ущІегъуэжауэ
КъакІуэкІэ уи гъын?!..
«А ныбжьыщІитІыр
Зэхуихьащ Алыхьым,
Насыпу щыІэр
АитІум къаритащ!» —
Апхуэдэу жаІэу,

Арщхьа я кум дыхьэурэ,
Насыпыр бзэгукIэ
Зэтракъуташ!

* * *

ЦIыху зэхъуапсэр фIыхэракъэ?
ЦIыху зэфыгъуэр фIыхэращ!
ФIагъыу зыри уэ пхэмылъмэ,
Сыт щхьа цIыхухэр къофыгъуэн?! —
Щхьэ цIыху псоми уи дзэр хуэплърэ?
Хэт уимыIэр пфIидыгъун!

## СИ НЭХУМ СЫКЪЫДОФЭ

*Уэрэд*

Т. У.

Си дахэу пщащэ гуакIуэр
Си нэхуу, си псэ закъуэр, —
Къэсшащи фIыуэ слъагъур,
ТхуаIэтыр хьэгъуэлIыгъуэр.
Уей, фыджэгу, унтI, жи, Iэгу!
Нэхъыжьхэр щефэкIэ,
НэхъыщIэр къофэхэр, уей.
Ныбжьэгъухэр Iэгум феуэт,
ДиIэжккъым дэ гукъеуэ.
Къыздэфэт уэ, си гуащэ, —
Иджыри уэ упщащэщ.
Уей, доджэгу, уитI, жи, Iэгу!
Гухэлъыр гуащIэмэ,
Утыкур мащIэкъэ, уей.
Си нэхум сыкъыдофэ,
НысащIэу къызогъафэ.
Ныжэбэ яужь дыдэу
Къэфэж, си дахэ, быдэу.
Уей, дуней, сэрщ узейр.
Уи нитI дахащэмкIэ
КъызэIущащэт, уей.
Гухэлъыр мафIэу маблэр,
Ныбжьэгъухэм фи нэр вгъаплъи,
ЗевгъэщIыт джэгум кIащхъэ, —

Къытхуещӏ лэгъунэм нащхьэ.
Уей, дуней, уей, дуней,
Псэм хэлъыр гуащӏэмэ,
Жэщ кӏыхьри мащӏэкъэ, уей.

* * *

Гугъу сыдохь си лъагъуныгъэм
Гугъу сыдохьыр сэ а фӏыгъуэм.
Хуэдэщ ар мо розэ тхьэмпэм,
Къуалэбзу шыр цӏыкӏум хуэдэщ,
Илъэс закъуэ хъуа сабийщ ар, —
Уемылӏалӏэуэ имыдэ.
Хуабжьу гугъу сыдохь а фӏыгъуэм,
Ар сохъумэ сэ си дыгъэу:
Розэ тхьэмпэр, сыщошынэ,
Жьапщэ ябгэм сфӏыпичынкӏэ, —
Сыхуэсакъыу ар сохъумэ.
Бзу шыр цӏыкӏур, сыщошынэ,
Къуаргъ, блэ бзаджэхэм яшхынкӏэ, —
Сыхуэсакъыу ар сохъумэ.
Сабий цӏыкӏум, сыщошынэ,
Щӏыху ӏейм и нэ къытехуэнкӏэ, —
Сыхуэсакъыу ар сохъумэ...
Сыту лъапӏэ пхуэсщӏ гухэлъыр, —
Гугъуехь защӏэу ар зэхэлъщи…
Ауэ си псэр уэрыншатэм,
Лъагъуныгъэр симыӏатэм, —
Хъунт си гъащӏэр лъэныкъуабэ,
Фэлъыркъэбу, къуабэбжьабэу.

* * *

Иджыри соплъыр уи сурэтым,
Иджыри сфӏощӏыр уэ укъэту…
Си фӏэщ схуэхъужкъым узбгъэдэту,
Уи нитӏ дахащэм гуфӏэ щӏэту.
Налкъут кӏапэу
Услъытар —
Абдж къутахуэу
Гуэлъэтарт.

## УИ ДЕЖ

Гухэлъ гумащІэ, —
ГъащІэр зыгъэлъапІэ,
ФІыгъуэхэм я жапІэ,
Дунейр зыгъэгуапэ,
ФІы насып къежьапІэ, —
Унасып щІэращІэу
Ущапсыхь уэ гъащІэм.
Узыхь зыхуогъэщІыр
ЦІыху псоми я гуащІэр,
Къуатынущ уэ я псэр,
Я дуней гуращэр...
ЦІыхуфІ гугъэ дахэ! —
Къысхуэхъу сэри махуэ
Схуэгъаблэ си гъащІэр
Жэнэт нур тІуащІэу.



# ЦIЫХУМ Я ГУМ ФIЫКIЭ КЪИНЭЖАЩ

*ШэджыхъэщIэ Хъэмыщэ Абейкъуажэм (Урожайнэ) 1932 гъэм мартым и 18-м къыщалъхуащ, курыт еджапIэр абы къыщиухащ, 1951–1954 гъэхэм дзэм къулыкъу щищIащ. 1954–1961 илъэсхэм Урожайнэ районым щылэжьащ – комсомолым и райкомым, районым къыщыдэкI газетым, райисполкомым; зэрылажьэм хуэдэурэ, къиухащ Ростов къалэм дэт Парт школ нэхъыщхьэр. Хъэмыщэ «Советская молодежь», «Ленин гъуэгу» газетхэм я отделхэм я унафэщI къулыкъур зэрихьащ, итIанэ Дзэлыкъуэ, Шэджэм районхэм къыщыдэкI газетхэм я редактор нэхъыщхьэу (1962–1966 гъэхэм), 1966 гъэм къыщыщIэдзауэ Республиканскэ полиграфкомбинатым и директору лэжьащ, а IэнатIэм здыпэрытым Хъэмыщэ къаруушхуэ ирихьэлIащ республикэм и полиграф промышленностым зегъэужьыным. 1979–1980 гъэхэм Хъэмыщэ «Ленин гъуэгу» газетым културэмкIэ и отделым и унафэщIщ, 1980–1981 гъэхэм ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ театрым и директорщ. 1982 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс 15-кIэ щылэжьащ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм – редактору, редакцэм и унафэщIу, иужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я союзым деж щыIэ Литературэ фондыр зэрихьащ, а Союзым и правленэм и консультант къулыкъум бгъэдэту Хъэмыщэ 1999 гъэм июлым и 23-м дунейм ехыжащ.*

*ШэджыхъэщIэ Хъэмыщэ и япэ тхылъыр («Уи пщэдджыжь фIыуэ, Тэрч!») дунейм къыщытехьар 1975 гъэрщ. Абы щыгъуэ Хъэмыщэ и ныбжьыр илъэс 40-м щIигъуат, гъащIэм и IэфIи и дыджи илъэгъуауэ, абы и щэхуми и нахуэ-ми кууэ щыгъуазэ хъуауэ. «Уи пщэдджыжь фIыуэ, Тэрч!» тхылъым IупщI щыхъуауэ щытащ зи псалъэр жан, зи гупсысэр куу тхакIуэ набдзэгубдзаплъэ ди литературэм къызэрыхыхьар – абы щыхъэт техъуащ а тхылъым ит повестри рассказхэри. Абдеж къыщыщIэдзауэ Хъэмыщэ*

*и цIэр жылэм хэIуащ, и тхыгъэхэм, щIэх-щIэхыурэ дунейм къытехьэурэ, цIыхур ятхъэкъуащ.*

*И япэ тхылъым и ужькIэ дунейм къытехьащ абы и къалэмыпэм къыщIэкIа тхыгъэ хъэлэмэт куэд: «Дыщэм ефIэкIыу» (1977), «Дыщэр дыщэпс хуэныкъуэкъым» (1980), «Мазизэ» (1989) повестхэр, «Гум псори къонэ» (1984), «Тэрч щыхьэтщ» (1987), «ЛъыщIэж» (1992) романхэр, рассказхэр щызэхуэхьэса «ХъэмлэтIиф, къэгъэзэж» (1980), «СыпIэскIуащэрэт, жызоIэ» (1992) тхылъхэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри лъэужьыншэ щыхъуакъым ди литературэм. И художественнэ прозэм нэмыщI, Хъэмыщэ и Iэдакъэм къыщIэкIащ пьесэхэри, цIэрыIуэ хъуа уэрэдхэм ящIэлъ псалъэхэри, очерххэри, публицистикэ тхыгъэхэри. Литературэм, щэнхабзэм жыджэру зэрыхуэлэжьам папщIэ, къэралым и ТхакIуэхэми Журналистхэми я союзхэм хэта ШэджыхьэщIэ ХъэмыщIэ къыфIащауэ щытащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ» цIэр, къыхуагъэфэщат ЩIыхь, Щытхъу тхылъхэри, нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэхэри.*

*Аращ къызэралъхурэ илъэс 80 ирикъу тхакIуэм и цIэр цIыхум я гум фIыкIэ къыщIинэжар.*

ШЭДЖЫХЬЭЩIЭ Хьэмыщэ

# Сыт пхуэсщIэн иджыри?..

Фэ фIыцIэ зытебза жыгей бжэ хьэлъэр сышынапэурэ Iусхри, кабинет абрагъуэм сыщIыхьащ. Япэ щIыкIэ сэ къысфIэщIащ сыкъызыщIыхьам зыри щIэмысу. Ижьырабгъу блыным метр пщыкIутху и кIыхьагъыну кIэрыт стIолми, абы егъэувэлIа шэнтхэми шухьэ удзыфэ тебзащи, уи нэхэм къогуапэ. СэмэгумкIэ кIэрыт унэлъащIэхэм тхылъ куэд дэлъщ, телевизор, удз гъэгъа тетщ, апхуэдизкIэ къабзэу лъэщIащи, ухуеймэ кIэрыуви уи жьакIэр упс. Адэ жыжьэу къыдэт стIолышхуэм бгъэдэс лIы бжьыфIэр гуфIэжу къэтэджащи, и IитIыр шияуэ къысхуокIуэ.

– Берычэт бесын, – жысIэурэ сокIуэ сэри, лIыр си гъащIэм япэ дыдэ слъагъу пэтми, сэри сыхуогуфIэ. УхуэмыгуфIи еплъ, лъэIуакIуэ кIуар сэращ.

Шэнтиуэм срегъэтIысхьэри, езыр си пащхьэ къотIысхьэж. Тутын лъапIэр кърехри къысхуеший. ГуфIэгъуэр и нэгум икIыркъым.

– Зэхэсхащ, зэхэсхащ, къалэм дэнэ къэна, республикэ псом щызэлъащIысащ уи Iуэхур. СогуфIэ, хэбгъэхъуэну сынохъуэхъу.

– Упсэу, – изохьэх си щхьэр. – Зы лъэIу пхузиIэу сыкъэкIуат.

– Дэгъуэкъэ-тIэ! – холъэт абы и напщIэр. – Аращ сэ мыбдеж сыщIыщысыр, дзыхь къысхуащIу сыщIагъэтIысар, лъэIу зиIэм хуэсщIэну. ЩIалэжь гуэр ягъэуват, жи, унафэщIу. УнафэщI ущыхъукIэ, лъэIуакIуи къыпхуэкIуэнщ, зимыIи къуихьэлIэнщ. Пэжкъэ а сэ жысIэр?.. НтIэ, а щIалэжьыр мопхуэдэ стIолым зэрыбгъэдэтIысхьэу щыгъупщэжат, жи, япэм езыр лъэIуакIуэу зэрыщытар. ЦIыхугъэ гуэр уиIэн хуейщ, нобэ уэ мыбдеж ущыс щхьэкIэ, пщэдей нэгъуэщI зыгуэр щысынкIэ зэрыхъунур зэи зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым. Тыншкъым кэнешнэ, сыт ар убзыщIкIэ...

– Уэлэхьэ, сэ гугъущи уезмыгъэхьыну, – жызоIэ, – сыкъыщIэкIуари зы мыхьэнэншэ тIэкIум...

– Сэ сщIэркъэ ар, зиунагъуэрэ, – гуфIэжу къызоплъ сыздэкIуар. – Уэ кхъухьлъатэ щхьэкIэ укъызэлъэIуну си деж укъызэрымыкIуар бжэр къыIуумых щIыкIэ къызгурыIуат сэ. Уэ пхуэзмыщIэн тхьэм къызимыткIэ, нетIи зэрыжысIащи, аращ сэ мыбдеж сыщIыщысыр. Тем более, уэ си деж укъэкIуауэ мыбы ущIэзгъэкIыжуи, узыхуей псори пхуэзмыщIауэ? Ди шефым жиIэрейш: Самсудин Батокович, зыщумыгъэгъупщэ, мылIэжын щыIэкъым, улIа нэужь, щIэкIуэтащэрэт а цIапIэр къыпхужаIэжын хуэдэу ущымыт, цIыхум хуэсакъ, аращ узыIэтыфынури, аращ укъридзыхыжу щыкъуейуэ узэгуэзыудыфынури. Акъыл хэлъкъэ?..

– Тэмэму жиIащ, – дызоIыгъ сэ абы и псалъэр, ауэ ди псалъэмакъыр кIыхь зэрыхъур къезгъэщIэну пызощэ:

– Уи зэманри пфIызогъакIуэ, сэ сыкъыщIэкIуар...

– СощIэ, – къытоIэбэ ар си дамащхьэм. – СощIэкIэ, тхьэ соIуэ. Ар уиIэу бжы. Апхуэдэу сиIащэрэт сызыгъэгузавэ псори. Сэ зэ бжесIамэ, абы къэгъазэ иIэжкъым. Сыт хуэдэ Iуэху къуамыхьэлIэми, сыт хуэдэ лъэIукIэ къомыкIуалIэми дгъэзэщIэн хуейуэ аращ дэ мыбдеж дыщIыщывгъэсыр. Ар хэти ирехъу, хэтуи щрет. Мор министрти, мыр рабочэти жыпIэу, зэхэгъэж пщIыуэ щIэбдзакъэ, извини, уи къулыкъум ухуэмыфащэу аращ. Апхуэдэр сходу техун хуейщ, напафэкIэ ебгъэлъагъу хъунукъым портфель.

Секретарь цIыхубзыр къыщIыхьэри, сэ зэхэзмых и гугъэу, щэхуу къыжриIащ цIыху куэд къызэрыпэплъэр.

– Плъагъуркъэ, сэ Iуэхуншэу сызэрыщымысыр, – зэхиукIащ и нэщхъыр си пащхьэм къисым. – Мыри абыхэм хуэдэщ, къэрал IуэхукIэ къэкIуащ, и щхьэ Iуэхукъым зэрихуэр. ЯжеIэ сызэрыхущIэмыхьэр, цIыху зэрыщIэсыр. Къыспреплъэ, я щыкъу анэ и дежкъым здэкIуар.

ЦIыхубзыр щIэкIыжа нэужь, сыздэкIуар къэтэджри холодильникым псы къыдихащ, ар стэчанитIым къригъахъуэри, зыр си пащхьэ къригъэуващ.

– Апхуэдэщ махуэ къэс, – жиIащ абы, псым мащIэ дыдэурэ еIубурэ. – Уи фIэщ хъумэ, шхапIэ дымыгъуэткIэ. Уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъуи, дыгъуасэ си щхьэгъусэр къысфIэнэпащ. «Уэ, жи, зыбукIыжыну мурад пщIа? Адрейхэм хуэдэу укъэкIуэжу щхьэ шэджагъуашхэ пщIы мыхъурэ?» СыткIэ ищIэрэ абы сэ сызыхэтыр? Мобы мор хуейщ, мыдрейм мыр хуейщ. Уэ, тхьэр умыгъэпцIамэ, зэхуэгъэхъу а къомыр. Мы гъэм зы жэщ къыхэхуакъым сыхьэтищ ирикъу сыжеяуэ. Уи фIэщ хъуркъэ?

– Сыт щIэмыхъур, – сыкъотэджыж сэ. – Къысхуэгъэгъу, сэри зэман куэд пфIэзгъэкIуэдащ, кхъыIэ...

– Хъунщ иджы, – къэтэджащ ари, – уэ пхуэдэу сиIащэрэт псори. Уэ щхьэкIэ мы си бжэр зэпымыууэ зэIухащ. Дыгъуасэ мо мыст къакIуэри си фэр ирихащ, слуши. ЦIыхум къыбжиIэр уи фIэщ хъун хуейщ. Мыхъунумэ, умыкIуэ. УкIуакъэ, едаIуэ. УедэIуакъэ, уи фIэщ щIы. Зыр адрейм и фIэщ дымыхъужу дыкъызэхэнамэ, дыкIуэдауэ аращ, дыщIэлэжьэни дыщIэпсэуни щыIэжкъым. Ну, хъэрэшо, уздэкIуамрэ ущIэкIуамрэ пщIэжын хуейкъэ, алыхьыр арэзы зыхуэхъун! Уэ улъэIуакIуэщ, Iэпщацагъым ущIыхуэкIуэн хуейр сыт? Псоми акъыл зрыз яIэщ, узыпэщIэхуэнур пщIэнукъым. Нет, жи, къытелъхьэ мыбдеж иджыпсту.

– Уэлэхьэ, сэ апхуэдэуи жызмыIэ, – къызох сэ си лъэIур зэрыт тхылъымпIэ тIэкIур.

– Уэ сыт! – кърешэкI аргуэру и Iэр си плIэм. – Уэ пхуэдэу сиIащэрэт псори. Уэ уи лъэIур згъэзэщIауэ бжы. Ауэ а мыстщ къыщIезгъэжьар... ЦIыхум зишыIэфу щытын хуейщ. Къуэшрокъуэр пIащIэри унакъым,

жи. Сыт сэри хэутэн сыщIэпщIыр, уэри адрейхэм ягу щIызэбгъабгъэр? ПщIэнукъым абы узэрыхуэзэжынур, дунейр шэрхъщи мэкIэрахъуэ. Пэжкъэ, тхьэ?

– Тэмэм, – жызоIэ сэ. – Мы письмо тIэкIур...

– Къащтэ мыдэ.

СIех. СтIолым бгъэдохьэри зы щIыпIэ деж хекъузэ. Секретарь цIыхубзыр къыщIохьэри и пащхьэ къоувэ.

– Мэ, – ирет абы си тхылъымпIэ тIэкIур, – адрейхэм гъусэ яхуэщI мыри.

ЦIыхубзыр щIэкIыжа нэужь, сэ абы зыхузогъазэ:

– Си гуапэ хъунт а тIэкIур нобэ-пщэдей...

– Уигу умыгъэныкъуэ тхьэм щхьэкIэ, – къеIэт абы и IитIыр. – Ныпхуезгъэшэн хьэмэрэ зыгуэр къэбгъэкIуэн?

– Сэ сыкъэкIуэнщ.

– Сыт щхьэкIэ? – идэркъым абы. – КхъыIэ, щыгъэт иджы. Дэ зылIлIитI къытхэжэпхъыкIамэ, апхуэдэ мыхьэнэншэ щхьэкIэ бжэщхьэIум фыщIытетын щыIэкъым...

ЕтIуанэ махуэм секретарым деж телефонкIэ сыпсалъэри, си письмом и Iуэхур игу къэзгъэкIыжащ.

– Шефым и стIолым телъщ, – жиIащ цIыхубзым.

Ещанэ махуэм аргуэру а псалъищыр къызжиIащ. Шефым игу къигъэкIыжу си Iуэхур тIэкIу щIигъэпсынщIэну сыщелъэIум, «Уэ пхуэдэ мин къопсалъэ мыбы», – жиIэри трубкэр тридзэжащ.

Апхуэдэурэ тхьэмахуэ дэкIащ. Тхьэмахуэ етIуанэр щиухым, схуэмышэчыжу сыкIуащ. Бжэ абрагъуэм сыIухьэри, теуIуэ хэмыту, сыщIыхьащ. Кабинетышхуэм лIы гъур цIыкIу гуэр щIэст и щхьэ фэкъу цIыкIум Iэ дилъэу. Ар и нэ жан цIыкIуитIымкIэ къызэплъри, шэнтым къытелъэтащ:

– Къеблагъэ, къеблагъэ! Мыр дауэ, зи унэр бэгъуэжын...

Сэ зыри жызмыIэу къэзгъанэри сыкъыщIэкIыжащ. Секретарь цIыхубзым сыкъигъэувыIэри, тхьэмахуитI и пэкIэ еста письмор къызитыжащ, зы хьэрф къытрамытхауэ.

– Дэнэ здэкIуар мыбы щIэсар? Трахуа?

– Сыт жыпIэр? – и Iэпэр и Iупэм хуихьащ цIыхубзым. – Самсудин Батокович драгъэкIуэтеящ. Ар иджы трестым щыунафэщIышхуэщ.

– А-а, – жызоIэ сэри щэху дыдэу, – хуэфащэ дыдэщ.

Ар фIыкъэ-тIэ? Зым хуэмыфI хьэдрыхэ ягъакIуэркъым, жиIащ пасэрейм.

# Жьэ нахуэ

ЗэIущIэр и кIэм нэблэгъат, къызэхуэсахэр хущхьэрт, щатэрт, собранэм и секретару хаха Сурэти, колхозым и сурэттех КIэбыши куэд щIауэ зызэкIуэцIилъхьэжри кIуэжати, къыфIэIуэхуж щымыIэу, зыгуэр жыIэн зэрыхуейм щхьэкIэ зыгуэрхэр жаIэну къэпсэлъапIэм къиихьэхэм жаIэр имытхыу щыст, и нэ лъэныкъуэр етIуанэ хозяйствэм и унафэщI Бемырзэ теплъызауэ. Бемырзи ищIэрт Сурэт абы и нэ лъэныкъуэкIэ къеплъа нэужь гувауэ я деж зэрыкIуэжынури, ревкомиссэм и председателым епсэлъылIэрей зищIырт, зэIущIэм къекIуэлIахэм яхэс и щхьэгъусэм Iуэхушхуэ иIэу зыкъригъэлъагъун мурадкIэ. Зэманри хэкIуэтат: бгъум

фIихуауэ пщIым текIуэрыхьырт, апхуэдизрэ зэIущIэ мыбы щекIуэкIауэ зыми ищIэртэкъым.

– НтIэ, ныбжьэгъухэ, – къэтэджащ колхозым и председателыр, къыкIэлъыкIуэ къэпсалъэр къэпсэлъапIэм зэрикIыжу, – зэманри хэкIуэтащ, цIыху пщыкIутху къэпсэлъащ, иджы ТIэмаш жэрдэм къыхелъхьэ къэпсэлъэныр абдеж щыщыдгъэтыну.

– Хэслъхьамэ, азалыхьыр нахуэу згъэпцIаи! – къыщылъэтащ етIуанэ гъэш фермэм Iэхъуэу щыIэ ТIэмаш. – Ар нэхъ жэрдэмти!

– Тэмэмщ, пщэдей лэжьэгъуэ махуэщ, – къоплъ абы председателыр. – Дэ псори дешащ. Уэ упсэлъэнумэ, псалъэ, уэ зым дынодэIуэжыфынщ.

– Уэ, Хьэжмудар, – худоплъей ТIэмаши председателым, – мы дызэрыт зэманыр уи деж нэсауэ фэ птеткъым. А зэман блэкIам и къапхъэным быдэу уиIыгъ си гугъэщ иджыри.

– Уэ уи дзэр Iуиуда а блэкIа зэман жыхуэпIэм? – къыхуэдзэлэшхащ председателыр.

– Си закъуэу щытамэ, щай фIыцIэжьу къиздзэнтэкъыми, къэралым и щхьэузыхьщ жысIэнти, сытIысыжынт. Дэтхэнэ зы революцэми, Хьэжмудар, уэ фIыуэ уощIэ, улажьэурэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зыIэрыбгъэхьащ, дэтхэнэ революцэми-тIэ жьыр, зыхуэмеижыр, зэран къыхуэхъур екъутэ. Дэ нобэ тлъагъур, дызыхэтыр революцэщ, председатель. Уэ сыт...

– Iэщэ къащти къыдыхьэ-тIэ уэрамым, – нэщхъыцэу къеплъащ Iэхъуэм председателыр. – ПщыкIубл гъэм щыIа революцэм Къамылхэ фи лъэпкъым щыщ щыхэмытакIэ...

– Абыи хэтащ, ноби хэтщ, – къикIуэтыркъым ТIэмаш. – Ауэ нобэ дэ Iэщэ дыхуейкъым. Нобэ дэ ди Iэщэр Iуэхущ, пэжыгъэщ. Уэ а псори, япэхэми хуэдэу, «мор тщIащ», «мор къытетхащ» псалъэ зыри къызэрымыкIхэмкIэ зэфIэбгъэкIыну яужь уитщ. Сэ сыхуейщ мы ди зэманым екIуэкI Iуэхугъуэшхуэхэм егъэбыдылIауэ иджыпсту колхозым иригъэкIуэкIа, иригъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм пыухыкIауэ укъытхутепсэлъыхьыну.

– Уэ ухэт, ТIэмаш? – зэIохьэ председателым и гукъыдэжыр.

– СыцIыхущ, – къикIуэтыркъым ТIэмаш.

– Хьэуэ, аракъым сэ сызыщIэупщIэр. Колхозым ущыхэт уэ?

– СыщыIэхъуэщ.

– НтIэ, уи IэхъуапIэ ис, «блэкIа», «щыIа!» Уи жьэр зэтепIи, «цIутI» жумыIэу щыс. Ар уи дежкIэ нэхъыфIщ.

– Си жьэр уэ зэтумыпIэ, Хьэжмудар! – губжьащ ТIэмаш. – Куэдщ ар зэтепIауэ зэрыщытар. Уэ, дауи, а «Маржэ»-р нэхъ къапщтэу къыщIэкIынт дрищIэбгъэпхъуэну.

– Iейуэ ущIэпхъуэнт уэ, – къыхуитIащ и дзэлыфэр председателым.

– ДыщIэпхъуатэкъэ? – Захуегъазэ ТIэмаш къызэхуэсахэм. – ЖыфIэт, жэмыхьэт, дыщIэпхъуатэкъэ? «Маржэ, ищI гъэм ди цIыхухэр коммунизмым щыпсэунущ», – жаIэри дыщIэпхъуэри, дэнэ дынэса? Канадэм, Хьэжмудар... Гъавэщэху. Пэжкъэ? Е къащтэ ди Iэщым и Iуэху. Сыт щыгъуэ къыщыхъуар адыгэ унагъуэ зы жэмыжь имыIэу? Шэри, шхури, шатэри ди тыкуэнхэм щIэзу щIэлъыну жаIэри жэмыжь зырызыр щIэдубыдэжауэ щытакъэ? Зэ умыпIащIэ, Хьэжмудар, абыи сынэсынущ. ГъэшхэкIыр пудыжьу, пэрыхьэту фыщиIэнукIэ хъупIэ лъэпкъ фыхуейкъым жыфIэри, ди хъупIэр щхьэгъубжэ лъабжьэм къеуалIэу къеввылIакъэ, жэмыжьым и щхьэр бом къыщIигъэжамэ, колхоз гуэдзыр пIэтIравэ уощI жытIэурэ гуахъуэкIэ деуэрэ щIэтхуэжу? Абы щхьэкIэ ди гъэшыр нэхъыбэ хъуа? Хьэмэрэ ди Iэщ бжыгъэм хэхъуа?.. АпхуэдизкIэ хэхъуащи, унагъуищэм

жэм щэ ныкъуэщ къахуэнар. Иджы ахъшэ къэралым къыдитурэ жэм къыдощэхуж. Жэмыр къэтщэхужынт, хъупӀэр дэнэ къыщыпщэхунур?

– ЖиӀэнщ иджы фӀы лъэпкъ ди гъащӀэм хэмылъауэ, – гъумэтӀымащ председателыр. – Яхэплъэ мыбы къызэхуэсахэм, абыхэм орденрэ медалу яхэлъым, щӀыхь тхылъ колхозым къратам...

– Дауи, – мащӀэу пыгуфӀыкӀащ ТӀэмаш, – орденрэ медалкӀэ зыри къытщӀэрыхьэнукъым. Ауэ зи дамыгъэхэр зыхэзымылъхьа куэди щӀэсщ мыбы. Псалъэм папщӀэ, мо Дыжь Къарней. ИлъэситӀым орденитӀ хэфлъхьащ, а илъэситӀым фӀэкӀа и гъащӀэм колхозым зы чымпэ къыщиӀэтакъым. Пэжкъэ, Хьэжмудар?.. А-а, зыри жыпӀэркъым, пэжщи. ОрденитӀыр ефтщ, партым хэвгъэхьэри, къызыӀукӀа заготбазэм вгъэкӀуэжащ заготовителу. Хэт фейдэр зейр: колхозыра хьэмэрэ Дыжьыра?.. Мис аращ-тӀэ. Фэ, итӀани, илъэс ӀэджэкӀэ мыбдеж лозунг фӀэвгъэлъащ «Экономикэр экономнэу щытын хуейщ» жиӀэу тету. Ари метр пщыкӀутху зи кӀыхьагъ щэкӀ плъыжьым тетхауэ. Дапщэ къэрал псом щэкӀыу абы щхьэкӀэ ягъэкӀуэдар? Сыт абы тетхами къикӀрэт? Экономикэ щыӀэ мыэкономнэу, хьэмэрэ мыэкономнэм экономикэ зэрыпщӀынури сыт? Пхъэр пхъэуэ, гъущӀыр гъущӀу щытын хуейщ жыпӀэри ари – тӀури зыщ. ИтӀани ар ди Ӏупэтелъу сыт хуэдизрэ екӀуэкӀа? Жьыми щӀэми жытӀэу! – ЗэманыфӀащ ар, Хьэжмудар. Орденыр узыхуейм епту, медалыр адрей-модрейм лъыбгъэсу, а псори мазэм щӀигъукӀэ фтхьэщӀу псы Ӏуфэм фыӀусу щыщытар. Тобэ, ауэ узэплъэкӀыжмэ, сыту гъэщӀэгъуэныщэу екӀуэкӀа мы дунейр! Къэрал псор зы фадафэ Ӏэнэ бгъэдэс хуэдэт. ЦӀыхуипщӀ лажьэу губгъуэм щыплъагъунутэкъым. КъыдэкӀхэрти, кӀуэдхэрт. Хэт мэз щӀагъым, хэт нартыху лъабжьэм, хэти псы Ӏуфэм зэхъуэхъужу щызэхэст. Нэхъыжьи нэхъыщӀи, нэхъыщхьи нэхъ лъахъши. Узыдефам «кӀуэни лажьэ» пхужеӀэжыркъым, «уемыфэ» псалъэм и гугъу сщӀыххэкъым. Мис аращ, Хьэжмудар, а къыббгъурыс Мулид, ревизионнэ комиссэр, щӀыпхутемыгъэкӀри щӀытумыгъэкӀри. ФӀыуэ уощӀэ ар къуажэм зэраужэгъуар, зэрымылажьэр, зэрыхьэрэмышхыр, итӀани пӀыгъщ жылэр къыппэмылъэщу. Сыт щӀэпӀыгъыр? Ущошынэ, узэрыдефэр, узэрыдэшхэр къэувынурэ жиӀэжынущи.

Председателыр жэгундэм хуэдэу плъыжь къэхъуащ. Ревизионнэ комиссэм и председатель Мулид хуэмурэ зыкъиӀэту щӀидзат, и джанэ Ӏэщхьэхэр дрилъэфейуэ, ауэ Хьэжмудар и Ӏэ лъэщыр абы и дамэм трилъхьэри, игъэтӀысыжащ.

– Уэ пхуэдэхэр, ТӀэмаш, щэщӀрэ блы гъэм ирагъэсыкӀыу щытащ и унэцӀэмкӀэ емыупщӀу, – къэлыдыным нэсащ Хьэжмудар. – Уэ партым и политикэм и бийуэ уопсалъэ, абы упэщӀоувэ. УипӀытӀынщ, тхьэмыщкӀэ.

ТӀэмаш, зыри къэмыхъуа хуэдэ, залыр къызэхиплъыхьри, нэхъ щабэу зэрыпсэлъэным хущӀэкъуурэ и Ӏэпэхэр щӀигъашэурэ къригъэжьащ:

– Япэрауэ, Хьэжмудар, сэ партым и политикэм сыпэщӀэувэркъым, абы и политикэр зыщӀри зы цӀыхукъым. Сэ нэхърэ уэ унэхъыжьми, уяпэ сыхыхьащ партым, и политикэри нэхъ къызгурыӀуэ си гугъэщ. ЕтӀуанэрауэ, ныбжьэгъухэ, а нетӀэ жыхуэсӀа, иджыпсту екӀуэкӀ революцэм и ӀэнатӀэм ӀуигъэкӀыр мылэжьэф унафэщӀхэм я закъуэкъым, атӀэ гу щӀыӀэ, псэ фӀей зиӀэ, цӀыхухэр зэхэзымыщӀыкӀ унафэ зыщӀхэри ӀуегъэкӀ...

– Сыт мы гъуамэм къиухар? – ехъуцэцащ Хьэжмудар парткомым.

– КлассипщӀ.

– Аркъудей?

– Заочнэу йоджэ.

– Дэнэ щеджэр?

– Москва.

– Зыхуеджэр сыт?

– Ветеринару.

– НтIэ, щхьэ Iэхъуэу пIыгъ мы троцкистыр? – губжьащ председателыр... – Апхуэдэ былымым ебгъэкIуалIэ хъурэ?

– Сыт щхьэкIэ? – къыгурыIуакъым парткомым.

– Зи щхьэкIэр пщIэнщ, уи жэмхэм шэ ткIуэпс къуамытыжу хъумэ. Немедленнэу зав. клубу гъакIуэ. Апхуэдэжьэ зэщIэзых узыхуэмейщ.

– Зав. клубыр дэнэ схьыну? – Къэгузэващ парткомыр. Ар абы и щхьэгъусэм и дэлъхут.

– Библиотекэм щIэтыр пщэдеймыщкIэ декрет макIуэ жаIащи, абы дгъэкIуэнщ...

Председателымрэ парткомымрэ зыхэт Iуэхум ТIэмаш зэщIэплъауэ жиIэм къыхишащ:

– Тхы, Сурэт! Къуажэ зэIущIэм унафэ къищтащ...

– Ей, ТIэмаш, щIумыгъатхъэт иджы, – къыщылъэтащ Хьэжмудар. – ЖыпIэнур жыпIам, кIуэи тIысыж. Сыт унафэ, хэт къэзыщтар?

– Къуажэ зэIущIэм. Мис мыбдеж щысхэм.

– Сыт щыгъуэ?

– Фэ тIур фызэпсэлъэху. Iэ яIэтыжащ, ухуеймэ. Тхы, Сурэт. Къуажэ зэIущIэм унафэ къищтащ: япэу – нобэрей ди гъащIэм къигъэувауэ къэралым щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэшхуэхэм къемызэгъ Iуэхухэр зэрилэжьым къыхэкIыу колхозым и правленэм и председатель Гумыдэ Хьэжмудар ЖэбрэIил и къуэм а къулыкъур щхьэщыхын...

– Фыхуиткъым! – зэрифIэщкIэ IэштIымкIэ стIолым еуащ Хьэжмудар.

– Дыхуитщ, Хьэжмудар, – жиIащ ТIэмаш. Залым щIэсхэм захуигъэзащ: – Колхозым и председателу хэтхыну жыхуэфIамкIэ фыарэзы?

– Дыарэзыщ!

– НэхъыфI дыхуейкъым!

– Фыхуеймэ, иджыри зэ Iэ тIэтынщ! – зэрогъэкIий лъэныкъуэ псомкIи.

– НтIэ, Бэвыкъуэ ТIэмаш Цу и къуэр колхозым и председателу хахыну арэзым Iэ фIэт... Мис, президиумым исхэм нэмыщI, псоми яIэтащ. – Ар псынщIэу псэлъапIэм къикIри, Хьэмудар бгъэдыхьащ: – Хьэжмудар, моуэ нэхъ ибгъумкIэ къэтIысыт. НтIэ, ныбжьэгъухэ, нобэ къыщыщIэдзауэ дыгъуасэ дызэрылэжьам хуэдэу дылажьэ хъунукъым...

– Илъэс дапщэ хъурэ а щIалэр? – еупщIащ районым къикIа хьэщIэр.

– Нэгъабэ дзэм къикIыжа къудейщ. Пэцанщ, итIани абы зэIищIэм еплъ. Хэт сыт хуейми ищIэу дыкъэнащ, – гъуматIымащ председателыр.

– Сыт щхьэкIэ, щIалэм ямылей лъэпкъ ищIакъым. А сэ слъагъум чыным хуэдэу фыкърихуэкIыну къыщIэкIынущ. Фымыбэлэрыгъ.



# ТхакIуэ зэчиифIэт.
# Псэ хьэлэлт

*ЦIыхур дунейм ехыжу зэман гуэр дэкIыжа нэужьщ абы илэжьа псори нэхъыфIу щызыхэпщIэр. Псом хуэмыдэу, ар уи ныбжьэгъуу, фIыуэ плъагъуу щытамэ. Апхуэдэт Журт Биберд.*

*1937 гъэм Аушыджэр къуажэм къыщалъхуа Журт Биберд пасэ дыдэу, школым щыщIэса зэманым, дихъэхат тхэным. Ар щIэхъуэпсырт журналист, тхакIуэ хъуну. Алыхьыр зыхуэупсахэм ящыщти, и нэр къызыхуикIам и Iэр техуащ. Ильэс куэдкIэ ар щылэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и литературэ редакцэм, а лъэхъэнэм абы игъэхьэзырауэ щыта нэтын купщIафIэхэр ноби радиом и хъумапIэм щIэльщ. Журналисту щылажьэ лъэхъэнэхэращ Биберд прозэм нэхъ быдэу зыщрипщытари. А зэманым абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ рассказ зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ «Мэрэмэжьей», «Адэ лъапсэжь», «Уэшх нэужьым» жыхуиIэхэр. Ахэр псори зытеухуар зауэм и Iэужьырщ.*

*ЦIыхухэм я гум ирихьа а рассказхэм къакIэлъыкIуащ нэхъ тхыгъэ пIащи: дунейм къытехьащ «Сабиигъуэм и бжьэпэ» повестыр. Тхылъеджэри критикэри гуапэу IущIауэ щытащ абыи. А повестым къыкIэлъыкIуащ «Гъатхэ пасэр».*

*Журтым и ещанэ «Адэжь лъапсэ» повестри зытеухуар зауэ лъэхъэнэм ди цIыхухэм ятелъа хьэзабырщ. Си щхьэкIэ а тхыгъэр Биберд и IэдакъэщIэкIхэм я нэхъыфI дыдэу къысфIощI. ЦIыхубзхэм ялIхэр зауэм щыIэщ, езыхэр жэщ-махуэ ямыIэу губгъуэм итщ. Пэжагъышхуэ хэлъу тхакIуэм уи нэгу къыщIегъэувэ Фаризэт, НэфIыцIэ, Сэма, Зэбинэт, Сырыхъу, Нажмудин, Мурид, пощтзехьэ Тазрэт, псом хуэмыдэу Маржэнэт сымэ я образхэр. ИгъащIэ лъандэрэ тцIыху фIэкIа умыщIэну, ахэр дегъэлъагъу Журтым.*

*Иужьу Биберд и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэ пIащэр «Гъуэжькуий» ро-*

*маныргщ. Абы къызэщIеубыдэ лъэхъэнэшхуэ – революцэм и пэм щыщIэдзауэ зэгуэр къэралышхуэу щыта СССР-р къутэжыху. Ауэ романыр нэхъыбэу зытепсэлъыхьыр Совет властым и пэмрэ граждан зауэмрэ я илъэсхэрщ. Тхыгъэм узыщрихьэлIэ персонажхэм я нэхъыбэр Журтым фIы дыдэу къехъулIащ. Абыхэм адыгэбзэ къабзэ, шэрыуэ яIурылъщ. Гунэс пщохъу, уи пащхъэ къитым хуэдэу уи нэгу къыщIоувэ лэгъупэжь Елбэздыкъуэ лIыжьыр, Мыхъмуд ефэндыр, цIэ лейуэ ПIытIыкъ зыфIаща щIалэ цIыкIур, къуажэ Советым и тхьэмадэ Мурид щхьэхуещэр, лIы еру Вындокъуэ ФIыцIэ, пщы Къасым, адыгэ пщащэ нэсым и щапхъэ псори зыдэплъагъу НэфIыцIэ сымэ. Псом хуэмыдэжу гъуэзэджэ хъуащ Елбэздыкъуэ и образыр. ЛIыгъэри, цIыхугъэри, пэжыгъэри, гущIэгъури – кIэщIу жыпIэмэ, адыгэм хэлъ хьэл-щэныфI псори абы и деж щызэхуэхьэсащ. Сыт хуэдэ лъэпощхьэпо Iумыуами, Iуэху мыщхьэпэ хэмыхуами, Елбэздыкъуэ япэ иригъэщыр напэрщ, адыгагъэрщ, захуагъэрщ. Аращ абы жылэ псом пщIэ къыщIыхуащIри, я чэнджэщ къыщIрахьэлIэри.*

*Зи гугъу тщIа тхыгъэхэм нэмыщIкIи, Биберд и Iэдакъэм къыщIэкIащ «Ажэкъуэ» повестыр, «Щхьэм имытмэ, лъакъуэм и мыгъуагъэщ», «Гуащэр зэрагъэIэсэр», «УкъулыкъущIэнумэ, къеблагъэ» пьесэхэр. Радиом и хъумапIэм щIэлъщ Журт Биберд и псалъэхэр щIэлъу яуса уэрэд зыбжанэ. Литературэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэм ар хуэIэижьу зэрыщытам и щыхьэтщ нэгъуэщI лъэпкъхэм щыщ тхакIуэ цIэрыIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр дэгъуэу зэрызэридзэкIар. Псалъэм папщIэ, Толстой Алексей, Шолохов Михаил, Айтматов Чингиз, Карим Мустай сымэ я тхыгъэхэм адыгэ тхылъеджэр щыгъуазэ ищIащ.*

*Езы Биберд и тхыгъэхэри урысыбзэкIэ зэрадзэкIырт, ахэр къыщытрадзэрт Налшыки Мэзкууи, абы и пьесэхэм къытращIыкIа спектаклхэр щагъэувырт СССР-у щыта къэралым и республикэхэм я театрхэм.*

*Псэ хъэлэл зиIэ цIыхуу Биберд дунейм зэрытетар ар зыцIыхуу щыта псоми ящIэж. Зыгуэрым фIы къехъулIамэ, ар и щхьэм къылъыса хуэдэ щыгуфIыкIырт. Псом хуэмыдэу абы и гуапэ хъурт, литературэм гу хуэзыщIа щIалэгъуалэм зыгуэр къайхъулIэмэ. И щхьэкIэ зыхуигъазэрти, ехъуэхъурт, рецензэ итхырти, газетым трыригъадзэрт...*

*Биберд и IэдакъэщIэкIхэм гупсэхуу уеджэу ахэр гукIэ зэбгъэзэхуэжа нэужь, уигу къэкIыращ: къэбэрдей литературэр куэд хуэныкъуэнут, абы и повестхэр, рассказ гъуэзэджэхэр хэмытамэ. Тхылъ зыбгъупщI къыдигъэкIауэ, лIыпIэ иува къудейуэ, 2003 гъэм дунейм ехыжа тхакIуэм къызэринэкIащ лъэужь дахэ. Шэч хэлъкъым Журт Биберд и тхыгъэхэм яхуэфэщэн увыпIэ ди лъэпкъ литературэм сыт щыгъуи зэрыщагъуэтынум.*

***МЫЗ Ахъмэд.***

ЖУРТ Биберд

# Сэ аузым сыщопсэу

*Повестым щыщ пычыгъуэ*

1

Инщ, дахэщ, лъагэщ ди бжьэпэр. Абы утетмэ, Iэгум илъым хуэдэу, къуажэ щIэлъэныкъуэр уолъагъу. Псом хуэмыдэу псыхъуэм удэплъэну,

Шэрэджыжь ухэплъэну хъуэпсэгъуэщ, зыхуэбгъэдэн щымыIэуи гухэхъуэщ. Нэхъ адыгэ псыжьхэм, псы цIэрыIуэхэм ящыщщ Шэрэдж. ЩIэх-щIэхыурэ зи жапIэр зыхъуэж, блэм хуэдэу зиIуантIэу ежэх а къуршыпс уэрым и адрыщIыр кхъужьей, мей, пхъэщхьэмыщхьэ къызыпыкIэ нэгъуэщI жыг зырызхэри хэпхъауэ зыхэт екIэпцIэ мэзыжьщ, мыдрыщIыр жалгъын, къазмакъ банэ чыцэшхуэщ.

Нэхъапэм, ди адэхэм я щIалэгъуэм щыгъуэ, ди бжьэпэм мэжджыт ин тетауэ жаIэж. Ар щакъутэжым дэ дунейм дыкъытехьатэкъым. Мэжджытыр цIыхухэм ягу къэзыгъэкIыжыр зэгуэр абы и пщIантIэр зыгъэдахэу, зи жьауэм нэмэз щащIу щыта, иджы жьы дыдэ хъуа дзэл жыгыжьхэрщ. Гъэмахуэ пщыхьэщхьэкIэрэ ди бжьэпэм цIыху куэд щызэхуос, мэзым къыщIих мэ гуакIуэмрэ Шэрэдж къыхиху салъкъын къабзэмрэ ирибэуэну, псым адрыщIым щыфий бжэндэхъухэм, хьэндыркъуакъуэхэм я макъым щIэдэIуну. ЛIыжьхэм, зэхэтIысхьэмэ, ямыIуатэ хъыбар къагъанэркъым. Фызхэри, шэщIэхум убэнкIэ щримыкъуа нэхъей, зи щхьэфэ имыIэбэ бгъуэтынкъым. Ауэ псом нэхърэ нэхъ сыдэзыхьэхыр зи къэшэгъуэ щIалэхэм яIуатэ щэхухэрщ. ЩIалэхэм я къызэхуэсыгъуэм ирихьэлIэу абыкIэ зрызогъэхьэкI. Зи щэху сымыщIэ ди хьэблэми адрей хьэблэми зы щIалэ дэсыжкъым. Сэ тэмэму бжесIэфынущ хэтхэ я щIалэ хэтхэ я хъыджэбз дэгушыIэми, хэтхэ я къуэ нэхъ щхьэщытхъуми, хэтхэ япхъу нэхъ лъыхъу куэд иIэми. Ауэ езы щIалэхэр зэгуэпыгъуэщ, укъалъагъуу узыкIэщIагъэдэIухьыркъым, уеблэмэ, зэхэпхаIауэ укъащIэмэ, кхъужьым хуэдэу уаущэбынкIэ я нэбжьыц хэхуауэ ялъытэнукъым. АрщхьэкIэ, зыбжанэ щIауэ сэ абыхэм я IэштIым къыстехуэжакъым. Я нэхъ щэхур щаIуатэми, сэ гу къыслъатэркъым: сыкъамыщIэу жыгым и щхьэкIэм сыкъыфIотIысхьэ. Зи къэшэгъуэ щIалэхэм гъатхэм ягъэхъыбархэмрэ яIуатэмрэ зэхэзымыхам щIалэ щэхур зищIысыр ищIэркъым. Уэршэрыным дихьэхмэ, щIалэхэр щIэх дыди зэбгрыкIыжыркъым. Сэри, абыхэм сакIэщIэдэIухьурэ, сыIурихыу, жыгыщхьэм тесщIыхьа щIэщIым куэдрэ нэху сыкъыщыщIекI щыIэщ. Ди анэри гузавэркъым, абы и гугъэщ Дадэ и лъэпагъым силъу пщэфIапIэм сыщыжейуэ.

Зэгуэрым щIэщIым сытелъу сыкъэушащ. Лъагэу зызыIэта дыгъэм и бзийр жыг тхьэмпэ Iувым къызэпхидзурэ си Iэпкълъэпкъ псом къедэхащIэрт, жыг щхьэкIэм къитIысхьа бзухэри пщэдджыжь уэрэд гуакIуэкIэ зэпеуэрт. А псори лъэныкъуэ иригъэзу си деж къос жэщ псом зи напIэ зэтезымылъхьа Шэрэджыжь и хъущIэ макъыр. Пщэдджыжь акъужьымрэ жэщ щIыIэтыIэмрэ ягъэдия Iэпкълъэпкъым дыгъэр апхуэдизкIэ и гуапэти, псы хуэлIа щIым уэшхыр зэрызыщIифым хуэдэу, хуабэр зыщIишэрт. Сэ сыщылът зызмыгъэхъейуэ, си нэхэри къызэтезмыхыу. Си напIэр зэрысIэту пщэдджыжьым и IэфIагъ псори сфIэкIуэдыжынкIэ сышынэрт. КъысфIэщIырт нышэдибэ хуэдэ пщэдджыжь зи си гъащIэ псом къыхэмыхуауэ, дяпэкIи къыхэмыхуэжыну.

Си нэр къыщызэтесхым, Iэпкълъэпкъым зыхищIэ дахагъ псори зэуэ нэгум къыщIэуващ нэхъ дахэжу, нэхъри хъуэпсэгъуэу. Жыг къудамэхэр хуэмурэ зэм ижьымкIэ ещIэрт, зэми сэмэгумкIэ къагъэзэжырт, я щхьэкIэм фIэс бзухэр щIаупскIэу. Махуэр уэфI зэрыхъунум и щыхьэту, зи куэщIым дис къуршыжьхэм я тхьэмадэ Къаблэмэр къабзэт, и щхьэгъуджэр узримыгъэплъу дыгъэм пэлыду. Хьэблэм щIэжьейуэ дэтым бжьэпэр яуфэбгъуащи, дунейр тIэу пкIэгъуэ яхуэмыхъуу мэджэгу. Хъиийм икIар чыцI цIыкIухэмрэ шкIащIэ къалъхуагъащIэу япэ дыдэу шкIэщым къыщIагъэкIахэмрэщ. Джэдкъуртхэми я джэджьейхэр кърашэжьащи, я гущэкъу

уэрэдыр яфIэфIыпсу кърաш, зэми я макъым зрагъэIэту, зэми нэхъ хуэм защIыжу. Къэушащ ди бжьэпэ псор. Мес Дади бэкхъыр къетхъу, Нани пщэфIапIэ бжэIупэм Iусщ, пэгуным йопэщэщыхьри. Парий, жэщ псом къэрэгъулащи, иджы хъурейуэ зишыхьауэ IэфI дыдэу мэжей. Хьэблэ фызхэри зырыз-тIурытIурэ псыхьэ къокIуэ, хэти пхъэхьыр и дамэм телъу, хэти пэгунитIыр Iэдэжу иIыгъыу.

Нышэдибэ сэ нэхъыфIыжу слъэгъуащ ди бжьэпэр. КъызгурыIуащ ди къуажэ щIалэжь цIыкIухэр сэ къыщIызэхъуапсэр, Дади «дэ дуней жэнэтым и кум дисщ» щIыжиIэрейр. Сыщынэхъ цIыкIум си гугъэт дуней псор зэрыхъур ди бжьэпэр арауэ. АрщхьэкIэ, мыгувэу ди гъунэгъу хьэблэхэми абыхэм щыпсэу щIалэ цIыкIухэми цIыхугъэ сахуэхъуащ, жылэ псо дызэрыхъури, нэгъуэщI бжьэпэхэр, къуажэхэр дунейм зэрытетри, къалэхэр зэрыщыIэри хуэм-хуэмурэ къэсщIащ. СыкъыдэкIуэтейри, нэхъ благъэу къэсцIыхуащ ди къуажэри си къуажэгъухэри. Иджы сощIэ нэхъ адыгэ жылэжьхэм, жылэшхуэхэм ар зэращыщыр. Шэрэдж къуршыпс уэрым и Iуфэм дэкIуэу абы кIыхьу зеукъуэдий, мыбгъуащэу, бгъузащи хужумыIэну. Жыгей мэзыжьым и лъабжьэм зыщызыудыгъуа бгы абрагъуэр къуажэ щIыбым къыдэтщ. Языныкъуэ щIыпIэхэм деж ар къуажэм гъунэгъу дыдэу, унагъуэ хадэхэм къыпыхьэу, къокIуалIэ, языныкъуэхэм дежи, уплъэмэ плъагъу къудейуэ, IуокIуэтыж.

Бгы лъапэхэр екIуэкIыу псынэщ. ЦIэ зырызыххэ зимыIэрэ хъыбар гъэщIэгъуэнхэр зыхуамыIуатэрэ абыхэм яхэткъым. Зым щхьэкIэ Къэзаным и псынэ жаIэ, адрейм зэреджэр Псынэ гъуагъуэщ, ещанэми Иныжь нэпс фIащащ. IуэрыIуэтэжу мыхъумэ, а цIэхэр къызытекIамрэ ахэр щыфIаща зэманымрэ ищIэжу жылэ кIыхьым зы цIыхуи дэсыжкъым. Псынэхэм языныкъуэхэри шэдхэм холъадэ, адрейхэри, къуажэм къэмыс щIыкIэ, зыуэ зэхохуэжри, псыIэрышэшхуэу къожэх, жылэр тIууэ ягуэшу. Си къуажэгъухэр абы зэреджэр Бынэ и псынэщ. ЩIымахуэр щыткIиймрэ гъэмахуэр щыхуабэ дыдэмрэ Бынэ и псынэр къажэркъым: зэм мэщт, зэми йогъущыкI. Ауэ гъатхэмрэ бжьыхьэмрэ псыIэрышэм и уэлиигъуэщ, нэри пэри ихьу къоури, цIыхум гузэвэгъуэ къарет. АрщхьэкIэ, куэд дыдэ хуэмыхьу, щагъэпщткIэ къыдэкIуея шэуэ йотIысэхыж.

Къуажэр къызэринэкIа нэужь, Бынэ и псынэр, сэмэгумкIэ кIэщIу егъэшри, Шэрэджыжь холъэдэж. ПсыIэрышэм и бгъуитIым щиху абрагъуэхэр егъэкIэкIащ. Абыхэм къуажэм, уэрамхэм я теплъэр ягъэщIэращIэ. Къуажэм и уэрам нэхъыщхьэрщ Бынэ и псынэм гъуэгу ищIар, е нэхъ тэмэму жыпIэмэ, ар уэрам нэхъыщхьэ зыщIар езы псыIэрышэрщ.

Ауш-Джэрджийщ зэреджэр ди къуажэм. А цIэр къызытекIар уардэу къытщхьэщыт бгыхэм я нэхъ ин, нэхъ дахэ дыдэрщ. Дэ дыщыпсэур Ауш-Джэрджий бжьэпэрщ. ФымыпIащIэмэ, сэ хуэм-хуэмурэ нэхъыфIу фэзгъэцIыхунщ Дади, Хьэцу цIыкIуи, адрей си къуажэгъухэми нэIуасэ фахуэсщIынщ. ИтIанэ, хэт ищIэрэ, ди бжьэпэми, ди жылэми, си къуажэгъухэми, сэ схуэдэу фэри фыдахьэхынкIэ хъунщ.

## 2

Дадэ дэ ди гъунэгъу лIыжьщ. Си анэм и адэмрэ абырэ я быдзышэ зэIулъщ. БлагъагъэкIэ ар си деж къэсми сщIэркъым, ауэ адэуи, адэшхуэуи, шынэхъыжьуи сиIэр Дадэщ. Дэ зы пщIантIэм дыщопсэу. Нэхъапэхэм ди зэхуакум бжыхь дэтащ, абы щыгъуэ сэ бэлыхьищэр сшэчырт. КуэбжэмкIэ къэскIухьу гъунэгъум махуэм и кIуэцIкIэ щэ ныкъуэ хуэдизрэ си лъэр

нэсхусырт. Ауэ нэхъыщхьэр аратэкъым, атIэ сэ ди куэбжэр згъэбыдэжыну пщыхьэщхьэ щIагъуэ дэмыкIыурэ къызэрысщыгъупщэрт. Апхуэдэхэм деж былым кIэрыутIыпщ къыдэуэрти Iисраф дызэтращIэрт, сэри джабэщIэлъыр къызатырт. Иджы Дадэ зэи къыщыгъупщэркъым куэбжэр игъэбыдэжыну, сэри сытыншыжащ.

ЛIыжь домбейщ Дадэ. Сэ къызэрысфIэщIымкIэ, абы утемыукIытыхьыну лIы екIуитI къыхэкIынут, уеблэмэ, Хьэцу цIыкIу хуэдищ хъунт. Дадэ нэхъапэм цIыху дыджу щытауэ жаIэж. Иджы апхуэдэжкъым. Нэхъри и къуитIыр зауэм хэкIуэдауэ хъыбар къызэрыIэрыхьэрэ къыпхуэмыцIыхужыну зихъуэжащ: иIэжкъым япэрей къарур, и гушыIэри нэхъ кIащхъэ хъуащ. АрщхьэкIэ, мыхъумыщIагъэ пщIауэ зыпэщIумыгъахуэ, – гулъытэншэу укъигъэнэнукъым. Хэт нэхъри нэхъыфIу абы сэ сыщыгъуазэщ. Апхуэдэу жысIэ пэтми, щIыбагъымкIэ щыпсэу щIалэ цIыкIур зымахуэ щыскъуам сызэримыгугъауэ къысхущIэкIащ. Дызэзэуа нэужь тхьэмахуэ енкIэ зыщызгъэпщкIуащ Дадэ, сщIэжыркъэ сыщызауэкIэ къызищIэр. Къэзэуатыр къыщытIэта махуэ дыдэм абы и анэр унажэ къытхуэкIуащ. Сэ бэкхъым зыщIэзудыгъуауэ жаIэ псоми седаIуэрт, си тхьэкIумитIыр тезгъэхуауэ.

– Уи быныр гъасэ, тIысэ, нэгъуэщIым унажэ ухуэмыжэу! – жиIащ Дадэ, къэгубжьауэ. Фызри гыбзэу щыIэм я нэхъ гуащIэр схуигъэхъейуэ дэкIыжащ.

– Ярэби, ыту пIэрэ-тIэ къэхъуар? КъищIауэ пIэрэ Дадэ нэхъыфIу слъагъу мы дуней псом зэрытемытыр? – сиукIырт сэ гупсысэм. Зыгуэр унажэ къытхуэкIуэмэ, абы жиIэ хабзэр сщIэжырт: «Дэнэ щыIэ а адакъэ лъэбыцэр? Езгъэлъагъунщ зэрызауэ!» Дадэ сэ къыслъыхъуэрт, сэри зыкъезгъэгъуэтыртэкъым. Пщыхьэщхьэм, сышхэну сытIыса къудейуэ, зыгуэрым бжэр къыIуихащ, сыплъэмэ – Дадэ! ЗанщIэу сыкъыщылъэтри хьэку джабэм сыкIэрыуващ, унэм сызэрыщIэжынум сыхуэхьэзырыпсу. ЛIыжьым, сызыбгъэдэса Iэнэ хъурей цIыкIум бгъэдэтIысхьэри, «къэтIыс» жыхуиIэу щабэу Iэ ищIащ. Сэ куэдрэ зысIэжьакъым.

– Сыт, ПIытIэ, ХьэтIым и къуэр щIэпкъуар? – зэи и мыхабзэу щабэу, и макъым къикI къудейуэ къызэупщIащ ар, шхэн дыухыу Iэнэр IудгъэкIуэтыжа нэужь. ЛIыжьыр апхуэдэу щабэ къызэрысхуэхъуам сэ икIи сыщыгуфIыкIырт, икIи сригузавэрт.

– Сыт зо, ХьэтIым и къуэр щIэпкъуар? – щIэупщIащ ар етIуанэу.

– Къ-къызэхъуэнати, – сызэIынащ сэ.

– Тэмэму пщIащ. ДяпэкIэ мыхъуэнэжын хуэдэу бубэрэжьын хуеящ. Зэи цIыхум уемыхъуэн, къохъуэнаи хуумыгъэгъу, си ПIытIэ. ИгъащIэм уи ади уи адэшхуи я жьэ зы псалъэ фIей къыжьэдэкIыу цIыхум зэхахакъым. Уэ укъэзылъхуам хуэфащэу ущытын хуейщ. Зы махуэ ХьэмсутI и къуэр щыпкъуами пхуэзгъэгъуакъым, Iэщрим и къуэм зыкъыщебгъэкъуами пхуэздакъым. Уэращ къуэншар. «Шым сыбгъэшэсакъым жыпIэри» уезэуащ. Ущызахуэм деж уэ пхуэдэ зылI и удын къэпхьу укъэмыкIуэж. ЛIы ухъуащ иджы, сэ ноби пщэдеи... Уэращ мы пщIантIэшхуэм къыдэнэ цIыхубз къомым я гугъапIэр.

Гъуэлъыжыгъуэ хъуху иухакъым Дадэ и ущиеныр. Хэбдзынуи зы псалъэ жиIауэ къысхуэгъуэтыртэкъым. ХэсщIыкIыу ди анэри щыгуфIыкIырт лIыжьым и псалъэмакъым. Зыри къызжимыIэми, си анэм и гуапэ хъурт лIыжьыр къыщызэдэхащIэкIэ, и жагъуэтэкъым зэзэмызэ сызэрикъури. ФIыгъуэр къыхуищIэ Хьэцу цIыкIу, арауэ къыщIэкIащ мы зэкIэ Дадэ сыкъыIэщIэзыхар. Зэхихат щIалэжь цIыкIур къызэрызэхъуэнари,

къакIуэри къыжриIэжащ къуаншагъэ зэрызбгъэдэмылъыр. ДяпэкIэ сэ си Iуэхущ «Хьэцу-мэцу цIыкIу» жысIэу зэгуэзгъэпыжмэ, адрей щIалэжь цIыкIухэми жаIэу яхуэздэмэ.

Си шынэхъыщIэжь цIыкIур умыбжмэ, Дадэ сэрэщ пщIантIэм цIыхухъуу дэсыр. АтIэ лIитI фIэкIа ущымыхъукIэ, хэт хуэпIуэтэн уи гу бампIэ? Аращ цIыхубзхэм яжримыIэн куэдрэ захримыгъэхын Iэджэрэ сэ лIыжьым сыщIыщIигъэдэIур. Зыгуэрхэм сыщытепсэлъыхькIэ, жысIэхэр игу щримыхьым деж, «уэ Дадэ нэхъыжь уиIэщ», – мэшхыдэ си анэри.

Ди пщIантIэм дэс цIыхубзхэм я мызакъуэу, хьэблэ псом фызу дэсым гурыфIыгъуэу яIэр Дадэрэ сэрэщ. Хьэуэ, сыщыуэрт, ди шыд Псэбыдэ хуэдэу ялъагъурэ абы пащIынрэ хьэблэм дэнэ къэна, жылэ псом зы псэущхьи дэткъым, е ди Парий-щэ? А зы хьэрщ дэсыр ди куей псом, ирагъэшхынум щхьэкIэ куэдым хьэ яIэжкъым.

Апхуэдэу екIуэкIащ зауэр иухыу илъэс зыбжанэ дэкIыху. МащIэщ ди хьэблэм цIыхухъуу дэкIам щыщу къэзыгъэзэжар. Зауэм и пэкIэ зыми игу къэкIыртэкъым иджы яIэ хъуам хуэдэ псэукIэ хьэлъэ къалъыкъуэкIыну, гурыфIыгъуэншэу къэнэну.

Сэ пщэдджыжьым жьыуэ Шэрэдж сызэпрыкIырти шэджагъуэ нэужьыфI хъуху пхъэ гъур згъэхьэзырырт, Дадэ, шыдыгумкIэ накIуэрти, къысхуишэжырт. Апхуэдэу ящIырт хьэблэ фызми. Куэд дэкIырт лIыжьымрэ Псэбыдэрэ я фэ. Псэбыдэ цIэри нэсу игъэпэжырт шыд тхьэмыщкIэм. Тхьэмахуэ псом зы махуэ гум щыщIэмыкIыр нэхъыбэт. Ауэ и фэм дэтхым хуэдиз къыщыдищIэжи щыIэт. Куэбжэр Iухауэ къызэригъуэту дэбзэхыкIырти, тхьэмахуэ енкIэ дылъыхъуэрт. Зэм къыщыщIидзырт къуажэкIэ дыдэм, зэми губгъуэм, мэлыхъуэ пщыIэхэм къыщыдгъуэтыжырт. И пIэм ибукIыхьамэ, фIэмыфIауэ пхуекъунутэкъым. Зэгуэрым сымыщIэххэу Псэбыдэ и щэхур къэсхутащ. Махуэ гуэрым си закъуэу хьэуазашэ сыкIуат. Гум из къэсщIу зэщIэскъузэжа нэужь, кнутIыр сымыгъуэтыжу куэдрэ сылъыхъуащ. АпщIондэху Псэбыдэ къуажэм къэблэгъэжащ. Абы иужькIэ, дэнэ дыкIуэми гум из къэтщIырти, и ужь дыкъиувэжырт, езыри, къэкIуэсэж и гугъэу, кIуэру къакIуэрт.

Зауэм и ужькIэ мацIэ зыщIэуам хуэдэу къэна колхозым ширэ гукIэ зыгуэрым дэIэпыкъуну Iэмал игъуэтыртэкъым. Арат нэхъ зыхузэфIэкI зырызхэми шыд къыщIащэхур, е гу зэрагъэпэщауэ я жэмыжь зырызыр щIыщIащIэр. Псэбыди лэжьакIуэ къимыкIуэтыжу хьэблэм яIэт. Дадэ ар япиубыдыфыртэкъым, ауэ сэ сримыгъусэу итын дзыхь ищIыртэкъым. Зэгуэрым хьэблэм нэщхъеягъуэшхуэ къыдэхъуащ: Псэбыдэ насыпыншэр дэкIуэсыкIри кIуэдащ. Махуищ дэкIри, Хьэцу цIыкIу и шыгъуэгум бэгыжауэ къыщыдгъуэтыжащ. Дыгъужь хьэщхьэрыIуэм шыдыр илIри и цыпэ химыгъэзу ежьэжат.

Дадэ зыкърымыгъащIэми, си анэм и жагъуащэ хъуатэкъым шыдыр зэрыдимыIэжыр. «Делэ уищIащ мыбы, еджэнри хыфIэбдзэжащ», – жиIэу мащIэри къызэшхыдэртэкъым. Шыдыгум сису сыкъыщалъагъукIэ, си ныбжьэгъу щIалэжь цIыкIухэр къызэрызэхъуапсэм щIэи гъуни иIэтэкъым. Ауэ еджапIэм дахэ-дахэу сызэремыкIуэлIэжым папщIэ абыхэм махуэ къэс псалъэ хъуэр къысхуахьыжырт, егъэджакIуэм жиIам езыхэр зыхуей тIэкIуи щIагъурти.

Зэгуэрым щхьэл сыкъикIыжу ди егъэджакIуэм сыIууащ. ЗыкъезмыгъэцIыхун мурад сиIэу си щхьэр щIэзгуащ, арщхьэкIэ жыжьэу гу къыслъитауэ къыщIэкIри къызэжьэу къэуващ.

– А-а-а, ныбэ уз бзаджэм имыхьын щIалэжь цIыкIу, куэдрэ пIыгъыну уэ мы шыдыр?

Сэ зыри схужымыIэу сыдият.

– Уэращ сэ сызэпсалъэр, армыхъу мы тхьэкIумэ гуэлэлыркъым, – и макъым нэхъ зригъэIэтри къызбгъэдэкIуэташ егъэджакIуэр.

А псалъэхэр щызэхэсхым сэ къысщыхъуащ Псэбыдэ хуэмыфащэ хужаIэу, ар си псэм хуабжьу къеIащ. Сигу къэкIыжащ, Дадэ шыд тхьэкIумэкIэ къызэрызэджэр.

– Догуэ, Хьэмид, щIэнygъэ уэзытыну и ужь ит сэрэ мы шыдыжьымрэ нэхъыфIу плъагъур хэт уэ? КъызжыIэт ар?

– Шыдыжькъым ар, Псэбыдэщ.

ЕгъэджакIуэр къэгубжьыпащ. И Iупэр зыкъомрэ пIэжьэжьа нэужь, ерагъкIэ къыдришейуэ жиIащ:

– Мыр езгъэджэнщ, лIы сщIынщ, зы зэман сэбэп къысхуэхъужынщ жызыIэу мыбы и ужь ит сэ сытхьэмыщкIэкъэ? – къызэупщIми и щхьэ хужиIэми къысхуэмыщIэу иухащ абы и псалъэр, зыкъомрэ сыкъыпигъэжьыкIри.

– СытхьэмыщкIэкъэ, зо? – къызжьэхиубыдащ и нэ зэв цIыкIуитIыр.

Сэ «утхьэмыщкIэщ» жысIэу си щхьэр сщIа мыхъумэ, зыри жысIакъым.

– Уэ убзаджэнаджэщ, тIысэ, къыбгурыIуа, убзаджэнаджэщ. Мис ар зэрыбжесIар кIуэжи уи анэми а фи гъунэгъу лIыжьми яжеIэж... Мы шыдыжьыр дунейм текIыжауэ сымылъагъуу сылIэмэ, сытIэулIэщ... – ЕгъэджакIуэм иужьу жиIа псалъэхэр сэ къызгурыIуэпакъым. И щIакъуэ башыр ину тригъауэурэ зэрыпсалъэм хуэдэурэ Iуигъэзыкlыжащ.

Иджы Псэбыдэ тхьэмыщкIэ щыдимыIэжым, абы жиIар нэхъри си гум щIыхьащ. Дэ, зеиншэ гупри фызабэ къомри, гъэпкIауэ дыкъызэхэнащ.

Зыкъом щIат шыдыр хьэм зэришхрэ, уеблэмэ дигу къыщыкIыжри зэзэмызэт, Хьэцу унажэ къытхэлъадэу аргуэру зэ Псэбыдэ зэрыдимыIэжыр къыщыдигъэщIэжам. Хьэцу цIыкIурэ Дадэрэ жагъуэу зэрылъагъуртэкъым. Ахэр зэгуэр зы хьэблэу щыташ, ауэ къуажэр планкIэ щызэпачым, лIыжьыр зэрысам къинэри, Дадэ ипщэкIэ къыдэIэпхъуеящ. Хьэцу цIыкIу щIапIэжьым къина щхьэкIэ, Дадэ деж къэмысу зы тхьэмахуэ худэгъэкIыркъым. Дади щIэх-щIэхыурэ макIуэ абыхэ. Ауэ сэ Нанэ щэхуу къызжиIащ, Хьэцу цIыкIу щхьэусыгъуэ ищI щхьэкIэ, Дадэ игу пымыкIыр и сабиигъуэр щигъэкIуа хьэблэжьыр, щапIа унэжьыр ару. Хьэцу цIыкIуи куэд дэмыкIыурэ хуей хъурт ди шыдыжьым, фIыуи игъашхэрт. Арауэ къыщIэкIынт зэзэмызэ кIуасэу абыхэ щIэкIуэри.

– Сыт мыгъуэр уэсщIат, Елбахъсит, щхьэ мыгъуэ сыбгъэунэхъуа, Елбахъсит, сыт мыгъуэр сщIэжыну, Елбахъсит, – игу хэщIырт Хьэцу цIыкIу. – Азалыхьталэ, цIыхум апхуэдэ лей ирахрэт-тIэ, шыгъупIастэ IэфI куэд сигъэшхати дунейм ехыжа уи анэжь мыгъуэм. Мы дунеижьыр зэтезыIыгъэ азалыхь, ныбжьэгъуи жэрэгъуи щымыIэжкIэ, шыгъупIастэми пщIэ хуамыщIыжкIэ. Тобэ, тобэ, цIыхум жиIэкIэ си фIэщ хъунтэкъым, си нэкIэ сымылъэгъуамэ, ар къызэпщIэфыну, – щигъэтыжыххэртэкъым лIыжьым.

– Сыт зи унагъуэр бэгъуэн, уэсщIар? Фызым хуэдэу умытхьэусыхэу къэхъуар къызжепIэ хъунукъэ? – къэгубжьащ Дадэ.

– Емынэ гущэр си унэм къригъэхьэри къэтIысыжащи, уэсщIар сыт жи? А-а, Данилыжь мыгъуэ, уэ упсэужамэ, уи къуэм ар къызищIэнт.

– Къэхъуар сыт, Хьэцу, къэхъуар?

– А-а-а, Псэбыдэ тхьэмыщкIэ мыгъуэр сэ къызэпщэжауэ жыпIэу апхуэдиз налог щхьэ къыстребгъэлъхьа?

Дадэ, зыкъомрэ зыри жимыIэу гуахъуэм зытригъэщIауэ щыта нэужь, мащIэу къыпыгуфIыкIащ.

– Сыт хуэдиз къыптралъхьар?

– Сыт хуэдиз къыптралъхьар жи, си гъащIэ псокIэ схуэмыпшыныжынщ къыстралъхьар, тхьэуэ дыкъэзыгъэщIа, си гъащIэ псокIэ!

– Сэ яжесIэнщ советым, абы щхьэкIэ умыгузавэ.

Хьэцу цIыкIу шхыдэурэ дэкIыжащ. Я деж нэсыжыху, ини цIыкIуи зыхуэзам Дадэ ирищIар яхуиIуэтащ.

Пщыхьэщхьэм, детIысылIэжа нэужь, Хьэцу цIыкIу къыщыщIар Дадэ дыхьэшхыурэ къыжиIэжащ. Куэд щIауэ слъагъужатэкъым ар дыхьэшхыу, ублэмэ, и дзэлыфэ щитIыр зэзэмызэт. Ауэ ныщхьэбэ удыхьэшх хъунут. ЦIыхухэм я Iэщ бжыгъэр зытхыр Дадэ деж къыщысым псори иригъэтхри, шыд имыIэжым и гугъу яхуимыщIу къигъэнащ.

– Уи шыдыр-щэ, Елбахъсит? – щIэупщIащ сельсоветым секретару щIэс щIалэр. Ар Дадэ и жагъуэ хъуащ. Дадэ и гугъэт Псэбыдэ и кIуэдыкIэр жылэ псом зэхахауэ. КъеупщIа щIалэм хузэгуэпри, «Хьэцу цIыкIу есщэжащ шыдыр», – жиIащ. Шыдыр Хьэцу цIыкIу кIэщIатхащ. Хьэцу налогышхуэ къыщIыхуэкIуамкIэ щIэупщIэну советым здыщIыхьам: «Елбахъсит и шыдыр къызэрыпщэхужар щхьэ убзыщIат», – жаIэри къыфIэнащ.

– Шыдыр къэсщэхужакъым, си хадэм хьэм иришхыхьауэ аращ, – яхуэтхьэусыхащ Хьэцу цIыкIуи. АрщхьэкIэ и Iуэхур къыщрамыгъэкIам Дадэ деж унажэ къэкIуащ.

Дадэ дыхьэшхырт, ауэ, иужькIэ, шыдыр хьэм зэришхар я фIэщ ищIын папщIэ районым нэс мызэ-мытIэу кIуэн хуей щыхъум, Хьэцу цIыкIу апхуэдизу зыгъэгузэвар къыгурыIуащ.

Хьэлэмэтщ Дадэ и дуней тетыкIэр. ПщэфIапIэм щIэт пхъэ гъуэлъыпIэжьым йогъуалъхьэри, и джэдыгур тепIауэ, къыщIэкIи-къыщIэплъи имыIэу махуэ псом щIэлъщ. Е унэ кIуэцI имылъагъуу, ерыскъыи Iумыхуэу жэщ хъуху щIыбым дэтыфынущ. Языныкъуэхэм деж бзэрэбзэжу, къыбжиIэри къызэродэхащIэри фIэмащIэу плъагъунщ, языныкъуэхэми тхьэмахуэ псокIэ и жьэм зы псалъэ къыжьэдэкIыркъым. Зэми Нанэ апхуэдизкIэ токIиери, абы и хьэлыр зымыщIэ зыгуэр ирихьэлIэмэ, игъащIэ псокIэ и гур бгъэдэмыхьэжыну пыIукIуэтынщ. ЛIыжьым и гъащIэм и зэхуэдитIыр щигъэкIуар губгъуэмрэ мэзымрэщ. ЩIалэ цIынэу, и Iэпкълъэпкъ зэрымыубыдауэ, пэрыувэри абы ди къуажэпщым и мэлыр игъэхъуащ. ЗэрыцIыкIурэ лэжьыгъэр фIыуэ илъагъуу, гугъуехьым щIапIыкIауэ зэрыщытым и хъыбар жэщ псокIэ къыбжиIэфынущ. Езыми фIыуэ илъагъуркъым гугъу зезыгъэхьын зыфIэмыфIхэр. ЛIы домбей зыщIар гъащIэ дыджыр ару тхьэлъанэ ещI. Дадэ щыгъын хуэдын хуей хъумэ, пщIантIэм дэс цIыхубзхэм я фэр токI, сэри абы сыхэныркъым. Сэ ар нэхъ къыщыслъэIэсыр гуэншэрыкъ хуащIын хуей хъумэщ. Жылэм зы вакъапхъэм гуэншэрыкъитI къахухэкIмэ, абы вакъапхъитI ехь, ауэ хуэзэж техауэ сэри зы лъытIэгъэгъуэ къысхудохуэ.

## 3

Жэщым уэс къесауэ нэху къекIащ. Гъэмахуэм чыху-бжьэху тIэкIу зэхуэтхьэсами, бжьыхьэм дгъэсыжауэ дрихьэлIащ. Уэсыр къызэрытрилъ-

хьар щилъагъум, си анэр хуабжьу гузэващ. Чыржын Iыхьэм нэхъри нэхъ Iейуэ ар щIымахуэпхъэм иригупсысэрт. ЩIыIэм сигъэщхьэхырти, сыздыхэлъым, Дадэ нышIыхьащ.

– Мыр слIо, щхьэ укъэмытэджарэ иджыри къэс? Тэдж, мэз дыкIуэнущ, – жиIэри лIыжьыр щIэкIыжащ, пэш щIыIэр ней-нейуэ къызэпиплъыхьри.

Куэд дэмыкIыу псыхъуэм дыдыхьэри Шэрэдж хуэдунэтIащ. ЛIыжьым и щIыбым къэлъытмакъ гуэр илът, и джэдыгум щIэпха дыжьын бгырыпх псыгъуэм джыдэшхуэ дэгъэлъэдат. Къэуал зэгуэтри Iэ лъэныкъуэкIэ иIыгът. Сэ лъэхъуу сыкIуэ пэтми, ерагъыу абы сылъэщIыхьэ къудейт.

– Мыдэ къэкIуатэ, – и Iэр къишIащ Дадэ, псы Iуфэм дыIухьа нэужь. Гъунэгъу сыщыхуэхъум, зэрыкIуэм хуэдэурэ Iэ лъэныкъуэмкIэ къэIэбэри и блэгущIэм сыщIигъэзэгъащ, къызэтемыувыIэуи Шэрэдж сызэприхащ.

– Мэзхъумэр къэгъуэтын хуейщ. Дэнэ щыIэну пIэрэ, ярэби? – жиIащ абы, сэ къызэупщIми и щхьэ хужиIэжми къызгурымыIуэу. ЛIыжьым иIыгъа си дзажэр апхуэдизкIэ узырти, сыбэуэжыфыртэкъым, ерагъыу сызыфIэтт. Си Iэпкълъэпкъыр бдзантхьэ гъэвам хэлъым хуэдэт.

– Щхьэ ущыт, ПIытIэ? – къэджащ ар, къызэплъэкIри сызэрымыкIуэр щилъагъум. ЕрагъкIэ зисчащ.

Мэзым дыщIыхьэри, куэдыщэ дыдэ дымыкIуу, щиху абрагъуэ гуэрым и лъабжьэм дыкъыщыувыIащ. Дадэ Iэшэлъашэр къызэхиплъыхьащ. Фочым шитI ирилъхьэри дригъэуеящ.

– Езым дыкъилъыхъуэнщ иджы, – жиIащ мащIэу къыпыгуфIыкIри, фочыр жыгым ириупсеижурэ. – Къэсынщ, къэралыр плIэкIэ къезылъэфэкIыр езыра хуэдэ.

Жыг щIагъым щIэлъ шхахуэ тIэкIур къихьри, Дадэ мафIэ зэщIигъэстащ. Сэри пхъэ гъур IэплIэшхуэ къэсщыпащ. ТIысыпIэ тIэкIуи дгъэхьэзырауэ моуэ мафIэм дыпэрытIысхьэрэ пэт, шы пэбзиитIым гъуэзыр кърихыу мэзхъумэр къэсащ.

– Хэту пIэрэ, и адэ и мэзыжь нэхъей, мы щхьэр зыгъэузыр? – шыр жыг щIагъым къыщIихуащ, арщхьэкIэ лIыжьым къызэрыIуплъэу, удын зытеухуа хьэуэ, сабырыжащ.

– Тхьэм щхьэкIэ къысхуэгъэгъу, Елбахъсит, уэрауэ сщIакъым.

– ТIыс, – жыхуиIэу лIыжьым абы IэпэкIэ пхъэ дакъэр иригъэлъэгъуащ. Мэзхъумэм и шыр Iуишри ирипхащ, шы ныбэпхыр къигъэлалэри къыIухьэжащ.

– Сэрмырамэ, нэгъуэщIым апхуэдэу жепIэ хъуну щхьэ къэплъытэрэ? – зыхуигъэзащ абы лIыжьым.

– Ди щхьэри ди псэри дагъэужэгъуащ цIыхум, емыкIу сыкъыумыщI. АтIэми етар фызабэ къомырщ.

МафIэр ину къызэщIэрыуати, дэ тIэкIу дыкъикIуэтащ. Абы и бзийр гум фIэфIу нэкIум къеуэрт. Дадэ къэлътмакъыщхьэр итIэтащ. БжьыныхукIэ фIыуэ шыуа джэд гъэвар щилъагъум, мэзхъумэм и гурыIупсыр къэжащ. ЛIыжьым къэлътмакъым кърихa махъсымэм щыIуплъэм и нэхэр цIууащ, жэщ уфам къыхэплъ вагъуэ къарууншэу. СтэканитIым из ищIу, Дадэ зы абы щыIэщIигъэувам, мэзхъумэм и Iэр кIэзызырт.

– ЦIыху цIыкIум узыншагъэр тхьэм кърит, – кърИгъэжьащ Дадэ, абы нэхъ къыфIимыгъэкIыу игъэщIейри стэканыр иунэщIащ.

– Сыту фIыщэу ищIрэ мы уи щхьэгъусэм махъсымэ. Уэлэхьир Алыхьым и цIэщ, Елбахъсит, а уи щхьэгъусэм хуэдэу махъсымэ зыщI мы ди жылэ кIыхьым дэмыс, – жиIащ мэзхъумэм здэшхэм.

ЛIыжьыр и пащIэкIэ щIэгуфIыкIащ, «Уэ ущымытхъуми, фызыжьым и махъсымэр къэнэжынкъым» жыхуиIэу. Сэри, Дадэ сыщцышынащ амыхъу мэзхъумэм сыщыдыхьэшхыну сыхьэзырт. Жылэ псом, уеблэмэ ди гъунэгъу жылэхэм щагъэхъыбарырт Нанэ и махъсымэр. Дади илъэс хъурейм щыщу зы махуэ закъуэ махъсымэншэ зищIыртэкъым. Къуажэм нэхъ хьэщIэ лъапIэ къыдыхьэми Нанэ и махъсымэм хэныртэкъым. Абы ефауэ гукъинэж зыщцымыхъуаи яхэттэкъым. Къыщыхъу щыIэщ «фызыжьым и фадэ пIащIэм зэ дефэжыну дыкъэкIуат» жаIэу Дадэ деж хьэщIэшхуэ къыщеблагъи. Зауэм и пэкIэ Москва къикIа хьэщIэ лъапIэ гуэр ди къуажэм къэкIуауэ яIуэтэж. Абы нэхърэ нэхъ хьэщIэшхуэ ди жылэ кIыхьым игъащIэми къыдэмыхьауэ жаIэж нобэми. Жылэ псом лъэрытету ягъэхьэщIа цIыхушхуэр щежьэжым Нанэ и махъсымэр зэи щымыгъупщэжыну гукъинэж зэрыщыхъуар ибзыщIакъым. Дауи, а псом и ужькIэ иджыпсту мэзхъумэм жиIар лейт, ар езы дыдэми ищIэжырт, зыгуэр жимыIэу зэрымыхъунум щхьэкIэ и щхьэм къиихьэр къибжу арат.

Махъсымэр и зэхуэдитIым нэсатэкъым, жиIэми къикI щымыIэу мэзхъумэр псэлъэрей щыхъуам.

– Пхъэ куэдыIуэ Iисраф щIохъухь мэзым, фызабэ тхьэмыщкIэхэм ягъэсын ягъуэтыркъым, – жиIащ Дадэ, мэзхъумэр хэвыхьу гу щылъитэм. АрщхьэкIэ модрейм абы жэуап иритын хуейуи и пщIыхьэпIэ къыхэхуэртэкъым.

– Фефэ, – жысIащ сэ, стэканитIым къепкIэу из сщIыри. Мэзхъумэр къэIэбэри стэканыр сIихащ, абы и Iэр гъэщIэгъуэн гуэру сысырт, арщхьэкIэ зы ткIуэпси ирикIутыртэкъым.

– Ярэби, Елбахъсит, сэри зы псалъэ жысIэ хъуну пIэрэ? – щIэупщIащ ар, и бзэгур зэрыкIэрэхъуэж щIагъуэ щымыIэу.

– ЖыIэ.

– Сэ жысIэнуращ-тIэ, узыншагъэр тхьэуэ дыкъэзыгъэщIам къыуит уэ, уэращ жыхуэсIэр, Елбахъсит, мыбдей щыс щIалэ цIыкIури тхьэм игъэузыншэ. Нобэ-щэ уэ сэ къысхуэпщIа пщIэр зыщымыгъупщэн тхьэм сэри сищI. Уэлэхьи хьэзим, билэхьи чэрим, сэ цIыхугъэ симыIэмэ, уэ апхуэдэ цIыхугъэ къыскIэлъызепхьэнуи къыщIэмыкIынт. Сэ зэи сыкъикIуэтакъым, сыкъикIуэтынуи сигу имылъкIэ тхьэ пхузоIуэ...

– Пхъэ куэд щIокIуэдэж мэзым, СулътIан, – къригъэжьащ лIыжьым аргуэру мэзхъумэм жьэхиубыдэри.

– Уэлэхьир алыхьым и цIэщ, пэжкIэ, – арэзы хъуащ ар, ауэ зэфэн зэрыщымыIэжыр щилъагъум, ину щатэри къыщIигъуащ:

– Гу бгъуэтамэ, зы пхъэ гулъэ уэстынт.

Дадэ и напщIэр хэлъэтащ. Ар мэзхъумэм жиIар игу зэрыримыхьам и щыхьэт нэст.

– Мы псым лъэмыж тIэкIу телъамэ, пхъэ гъуру щIэкIуэдэжыр фызабэ тхьэмыщкIэхэм ягъэсынт, жыг тIэкIур ямыгъэсыжу. Пхъэщхьэмыщхьэ къызыпыкIэни димыIэжу дытехьэнущ гъатхэ. Жыг хадэр гъэсыжыгъуафIэ щхьэкIэ, гъэкIыжыгъуафIэкъым.

Мэзхъумэм и щхьэр игъэкIэрэхъуащ.

– Уэлэхьир алыхьым и цIэщ, сэ мыбы физ къысхущIэмыутIыпщхьэн. ИрамылъэсыкIым, тхьэр пхуэзгъэпцIащ, емынэм ихьам нэхърэ нэхъ Iейуэ.

– ИралъэсыкIынкъым, иралъэсыкIми, цIыхум нэхърэ нэхъ лъапIэкъым мыбы щIэкIуэдэж екIэпцIэ фар.

– Хьэуэ, Елбахъсит, ар хъунукъым, уи физабэ кIуэдакъым. Уэ пхъэ

ухуеймэ, сэ сымэзхъумэщ, сытым дежи къакIуэ, пхъэ гулъэ уэстынщ. Апхуэдэ Iуэхутхьэбзэ схузэфIэмыкIыну...

– Уи адэм и псэщ ар – пхъэ гулъэ щхьэкIэ сэ уи деж лъэIуакIуэ сыкъызэрыкIуэн. Уэ фыз джабэм ущIэлъурэ, сэ щIымахуэм пхъэуэ згъэсынур мэзым щIэсшынурэ сежьэжынущ.

– Абы щыгъуэм уэрэ сэрэ дызэгурыIуащ, – жиIэри СулътIан къэтэджыжащ.

– Хьэуэ, дызэгурыIуакъым. Мы мэзым щIэлъ пхъэ гъур къомыр дамэкIэ зэрахьынум ущымысхь. Мыбдеж гъунэгъущ, псым лъэмыж тIэкIу тетлъхьэмэ, жэщым ягъэсынур махуэм къащыпынщ. Сэ сакIэлъыплъынщ, зы жыг къыщагъэуам тетхыжынщ лъэмыжыр.

– Псым лъэмыж теплъхьэу ядэнукъым. КъыбгурыIуа ар?

– Егупсыс, щIалэ, мы цIыхубз къомым ятелъ къулейсызыгъэм.

– Абы я къулейсызыгъэм сэ Iуэху хузиIэкъым. Си щхьэр нэхъапэщ хэт нэхъри.

– Сыт делагъэ жыпIэр?

– Сызыхуимыт сыбгъэщIэну щхьэ си къурмакъейм укъыщIэгъуэлъхьа, лIыжь? Законым срашалIэмэ, жэуап зытынур уэракъым – сэращ! Пэжкъэ!

Мэзхъумэм и джэдуунэхэр цIууащ, и Iупэхэр зэтрикъузэри зыIуригъэлъэдэным хуэдэу лIыжьым къыIурыплъыхьащ.

– Укъызэмыплъ куэдрэ... уэ пэш хуабэм ущIэсу, мо зилI зыщхьэщымытыж фыз къомыр щIыIэм щIисхьэу зэрыпхуэзмыдэнури хьэкъыу зыпхыгъэкI!..

– Иумыгъэлей, лIыжь!

Мэзхъумэм и псалъэм шынагъэ щIилъхьэрт, уеблэмэ къызэIыхьэнкIэ зэрыхъунум и нэщэнэ гуэрхэри къыхэIукIырт.

– Сыт езгъэлейуэ къыщIыпщыхъур?

– Абы къыфIумыгъэкIмэ, уи щхьэ и сэбэпщ жызоIэри аращ, – зригъэдзэкIащ мэзхъумэм и нэр.

Дадэ зыри жимыIэу зэIэбэкIри фочыр къищтащ, къэтэджри мэзхъумэм зыхуигъэзащ:

– СытхьэгъэпцIщ, ухэзмыгъэбагэм, хьэм къилъхуа!

СулътIан и фэр слъагъуурэ пыкIащ. Дадэ абы триубыда нитIыр и Iэм IэщIэлъ фочым нэхърэ нэхъ тIасхъэтэкъым.

– Уа, улIыжь хьэлэмэтщ уэ, Елбахъсит, мы мэзым щIэлъ пхъэ гъурым сыщысхь уфIэщIрэ, зиунагъуэрэ. Тхьэр згъэпцIащ, зэрымэзу уэзмытмэ, абы щхьэкIэ апхуэдэу зыпщI хъун-тIэ иджы, – зэкIэлъигъэпIащIэрт мэзхъумэм. – Телъхьэ лъэмыжи, телъхьэ узыхуейм хуэдиз, ауэ, тхьэм щхьэкIэ, а фочыр ехьэх.

– Мис ар нэгъуэщI псалъэмакъщ, – жиIащ лIыжьым ауан хэлъу. – Лъэмыж щхьэ тралъхьа жаIэрэ къоупщIмэ, ар жызыIэр си деж къашэ. Ауэ зы жыг цIынэ къагъэауэмэ, сэ жэуап схьынщ.

Дадэ фочыр жыгым ириупсеижри, мафIэ ужьыхыжам уэс тритхъуащ. Дэ дыкъежьэжащ. Псы Iуфэм дыкъыщыIухьэжам, адэ жыжьэу мэзхъумэм и макъыр къыщыIурт:

*НакIуэ, накIуэ, уей, си Къэрэшащ, жи,*
*Къанщобийр къэкIуэжмэ дыгъаплъэ, уей...*

ЕтIуанэ махуэм псым лъэмыж тетлъхьащ. Хьэблэ псом баш къэзыщ-

тэф къыдэнакъым, уеблэмэ адрей хьэблэхэми къикIат фызабэхэр, щIалэ танэхэр...

4

ЩIымахуэр икIри гъатхэр къихьащ, гъэмахуэри и кIэм нэблэгъащ. Зы махуэм адрейр, зы мазэм нэгъуэщI мазэ кIэлъокIуэ. Арщхьэкlэ си адэм и хъыбар лъэпкъ IейкIи фIыкIи щыIэкъым. СыкъыдэкIуэтеиху, хуабжьу зыхэсщIэрт. Зауэр зэриухрэ зыбжанэ щIащ, нэхъ мащIэ хъуащ къэкIуэжнэкIуэжхэри. Къэт зиIэхэр алъандэрэ гугъами, иджы я гугъэр хахыжащ. Фызабэхэм я щхьэгъусэхэр, адэ-анэхэм я къуэхэр ягъеижри, адыгэ хабзэм ипкъ иткIэ, хуащIынуIами зэфIагъэкIащ. Ауэ си адэм и хьэдэIусыр ищIыну си анэр пIащIэртэкъым. Гугъэрт ар. Гугъэрт жэщми махуэми, зыгуэр къэджамэ, ар гуфIакIуэ къэкIуа къыфIэщIу къыхэскIыкIырт. Пхъуантэм цейри, дыжьын бгырыпхри, дыщэ къамэри къыдихыжат. Япэми хуэдэу, махуэ къэс илъэщIырт си адэм и шырыкъу пIащIэр. ИлъэщIырти, езым здигъэув и хабзэу щытам и деж игъэувыжырт. Сэри сыпэплъэрт си адэм, нобэ-ныжэбэ къэсыжынкIэ сыгугъэу...

Уигу иризагъэу абыхэм зыгуэри къыбжаIэртэкъым. Я гъусэхэмрэ я къуажэгъухэмрэ я хъыбару яIуатэхэр зэщхьтэкъым икIи кIэрэ пэрэ иIэу зыри яхэттэкъым. Щхьэж езым нэхъ къызэрищтэм хуэдэут хъыбархэр зэраIуатэр. Сэ къызэрызгурыIуэмкIэ, зыми пэж жиIэртэкъым. «ЯукIауэ слъэгъуащ», «сэ щIэслъхьэжащ» жыхуаIэхэр нэхъ мащIэт. Апхуэдэу зыхужаIэхэм щыщу къэзыгъэзэж зырызхэри зэрыщыIэм зыри уи фIэщ ящIыжыртэкъым. Зыгуэр зауэм къикIыжамэ, япэхэми хуэдэу, къэт зиIэ псори абы я деж зэрыхьырт, зэрыхьа псом я упщIэри зыт: «Ярэби, ди щIалэм ухуэзагъэххи, е хуэза урихьэлIа?» «Псэущ, мыпхуэдэ щIыпIэм сыкъыщыбгъэдэкIыжащ» – къыбжаIэрт, иужькIэ, «Уэлэхьи, я жагъуэ схуэщIакъым амыхъу, хэкIуэда мыгъуэмэ», къэсыжырт цIыхухэм я деж.

Куэдрэ къэхъуртэ зей къэмыкIуэжахэр хамэ къуажэ хъыбарыхьэ щыкIуэ. АрщхьэкIэ, дэнэ кIуэми, сыт къыжраIэми, абыхэм я гур зыгъэзэгъэн жэуап зыщIыпIи щагъуэтыртэкъым. Си анэм и гур щызэгъэнур си адэр пщIантIэм къыдыхьэжауэ илъэгъуа нэужьт. Адрей псори зэрыщхьэгъэпцIэжыр хьэкъыпIэу пхыкIа щхьэкIэ, зыгуэр къуажэм къыдыхьэжамэ, Дадэ зыщIигъути хъыбарыхьэ кIуэрт. Iэджэ къыджаIэрт:

– НэмыцэIуэм къизнауэ щытащ лъэрымыхьу. Си фIэщ хъуркъым къелауэ, икъукIэ Iисраф ищIат мэжэщIалIагъэм.

– Тхьэм и цIэкIэ соIуэ, зауэр щыувыIам Берлин къыдэзнауэ, си гугъащ алъандэм къэсыжауэ...

Апхуэдэ хъыбар тIуащIэм дызэдэIуэнур дымыщIэу утыкум дыкъранат. Зырызыххэт си адэм и гъусэу дэкIахэм щыщу къэзыгъэзэжар. Жыжьэ хъыбару зэгуэрым си анэм зэхихащ ди къуажэ гъунэгъум щыщ лIы гуэр къэкIуэжауэ, абы си адэм и хъыбар иIуатэу. Жэщ псом унагъуэр дыжеякъым. Нэху дыкъызэрекIыу си анэр Дадэ деж кIуащ.

– АтIэ сыт тщIэнур? – къеупщIащ Дадэ, си анэр зыхуей псори тэмэму ищIэ пэтми. Жэуапым и пIэкIэ «сщIэркъым» жыхуиIэу си анэм и дамэр дригъэуеящ. Зыри жимыIэу зыкъомрэ хэплъэри, лIыжьым и къэпталыр зыщитIэгъащ, и къамэр зыкIэрищIащ:

– ДыкIуэнщ, дыздэкIуа псом ар къыхэжыжынкъым.

ЗыдмыIэжьэу гъуэгу дытеуващ. Мэзым дыщIыхьэу зы теуэгъуэфI ткIуа нэужь, бжьыхьэ уэшх щабэм кърыгъэжьащ, щIэх дыдэуи гъуэгур

ятIэ хъуащ. Гъуэгур игъэкIэщIын мурад иIэу Дадэ зыкъомрэ хъыбар гъэщIэгъуэн гуэрхэр къыжиIащ, арщхьэкIэ лIыжьым и хъыбарыр нэхъ кIэщIу къыщIэкIащ гъуэгум нэхърэ. КIуэ пэтми уэшхыр нэхъ ин къэхъурт. Лъакъуэм къыкIэрыпщIэ ятIэр гуми псэми къехьэлъэкIырт.

Пшапэр зэхэуэу хуежьат, къуажэм дыщыдыхьам. Си анэм къыжраIэну хъыбарым темыпыIэжу поплъэ, Дадэ абы ирогузавэ.

– Шэрэджыкъуэ Кушмэзыкъуэ! СощIэж, сощIэж фIы дыдэу. Адыгэл I нэсу щытащ, лIыгъэшхуэ хэлъащ. Бобруйск къалэм дэта нэмыцэIуэм зэгъусэу дыкъикIуэсыкIри ди дзэм дыхыхьэжыгъащ. ИужькIэ Берлин дынэсащ зэгъусэу...

ЛIым и тэмакъыр зыгуэрым щиубыдыкIащ, имыгъэбауэу, и бгъэр къызэгуэчыным хуэдэу зыкъомрэ къыдришея нэужь, нэхъ зызэтриубыдэжри, макъ дэгукIэ и псалъэхэм пищэжащ:

– Зауэр щиуха махуэм хэкIуэдащ Кушмэзыкъуэ.

Абы и нэпсыр къыфIыщIэжащ. Гъырт Дади, гъырт си анэри, унэм щIэс адрей хамэхэми Iэуэлъауэншэу нэпс щIагъэкIырт. Ауэ сэ си щхьэр вурт зы матэ дэз бжьэ къеуам хуэдэу. Си гъыни къакIуэртэкъым. ЛIым и жыпым тутын кърихри щIигъэнащ, Iугъуэр, и пэ гъуанитIым джэрэзу къригъэхужри и мымакъкIэ жиIащ:

– Си IэкIэ щIэслъхьэжащ. Письмо къыфхуэстхауэ щытащ.

ЛIым и хъыбарыр иухауэ щыхуигъэфащэм, Дадэ къэтэджыжащ. «Ныжэбэ фыщыIэ, гугъу фехьынщ», – жаIэ щхьэкIэ, дыкъежьэжащ.

ЕтIуанэ махуэм си адэм и хьэдэIусыр хуащIыжащ, и щыгъынри ятыжащ, и дыщэ къамэмрэ и дыжьын бгырыпхымрэ «щIалэ цIыкIуитIым фэеплъу» къытхуагъанэри.

5

Иджы лIы дэкIуэж фызабэхэм я хъыбарт яIуатэр. Зыгуэр зауэм къикIыжамэ, ар псынщIэу зэрыIуу щытам хуэдэу, лIы дэкIуэжхэри жылэм зэуэ хэIуэрт. Зи нысэхэр зыбгъэдэкIыж лIыжь-фызыжьхэм я етIуанэ хьэдагъэт. ЛIы дэкIуэжырт зыхуэфащэхэри, игъащIэ псокIэ уигу къызыхуэмыкIынухэри. Зыми емыкIу ищIакъым Мэрят етIуанэу пIэщхьагъ зэрызригъэгъуэтыжар. Ар япэу унагъуэ щихьам, илъэс пщыкIублым зэрыщхьэдэха щыIэтэкъым. Мазищ ирикъу фIэкI бгъэдэмысауэ, и лIыр зауэм кIуащ. Пэплъащ ар и щхьэгъусэм, дунейр мамыр хъужу зы илъэс хуэдизи дэкIыжыху. Пэплъащ щалъхуа и хэкур ихъумэу уи щхьэгъусэ Нэщэрдин лIыгъэшхуэ хэлъу и псэр итащ», – жаIэу хъыбар кърагъэщIа нэужьи. Пэплъащ цIыху зыхуимыгъэпсалъэу. Мэрят хуэдэу зи щIалэгъуэ дахэр къызытекъутар мащIэтэкъым. Апхуэдэхэр лIы дэкIуэжауэ хъыбар къыщыIукIэ, дэтхэнэми гущIыхьэ щыхъурт. Ар и щыхьэтт аргуэру зы нысащIэ и гугъэр фIыуэ илъагъум зэрыхихыжам...

Ямыхабзэххэу дыгъуасэ пщэдджыжь, шэщIэхум щIэс фызхэм я псалъэр сэ сызэрыщIыхьэу зэпагъэуащ.

– Мы щIалэ цIыкIу мыгъуэр махуэ къэс еджапIэм къыкIэроху. Алыхь, нобэ нэхъ пасэу ирезгъэкIэнум и шэ тIэкIур, – жиIэри шэщIэху машинэр зей фызыжь гъур кIыхьыр къэтэджащ. Адрейхэри абыкIэ арэзыт. Апхуэдэ Iуэхутхьэбзэ зэи зыдэзмылъэгъуа фызхэм сэ псынщIэIуэу сакъыхэкIыжмэ нэхъ къызэращтэр нэрылъагъут. Ауэ ар зыхуэсхьынур къызгурыIуакъым, махуэр тхьэмахуэти, сэ школ Iуэху лъэпкъ зесхуэртэкъым.

ШэджагъуэхуегъэзэкI хъуауэ Нанэ къыщIыхьащ. Ар нэщхъейт. Зэхэ-

уфат, фагъуэт. Дунейр зэрыкIагъэпшагъэрагъэнт, си анэри нэхъ хьэлъэт, унагъуэм тIэкIу щыIэуэлъэуэнуи хузэфIэкIыжыртэкъым. Дэ Нанэ къызэрыщIыхьам хуабжьу дыщыгуфIыкIащ.

– Ан-на, НысэфI, къэхъуа мыгъуэр пщIэркъэ? – зыкъыхуигъэзащ абы си анэм, и IэплIэм зизыгъэхуа си шынэхъыщIэм и щхьэфэм Iэ дилъэурэ.

– Сыт, сымыгъуэ, къэхъуар? – щIэупщIащ си анэр, къэщтауэ.

– КIутIэ лIы зыхигъэхьэжащ.

– Сыт-на, жыпIэр?

– Алыхь арам. Жэм дэзыхуа лIыжьхэм ягъэхъыбару зэхихащ Дадэ. Алыхь-алыхь, лIы хъарзынэм и напэр трихащ.

– Хэт, Iей, зыхигъэхьэжар?

– СулътIаныжьырауэ жаIэ.

– КъыкIэлъокIуэ жаIэмэ, ди фIэщ хъуртэкъыми, еплъ абы ищIам?

«СулътIаныжьым» и цIэр щызэхэсхым сэри сызэIууащ. Ар фIыуэ илъагъуу ди жылэ псом зы цIыху дэстэкъым. ХужаIэ псалъэмакъ фIей куэдыр мыхъуми, фызабэхэм яхуэдыджт. Фызабэхэмрэ сабий зеиншэхэмрэ ар зэрахэтыр, джэдкъуртыр зыщхьэщымытыж джэджьей быныр бгъэм хуит зэрыхуэхъуам ещхьыркъабзэут.

ЦIыхухэм къызыпхагъэIукI псалъэмакъхэр уи фIэщ пщIымэ, СулътIан нэмыцэ кIэрыхубжьэрыхут, куэд щIат ар лъэхъуэщым исын зэрыхуейрэ. Пэжу, СулътIани кIуат зауэм. Ауэ нэмыцэр ди къуажэм къыдыхьэным иIэж щIагъуэ щымыIэу, езыр къэсыжащ, уIэгъэ мащIэ телъу. Нэмыцэм Аущ-Джэрджийр щаубыда жэщ дыдэм СулътIаныр бзэхащ. И унагъуэм зэрыжаIэмкIэ, ар партизанхэм яхыхьэжат. АрщхьэкIэ, мэзым щIыхьэжа партизанхэм я унагъуэхэр нэмыцэм Iисраф щызэтращIам, СулътIан и унагъуэр зыкIи ягъэпIейтеякъым. Уеблэмэ къуажэр унащхьэ чэзууэ къыщащым зы нэмыцэ сэлэт абыхэ дыхьакъым. Щэху дыдэу Дадэ зыгуэрым къыжриIат, цIыхухэми яIуатэрт СулътIан нэмыцэм яхэту, нэгъуэщI къуажэ ягъэкIуауэ абы щылажьэу. АрщхьэкIэ ар зыми и щхьэ течауэ жиIэфыртэкъым. Псоми ящIэрт хуэбгъэфащэ къудейкIэ Iуэхур зэрызэфIэмыкIыр. Иджы и бынунэр хыфIидзэри КIутIэ хыхьэжащ. КIутIэ лIы зэрызыхигъэхьэжар хьэблэм дэсхэм шэуэ щIатехуам щхьэусыгъуитI иIэт. Япэр мо хьэжьвакъэжьышхыр псэуэгъу зэрыхуэхъуарт; етIуанэр – арат нэхъыщхьэри – куэд щIакъым Хьэжсуф и письмор зэрызэпыурэ. Зауэр увыIа нэужьи къэкIуащ Хьэжсуф и письмо, и сурэти кърипгъэхьащ. Илъэс никъуэ хъуатэкъым хъыбар зэримыIэжрэ.

Зауэм и пэкIэ Хьэжсуф колхоз председателу щытащ, ди колхозри хуабжьу къиIэтат. ЖаIэ пэтми яхуэухыртэкъым къуажэдэсхэм абы лIыгъэу хэлъамрэ цIыхугъэу иIамрэ. Хамэми зыхащIат Хьэжсуф и мылъкум СулътIан зэрыхэтIысхьар.

КIутIэ лIы щызыхигъэхьэжым, Хьэжсуф и бын нэхъыжьитIыр я анэшхуэм екIуэлIэжащ, сабий нэхъыщIэ цIыкIур езым къыбгъэдэнащ. Арат Нанэ хъыбару къихьар. Сэ къызгурыIуащ нышэдибэ шэщIэхум щIэс фызхэм си чэзур къэмысу сыкъыщIаутIыпщыжар.

– Си ныситIым языхэзым апхуэдэ зыгуэр сагъэлъагъу нэхърэ сыпсэууэ мащэ къатIрэ сралъхьэмэ, нэхъ къэсщтэнщ, – жиIэри фызыжьым и гукъеуэр иухащ.

– Уигу къыумыгъэкIыххэ, Бабэ, алыхь, ахэр апхуэмыдэ цIыху. Сэ абыхэм къызжамыIэ щэху яIэкъыми, уэ узытегузэвыхьым хуэдэ Iуэху

лъэпкъ кърахуэкIыркъым, – фызыжьым и гур зэрылъэкIкIэ фIы хуищIырт си анэм.

Ауэ Нанэ и нысэ нэхъыжьыр лIы щыдэкIуэжам илIыкIакъым. «Си къуэхэр сиIэжтэкъыми, сыкъызэтенащ, ар си сыт мыгъуэ», – жиIэ щхьэкIэ, Дади езыми щэхуу нэпс пщтыр куэд щIагъэкIырт, нысэ нэхъыщIэми, сабий цIынэу, тегужьеикIат...

Зы пщыхьэщхьэ унэм сыщыщIыхьэжам Нанэрэ си анэмрэ дуней гуфIэгъуэр яIэт. Дади зыбжанэ лъандэрэ къимыщта и цейр щыгът, и дыщэ къамэри зыщIипхат. Япэ щIыкIэ сэ зыри къызгурыIуакъым, ауэ куэд дыдэ дэмыкIыу къэсщIащ хьэблэми жылэми гуфIэгъуэшхуэ къызэрыдэхъуар: Хьэжсуф къэкIуэжат.

Къуажэ кIыхьым цIыкIуи ини дэстэкъым Хьэжсуф къызэрыкIуэжам щымыгуфIыкIа. АтIэми Дадэт дунейр зыхуримыкъур. ЦIыхур хуэгуфIэми, езым и щхьэр къыхуэIэтыртэкъым, къызэрыкIуэжам щымыгуфIыкI хуэдэт. И фызым лIы зыхигъэхьэжауэ къыщрихьэлIэжым, Хьэжсуф и анэжьым деж екIуэлIэжащ. Аращ иужь дыдэу ди жылэ кIыхьым къыдыхьэжар зауэм къикIыжу.



# Сыт щыгъуи къыддэлажьэ ди ныбжьэгъу

*«Іуащхьэмахуэ» журналым и зы къудамэ ІэщІэльуи, итІанэ редактор нэхъыщхьэуи Іэджэрэ къыддэлэжьа Къэрмокъуэ Хьэмид къызэральхурэ мы махуэхэм ильэс блыщІрэ тхурэ зэрырикъуар уи фІэщ мыхъуным хуэдизщ. Ар зэрытщІыху лІэщІыгъуэ ныкъуэ льандэрэ уэркъ щІалафэ зытет, нобэр къыздэсми а щытыкІэр зымыхъуэжа ди ныбжьэгъум и дуней тетыкІэкІи, и хьэл-щэн дахэмкІи цІыхур зэхъуапсэм хуэдэу къызэрызэтенамкІэ, даи, псом япэрауэ, фІыщІэр зыбгъэдэльыр адыгэ унагъуэ тельыджэ и щІыбагъ къызэрыдэтырщ.*

*Ди тхакІуэхэм ящыщу нэхъ щІэныгъэ куу зиІэу ябж, ди льэпкъ тхыдэм, щэнхабзэм фІыуэ щыгъуазэ, зи бзэри зи псэльэкІэри гъэхуа Къэрмокъуэ Хьэмид къыщальхуар уей-уей жезыгъэІа ХьэтІохъущыкъуей жылэжьырщ.*

*ЩІэныгъэм зи нэр къыхуикІ Къэрмокъуэм и гъащІэ гъуэгуанэр къызэрыщІидзар еджыныртиh, къуажэ школри, «Къамбий ХьэматІ и университеткІэ» зэджэу Налшык дэта интернатри зэльегъэщІыс. 1955–1960 гъэхэм щоджэ пединституту къежьэу иужькІэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университет хъужам. Ар къеухри, я къуажэм егъэзэж. Школым егъэджакІуэу щолажьэ.*

*Акъыл зиІэм акъыл къельыхъуэ, жи. ЩІэныгъэ зиІэри апхуэдэщ: нэхъыбэрэ седжащэрэт, нэхъыбэ къэсщІащэрэт жиІэу и гур куэдым хуопабгъэ. Апхуэдэ гумызагъэхэм ящыщти, Хьэмид аспирантурэм щІотІысхьэ. Мис абы щыщІэса ильэсхэр икъукІэ къыхуэщхьэпащ Къэрмокъуэм: нобэр къыздэсым*

*къитIэщIыж и щIэныгъалъэр щигъэнщIар а гъэхэращ. Лъабжъэр къызыIэрыхьар щхъэкIэми нэхъ тыншу носыф. Ар нэрылъагъу щохъу адыгэ тхыдэм, IуэрыIуатэм я лъабжъэр къыщежьам, абы зэрызидзам кууэ щыгъуазэ зызыщIа Къэрмокъуэм дежи.*

*А щIэныгъэр Хъэмид къыщыхуэщхъэпэжащ «Ленин гъуэгу» газетми, ди журналми, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэми, и творческэ лэжъыгъэми. Аращ адыгэбзэ дахэкIэ зэгъэпэщауэ, акъыл жанрэ гупсысэ куукIэ гъэпсауэ и Iэдакъэм къыщIэкI тхыгъэхэр щIэщIэщыгъуэри щIумыужэгъури.*

*Зи тхылъ купщIафэхэмкIэ адыгэ литературэм, щэнхабзэм хэлъхъэныгъэшхуэ хуэзыщIа тхакIуэ, литературэхутэ, публицист Къэрмокъуэ Хъэмид икIи зэдзэкIакIуэ Iэзэщ. Абы ди бзэм къригъэтIэсащ Толстой Лев, Тургенев Иван, Горький Максим, Шолохов Михаил, КIэрашэ Тембот, Шинкубэ Бэгърэт сымэ, нэгъуэщIхэми я тхыгъэ куэд.*

*«Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр зезыхьэ, Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэми Журналистхэми я союзхэм хэт Къэрмокъуэ Хъэмид «Iуащхъэмахуэ» щыгум зэритари, абы нэхъри нэхъ жыжьаплъэ щыхъуауэ зэрыщытари зыщигъэгъупщэркъым: ар нобэми къуэпс быдэкIэ къыпышIащ ди редакцэм, журналым и редколлегием щыщщ, и тхыгъэхэмкIэ егъэбжьыфIэ «Iуащхъэмахуэм» и лъагагъри и напэкIуэцIхэри.*

*Хъэмид и жэрдэмрэ и чэнджэщрэ хэлъу къызэдгъэпэщу «ХъугъуэфIыгъуэ мылъытэ» псалъащхъэм щIэту мыгъэрей япэрей номерым тетам пытщэурэ, дяпэкIи журналым къытеддзэну ди мурадщ нарт, адыгэ хъыбарыжьхэм щыщ тхыгъэхэр. Фигу къэдгъэкIыжынщи, ахэр щIалэгъуалэм папщIэ зытхыжу тхылъ щхъэхуэу къыдэзыгъэкIыжари Къэрмокъуэ Хъэмидщ.*

## ТIОЩIЫР – ЩIАКЪУЭЩ

Сосрыкъуэ зы шу гъусэ ищIри зекIуэ ежьащ, къуентхъ къахьауэ къыздэкIуэжым, шу гуп къаIууащ. Шу гупым дэнэ щащIэнт зрихьэлIар – ящIакъым. ШууитIыр къагъэувыIащ шу гупым, къуентхъыр къыпахын мурад ящIри.

– Фепсых! – жаIащ шу гупым.

Сосрыкъуэ яхуидакъым:

– Депсыхынукъым.

– Фемыпсыхмэ, дызэзэуэнщ, – жаIащ шу гупым. – Дэ шу тIощI дохъу, фэ тIущ фызэрыхъур. Дызэзауэмэ, дыфтекIуэнущ. Фепсыхи, къуентхъыр вгъэтIылъ.

– Апхуэдэукъым зэрытщIынур, – жиIащ Сосрыкъуэ.

– Дапхуэдэу-тIэ зэрытщIынур?

– Дызэзауэмэ, шууитI фIэкI дымыхъу щхьэкIэ, дэ тхузэфIэкIынури фщIэркъым. ФIыкIэ дызэгурывгъаIуэ, – жиIащ Сосрыкъуэ. – «Зыр закъуэщ, тIур тIакъуэщ, щыр щакъуэщ» жысIэурэ тIощIым нэс сыбжэнщ, тIощIыр зытехуэр, фэ фщыщми дэ тIум язми, тпхыурэ, ди ужь къинэм къуентхъыр ихьынщ. ДызэгурыIуэрэ?

Шу тIощIыр егупсысыжри, Сосрыкъуэ къахилъхьам еувэлIащ: «Дызэзауэ нэхърэ нэхъыфIщ; дызэзауэмэ, фIы щIэдмыхынри хэлъщ», – жари.

– ДызэгуроIуэ, – жаIащ шу тIощIым.

– ДызэгурыIуэмэ, тIощIым нэс собжэ, – жери Сосрыкъуэ бжэн щIидзащ. – Зыр закъуэщ, тIур тIакъуэщ, щыр щакъуэщ, – жиIэурэ тIощIым

щынэсым: – ТIощIыр щIакъуэщ! – жери шу тIощIым ящыщ зым и дамащхьэм щIопщкIэ теIэбащ.

Зэрызэгуры Iуати, Сосрыкъуэ зи дамащхьэ теIэба шур Iуашри япхащ.

Сосрыкъуэ «тIощIыр» зыхуейм зэрытригъэхуэфынур къагурыIуакъым шу гупым. Бжэурэ тIощIым щынэскIэ Сосрыкъуэ шу гупым ящыщ зым и дамащхьэм щIопщкIэ теIэбэурэ, шу тIощIри япхащ.

– ЛIы и псалъэ епцIыжыркъым, – жиIащ Сосрыкъуэ, шу тIощIыр пхын яуха нэужь. – Фи кIэн къикIатэмэ, къуентхъыр къыфхуэдгъанэри дежьэжат. Ди кIэн къикIащи, къуентхъыр къытхуэнэжащ.

Шу тIощIыр пхауэ гъуэгум къытранэщ, я шыр къызэщIакъуэри, Сосрыкъуэрэ и гъусэмрэ къежьэжащ.

## НАРТХЭ Я ЖЫЛАПХЪЭ

Нартхэ я гъавэр зыщIэр Тхьэгъэлэджт. Жьы щыхъум, нартхэр кърииджащ Тхьэгъэлэдж.

– Сэ жьы сыхъуащ, – къажриIащ нартхэм. – Гъавэ схуэщIэжынукъым, жылапхъэри схузехьэжынукъым. Жылапхъэр фэ зефхьэ, гъатхэр къихьэмэ, гъавэ фщIэ.

Жылапхъэр къаритри, езыр и унэ итIысхьэжащ.

Гъуаплъэ гуэн ирагъэщIри, жылапхъэр гъуаплъэ гуэным иралъхьащ нартхэм:

– Гъатхэр къэсмэ, гъавэ тщIэнщ, – жари.

Нартхэ я жылапхъэм къещэрт Емынэжь. Жылапхъэр Тхьэгъэлэдж IэщIэлъыху, кърикуакъым. Тхьэгъэлэдж жьы хъууэ и унэ зэритIысхьэжар къыщищIэм, Емынэжь къэшэсащ, гъуаплъэ гуэныр яфIикъутэри, жылапхъэр яфIихьащ.

– Жылапхъэр яхьащ, зыхьар къыджеIэ, – жари нартхэр Тхьэгъэлэдж деж кIуащ.

– Жылапхъэр зыхьар сэ вжесIэнкъым, – къахуэгубжьащ Тхьэгъэлэдж. – Жылапхъэр зыхьар Сэтэней къывжиIэнщ.

Сэтэней деж кIуащ нартхэр.

– Емынэжь Iэджэ щIауэ къощэ жылапхъэм, – къажриIащ Сэтэней. – Жылапхъэр Емынэжь ихьащ. ЛIыгъэ фиIэмэ, къэфхьыж.

– Сыт и хэщIапIэ Емынэжь? Дэнэ щыдгъуэтынур?

– Емынэжь и хэщIапIэм унэсын щхьэкIэ, къуибл зэпыбупщIын хуейщ, – жиIащ Сэтэней.

– Ар сыту жыжьэ! – зэплъыжащ нартхэр.

– Къуиблыр зэпыбупщIмэ, псибл уикIынущ.

– Ар сытемынэ!

– Псиблыр къызэбнэкIмэ, хы тIуащIэ удыхьэнущ, – къащыжриIэм, нартхэр зэрыгъэгужьеящ:

– Сытым дынихьэсын абы? – жари.

– ЛIымрэ шымрэ я зэ ежьэгъуэщ, – къехъурджэуащ Сэтэней нартхэм.

Шу гуп ягъэшэсри ирагъэжьащ нартхэм. Къуиблыр зэпаупщIри, къагъэзэжащ шухэм:

– Псиблыр къиуати, еткуакъым, – жари.

Нэхъ лъэрызехьэкIэ фэ зраплъ шу гуп ягъэшэсри ирагъэжьащ. Къуиблымрэ псиблымрэ зэпаупщIри къагъэзэжащ абыхэми:

– Хыр хыуае хъуауэ дрихьэлIати, еткуакъым, – жари.

Нартхэр зэхэтIысхьэжауэ, Сосрыкъуэ и анэм деж ихьэжащ:

– Жылапхъэр зыхьар къыщызгъуэтынур къызжеIэ, – жери.

– Жылапхъэр зыхьам утекIуэдэнщ, – къыжриIащ Сэтэней.

– СытекIуэдэнуми, къызжеIэ.

– Жылапхъэр зыхьар Емынэжьщ, – къыжриIащ щыхигъэзыхьым. – Емынэжь улъихьэмэ, къуибл зэпыбупщIынущ.

– Ар си зы теуэгъуэщ, – жиIащ Сосрыкъуэ.

– Къуиблыр къызэбнэкIмэ, псибл уикIынущ.

– Ар си теуэгъуитIщ.

– Псиблым уикIынщи, хы тIуащIэм удыхьэнщ.

– Ар си теуэгъуищщ, – жиIащ Сосрыкъуэ.

– Хы тIуащIэм удыхьэмэ, чэщанэ плъагъунущ. Ар Емынэжь и хэщIапIэщ.

Сосрыкъуэ зызэщIикъузэри ежьащ. Къуиблри къызэринэкIащ, псиблми зэпрыкIри, хы тIуащIэм дыхьащ. Емынэжь нартхэ яфIихьауэ, чэщанэм зы пщащэ къитти, къаплъэри Сосрыкъуэ къилъэгъуащ.

– Зы шу къокIуэ, – жриIащ пщащэм Емынэжь.

– Сыт и шыфэлIыфэ? – къеупщIащ Емынэжь.

– И зы дамащхьэм дыгъэ щопс, и зы дамащхьэм уэф щох, – къыжриIащ пщащэм.

– Армэ, гъатхэ хъуащ, – къыфIэIуэхуакъым Емынэжь. – ВакIуэ сыдэкIынщ. Шур гъущI куэбжэм къыблэкIынукъым.

Емынэжь жылапхъэр ищтэри вакIуэ дэкIащ. Сосрыкъуэ гъущI куэбжэм ирихулIащ. Сэхым фIэлъ джатэжьитIыр зэрошх. Пхъэ дакъэжь идзри, джатэжьитIыр игъэбэяуащ. Сосрыкъуэ куэбжэм дэпкIэри, чэщанэм бгъэдыхьащ.

– Сытым укъыкIэлъыкIуа? – къеупщIащ пщащэр.

– Нартхэ я жылапхъэр схьыжынущ, – жиIащ Сосрыкъуэ.

– Жылапхъэр Емынэжь дихауэ мавэри вапIэм итщ, – къыжриIащ.

Сосрыкъуэ вапIэм ихьащ. Емынэжь мавэ, жылапхъэр зэрылъ фэндыр жыг къудамэм фIэлъщ.

Фэндыр къипхъуатэри къежьэжащ Сосрыкъуэ. Емынэжь къызэплъэкIыххакъым, выр щIитIыкIри етIысэхащ, шхэри Iэдакъэжьауэ ищIащ: Сосрыкъуэ хы тIуащIэм къыдэкIыжауэ къыIэщIэлъэгъуащ.

Къарэлъакъуищым къэшэсри, Сосрыкъуэ къылъежьащ Емынэжь, зэ пкIэгъуэм къыщIыхьэри къеIэдэкъэуащ, уанэгум къриудри фэндыр трихыжащ, игъэзэжри вэуэ хэувэжащ.

Сосрыкъуэ шэсыжащ, етIуанэ махуэм кIэлъыкIуэри жылапхъэр зэрылъ фэндыр къыфIрихьэжьащ. Емынэжь выр щIитIыкIщ, шхэщ, зы жеипэ икIури, Iэдакъэжьауэ ищIащ: Сосрыкъуэ хы тIуащIэм дэкIыжри псиблым зэпрыкIыжауэ къилъэгъуащ. Къылъежьэри пкIэгъуитIкIэ къыщIыхьащ, къыщIыхьэри къедэмэпкъэуащ, къыхыфIихуэри фэндыр ихьыжащ. Ещанэ махуэми къыфIрихьэжьащ фэндыр. Хы тIуащIэм къыдэкIщ, псиблыр зэпиупщIри къуиблри къызэринэкIат Сосрыкъуэ ещанэ махуэм. Емынэжь къэшэсри щэ пкIэгъуэм къыщIыхьащ Сосрыкъуэ.

– Си ужь уикIынукъэ! – жери къелъэпэуащ. – Фэндыр сфIепхьэжьэкъыптесхыжурэ гъатхэр сфIибгъэкIынущ, – жери, Сосрыкъуэрэ шымрэ зэтриудащ, фэндыр ихьыжри вэуэ хэувэжащ.

Сосрыкъуэ игъазэри чэщанэм дыхьащ.

– АпхуэдэкIэ упэлъэщынукъым Емынэжь, – къыжриIащ пщащэм. –

Уэлбанэ ещIэкIи, вэгъуэ иумыгъахуэ. И псэр зыхэлъыр сэ къыпхуэсщIэнщ.

Сосрыкъуэ уэлбанэ щрищIэкIым, Емынэжь къыдыхьэжащ, вапIэм къыхэкIыжри.

– Уи псэр зыхэлъыр къызжеIэ, – жери пщащэр Емынэжь щыхьащ.

– Си псэр зыхэлъыр бжаблэращ, – къыжриIащ Емынэжь.

Бжаблэр дыщэпскIэ зэщIилауэ нэху къригъэкIащ пщащэм.

– Си псэр зыхэлъыр бжаблэракъым. Си псэр зыхэлъыр бжэIупэм Iут жыгыращ, – къыжриIащ Емынэжь.

Жыгри дыщэпскIэ илауэ нэху кърригъэкIащ пщащэм.

– УкъэзгъэпцIащ: си псэр бжаблэми жыгми хэлъкъым. Си псэр зыхэлъыр Къарэлъакъуищщ, – къыжриIащ итIанэ. – Хым адрыщIкIэ нэжьгъущIыдзэ дэсщ. НэжьгъущIыдзэм и шыбз гуартэм зы шыбз хэтщ, Тхъуэжь жари. Къарэлъакъуищыр къэзылъхуар Тхъуэжьщ. Тхъуэжь къимылъхуа къыщIыхьэнукъым Къарэлъакъуищым.

Пщащэм Емынэжь ар кърригъэIуатэри, Сосрыкъуэ гъуэгу теуващ.

ЗдэкIуэм, гъуэгущхьэIум зы дыгъужь мэжэщIалIэ щрихьэлIащ Сосрыкъуэ.

– СыблэкIынкъым, – жери, и гъуэмылэм щыщ хуидзащ дыгъужь мэжэщIалIэм. Дыгъужьыр къызэфIэувэжри, мэзым щыщIэлъэдэжым, Сосрыкъуэ къегуоуащ:

– Гузэвэгъуэ уихуэмэ, уигу сыкъэгъэкIыж, – жери.

Дыгъужьым блэкIри ежьэжауэ, плъэмэ – благъуэм бгъащхъуэжьей уэгум ирелIыхь. Шабзэр зэIуидзэри, благъуэр кърриудыхащ Сосрыкъуэ.

– Гузэвэгъуэ уихуэмэ, уигу сыкъэгъэкIыж, Сосрыкъуэ! – жери бгъащхъуэжьейр уэгум ихьэжащ.

Ежьэжри, хы Iуфэм Iутурэ здэкIуэм, ныджэм къытридзауэ зы бдзэжьей ирихьэлIащ. ЩIопщыкъукIэ еIэбыхри, бдзэжьейр хым хиутIыпщхьэжащ Сосрыкъуэ.

– Гузэвэгъуэ уихуэмэ, уигу сыкъэгъэкIыж, – къыжриIащ бдзэжьейм.

Хы адрыщI ихутэри, Сосрыкъуэ нэжьгъущIыдзэм и бгъэм зыщIидзащ, хутыкъуауэ щрихьэлIэм.

– Уэ узымылъэгъуа си нитIыр игъукI! – жиIащ нэжьгъущIыдзэм. – Си быдзышэ пIухуащ – укъызытекIухьар къызжеIэ: слъэкIмэ, пхуэсщIэнщ.

– СыкъызытекIухьар шыщ, – жиIащ Сосрыкъуэ. – Зыш къызэт.

– Шы уэстынщ, си шыбзыр жэщищкIэ схухэбгъэпщмэ, – къыжриIащ нэжьгъущIыдзэм.

Жэщ хъури, шыбзым пэрыуващ Сосрыкъуэ. Хигъэпщурэ, нэхулъэ къыщызэкIэщIитхъым щхьэукъуэри, шыбз гуартэр мэзым щIыхьэжащ. Сосрыкъуэ гузэвэгъуэ хэхуауэ, дыгъужьыр мэзым къыщIож:

– Сыт къэхъуар? – жери.

– Сыщхьэукъуэри, шыбзыр мэзым сфIыщIыхьащ, – жиIащ Сосрыкъуэ.

– Ар Iуэху! – жиIащ дыгъужьым, шыбзыр мэзым къыщIихужри Сосрыкъуэ и пащхьэ кърихуэжащ.

Нэху щыри, нэжьгъущIыдзэр къэсащ.

– Ар зы жэщ, – жиIащ нэжьгъущIыдзэм, – жэщитI къыпхуэнащ иджыри.

ЕтIуанэ жэщым, Сосрыкъуэ щхьэукъуауэ зрырагъэхьэлIэри, шыбзыр

уэгум ихьащ. Сосрыкъуэ гузэвэгъуэ хэхуауэ здэщытым, бгъащхъуэжьейр къэсащ:

– Сыт къэхъуар? – жери.

– Шыбзыр уэгум ихьащ, – жиIащ Сосрыкъуэ.

– Ар Iуэху! – жери бгъащхъуэжьейр лъэтэжащ, шыбзыр къызэщIикъуэжри Сосрыкъуэ и пащхьэ кърихуэжащ. НэжьгъущIыдзэр къэсащ, шыбзым яхэплъэри, къэт щыIэтэкъым.

– Ар жэщитI, – жиIащ нэжьгъущIыдзэм. – Зы жэщ къыпхуэнэжащи, схухэбгъэпщмэ, шы уэстынщ.

НэжьгъущIыдзэр шыбзым яхыхьащ, яхуэхъущIащ, ящIэгубжьащ:

– Мэзым фыщIыхьэри, фыIэщIэкIакъым. Уэгум фихьэри, фыIэщIэкIакъым. Хым и щIагъым фыщIыхьэ ныжэбэ.

Ещанэ жэщым Сосрыкъуэ IэщIэкIри, шыбз гуартэр хым и щIагъым щIыхьащ. Гузэвэгъуэ хэхуауэ ныджэм здытетым, бдзэжьейр къесылIащ:

– Сыт къэхъуар?

– Шыбзыр хым и щIагъ щIыхьащ, – жиIащ Сосрыкъуэ.

– Ар Iуэху! – жери бдзэжьейм шыбз гуартэр хым къыхихужащ.

НэжьгъущIыдзэр къэсащ.

– Шыбз гуартэр жэщищкIэ хэзгъэпщащ. Шы къызэт, – жиIащ Сосрыкъуэ.

– Узыхуейр къыхэх, – къыжриIащ нэжьгъущIыдзэм.

– Сызыхуейр Тхъуэжь щIэс шыщIэращ, – жиIащ Сосрыкъуэ.

– ШыщIэм дэнэ уихьын? – жиIащ нэжьгъущIыдзэм. – Шы пхуэхъун къыхэх.

– Шы схуэхъунур Тхъуэжь щIэс шыщIэращ – ар къызэт.

ШыщIэр хы щIагъым щилъхуат Тхъуэжь, хым къыздыхишри къыхэкIыжат.

– УзэрегуакIуэщ, – жери шыщIэр къритащ нэжьгъущIыдзэм.

Тхъуэжь къилъхуа шыщIэм Тхъуэжьей фIищри къэшэсыжащ Сосрыкъуэ. Емынэжь вакIуэ дэкIауэ кърихьэлIэжащ, уэлбанэр щхьэщыкIати. Чэщанэм дыхьэри, и шыплIэм пщащэр дигъэтIысхьащ, Емынэжь кIэлъыдэкIри жыг къудамэм фIэлъ фэндыр кърихьэжьащ.

Емынэжь Къарэлъакъуищым къэшэсащ, Сосрыкъуэ къылъежьа щхьэкIэ, къыщIэмыхьэурэ хы тIуащIэми къыфIыдэкIащ, псиблми къыфIикIыжащ, къуиблми къыфIызэпрыкIыжащ. Сосрыкъуэ къылъеIэурэ, Къарэлъакъуищыр пщыри зэгуэудащ, Емынэжь гъуэгущхьэм къытринэри.

Жылапхъэр къихьыжри, Сосрыкъуэ нартхэ къахыхьэжащ, шыплIэкIэ къихьыжа пщащэри зейм яритыжащ.

## ХЫМ МАФIЭ ЩIИДЗЭРКЪЫМ

Нартхэр зекIуэ ежьэнути, Сосрыкъуэ гъусэ ящIакъым.

ЗекIуэ ежьам я къэсыжыгъуэ хъуауэ, Сосрыкъуэ шэсри япежьащ:

– Фэ фхуэфI сыхъунщ сэ! – жери: къызэремыджам щхьэкIэ яхузэгуэпырт.

Нартхэр хы Iуфэм щызэхэтIысхьэжауэ ирихьэлIащ Сосрыкъуэ: къуентхъыр яхузэрымыгъэугуэшурэ зэщыхьэжат.

Зэщыхьэжауэ зэхэсыху, щIыIэ къатехъуащ, зэщIэдиящ.

Сосрыкъуэ щахыхьэм:

– МафIэ тхуэщI, – жаIащ нартхэм. – ЩIыIэм деукI.

– ФхуэсщIынщ, ауэ фи пкъыпэ зырыз фIэкI евгъэуууэ здэнукъым, – яжриIащ Сосрыкъуэ.

– Хъунщ, додэ, – щыжаIэм, Сосрыкъуэ мафIэ яхуищIащ.

– ФыкъеувалIи, фи пкъыпэ зырыз евгъэу.

Нартхэм я пкъыпэ зырыз мафIэм ирагъэуа нэужь, Сосрыкъуэ пхъэдзакIэр зэщIикъуэри хым хидзащ:

– Хым мафIэ щIидзэркъым, ныджэм хъун щыкIыркъым, – жери. – Фи пкъыпэ зырыз евгъэуамэ, щхьэж и унэ бжэн лъакъуэ!

Сосрыкъуэ пхъэдзакIэр хым щыхидзэм, щIыIэ къатехъуэжри, нартхэр зэщIэдиящ, я къуентхъри къафIэIуэхужакъым.

Нартхэр зэщIэдияуэ хым къыIуинэри, Сосрыкъуэ къежьэжащ, зекIуэм къахьар къызэщIикъуэри.

## СОСРЫКЪУЭРЭ ИНЫЖЬХЭМРЭ

ЗекIуэ ежьауэ ягъэхутыкъуэри, Сосрыкъуэ иныжьхэм къаувыхьащ.

– Дигу пхуэплъырт Iэджэ щIауэ. УкъытIэрыхьа иджы, Сосрыкъуэ?

– СыфIэрыхьамэ, сыт къызэфщIэнур? – къыфIэмыIуэху нэпцI зищIащ Сосрыкъуэ.

– УдукIынущ – уэтщIэнур пщIэркъэ? – жаIащ иныжьхэм. – МащIэ щIа уи гугъум дызеригъалIэрэ!

– СывукI. СывукIкIэ къызэхьэлъэкIыркъым. Сигу къеуэ щыIэщ, – жиIащ Сосрыкъуэ.

– Сыт уигу къеуэр?

– Зыгуэрым согупсысри схузэхэхуркъым. Мэуи согупсыс, мэуи сыкъогупсысыж – нэхъ иныр къысхуэщIэркъым. КъысхуэмыщIауэ сызэрывукIынуращ сигу къеуэр.

– КъыджепIэркъэ-тIэ – дэри дегупсысынщ, – жаIащ иныжьхэм.

– Фегупсысынумэ, мыращ, – жери Сосрыкъуэ хъыбар яхуиIуэтащ иныжьхэм. – Зыв диIащ нартхэ. Хьэрэмэ Iуащхьэ кIэбдз лъакъуэкIэ теувамэ, и фIалъэ лъакъуитIыр Iуащхьэмахуэ нэсырт, псафэ ежьамэ, Псыжь псыхъуэ псы ткIуэпс къыдинэртэкъым.

– Емынэти! – ягъэщIэгъуащ иныжьхэм.

– Емынэт, бгъэм дыхимыгъэкIыжатэмэ, – жиIащ Сосрыкъуэ. – Зы бгъэжь къеухри выр ипхъуэтащ, уэгум ирихьэри выр ишхащ, бгъэм вы блатхьэр къыIэпыхуащ, вы блатхьэр ди чыцIыхъуэм и нэм щIэхуащ. И нэм башыпэкIэ щIэIэбэрэбыхьа щхьэкIэ, блатхьэр къыхущIэхыжакъым. «Си анэм къыщIезгъэхыжынщ», – жери къыдыхьэжащ чыцIыхъуэр. ЦыкIуэкIкIэ щIэIэбэри, и анэм блатхьэр къыщIихыжащ, къыщIихыжри псыхъуэм дидзащ. Псыр къиури блатхьэр ирихьэжьащ, ныджэм тридзэри щIы трищIэжащ блатхьэм, щIым къуажэ тетIысхьащ. Къуажэр тесурэ, щIыр жэщкIэ хъей хъуащ. «ЩIыр щIэхъейр къэтщIэнщ», – жари къуажэр еплъэкIуащ. Блатхьэм и къуапэ къыщIэщати, бажэ къеуэсауэ жэщкIэ къакIуэурэ къедзэгъурт, арат щIыр щIэхъейр. Бажэр къаукIащ, и фэр трахын щIадзэри, зэрагъэдзэкIыфакъым. Щымыхъум, и зы джабэр трахри бажафэ пыIэ зырыз яхурикъуащ. Зы фыз псыхьэ кIуауэ ирихьэлIэри, бажэр пхъэхькIэ зэригъэдзэкIащ, джабэ лъэныкъуэр трихыжати, апхуэдищ химылъхьэжауэ и къуэм пыIэ хурикъуакъым.

– ГъэщIэгъуэныр къыджепIаи! – зэщIэкъугъащ иныжьхэр.

– Иныжьхэм лIыгъэ фызэриIэр сощIэ, акъыли фиIэмэ, фегупсыс: хэт нэхъ ин, хэт нэхъ пIащэ? Сегупсысурэ, си щхьэр тескъутащ – нэхъ иныр

къысхуэщIэркъым. Аращ сигу къеуэр – нэхъ иныр къысхуэмыщIауэ хьэдрыхэ сызэрыкIуэнуращ, – жиIащ Сосрыкъуэ.

– Нэхъ иныр IупщIкъэ: выр уэгум изыхьа бгъэращ, – жиIащ иныжьхэм ящыщ зым.

– Бгъэракъым, вы блатхьэр зи нэм щIэхуа чыцIыхъуэращ, – пэрыуащ абы зы.

– Уи адэм и бынщ ар! ЧыцIыхъуэм и нэм блатхьэр къыщIэзыхыжаращ, – тIуми япэуващ ещанэр.

НэгъуэщI зыи къахэуащ:

– Вы блатхьэм егъуа бажэращ, – жери.

– Хьэуэ, бажэр пхъэхькIэ зэзыгъэдзэкIа фызыращ, – къэуващ нэгъуэщI зыи.

Зэдауэурэ зэщыхьэжри зэрыукIыжащ иныжьхэр.

Сосрыкъуэ, зэщэр арати, иныжьхэр щызэрыукIыжым:

– Хуэзэр фэсщIакъэ! – жери шэсри ежьэжащ.

# Зи творческэ гъуэгуанэр дахэу узэщIа



*Ди къуэш шэрджэсхэм я усакIуэ нэхъыфIхэм ящыщ АбытIэ Хъызыр и ныбжьыр илъэс блыщI ирикъуащ. Дыгъуасэ хуэдэщ щIалэщIэ дыдэу ар «Iуащхьэмахуэ» журналым къытхуеблагъэурэ и усэ хъарзынэхэмкIэ дигъэгуфIэу щыщытар. Шэрджэсым и адыгэ къуажэхэм ящыщ Хьэгъундыкъуей къыщалъхуа Хъызыр усэ тхыным пасэ дыдэу дихьэхат: ар 8-нэ классым щIэст и япэ тхыгъэр, «Псынащхьэ» зыфIищар, «Черкес пэж» газетым къыщытрадзам. А «Псынащхьэ» къибыргъукIыр угъурлы хуэхъури, абы и кIэм къррикIуащ псыкIэ къабзэ: Хъызыр и творческэ гъуэгуанэр абдеж къыщежьауэ жыпIэ хъунущ.*

*ЕпщIанэ классыр къиуха нэужь, АбытIэр щIотIысхьэ Новочеркасск къалэм дэт гидромелиоратив техникумым. Инженер-гидротехникыу а еджапIэм къыщIокIри, Ставрополь ПсыжапIэшхуэм и IуэхущIапIэхэм щылажьэу щIедзэ. Инженер IэкIуэлъакIуэ, зыхуеджа IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI адыгэ щIалэр ухуэныгъэм ехьэлIа IэнатIэхэм щылэжьащ илъэс щэщIым нэблагъэкIэ.*

*Ауэ, хьэм хэсми, ныбгъуэм и гур хумкIэ гъэзащ жыхуаIэу, сыт хуэдэ къалэн дэнэ щимыгъэзащIэми, АбытIэм литературэ творчествэр зэи IэщIыб ищIакъым. Абы и усэхэр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи щIэх-щIэхыурэ къытрадзэрт газетхэм, журналхэм. Ауэрэ и япэ усэ тхылъыр 1967 гъэм Черкесск къалэм къыщыдокI.*

*Зи усэхэр утыкушхуэм ихьа, «Литературная газета», «Литературная Россия», «Советская культура» газетхэм къытехуэ хъуа, щытхъушхуи зыхужаIэ АбытIэ Хъызыр и тхылъхэр зэман кIэщIхэм къриубыдэу къыщыдокI Черкесск, Ставрополь къалэхэм. Абыхэм пщIэ лъагэ щагъуэт критикхэми, тхакIуэхэми, тхылъеджэхэми я деж.*

*Нобэ лIыпIэ иува АбытIэ Хъызыр и Iэдакъэм къыщIэкIащ тхылъ зыбгъупщI, республикэм и ТхакIуэхэм я союзым щолажьэ илъэс тIощIым нэсауэ. Абы къыфIащащ «Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цIыхубэ усакIуэ» цIэ лъапIэр. Къыхуагъэфэщащ «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и етIуанэ нагъыщэ медалыр. Ар КъШР-м и Президентым и цIэкIэ щыIэ къэрал саугъэтым и лауреатщ, Щытхъу, ЩIыхь тхылъхэр, нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэхэри кърaтащ.*

*Ди гуапэщ, Хъызыр, уи ехъулIэныгъэхэм хэбгъахъуэурэ, дяпэкIи къэралым, цIыхубэм я гульытэ нэхъыбэжхэр, нэхъыфIыжхэр къэблэжьыну.*

АБЫТІЭ Хъызыр

## Усэм сопсалъэ

— Усэ, ижь-ижьыжым
Дэнэ укъикІа?
— Лъэпкъым и гу хуабэм
СыкъитэджыкІащ.

— Лъэпкъым и гум сытым
УкъыхищІыкІа?
— Нур зырызу, сакъыу
Сызэхуихьэсащ.

— Нур жыхуэпІэр дыгъэм
Къыпих нурым щыщ?
— Хьэуэ, зи гугъу пхуэсщІыр
ЦІыхухэм я гум хэлъщ.

— ЖыІэт, а уи нурым
ХузэфІэкІыр сыт?
— ФІыгъуэр зи гум илъхэм
Гукъыдэж ярет.

— Уухыну щыткъэ
АтІэ нурыр зэ?
— ЗэфІэтыхукІэ лъэпкъыр
Ар сиІэнущ сэ.

— Си лъэпкъ уардэм, хахуэм
Куэд и нэгу щІэкІащ.
Лъэпкъым и нэхъыбэм
Хэкур ІэщІачащ.

ЗэфІэтыну лъэпкъыр
Е бзэхыну щыт?
Къыпэщылъ гъуэгуанэм
Уэ хэпщІыкІыр сыт?

— И псэм пищІ усакІуэ,
И гур зыдэпсэху,
Лъэпкъыбзэм и ІэфІыр
Бэм хуэзыгъэнэху

Куэду къигъэщІыфмэ,
Абы хэлъкъым щэху,
ЗэфІэтынущ лъэпкъыр
Дунейр зэфІэтыху.

## ЗэныбжьэгъуитІ

Зэныбжьхэт тІури.
Зэныбжьэгъут.
Зы хьэблэ
Къыщалъхуахэт.
Назым пелуанти —
Нэрылъагъут.
Назирыр нэхъ псэ махэт.

Джэгуну цІыкІухэр
Зэхыхьам,
Назымыр хъурт Іэтащхьэ,
Назирыр нэстэкъым сэлэт
КъызэрыгуэкІым ищхьэ.
Назым хужаІэрт:
ЛІы бэлыхь
Ар хъунущ,
ЛыпІэ ихьэм.
Назир хужаІэрт
Узгъэл цІыкІущ,
ИпІынщ зыгуэру
И щхьэр.

ЛІы хъухэу, жэпхъыу
ЩыщІадзам,

Къихьати бийр
Ди Хэкум,
ЗаIэтри, тIури
КIуахэщ дзэм.
Хэхуахэщ
Зауэм и кум.
Бийр къебгъэрыкIуэрт,
Уэшхыу шэр
Ди цIыхухэм къатырикIэу.
Къигъэплъырт, исырт
Лыгъэм щIыр,
Топ макъыр дэнкIи
Щычэу.

Назым мыбдежым
КъикIуэтащ,
И гъащIэм тешыныхьу.
Назир пелуану
ЗиIэтащ,
ПсэкIуэдыр бийм
Къахуихьу.
А махуэм тIури
КъауIащ...
Джэрэзырт
Уафи щIыгуи.
Лъы пщтырым занщIэу
КъыриIащ
Зым и бгъэр,
Адрейм и щIыбыр...

Зэныбжьхэт тIури,
Зэныбжьэгъут.
Зы хьэблэ
Къыщалъхуахэт.
Назым пелуанти —
Нэрылъагъут.
Назирыр нэхъ псэ махэт.

ХэкIащ мыгувэу
Назым и псэр...
Щылът щIыгум хэплъэу,
Щэхуу.
ХэкIащ иужькIэ
Назир и псэр...
Щылът уэгум иплъэу,
Нэхуу.

Назым и лIыгъэр
ДыщIалъхьащ,
Сэлэтхэм къатIри
ЩIыгур.
Назир и лIыгъэр
Къахьыжащ —
Ехъумэр лъахэм
И гум.

*1976.*

## ДыгъитI

I

ЗыкIи зэхуэмыдэу
Ену щIылъэм къетэу
Сэ къысщохъур уэгум
ДыгъэшхуитI зэдиту.

А дыгъитIым я зым
Къыпощэщыр нэху,
ГъащIэр егъэдахэ,
ЩIы хъурейр допсэху.

Зи псэр кIыфIым хуеIэм
Абы зыщадзей.
Зи псэр нэхум хуеIэрщ
Мис а дыгъэр зейр.

II

ЕтIыуанэ дыгъэр,
Къыпыщэщу кIыфI,
ЩIым къытопсэр. Ари
ЗэикI мыункIыфI.

Iуэху фIей гуэр зехьэнкIэ
Зи гум зимыгъэнщI

ХьэкIэкхъуэкIэ цIыхухэм
Ар къахуепс къысфIощI.

## Зэхуэдэныгъэ

КIыфIым къыхокIри,
ХьэщIэщым
ЦIыхухэр къыщIохьэ
Зэхуэдэу.
ЩIокIыжри цIыхухэр
ХьэщIэщым,
КIыфIым хохьэжхэр
Зэхуэдэу.

Зэхуэдэныгъэм
И телъхьэу
Ахэм къахуепсми
Зы дыгъэ,
ЦIыхухэм, хьэщIэщым
ЩIэсыхукIэ,
Щагъуэткъым
Зэхуэдэныгъэ.

## Зы лIы гуэрым щIыр къыздитIым...

Зы лIы гуэрым щIыр къыздитIым,
Изыбзэу кхъуэщыным,
Къигъуэтауэ тетщ газетым
Дыщэхэр, дыжьынхэр.

Хэти хуозэ кIэртIоф ныкъуэ
Фар хыфIадзэжауэ,
КъыщатIыжым щыгъуэ белым
Зэгуигъэжыжауэ.

Теплъэу яIэхэр абыхэм,
Ахэм я хьэлъагъыр
Газет напэм къретхэкIыр,
Хуабжьу игъэщIагъуэу.

Сэри вагъэр, сыхуэсакъыу,
БелкIэ зэIызощIэ,
Измылъхьауэ кIэртIоф закъуи
СIыгъыу хъуржын нэщIыр.

Нэр топлъызэ тхыгъэ сIыгъым,
Ауэ сэ кхъуэщыным
Дыщэ илъхэракъым слъагъур,
Слъагъуркъым дыжьыни.

Аурэ зыми къимытIауэ
Пабжьэм хэт зы напIэ
Къызогъуэтри, хызогъэмбыр
ПсынщIэу си белыпэр.

Сабиигъуэм щыщ зы махуэ
КъыщIохьэж си нэгум:
ПлIыщIрэ блырэт гъэр —
Фэбжьышхуэр
Телът иджыри хэкум.

Къыдэздзеймэ,
Дунейр къигъэнэхуу,
ЩIыIи псыIи нэмысауэ,
КIэртIофIих къыщIохур.

Диужьгъащи дызэщIыгъуу
Хьэблэм цIыкIуу дэсыр,
Дыщолъыхъуэ бгыщхьэ губгъуэм
КIэртIоф щIыIэрысхэм.

А зы напIэм жан сыкъещIри,
СепIэщIэкIыу сотIэ.
Нэхъыбэжу къыхощэщыр
КIэртIоф хужьхэр ятIэм.

Си ныбжьэгъухэм сегуоуащи,
Ахэр къызэхуосыр,
Псори пабжьэм хэужьгъащи,
КъетIыр щхьэж къылъысыр.

Хэт нэхъ изу,
Хэт нэхъ нықъуэу,
Ди хъуржын зырызыр
Къэтщыпащи —
Ди гуфIэгъуэщ,
Хьэблэм цIыкIуу дэсым...

СфIытоплъызэ нэр газетым,
Ауэ сэ кхъуэщыным
Дыщэ илъхэракъым слъагъур, —
Слъагъуркъым дыжьыни.

Дыщэу щыIэм я нэхъ лъапIэу,
Дунейр къагъэнэхуу,
КIэртIоф хужьхэр зырызыххэу
КъыщIохьэж си нэгум.

*1984.*

Культурэм и лъахэм

# Гугъапlэ дахэхэр и lэпэгъуу



*Ди адыгэ литературэр джыным, абы нобэ гъащlэм щиlыгъ увыпlэр утыку ихьауэ цlыхухэр щыгъуазэ щlыным хуэунэтlауэ куэд зылэжьахэм ящыщщ щlэныгъэлl, критик цlэрыlуэ Тхьэгъэзит Юрэ. Абы и lэдакъэм къыщlэкlащ лъэпкъ литературэм и бэкъуэкlэм, бэуэкlэм теухуа тхыгъэ куэд. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщlэ «Зэманым и нэщэнэхэр», «Адыгэ роман», «Щоджэнцlыкlу Алий и художественнэ дунейр», «Адыгэхэм я художественнэ зэхэщlыкlым зэрызиужьар» тхылъхэр. А лэжьыгъэхэм теухуауэ куэд пхужыlэнущ. Ауэ абы нэхърэ дэ нэхъ къэтщтащ, зи ныбжьыр илъэс 65-рэ ирикъуа щlэныгъэлlыр и гупсысэхэмкlэ къыддэгуашэмэ. «lуащхьэмахуэ» журналым и хьэщlэщым абы щыхуэзащ ди лэжьакlуэ Хьэlупщы Муlэед.*

**Хьэlупщы Муlэед: Юрэ, адыгэхэм я художественнэ зэхэщlыкlым къежьапlэ хуэхъуауэ къэплъытэ хъунур сыт?**

**Тхьэгъэзит Юрэ:** Шэч хэмылъу, абы и щlэдзапlэ нэхъыщхьэр нарт эпосырщ. Ар дунейм эпосу тету хъуам я нэхъыжь дыдэхэм ящыщщ. Абы, дыщэ пхъуантэм дэлъым хуэдэу, ихъумащ лъэпкъым и гупсысэхэр, и хъуэпсапlэр, зригъэгъуэта акъылыр, къыдекlуэкlа хабзэхэр, хэлъа хьэл-щэныр, культурэр, кlэщlу жыпlэмэ, псори, псори. Абы апхуэдэу ихъумащ lуэрыlуатэм и жанр псори, псом хуэмыдэу усыгъэр.

Ауэ адыгэ литературэдж щlэныгъэр куэд щlауэ хуэныкъуэт лъэпкъ художественнэ гупсысэкlэм и щытыкlэхэмрэ абы зиужьын папщlэ щыlэ хэкlыпlэхэмрэ къэхутэным. Ди лъэпкъ литературэр къэунэхуу ар гъуэгу тэмэм теувэн папщlэ екlуэкlа lуэхугъуэ псори темыщхьэрыукlауэ, хэлъадэ-хэжыж, фэрыщlыгъэ хэмылъу кууэ джын хуейт. Шэч хэмылъу, художественнэ зэхэщlыкlым зэрызиужьар зэпхар япэ дыдэу нарт эпосым щызэфlэува усыгъэм и закъуэкъым, атlэ ар шыпсэми, таурыхъми, lуэрыlуатэми, диным пыщlа зэхэщlыкlхэми, нэгъуэщl жанрхэм зэрызаужьами пыщlащ.

**Хь. М.: Осетие Ипщэм щыщ щlэныгъэлl, литературэдж-къэхутакlуэ цlэрыlуэ Джусойты Нафи къегъэув ди художественнэ гупсысэкlэр лъэпкъ гупсысэкlэ закъуэм и бжаблэм къиишауэ, псоми зэдай, я зэхуэдэ lуэху еплъыкlэм, дунейпсо гупсысэкlэм хэшэн хуейуэ. Ар къыдэхъулlэну lуэху хьэмэрэ хъуэпсапlэ къудейуэ къэнэжыну?**

**Тхь. Ю.:** Си гугъэмкӀэ, а псалъэмакъыр нэхъ зэхьэлӀар цӀыхубэ зэхэщӀыкӀыр нэкъыфӀэщӀу, купщӀэншэу къыщамылъытэ Кавказ Ищхъэрэ культурэращ. Шэч хэмылъуи, критикыр мыбдежым щызахуэщ. ЦӀыхубэ гупсысэкӀэмкӀэ дэ нэгъуэщӀ лъэпкъхэми я деж гъэщӀэгъуэн дыхъунущ, псом хуэмыдэу – дэ къэткӀуа гъуэгуанэр, ди нэгум щӀэкӀар фӀыуэ зыщӀэ КъухьэпӀэм щыпсэухэм. Ауэ, куэд щӀауэ критикэм гу зэрылъитащи, гъусэншэу зэи зыри и закъуэ къэхъуркъым, псори зэпыщӀащ, зым зыр къегъэщӀыж. Къапщтэмэ, роман жанрыр дэ къэдгупсысакъым, абы лъэпкъ Ӏэджэм я литературэхэм куэд щӀауэ увыпӀэшхуэ щеубыд, ауэ романыр дунейпсо литературэм хохьэ лъэпкъ къэс езым иӀэж художественнэ гупсысэкӀэм и фащэ щыгъыу. Мыбы сигу къигъэкӀыжащ филолог цӀэрыӀуэ Аверинцев Сергей и псалъэхэр: «ЩыӀэщ лъэпкъхэм я зыужьыныгъэм къыпхуэмылъытэну хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщӀа, щыӀэщ абы зыри хэзымылъхьаи. Ауэ нэхъыщхьэр аракъым. Нэхъыщхьэр абы халъхьа мащӀэр нэгъуэщӀкӀэ зэрыпхузэмыхъуэкӀынуращ». Мис, къапщтэмэ, «Нартхэр» нэгъуэщӀкӀэ пхузэхъуэкӀынукъым.

**Хь. М.: Зи гугъу пщӀа зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщӀа ӀуэрыӀуатэм и къалэн псори зэфӀигъэкӀа? Абы дыкъыбгъэдэкӀыпэу тхыдэм хэдгъэхьэжыну хьэмэрэ иджыри зыгуэркӀэ къытхуэсэбэпыфыну?**

**Тхь. Ю.:** ӀуэрыӀуатэр, ӀуэрыӀуатэ-шыпсэ, таурыхъ гупсысэкӀэр, шэч хэмылъу, цӀыхум и зэхэщӀыкӀым зиӀэтыным, и художественнэ гупсысэкӀэм зиужьыным и джэлэсщ. Ауэ ар хыфӀэбдзэжи, абы укӀэрыникъэу убгъэдэси хъунукъым.

Адыгэхэм къакӀуа гъащӀэ гъуэгуанэм, сыт хуэдэ лъэхъэнэми, ар езыр-езыру абы и пащхьэм къиуващ, лъэпкъым и Ӏуэху еплъыкӀэхэр фӀыкӀэ игъэнщӀри, ар Ӏэджэми къригъэлащ. Зэманыр и пӀэм иткъым. Абы и гъусэу цӀыхухэм я псэукӀэми, я Ӏуэху еплъыкӀэми, гупсысэкӀэми зехъуэж. Къэхъунущ ахэр иджыри щызэпэувын зэмани. ӀуэрыӀуатэр ӀэщӀыб дымыщӀу, ди псэм щыдгъафӀэу хэлъмэ, дяпэкӀи ар сэбэп къызэрытхуэхъунум шэч хэлъкъым.

**Хь. М.: ЛӀэщӀыгъуэ блэкӀам ирагъэкӀуэкӀа зэхъуэкӀыныгъэм зэгуэр лъэщу щыта къэралыгъуэшхуэр хьэбэсабэу зэтрикъутащ. Абы и къутахуэхэм щӀиубыда литературэр къыхэтхыжу тхуэгъэкъэбзэжыну? ИщхьэкӀэ зи гугъу тщӀа щӀэныгъэ, культурэ, художественнэ зэхэщӀыкӀ лъагэм цӀыхухэр ешэлӀэжа хъуну къэплъытэрэ, нобэ ди литературэр, культурэр зэрыт щытыкӀэм имыкӀмэ?**

**Тхь. Ю.:** Къэралыгъуэшхуэр зэракъутэжам гъэщӀэгъуэн хэлъкъым. ГъэщӀэгъуэныр абы лъандэрэ блэкӀа зэманым фӀы и лъэныкъуэкӀэ гур къыщӀэзыубыдэн гуэр зэрамыщӀарщ. ЦӀыхухэр арэзы щӀыгъуейуэ щытащ, нэхъ Ӏеиж хъуащ жыпӀэкӀэ зэфӀэкӀыркъым. Мыбдежым уигу къокӀыж Пизан чэщанэ цӀэрыӀуэм еплъу щыт гуэрым жиӀар: «Ущытмэ, щыт, уджалэмэ, джалэ». Апхуэдэ Ӏуэху еплъыкӀэм ихуащ урысей литературэри. НэгъуэщӀ щӀыпӀэкӀэ укъыщеплъмэ, езы литературэми зихъуэжащ. Зихъуэжащ иӀа пщӀэми, и къалэнми. КъыпэкӀуэ ахъшэм и гугъу пщӀымэ, нобэрей зэманым абы зыри къыщӀэкӀыжыркъым. Сэ сщӀэжыркъым Совет лъэхъэнэм властым хуэарэзыуэ щыта тхакӀуэ, абы щытхъупсыр кърагъэжэха пэтми. Абыхэм ящыщ куэдым жаӀэу зэхэпхынут: «Дэ сытым хуэдэу куэд тщӀэнут, къытпэрымыуэу дызыхуейр дагъэтхыу щытамэ! Ауэ я тхыгъэхэм къыпэкӀуэ ахъшэм щхьэкӀэ тхьэусыхэ урихьэлӀэнутэкъым. Иджы литераторхэм апхуэдизу я нэ къызыхуикӀыу щыта хуитыныгъэр

ягъуэтащ. Ауэ цIыхум телъыджэлажьэ къащыхъун гуэр къагъэщIакъым, мэхущхьэ, мэщатэ, совет лъэхъэнэм хуоплъэкIыжхэри щысщ. Абы щхьэкIэ зыри пхуэгъэкъуэншэнукъым. ТхакIуэхэм я Iуэхур езы тхакIуэхэм я Iуэхужщ. Зыми зыри хуищIэну и къалэнкъым. Апхуэдэу щытми, щыIэ Iэмалхэр къэгъэсэбэпын хуейщ, зэхуэсауэ, зэпсэлъауэ. Арыншамэ, гугъэ нэпцIыр щхьэгъэпцIэжщ.

**Хь. М.: Ди лъэпкъ литературэм зиужьын, ар дунейпсо литературэм хэмыхьэми, абы пэгъунэгъу хуэхъун папщIэ лэжьыпхъэхэр къэхутэным уэ къаруушхуэ епхьэлIащ. А уи Iуэху еплъыкIэмрэ бгъэдыхьэкIэмрэ нобэрей зэман зэIумыбзым и гъуэзым хэкIуэдэжу хэмышыпсыхьыжыну пIэрэ?**

**Тхь. Ю.:** Сэ ди адыгэ литературэм зиужьынымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэм лъэныкъуищкIэ сыбгъэдыхьащ: литературэр зэтеувэн папщIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм, абы ехьэлIауэ дэтхэнэ тхакIуэми, усакIуэми хэхауэ и щхьэкIэ ищIэн хуейм, жанрым теорие и лъэныкъуэкIэ зэрызиужьыпхъэм. Пэжу, сэ а псоми сызэреплъыр дунейпсо литературэм ехьэлIауэщ. Абы егъэпщауэ жыпIэмэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, куэд тхузэфIэкIауэ тедгъэчыныхьынукъым, уеблэмэ апхуэдэ Iуэху еплъыкIэмрэ бгъэдыхьэкIэмрэ къэдгъэсэбэпынуи яужь дихьакъым. Хуэму, мыпIащIэу зэтеувэ литературэм дежкIэ ар къалэн инщ икIи хьэлъэщ, ауэ, япэкIи щыIахэм дэплъейуэрэ щIэгъэхуэбжьауэ зызыужь литературэр зыщIэхъуэпсри, зыхущIэкъури аращ. Литературэм ехьэлIауэ куэдрэ къапсэлъ пост-модернизм псалъэм сэ Iейуэ сакъыу сыбгъэдохьэ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дэ ди закъуэ – зыри дымылъагъуу, зыми дыпымыщIауэ – дыпсэуркъым, зэи щымыIа къэдгъэщIынуи дыпылъкъым. Дыхуей-дыхуэмейми адрей лъэпкъхэм я литературэмрэ культурэмрэ яжь къытщIеху. Дэтхэнэра абыхэм ящыщу дэ нэхъ тпэгъунэгъур, къэтщтапхъэр? Ар нэгъуэщI псалъэмакъщ...

**Хь. М.: Адыгэ роман. Сыт абы къежьапIэ, гущапIэ хуэхъуар? Нобэ сыт и шыфэлIыфэ? Пщэдей и натIэ хъунур сыту пIэрэ?**

**Тхь. Ю.:** Урыс-Кавказ зауэм и ужькIэ адыгэ культурэм и натIэ хъунур зыми ищIэртэкъым. Ауэ абы щыгъуэ зыIуа Iуэхугъуэшхуэхэм адыгэхэр нэхъ жыжьэ плъэуэ, нэхъыбэ къагурыIуэу ищIауэ жыпIэ хъунущ. ДяпэкIэ лэжьыпхъэхэр нэхъ нэрылъагъу хъуауэ щытащ. Ауэ 1917 гъэм екIуэкIа революцэр ди литературэм зиужьынымкIэ, дэ нэгъуэщI Iэмалхэр дгъуэтынымкIэ хэкIыпIэ тхуэхъуат. Абы къыдэкIуа псэукIэращ зэи димыIа гупсысэкIэмрэ Iуэху еплъыкIэмрэ дыхуэзышар. Абыхэм къагъэщIыжащ художественнэ литературэм хэлъ гупсысэри. Зэи ямылъэгъуа, ялъагъун дэнэ къэна, я гущхьэм къэмыкIа псэукIэм къихьа зэхъуэкIыныгъэхэр нэхъ кууэ къэзыгъэлъэгъуэжыфынур романырати, зызыужьу щIэзыдза ди литературэми а жанрым зрипщытащ. Зэманышхуэ къызэщIэзыубыдэ Iуэхугъуэ инхэр къэзытIэщI романыр, дауи, занщIэу, тыншу зэтеувакъым. А жанрым хиубыдэ тхыгъэхэр зэпышат, курбыщт, жыпхъэхэри тэмэму щамыубзыхуф щыIэт. Ди жагъуэ зэрыхъущи, нобэ ди литературэм цIэрыIуэ щыхъуа роман куэдми а узыфэхэр къофыкI. Европей роман жанрым и жыпхъэм ирагъэувэфар мащIэ дыдэщ. Ауэ къэгъэлъэгъуапхъэщ гур къыщIэзыубыдэ, арэзы укъищIу убзыхуа романхэри дызэриIэр. Ахэр урысыбзэкIэ тхэ Куэшбей Жамболэтрэ Емкъуж Мухьэмэдрэ иужьу я Iэдакъэ къыщIэкIа романхэрщ. Ауэ щыIэщ ахэр ди лъэпкъ литературэм хэмыхьэу къэзылъытэ критикхэри. Си щхьэкIэ сэ ахэр адыгэ культурэм зезыгъэужь, абы ину зезыгъэшэщI къудамэу къызолъытэ.

**Хь. М.: Урыс усакIуэшхуэ Пушкин Александррэ адыгэ литературэм и классик ЩоджэнцIыкIу Алийрэ я художественнэ дунейр я усэ зыбжанэхэм щызэпэджэжащ. Ахэр занщIэу дэ гу зылъыдмытэ зыгуэрхэмкIэ зэпыщIа, зэпха?**

**Тхь. Ю.:** Си гугъэмкIэ, апхуэдэу къэплъытэн и пэ къихуэу, абы кууэ егупсысын хуейщ. Лъэхъэнэ гуэрхэм абыхэм щхьэж и лъэпкъ литературэр езыхэр щыпсэуа зэманым щыIам и щыгум я нэхъ лъагапIэ дыдэхэм дашащ. Псом хуэмыдэу абы щыхьэт тохъуэ усэбзэкIэ тха «Евгений Онегин», «Къамботрэ Лацэрэ» романхэр. Абыхэм романым щIэлъ гупсысэхэмрэ бзэмрэ зэпэгъунэгъу ещI. Ауэ, сытегушхуэнщи жысIэнщ Пушкиным и лъэпкъ усэ гъэпсыкIэм КIыщокъуэ Алим нэхъ зэрыпэгъунэгъур. ЩоджэнцIыкIу Алий ейр – Лермонтов Михаил.

**Хь. М.: Лъэужьым лIэужь къегъэщI. ГъащIэр абы тету йокIуэкI. Ауэ литературэм дежкIэ ар мащIэщ. Лъэужьым урикIуэу, лIэужьым ущхьэдэхыжу зэи зыри зэрымыкIуа лъагъуэщIэ пхышын хуейщ, ЩоджэнцIыкIу Алийрэ КIыщокъуэ Алимрэ хуэдэу. Ар дауэ къызэрохъулIэнур, Алийрэ Алимрэ хуэдэ цIыхушхуэхэр илъэсищэм е щитIым зэ фIэкIа дунейм къытемыхьэу жыхуаIэр пэжмэ?**

**Тхь. Ю.:** УпщIэ гъэщIэгъуэнщ икIи гугъущ мыр. Ауэ зыри пщIэн хуейкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, зыри пхуэщIэнукъым. Апхуэдэ цIыхушхуэхэр ауэ сытми хьэзыру езыр-езыру дунейм къытехьэркъым. Лъэпкъ литературэм игъуэта зыужьыныгъэмрэ абы дяпэкIи нэхъри зиужьын папщIэ плъапIэ ищI лъагапIэшхуэхэмрэ къагъэщIу аращ ар. Пушкиным и зэманым псэуа усакIуэхэр мыхъуатэмэ, Пушкиныр щыIэнутэкъым. 20-30 гъэхэм диIа адыгэ литературэр щымыIатэмэ, ЩоджэнцIыкIу Алии диIэнутэкъым. Пэжщ, псори езыр-езыру къэкIуэным упэплъэу ущыс хъунукъым. Абы зэпымыууэ телэжьэн хуейщ.

**Хь. М.: Япэхэм ТхакIуэхэм я союзыр тхэн щIэзыдзэхэм ядэIэпыкъурт, литературэм къыхыхьэу зи цIэ зыгъэIуахэм я нэIэ тригъэтт. Нобэ апхуэдэ Iуэхухэри екIуэкIыжыркъым, Хьэх Сэфарбий и литературэ Хасэм и гугъу умыщIмэ. Ди литературэм игъуэтын хуей зыужьыныгъэм дежкIэ ар мащIэкъэ? ИтIанэ, и пэжыпIэр зыми щхьэтечу жиIэркъым, ауэ литературно-художественнэ журналхэмрэ сабий журналхэмрэ зэгуагъэхьэжыну хъыбару ягъэIу. Апхуэдэу къэхъу хъужыкъуэмэ, абы къэрикIуэнкIэ хъунур сыт?**

**Тхь. Ю.:** Сэ сигу ирихьыркъым абы теухуауэ модэ зыгуэрхэм зыгуэр жаIэ жыхуаIэр. Апхуэдэ Iуэхугъуэм зэхуэсауэ тепсэлъыхьын хуейщ. Си гугъэкъым, зыгуэрхэм я жыIэм елъытауэ, апхуэдэ унафэ къапщтэмэ фIы къэрикIуэну. Ар, абы нэхъ Iэзэрэ тхьэгурымагъуэрэ щымыIэми, зым и закъуэ и пщэ иралъхьэмэ, зыр зым зэран хуэмыхъуу а лэжьыгъитIыр дагъуэншэу зэдэзыхьыфын дунейм теткъым. Си щхьэкIэ хъарбызитI зы IэкIэ зыIыгъыну яужь ихьэм ар изогъэщхь. ТхакIуэхэм я союз щыIэщ. Абы щытрепсэлъыхь, щызэпкърырахи, итIанэ властым унафэ ирещI.

**Хь. М.: Юрэ, литературэдж щIэныгъэлIхэри я къару щеплъыж щыIэщ, утыку кърамылъхьэми, усэ, прозэ ятхыу. Уэ абы дауэ ухущыт?**

**Тхь. Ю.:** «ТхакIуэ мыхъуар критик мэхъуж» жиIэу псэлъафэ щыIэщ. Абы Iэнкун уимыщIмэ, утхэнри хъарзынэщ. Ауэ пэжыр жыпIэмэ, ар критикым дежкIэ жэуаплыныгъэшхуэ зыхэлъ Iуэхущ. НэгъуэщI лъэныкъуэкIэ укъыщеплъмэ, ар икIи гъэщIэгъуэнщ. Псалъэм папщIэ, сэ, зэрысщIэжрэ ХьэIупэ ЖэбрэIил композитор гъуэзэджэщ. Телъыджэщ

жыпIэми, ущыуэнукъым. Сэ зэхэсхырт абы усэ гуэрхэри етх, жаIэу. Куэд щIакъым, езым имыщIэххэу, зыIэрызгъэхьа и усэхэм, напэкIуэцI 200 хъуурэ, сызэреджэрэ. Усэ тхылъ зыбжанэ зытхам и щхьэ мыгъуагъэ щIыхуищIыжын хэслъэгъуащ сэ сызэджа Iэрытхым, итIанэ, мыр псалъэшхуэу къызыщыхъуни щыIэнщ, ауэ ди усыгъэм сэ абы нэгъуэщIынэкIэ сригъэплъыжащ...

**Хь. М.: Культурэм, литературэм, искусствэм хуащI гулъытэр, хухах мылъкур кIуэ пэтми нэхъ мащIэ мэхъу. Ахэр хагъэкIуэдэжыпэну мурад ящIауэ арауэ пIэрэ хьэмэрэ «щIакхъуэ уиIэмэ, уэрэди уиIэщ» жыхуаIэм тету, цIыхухэр щIакхъуэкIэ къызэрагъэпэщу, итIанэ абыхэм хуэфащэ гулъытэ хуащIыжыну ара?**

**Тхь. Ю.:** Хьэуэ, обществэр, япэхэм хуэдэу, абыхэм зэрыхуэмыныкъуэжырщ, я пщIэр зэрехуэхарщ. ГъащIэм зихъуэжащ. А уи упщIэм и жэуапыр Урысейр рынок зэхущытыкIэ зыхуэкIуам экономикэм и бгыр кIуэ пэтми быдэу зэрыщIикъузэрщ. А Iуэхугъуэр ди республикэм и унафэщIхэм я деж къыщежьэркъым. КъыфIэбгъэкIмэ, а Iуэхур ди деж нэхъ къыщызэтенащ, ди гъунэгъухэм я деж нэхърэ. Ауэ ар апхуэдэу куэдрэ екIуэкIыну си фIэщ хъуркъым. Республикэ закъуэм «коммунизм» щыбгъэувыфынукъым. Ар Урысейпсо Iуэхугъуэщ. Ар, зэрыжаIэу, езы тхакIуэхэм, культурэм, искусствэм я лэжьакIуэхэм я Iуэхужщ.

**Хь. М.: Уэ, ди республикэм культурэмкIэ и министру ущылажьэм, угушыIэурэ жыпIэу щытащ: «литературэджу щыта». Дэтхэнэ гушыIэми и лъабжьэм пэж гуэр щIэлъщ, жаIэ. Ар лъабжьэншэ хьэмэрэ, пэж дыдэу, къулыкъушхуэм зэман гуэркIэ литературэм укъыбгъэдишат?**

**Тхь. Ю.:** ТIэкIуи гушыIэ щIэлъу жысIэнщи, тхакIуэу, усакIуэу, критикыу щыта щыIэкъым. И пIэм иуджыхьу итхэр сфIэфIкъым, литературэри ар къэхутэнри абы хэтыжу. Сэ сигу ирохь урысей академическэ щIэныгъэм, и гъуэншэдж лъапэр дригъэджэрэзейуэ, комсомолым е япэ къэсым и ужь иту къызэримыжыхьар. Нобэр къыздэсым си дежкIэ литературэр джынымрэ ар зэпкърыхынымкIэ щапхъэу къоув Дунейпсо литературэр щадж институтыр. Сэ литературэр джыным, къэхутэным зэман гуэркIэ сыбгъэдэкIуэтауэ зэрыщытам зыкIи Iэнкун сищIакъым икIи абы пэIэщIэ сыхъуакъым, куэд щIауэ сызыхуэзэша, си нэ къызыхуикI унэжьым хуэдэу къэзгъэзэжащ... Абы и пэ къихуэу си Iэдакъэ къыщIэкIахэм сахэплъэжащ, ахэр зэзгъэзэхуэжри, тхылъу къыдэзгъэкIыжащ.

**Хь. М.: Сэ сынызэромыупщIауэ сыт хуэдэ Iуэхум и гугъу пщIын?**

**Тхь. Ю.:** КуэдыIуэ жызмыIауэ пIэрэ? Зэманыр гугъущ, фэзэхъуэкIщ. Къуаншэр къэдвмыгъэлъыхъуэ, псори зэгъусэу дыкъуаншэщ. Фигу къэвгъэкIыжыт мы Iущыгъэр: «Тхьэшхуэ, къару къызэт фIыкIэ схузэхъуэкIынур зэсхъуэкIыну, схузэмыхъуэкIынумкIэ арэзы, акъылэгъу сыхъуну; акъыл къызэт Iеймрэ фIымрэ схузэхэгъэкIыну». Апхуэдэ Iущыгъэхэр зыхэтлъхьэмэщ дунейм лъэпкъыу тету хъуам дакъызэрыщхьэщыкI, ижьижьыж лъандэрэ къыддекIуэкI адыгэ хабзэр, хьэл-щэн дахэр, цIыхугъэр, Iэдэбагъыр, лIыгъэр, пэжыгъэр щытхуэхъумэнур. Мы зэман зэхэзэрыхьам зыдыдогъэкIу жытIэу ахэр хьэрэкъуакIэ дэдвмыгъэдзэж!..

# Хъуэжэ и Куэбжэ

НАЛО Заур

## Къуэдзокъуэ ТӀалиб и хъыбархэр

### Дзэгъэшынэу шу закъуэ

Си шы лъакъуиплӀми нал щӀэлърэ, пӀаркъэ-сыркъэ, пӀаркъэ-сыркъэ жиӀэу, зы къуэм сыдэжмэ, адрей къуэм сыдэлъадэу, зы шытхым селъэмэ, адрей шытхым сыщхьэпрыжу сыздэжэм, Къалмыкъыжьыр къэдаӀуэри:

— Уэлэхьэ, дэнэ хэку щыӀэми, ар Къуэдзокъуэм и шы лъэмакъым! — жиӀащ.

Апхуэдэурэ сыздэжэм, си пщӀэгъуалэжьым хуэм зищӀу къысфӀэщӀри, зэрызихабзэу, щӀопщ уэгъуищ есхащ. Къалмыкъыжьыр къэдаӀуэри:

— Іыхьы, вжесӀатэкъэ, уэлэхьэ, дэнэ хэку щымыӀэми, ар Къуэдзокъуэм и щӀопщ уэ макъым! — жиӀащ.

Шэджэм аузым сыдэлъадэри, къуэшыхьым зыщишыхь дыдэм деж, Къалмыкъыжьыр къатӀысыхьауэ бэлъшэвичхэр зэхэст, БетӀал пщӀы яхуиупсрэ дзэр игъэдыхьэшхыу. Сыкъызэралъагъуу къыщолъэт:

— Мыр сыту шу мафӀэ! Мыр сыту шу маскӀэ! — жаӀэри.

Къалмыкъыжьри къызэфӀоувэри:

— Уэлэхьэ, мафӀэми маскӀэми къыщымынэж, — жи. — Мыр пащтыхьыжьхэр зыгъэгулэз Къуэдзокъуэ и къуэжьыращи, Алыхьым фӀы къытхудигъакӀуэ!

Шым сригъэпсыхыну къыщызбгъэдыхьэкӀэ сыхуолъ:

— СлӀо, къуиижь, бэлъшэвичым пщӀы яхуэбупсу уащӀыхэсыр: зэщӀэгъэшасэ! — жызоӀэри.

— Уи мурадыр сыт, Къуэдзокъуэ и къуэжь? — жи Іэнкуну. — Уишри ужьэжьащ, мазэ хъуауэ удгъуэтыжыркъым, уздэщыӀэр дэнэ?

— Вэсэмахуэ пащтыхьыжьыр тесхури, дыгъуэпшыхь сыкъежьэжауэ аращ. МэкӀэлей и пӀэкӀэ Ленинымрэ Сталинымрэ тезгъэтӀысхьащ. Иджы Налшыч къалэр къэдубыдыжын хуейщ. Айдэ, маржэ!

— Зэ укъытримыч! — жи Къалмыкъыжьым. — Налшыч Сырибырикофыр дэсщ, дзэшхуэ щӀыгъуу, дэ дышу мащӀэщ, дыпэлъэщынукъым.

— Уа, къуиижь, уэ бэлъшэвич гъуазэу ущытыну ухуеймэ, шэси къызбгъурыувэ!

— Уэ мэтыр зи мыхьэмэт. Сырибырикоф топыр и куэдщ, пылимо-

тыр и нэхъыбэжщ, бжэгъу щхьэкIэ къэс шыплIэпылимот фIэдзащ, абы удэджэгурэ уэ!

БетIалым и тхьэкIумэ сэмэгур соубыдри къытызоIэтыкI:

— Уэ дзэгъэшынэ шу закъуэ жаIэу зэхэпха?

Арати, бэлъшэвичыдзэр зэщIызогъэшасэ, Къалмыкъыжьыр си ижьырабгъумкIэ къызогъэуври къызошажьэ.

Бзэгур куэдрэ, яхьри Сырибырикофым Iурадзэ:

— Къуэдзокъуэм бэлъшэвич лъапцIэрышэр къуршым къыдишауэ къешэ, — жаIэри.

— ДоунэхъукIэ, тхьэ дыгъаIэ! — жеIэ мо цыфырыхуми, и дзэр ныдешри щIытIым ныдекIутэ, топхэр ныхетIэ, пылимотхэр негъэув, шыплIэпылимотхэр ныттырегъапсэ, езым и жэз нэрыплъэжьыр зыIуидзауэ, пылимотхэр негъэпIэнкI...

Бэлъшэвичхэр пIив-сив, пIив-сив жаIэурэ яхоуэ: Къалмыкъыжьми и шыплIэпылимотыр къызэфIедзэри ятрегъэлъалъэ: сэ си щIопщыр згъэдалъэу сыкъыздэжэм, Къалмыкъыжьым гу къыслъетэри, нызбгъурехуэ:

— СлIожь, Къуэдзокъуэ и къуэжь, тхьэр къытхуэбгъэпщIу щIым и пщIанапIэм дыкъипшауэ ара? — жи. — Уи Iэщэр щхьэ къызыкъыумыхрэ?

— Уэлэхьэ, сэ апхуэдэ бзаджэнаджэ щхьэкIэ къисхыу си Iэщэр схуэмыгъэпудыну! — жысIэщ, бийм сакъыхэлъадэщ, къамышы накIэлъакIэ зэтесщIэри, къэзугъуейщ аби, Налшыч дэсхуэжащ:

— Айдэ иджы, фыкъызэмыплъэкIыу Арысей пхащIэм фихьэж! — жысIэу къыщызгъэзэжым, щIыIэ-щIыIэу сигу къокI: «Мыхэр хьэIуцэ защIэщ, ягу къызэрыгъуэтыжмэ, имычэзу къыдащIэнщ», — жызоIэри.

Аргуэру изохужьэжри, КъалэкIыхьым фIызоху:

— Айдэ иджы, Сыбырыр унапIэ фхухъу, къэвгъазэмэ фи анэр фхуэзгъагъынщ, — жызоIэри сыкъожьэж, арщхьэкIэ аргуэру гуитIщхьитI сохъу: «Налшычрэ КъалэкIыхьрэ я кум сыхьэт гъуэгущ дэлъыр, зынаублэрэкIрэ нагъэзэжмэ, бэлъшэвич кIуэдыр къытхуагъэкIуэнщ», — жызоIэр аби, аргуэру изохужьэж аби, Тэн зэпрызохужри къызогъэзэж.

Къэзгъэзэжа щхьэкIэ, Налшыч зы бэлъшэвич дэзгъуэтэжыркъым. Къалэр щIызощыкI, сыдокIуей-сыкъохыж. Згъуэтыркъым. ИтIанэ зы урыс лIыжь къызоубыдри соупщI:

— Дэнэ мы бэлъшэвичхэр здэфхьар? — жызоIэри.

— Дэнэ здэдбгъэхьынур? — жи. — Мес, мо шкIуолышхуэм къулыкъу ягуэшри щIэсщ.

«Ар сигу къызэрымыкIа!» — жызоIэри, сокIуэр аби, накIуэпакIуэу сыщIохьэ, си пщIэгъуалэжьым и IумпIэр сIыгъыу. Шы щыбгъэджэгу хъуну зы пэшышхуэ хэтт а шкIуолыжьми, Къалмыкъыр жьантIэм дэ-

тӀысхьауэ дэсщ, бэлъшэвичыдзэр мыдэкӀэ жэхафэм тесщ, БетӀал Ӏуроплъыхьри, сэ си шы жалым сыщӀэту бжаблэм соувэ.

— Къэрэхьэлъкъ гъуазэрэ и гур шэрихьэтым хуэгъэзауэ Къатхъэн Назир сыт хуэдэ къулыкъу хуэдгъэфэщэн? — жи Къалмыкъыжьым.

— Уэлэхьэ, дзэпщ дэгъуэ хъунум, — жаӀэ мыдрейхэми.

— Уэ дауэ уеплъырэ абы, Къатхъэн и къуэ?

— Къызэфтыр си Ӏыхьэщи, хэплъыхь сиӀэкъым, — жи Назирым.

— Мэ-тӀэ, мыр уэ уишхщ! — жеӀэри къулыкъу кърет.

— ПащӀитӀыр къуацэгурэ и гур бэлъшэвичым етауэ Беслъэней Хьэбалэ сыт хуэдэ къулыкъу хуэвгъэфащэрэ? — щӀоупщӀэ Къалмыкъыжьыр.

— Уэлэхьэ, пэркуро пщӀынмэ! — зэрогъэкӀий бэлъшэвичхэр.

— Уэ дауэ уеплъырэ абы, Беслъэней и къуэ?

— Къызэфтыр си Ӏыхьэщ.

— Мэ-тӀэ, мыр уэ уишхщ! — жеӀэри Хьэбалэр пэркуро ещӀ.

Апхуэдэурэ псоми къулыкъу зырыз ялъыса нэужь, бэлъшэвичхэр къызэроӀэт:

— Уэлэхьэ, пхуэдмыдэн, — жаӀэри. — Пащтыхьыжьыр тезыдза дзэгъэшынэ шу закъуэр къулыкъуншэу къэбгъэнащ.

— Уэлэхьэ, бэлъшэвичыжь цӀыкӀухэ, сэ Къуэдзокъуэ и къуэжьыр сщыгъупща фи гугъэмэ, фыщоуэм, — жи Къалмыкъыжьым. — Хуэфэщэн къулыкъу къысхуэмыгупсысу ара къудейщ.

— Уэлэхьэ, уи пэмошничу бгъэувынмэ! — жаӀэри къыпаубыд.

— Уэ дауэ уеплъырэ абы, Къуэдзокъуэ и къуэжь?

— Уэлэхьэ, къуиижь, сэ си ныбжьыр здынэсам, си нэ тхылъ имылъагъужу, къулыкъу сыпэрыбгъэтӀысхьэ мыхъун! Ар щхьэгъэпцӀэжщ. Абы нэхърэ, хуит сыщӀи, сэ сызыхуей къуажэм сыкӀуэнщи сыщыпсэунщ, пхъужь дахи къэсшэжынщ, унакӀуэми узгъэхьэщӀэнщ. Ауэ зы зэман зэ уи сагъызыр фӀейм хэхуэмэ, мы си шыкӀэ налъэр мафӀэм егъэуи, сэ сыкъэсынщ! — жысӀэри, си шыкӀэм зы налъэ къыхэсчщ, Къалмыкъыжьым и бгъэгущталъэм ислъхьэщ аби, фи къуажэм сыкъэкӀуауэ абы лъандэрэ согъукӀэри сыдэсщ.

## Вранцоф-Дашкиным и жорыр

Вранцоф-Дашкиныр Къэбэрдей псом я тетти, Хэкум хьэӀусыпэ зрату исым къыдигъаджэри, дригъэшащ. Дригъашэри:

— Иджы, — жиӀащ, — Къэбэрдейр шырэ ӀэщэкӀэ фызэрыемынэр сощӀэ, фи лӀыгъэр здынэсми сыщыгъуазэщ. Ауэ, — жи, — фи щэкӀуэкӀэр зыхуэдэм пащтыхьыжьыр къыщӀоупщӀэри, фызгъэунэхуну арат фыкъыщӀезджар. Фыхьэзыр?

— Дыхьэзырщ!

— АтӀэ, фынакӀуэ! — жиӀэри дришэжьащ, езыр фитоным ису, шу тӀощӀ и пэм къиту, шу тӀощӀи и ужь къитыжу. ДыкӀуэм-дылъэурэ, зы жэщ-зы махуэкӀэ дыкӀуауэ, мэзышхуэ дынэсащ. Дыщынэсым гупыр дызыбгъэдешэри къыджеӀэ:

— Иджы мы мэзыжьым фыхыхьэнщ щхьэж и занщӀэр и гъуэгууи, япэ къыфпэщӀэхуа хьэкӀэкхъуэкӀэр къыщӀэфхунщ, мы си фитоным къефхулӀэнщи, сэ сеуэнщи къэзукӀынщ. Нэхъ пӀащэ къэзыхур нэхъ пашэщ, нэхъ псынщӀэу къэзыхур нэхъ жыджэрщи, зым и пщӀи кӀуэдынкъым. Хьайдэ маржэ! — щыжиӀэм, си занщӀэр си гъуэгуу сыхэлъэдащ мэзым.

Куэд дэмыкӀыу кхъуэпӀащэ ин срихьэлӀащ. Гуу хуэдиз хъууэ зэрамыщӀэжт! Пырхъыжу пабжьэм хэлъти, къыхэсхущ, мэзым къыщӀэзгъэцӀэфтри, фитоным къыбгъурысхуащ. Вранцоф-Дашкиным тригъэпсащ абы, еуэри, хутегъэхуакъым.

Мэзыкхъуэр щӀолъэдэжыпэ жысӀэри, селъэдэкъауэщ аби, аргуэру къыбгъэдэсхуэжащ. Тригъапсэри, сеплъмэ, инэралым и Ӏэр кӀэзызти, уэлэхьэ, аргуэру блегъэзым щыжысӀэ дыдэм, «баргъ!» — еуэри хутегъэхуакъым. Ещанэрейуэ къезгъазэри кхъуэ угъурсызыр ӀэщӀэкӀыжащ. Хутегъахуэркъым.

«Уэлэхьэ, инэралыжьым и напэжьыр токӀмэ!» — жысӀэри, мэзым хэлъэдэжа кхъуэпӀащэм сыкӀэлъежьэщ, сыкӀэщӀыхьэри сыщепхъуэм, «уэлэхьэ, мыр хьэрэмщ, Ӏэ пцӀанэкӀэ семыӀусэн!» — жысӀэри, бэлътоку хужьыбзэ къисхщ аби, кхъуэм и кӀэбдз сэмэгур бэлътокӀумкӀэ сыубыдри, пӀэтӀауэ-лъэкъуауэу къэсӀэтащ. Абы щыгъуэ си щӀалэгъуэт, си къару илъыгъуэт! КхъуэпӀащэр кӀийрэ зиукӀыжу фитоным къесхьэлӀэри, Вранцоф-Дашкиным и нэ нащхъуитӀыр къижу къызэплъу и нэкӀум есхьэлӀащ.

— Къеуэ, инэрал, иджы къэбукӀыфынщ! — жысӀэри.

Дэнэ кӀуэнт темыхуэу? Фочыпэр кхъуащхьэм иригъэкъури, итӀанэщ кӀакхъур щыщӀичар. КхъуэпӀащэм и кӀиин пичри зэпкърыхуащ. Инэралым и гур къызэрыгъуэтыжри жор ищӀыну щыхуежьэм, «едым и лыр ушхи-ушх, уэ хьэ цӀапӀэм!» — жысӀэри, сыкъыӀукӀщ аби сыкъежьэжащ. ЩакӀуэ слъагъужатэкъэ сэ!

Ауэ ди гъусахэм тхьэ зыщаӀуэжыращ, а махуэм зыгуэр къыхимыхуу зылӀ къыхэмыкӀыжауэ, абы къыхахуам щыщуи зы тхьэкӀумэкӀыхь ӀэщӀэмыкӀыжауэ Вранцоф-Дашкиным.

Мазэ дэкӀа-дэмыкӀауэ ди пщӀантӀэ зы шу цӀыкӀу ныдохьэ:

— Къуэдзым и къуэкӀэ зэджэр уэра?

— Сэращ.

— АтӀэ Вранцов-Дашкиным укъызэрысын жиӀэри сыкъыпхуиӀуэхуащ.

— Сыту пӀэрэ Ӏыхьмакъым аргуэру къылъыкӀуэкӀар? — жысӀэщ аби,

сышэсри сыкIуащ. Сынэсрэ сыщIыхьэмэ, инэрал набдзэкъуиийм ахъшэ ебжри щысщ, шэнтжьей щабэм исрэ Iэнэ лъакъуиплIым бгъэдэсу. И набдзэ къуийр хишри:

— А-а, Къуэдзым и къуэр укъэса? — жиIэри, къэтэджщ аби сригъэблэгъащ. — УкъыщIезджар пщIэрэ?

— КъызжепIэмэ, къэсщIэнщ!

— Мы Iэнэм телъ ахъшэр плъагъурэ?

— Солъагъу.

— Мыр ахъшэ хужь сом мин мэхъу.

— IэфIкIэ ушх!

— Хьэуэ, — жи, — мыр лIыгъапщIэу пхуэдгъэфэщауэ ууейщ.

— Берычэт бесын! Уэлэхьи, сэри ар здэсхьын къэзгъуэтынмэ!

Врацоф-Дашкиныр зоIэбэкIри, пхъуантэ цIыкIу гуэрым жор къыдех.

— Мы Джорджри ди пащтыхьыжьым лIыгъэ дамыгъэу къыпхуигъэфэщащ! — жиIэри къыщишиийм:

— А хьитIым я кум къыдэкIа! Уи пащтыхьри джаурщи, уэри убзаджэнаджэщ: фэ жор къысхуэфшиинкIэ щхьэ ухъу? Уи жорри фи ахъшэри фи натIэ иукIэжащ! — жысIэри, сыгубжьщ аби, Врацоф-Дашкиныр къамышы накIэлъакIэ сщIыри сыкъыщIэкIыжащ.

Абы и ужькIэ бэлъшэвичкIэ зэджэр къежьэри бэлъшэвичым сахыхьэжащ.

## Пащтыхьыжьыр зытекIуэдэжа сэшхуэр

Сэри зэманыгъуэ сиIащ, нобэ уи пщIыхьэпIэ къыхэмыхуэ Iэджи схузэфIэкIыу щытащ сэ сыкъэплъагъум. Уэ уи гъащIэм мыпхуэдэ пщIыхьэпIэ плъэгъуа:

Абы щыгъуэ си щIалэгъуэ дахэт. Къылышбий и къуэжьыр си пщIантIэм ныдэпсыхащ пщэдджыжь гуэру:

— Урысей пащтыхьыр зэрыуврэ илъэс щищ мэхъури, абы ирихьэлIэу саугъэту еттыну сэшхуэ дыхуейщ, — жиIэри. — Ауэ хъун хуэдэ сэшхуэ зыщIыфын дгъуэтыркъыми, дынолъэIу пщыжь-уэркъыжьыр, дыкъыумыгъэщIэхъу!

— Iау, апхуэдэу хъуамэ къепщэ-тIэ, сэшхуэм сыт ищI, — жысIэри, Iэмгуапэм сеувэлIащ, Къылышбий и къуэжьми шэдыбжьыр къызэщIигъэнауэ еуэ-иригъэшхыу къопщэ.

СыIэбэри жаным я нэхъ махуэр къасщтэри, щыпэрыслъхьэм, мафIэр къепхъуэщ, къыщIэнэри, гъурыкIэм хуэдэу, исащ. «Iагъу, мыр сыт хьэлэмэт!» — жысIэри, гъущI цIынэ къасщтэри, пэрыслъхьащ, зэрыпэрыслъхьауэ, бдзапцIэм хуэдэу, ткIури ежьэжащ. ЗгъэщIэгъуапэри, сыт сщIэнт? Бзииху къыпыгъэлъэтар пэрыслъхьэри згъэплъащ. Плъыжь

хъуху згъэплъри — си уадэр пэлъэщакъым, хужь хъуху згъэплъри сезэгъакъым. Щымыхъужым, псым хэсIури IурыщIэ хъуащ. Хъуа закъуэ жысIэри, сеуэмэ-сеуэурэ, сэшхуэ тхьэмпэр къыхэзгъэкIащ. Сэшхуэ тхьэмпэр згъэцIущ, згъэлыдри спсыхьынщ щыжысIэм:

— ЕI, сэ сызикъабзагъэр джыдэ зыхэпщIэ псы фIейм сыхэпщIэну! — жиIэщ аби, зигъэгусэри лъэри ежьэжащ.

Къылышбий и къуэжьри и жьэр Iурыхуауэ къоплъэри щытщ, шэдыбжьыкъур иIыгъыу. Сэшхуэми ипщэкIэ дригъэзеяуэ макIуэри-макIуэ, макIуэри-мэлъей. Сытыр си Iэмалт? Инэралым и пщIэгъуалэжьым зездзри — и пIэ схуикIакъым... «Ей пщIэгъуалэжьурэ хьэм яшхыжын!» — жысIэри, си плIэм щизгъэукIурием, илъри сыдихащ. Сэшхуэри ипщэкIэ мажэ, сэри абы сыкIэлъожэ, сыжэхукIэ нэхъри пэжыжьэ сохъу. Мыр сыт емынэт! — жысIэри си шыр къэзгъэкIэрахъуэри ищхъэрэкIэ згъэзащ, сэшхуэр ипщэкIэ дожей, сэ ищхъэрэкIэ сожэх. Сыхьэт ныкъуэ сыжасымыжауэ сыщIэрохьэри къызоубыдыж.

— Жылэм урамэсхьэбэгъукъым! — жысIэри къуршыщхьэ мылу ныбжькIэ яхуэмыгъэткIум щIэсIури згъэплъащ, сыдэIэбейри дыгъэм хэсIужри сэшхуэр спсыхьащ. Сэшхуэ псыхьар къэсхьыжщ аби, дыщэрэ дыжьынкIэ щэгъэнауэ сэшхуэ Iэпщэр теслъхьащ, зэщIэслъыкIщ-къызэщIэслъыкIри, зы цы налъэ Iуслъхьэри сыщепщэжым, зэпигъэхуащ. Сэшхуэр сэшхуэ хъуати, Къылышбий и къуэжьым хуэсшиящ:

— Мэ, тхьэр игъэпцIакъэ пащтыхьыжьым и щхьэр иримыупсым! — жысIэри.

Къылышбий и къуэжьым сэшхуэ лыдыр сIихри Iурыплъащ, IурыIэбащ, хъунщ жыхуиIэу, иIэтри, шыкъуэтэным щеуэм, къигъэлъеижащ, зишэщIри си сыджыжьым еуэри, пIастэ еуа нэхъей, тIууэ зэгуигъэхуащ.

— Iау, мыр сыту гъущIыпэ мыгъуэ! — жиIэри, и уасэ къызимыту ихьри, ежьэжащ.

— СэзыгъэщIами зыхузигъэщIами мыгъуэ яхухъу! — жысIэри вабдзэ сыуIуу сыувыжащ.

Инэралхэмрэ пэлковничхэмрэ дыщэрэ данэкIэ зэщыхуэпыкIауэ сэшхуэр пащтыхьыжьым хуахьри иратащ:

— Угъурлы пхухъу, уэ пхуэмахуэну, уи бийхэм яхуэмыгъуэну! — жаIэри.

Пащтыхьыжьым сэшхуэр яIихри зэпиплъыхьащ, жану пIэрэ жыхуиIэу и пащIэм къыщыфIигъанэм, и пащIэ лъэныкъуэр, джабэм кърalъэфэх Iэтэм ещхьу, кърихьэхащ.

— Уэлэхьэ, мыр сэшхуэ хъунум! — жиIэри, къэбэрдей пщыжь-уэркъыжьым балышхуэ къахуищIщ, дамыгъэкIэ къыщIигъанэщ, Iэ къадилъэри къиутIыпщыжащ.

Езым сэшхуэр зыкIэрищIэри зауэм кIуащ. Дзэ фIыцIэ къакIуэм

яхэлъадэри япуныпщэ еуэмэ мэбгъунлъэ, германыщхьэ еуэмэ щIолъэт, тыркуплIэ техуэмэ, къегъэлъеиж.

— А емынэ унэ хъун, мыр сыт хабзэ? — жиIэри пащтыхьыр къыщилъым:

— СлIот-тIэ нэхъ узыхуейр? — жиIэри къэуващ сэшхуэр. — Сэ пщIэншэу срагъэщIащ, уасэ щIамытуи сыкъыпхуахьащ, сыкъыщахьми гъукIэр къыскIэлъыбгащ.

— Тхьэр бгъэпцIакъэ, уэ зылI и пщэ пыбупщIмэ! — жиIэщ аби, пащтыхьыр къэкIуэжри, сэшхуэр блэгущIэц ириупсу зэрихьащ. Апхуэдэурэ, куэд дэкIа-мащIэ дэкIа, сытми зы махуэ гуэрым псыхъуэм дэсу, сэшхуэмкIэ и блэгущIэцыр иупсу, шыр псафэ къэзыхуа шыхъуэжь цIыкIум илъэгъуащ. Илъэгъуар иIуэтэжащ. ЩиIуэтэжым:

— ЕI, сэшхуэкIэ зи блэгущIэцыр зыупс дэ пащтыхь тхуэхъужынкъым! — жаIэщ аби, къэрэхьэлъкъыр ервэлуцэу къызэрыIэтри, пащтыхьыр традзащ.

Сэшхуэр къызэпаплъыхьщ-нызэпаплъыхьри, ягу щрихьым, Урысейм шыгъажэ ящIри, Бидонэр къатежати, абы жыджэрыпщIэу иратащи, нобэр къыздэсам зэрехьэ бгъурыщIауэ. Фи фIэщ мыхъумэ, фыкIуи феплъ.

Уэлэхьэ, Урысей пащтыхьыр зытекIуэдэжар сэ сщIа сэшхуэр арамэ!..

## Франдж пащтыхьым и пхъур

— Мы дунейм уи фIэщ мыхъун Iэджэ къыщохъу, — жи ТIалиб. — Фэ фи нэгу щIэкIакъэ мо уафэгум ит мазэр благъуэм зыIуригъэлъадэу цIыхур гужьейрэ зэрыгъэкIийуэ, фоч-бжьэч ягъауэурэ къытрахыжу — ягъэшынэрэ къыIурагъэхужу?

НтIэ, лIэун. Мы сэ си нитIкIэ слъэгъуа телъыджэр дауэ уи фIэщ хъун! Си шы къарэжьыр псафэ сшауэ псыхъуэм сыдэту соплъэри — БжьейкъалэкIэ къикIыу псыдзэ къыдокIуей, мис мо Къубатий шытх хуэдиз хъууэ! БжейкъалэкIэ къикIыу псыдзэ къехмэ — ар гурыIуэгъуэщ, ар тэмэмщ, ауэ БжейкъалэкIэ къикIыу къыдэкIуеймэ — жыпIэнур сыт? Ушынэнукъэ? Сэри щтэIэщтаблэу сеплъурэ псыдзэри къоср... Урыхужь къыдритхъуейуэ бдзэжьей зэрамыщIэж къыдэкIуейуэ арат. Си гур къызэрогъуэтыж аби, си аркъэн мэракIуапцIэм хъурзэ фIызощIэ, хъурзэм пIэтIауэ-лъэкъуауэу зы джэд пщэ пцIанэжь фIызоIужри, содз аби, занщIэу бдзэжьейм зыIурелъафэ ар. Сэ сызыхуеиххэрати, аркъэнымкIэ къыхызолъэф, и ныбэ хужьыжьыр къаплъэу. Ар зылъэгъуа ини цIыкIуи лъэгум къыдоужьгъэ.

Анфокъуэ пэнтхым тетт, Даукуийрэ Къаныкъуэрэ ягъусэуи, Iэдакъэ жьауэ ищIауэ ноплъэри:

— Джейщ, — жи, — а Къуэдзокъуэм къиубыдар! Джей фIыцIэ жыхуаIэм щыщщ. Фысакъ!

Ар абы джей фIыцIэу къыщIилъытар алыхьым ещIэ, ауэ сэ Урыхужь къыхэслъэфар, мо лэгъупыкъум ещхьу, щхъуэкIэплъыкIэт. Джей къуэлэн кусэ жыхуаIэм щыщт.

Арати, джейр соупIэри — и кIуэцIым джейдэжэ къокI, джейдэжэр соупIэри — аргъей къокI, аргъейр соупIэри — аргъейджэ къокI, аргъейджэр соупIэри — тхьэIухуд къокI, мо дыгъэм хуэдэу блэуэ пащтыхь таж щхьэрыгъыу.

— Алыхьым хьэтыр иIэжыххэмэ, сэ сумыупIэ! — жи тхьэIухудым. — Абы нэхърэ нэчыхь къабзэ схуегъэтхи, тIум ди дежкIи нэхъыфIщ: сэ Франдж пащтыхьым срипхъу закъуэщ, - жи. — ЗызгъэпскIыу Индыл сыхэсу мо гъуамэм сригъэлъэтэхащ, а гъуамэр мо бзаджэнаджэм зыIурилъэфащ, а бзаджэнаджэр мо хьэбыршыбырым зыIуригъэлъэдащ, а хьэбыршыбырыр мо цIапIэм зыIуридзэжри, плIэней гъэр сащIащ. Уэ а къомым сакъыщебгъэлакIэ, пащтыхь хъуну зыхуэфащэр уэращ, Къуэдзокъуэ и къуэжь! — жи. — Си адэ пащтыхьыр малIэри телъщ, ар зэрыщIалъхьэу, пащтыхьу трагъэувэнур сэ нэчыхь зыхузиIэращ. Уэ ухуейкъэ пащтыхь ухъуну?

Пащтыхь хъуну хуэмей щыIэ? ТхьэIухудым адыгэ нэчыхь къабзэ хузогъэтх, си шыплIэм дызогъэтIысхьэри, доуэр аби, Франджым докIуэж. ДыздэкIуэжам пащтыхьыжьыр лIэри щIалъхьэжауэ, иджы пащтыхьыщIэ къалъыхъуэу дыносыж. Мор зыхуеиххэрати, сэ тхьэр къысхуегъэпцI, шыплIэм зыкърегъэлъэтэхри, мажэр аби, и адэм и тахътэм зрегъэщатэ. Пащтыхь тажыр щхьэрыгъыххэти, сэ сыкъыпрегъэхри, езыр пащтыхьу тоувэ.

— Мыр дауэ, тхьэIухуд, уи псалъэм утетыжкъыми! — согъэщIагъуэ абы къызищIа емыкIур.

— Iуфэнтхъ! — жи. — Ди бзи ди хабзи пщIэркъым, уэ къэрал пхузехьэрэ?

Уэлэхьэ, арам, МылитIэ: тхьэIухудхэр псори зинэкIэ къалъхуауэ тхьэгъэпцI-пцIыупсщ; зыбгъэдумыгъэхьэ: укъагъэпэжынукъым.

Ауэ мы Iуэхум зыми имыщIэ хьэлэмэт гуэр хэлъщ. СывмыIуэтэжынумэ, нывжесIэнщ.

— Уэлэхьир алыхьым и цIэщ, удмыIуэтэжын! — жыдоIэри тхьэ худоIуэ.

— НтIэ, сывмыIуэтэжынумэ, нобэ Франджым я пащтыхьу тет щIалэр а тхьэIухуд тхьэгъэпцIым къезгъэлъхуауэ сэ си къуэщ!

## НЫБЖЬЭГЪУ ЛЪАПІЭХЭ!

Мы жуналым иджыпсту фызэреджэр и щыхьэтщ адыгэ литературэм, культурэм, тхыдэм, лъэпкъ Iуэхум хамэгуу фазэрыхущымытыр. «Iуащхьэмахуэр» къыдэзыгъэкIхэми дяпэкIи тлъэкI къэдгъэнэнукъым ди тхакIуэхэмрэ щIэныгъэлIхэмрэ я тхыгъэ нэхъыфIхэр фи деж япэу нэзыхьэс адыгэ журналыр нэхъри гунэс фщыгъун папщIэ. Абы ехьэлIа фи чэнджэщхэр къытхуевгъэхьмэ, сэбэп зэрыхъунуми шэч хэлъкъым. Апхуэдэуи зыфхуэдгъэзэну дыхуейт 2010 гъэм «Iуащхьэмахуэр» зыIэрыхьэу щыта цIыху минитIым нэхърэ мынэхъ мащIэм дызыхыхьэ илъэсми ди журналым Iэ тевдзэну.

Пощтым Iэ щытевдзэмэ, илъэс ныкъуэм и уасэр сом 58-рэ кIэпIейкIэ 20-рэщ.

**Илъэс псокIэ занщIэу Iэ тевдзэну фыхуеймэ, редакцэм фыкъакIуэ е фыкъэпсалъэ. Абы щыгъуэм тедзапщIэу къыфIытхынур сом 50-щ.**

Аращи, «Iуащхьэмахуэм» Iэ зэрытевдзам нэхъ хэщIыныгъэ фимыIэу, абы насып къыфхудэкIуэу илъэсыр ефхьэкIыну дынывохъуэхъу.

## АВТОРХЭМ ПАПЩІЭ

Журналым къытехуа тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкIэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр Iэмал имыIэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къиштэр зэи къытемыхуа, компьютеркIэ тедзэжа тхыгъэхэрщ (дискыр щIыгъумэ, нэхъыфIыжщ).

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщIыпIэ щытрадзэнкIэ хъумэ, «Iуащхьэмахуэм» къызэрырахар къэгъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Iэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкIэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, епщыкIузанэ къат, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 47-35-32 (редактор нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ); 47-26-21 (жэуапыхь секретарым и къалэнхэр зыгъэзащIэ); 42-42-14 (прозэ); 47-32-94 (публицистикэ, бухгалтерие). Электроннэ адрес: e-mail: oshhamaho@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫIЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩIЭ

Журналыр зэрытедзам сэкъат гуэр иIэу къыщIэкIмэ, абы теухуауэ фыщыщIэупщIэ хъунущ: Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, Полиграфкомбинат.